


Шима Окуев
ЛАЙ ТIЕХЬ
ЕА ЗЕЗАГАШ

ББК-83
О-49

ШИМА ОКУЕВ

# ЛАЙ ТІЕХЬ ЦІЕН ЗЕЗАГАШ

Роман

ХЬАЛХАРА КНИГА

Соьлжа-ГІала
ГУП «Книжни издательство»
2008

ББК 83.3 (Рос-Чеч)
УДК 8С (Чеч)
О 49

**Окуев Ш.**
О 49 Лай тIехь цIен зезагаш. Роман ШI декъехь. – Соьлжа-ГIала. ГУП «Книжни издательство», 2008. – 276 агIо.

Окуев Шимин «Лай тIехь цIен зезагаш» роман (шина декъехь йолу) 70-чу шерашкахь дуьххьара зорбане яьлла. Дешархоша хIетахь езаш тIе а эцнера иза. Йохк-эцаран книжни терхи тIехь роман йоцу тахана ткъех шо сов зама яьллехь а, дешархошна дика евза романан цIе. Цундела хIинца шозлагIа а зорбане йолу «Лай тIехь цIен зезагаш».

Кху тIехь автора довзуьйту ламанца бехачу нохчийн Iер-дахар а, цигарчу нехан ша-тайпа амалш а, гIиллакхаш а. Роман тIера хиламаш 1916–1917-чуй шерашкахь дIабоьлхуш хиларе терра, оцу заманан хьовр-зIовран къеггина сурт хIотто аьтто хуьлу авторан харцонна, къизаллина, олаллина дуьхьал къийсаме бевллачу шен коьртачу турпалхошкахула, цаьрга оцу паргIатонах-маршонах беза мах а болуьйтуш.

ISBN – 978-5-98896-064-5
© ГУП «Книжни издательство», 2008
© Окуев Ш.Х., 2008

Сийначу стигал кIелахь лаьмнийн къеждел-ла кортош набарна теIош Iуьллу нана-мохк, ма беза хьо суна!

Дайделла дохк-мархий лакхене даьлла, чух-чарехь шовданаш эшаршка девлла, цанашна муьрг тоьхна мох ловзабалахь, тохалой ма хеба кийрара дог!

Муьлххачу а махкахь сайн валар хуьлуьй-тур дар-кха аса, юха нохчийн лаьмнашкахь ден-лур вуй хаахьара!

Ма беза суна хьо, ламанан мохк!

## ЛО МУХА ДЕША

Империалистически тIеман шолгIа шо шен чIагIъяла йоьлла халонаш гойтуш дара къинхьегаман халкъашна. Акхараллица вовшийн хIаллакдечу мостагIийн эскаршна кери-керла тIемалой а, тIеман гIирсаш а оьшура. И хьашташ кхочушдар дагделла Iуьллура гIаланашкарчу белхалойн а, ярташкарчу ахархойн а белшаш тIехь. ТIамна пачхьалкхаша хьийзош йолчу дешин гонахьа лаьттачу хьоькхуш деца-чу халкъаша токху декхарш. МостагIийн эскарш алсамдовларца цхьаьна дебалора дайх хаьдда бай, доьзалшна пайдечиш боцу заьIапхой. ХIора доьзалан хIусамна тIехь Iаьржа Iожалла хилла хьийзара денна тIам тIера схьаоьхуш болу хаамаш. Масане нана яра шен кIантера хаам хиларе сатуьйсуш нохчийн лаьмнашкахь а.

Къинхьегамца йолу дог-ойла цкъа а херлуш боцчу ламанхоша эрна ца дохуьйтура бIаьстенан цхьа а де. «Велларг дIаволу, дийна верг къа ца хьегча а, сискал ца йиъча а ца волу», – бохуш, бIаьста дIаболо безачу белхашна кечамаш бен хьийзара уьш. ХIинца массара а сихо йинарг, лош деш-на довлале, ламанийн басешца оганаш а дохуш, шаьш

даьхначу кхашний, ирзушний тIе дуьшуна диллар дара. Латта къен долчу ламанхошна мелла а гIоли йора ялташ хьекъорехь кхашна тIе кхелли йилларо. Цундела ларамца лелабора цара кхелли IаIорца а, и охучу аренашка яккхарца а болу белхаш.

Масех дийнахь кхашна тIе дуьшуна дуьллуш къахьегначу Iайбеца юьртахоша къарзйинера гуобаькккхина льттачу ламанийн басеш. Массанхьа а гуш бара салазаш тIехь кхелли узуш болу ламанхой.

– Же, варийлаш, кIентий, вай нахал ма эшийталаш! Тахана вай динарг кхана, наха дича санна, кийча карор ду шуна! – бохуш, шен доттагIчун Iелин а, уллорчу вежарийн а дегнаш ир-карахIиттадора, стерчашна беха сара а лестош, салаз тIехь кхелли йохьуш вогIучу БайсагIура. Цо месала куй разбаькккхина гуш болчу баьшначу коьртан мIаьчкашна тIехь гуш дара, йовхонна тоьхна, наца пIелгаш санна долу хьацаран даккхий тIадамаш. Горгачу юьхьа тIехь леррина биллича санна, болчу бехачу меран буьххьехь оллабелларг, «хIуп» олий, дIа а боккхий:

– Же, сихо елаш, – олий, чоин тIемаш доьхкарх охьа а таIадой, ген-генна когаш а бохуш, стерчашна сара а ластабой, сиха волалора иза.

– Дера, БайсагIур, тахана цадинарг кхана дан хала хир ма ду вайна, – шен стерчий лаьхкира тIаьхьавогIучу Iелас. – Хьажал, ло лелина, дешна доьду. Хотталхула салазаш текхалур яц стерчашка. ХIуъа дина а, тахана довла хьовса деза вай, хIара кхелли кхашна тIехула дIасаяржийна. Вайн цхьаболу юьртахой бевлла дукха хан ю, – аьлла, хьацар дIадаккха дагахь, юьхьа тIехула пхьош хьалахьаькхна, Iаьржа томмагIаш хIиттийра цо шен лекхачу хьаж тIехь а, беснеш тIехула охьа а.

– Дадиса хьан, ма цIанвели! – велавелира цуьнга вухахьаьжна БайсагIур. – Аминтина дIаган везара хьо хIинца.

Делахь, ма чувуьтур вацара хьо цо. Докхан нуй бетташ, кех поккхур вара.

– ХIун хилла суна?

– Боьха пхьош хьаькхна, цIанвели-кха.

Шена хиллачух воьлуш, новкъа дIаоьххушехь, каетташ къаланийден, ло юьхьа тIе а хьоьккхуш, стерчашна сара а лестош, тIаьхьаоьхура Iела.

– Ло делина додахь а, бIаьсте яла-м хIинца а гIеххьа хан ю, шуна, вайна. Масане дорцан де хир ду вайна схьакхача кечделла, шен рогIе хьоьжуш Iаш. ХIара малх тахана цIеххьана сел бохбаларна реза вац со, – шен чон некхах куьйган дIахьаькхира БайсагIура. – ХIинца хилахь, йочана яхдур ю-кха шуна. ДIахьовсал, и схьагIерта мархаш шайн пхьа къайле йоцуш-м яц шуна, – стерчашна бетта сара хьажийра цо ламанийн кортошка дIа.

– Церан тидам беш со а ву-кха, – хьалахьаьжира БайсагIуран ваша Бета. – Вай, хIуъу дина а, сихо ян еза. Вай кутарин сана ду дика.

– И бакъ ду, – вухавирзира БайсагIур. – Мархаша хIун дохьу ца хаьа вайна, тахана чекхбоккхур вай хIара болх. Сихвел и тIаьхьа схьагIерташ волу шиъ!

– Схьалахка и стерчий! – мохь туьйхира Бетас. – Ма хала вогIу шуьша! Ког баккха, ва Жали!

Пенирзича, шаьшшиннан воккхахволу ши ваша хала нуй хууш волчу Жалиессий, Iабассий стерчий чехо долийра. Дикка тIаьхьавиттира цара шайца схьаоьхуш хилла волу юьртахо Къойсар. ТIамехь чевнаш хилла цIавеана иза, шен ненан гIайгIа бан гIерташ, хала къахьоьгуш вара. Кхелли чохь йолуш салаз тIехь лаьттачу экханах таса а велла, тIаьхьа ца виса гIерташ, стерчашна сара а лестош, хала когаш текхабора цо хIинца а. Чоэх чекх а даьлла, букъа тIе тоьхначу хьацарх гIуьттура Iаь. Коьртара схьабаьккхина куй а, карахь бан карх ца долуш, чета а боьллина бохьуш бара

цуьнан. ЦIеххьана йовхарша хьовзийна иза, кхин дIа ваха а ца велла, шен стерчашца сацавелира новкъахь.

– Жали, хьо чехка дIагIой, вукхарна тIаьхьакхиахьа, ший а сацахь, БайсагIура багалейийр ю вайшинга, со вахна Къойсарна гIо дан воллу, – аьлла, дехарца Жалин бIаьра хьаьжира Iаба. Къахетара цунна могуш а воцуш, дегIехь гIора доцуш, нахал ца эша гIерташ воллучу Къойсарх. Шен жимахволчу вешин дагара хиъна волу Жали, стерчий а лаьхкина, дIавахара. Iаба волавелла Къойсарна дуьхьалвахара.

Салазна улло охьа а лахвелла, шина а куьйгаца корта а лаьцна, са ца даккхалуш, йовхарш етташ Iаш вара Къойсар Iаба тIекхаьчча. Халла цуьнга хьала а хьаьжна, шиъ бен тIехь пIелг боцу шен аьрру куьг юьхьа тIехула охьахьаькхна, хьацар дIа а даьккхина:

– Со дIа-м гIерта, Iаба, нахаца йолчу йохьана, сан гIуллакх чекх-м даьлла, – аьлла, доккха садаьккхира цо. – Леви со вайн юьртан моллас, дагахь дацара цо и дийр ду бохург. Дан хIума дац, нахала вер вац со, цуьнца къовса а велла. Далла шена дика хуур ду, шен векалша лаьтта тIехь лелош йолу харцо муьлхачу новкъа ерзо еза.

ХьалагIагта тохавелла волу Къойсар, юха а йовхарша хьовзийна, са ца даккхалуш висира.

– Хаий Iе жимма, са юхадерзаде хьайн, белха-м сихо яц, кхуьур ву, – элира Iабас.

Iабас дуьйцучуьнга ла а доьгIуш, корта а теIош, куьйгаца хьалаийдеш ло шен хьаж тIе лоьцура Къойсара. Карахь дешачу лайн хиш, пIелгашна юккъехула чекх а дуьйлуш, цуьнан озачу, ехачу бесни тIехула охьаоьхура. ЧIогIа тидам бора Iабас цуьнан карахь и ло муха деша. ЧIенги тIера хин тIадам лаьтта моссаза буьйжи а, лазаран карахь Къойсар лелина воьдуш санна хеташ, дагна хорам хилла хьоьжура иза гIийла Iачу цуьнга.

– Къахьега де долуш вацара со, дан амал делахьара, – кIорга садоьIура Къойсара. – Аса цадинарг хьан дийр ду

суна? Цхьа пIелг санна, суо ву со сайн ненан. Хьалхара вахийта жимха вац. И сайн ненан миска мацалла ца ялийта гIертар-кха, гIуллакх хилахь-м тамаш бу. Гена вохуьйтур вац хIокху йовхарша, денна чIагIлуш йогIу. ХIун дийр ду ткъа, хетарг хилла цхьа а вац дуьненан кийрахь. Массарна а дерг ловзар ду. Делахь а, хала даа дезаш дуьне-м ду хIара.

– Иштта хир дац гIуллакх, Дала мукъалахь! Хьо то а лур ву, къахьега таро а, ницкъ а хир бу, тIаьхье дика а хир ю, – дог хьаьстира Iабас. Шегара хьал хууш волчу Къойсара, кIоргий синош а дохуш, гIийла корта лестабора.

– Суо эскаре вахале шо хьалха даьккхира аса оцу басахь и ога. Мел къахьийгира аса а, сан ненан мискано а и даккха гIерташ! Сарахь, балхара цIа дирзича, Iайг карала ца ницкъ ца хуьлура куьйгашкахь. Буй ца балуш, лозура уьш. Массо а пха хаьдча санна, дола дан йиш йоцуш, лозура пхьаьрсаш, белшаш. Делахь а къар ца лора тхойша. Жимма дуьшуна диллича, картолаш а, хьаьжкIаш а хуьлу цигахь, и ца диллахь, хила а ца хуьлу. Екха ду цигара латта. Цундела хIара экха такхийна лелара со, гIуллакх ца хуьлу. Сих а, дегIах а ваьккхи со цо, леви.

– Иштта ахьа ма-баххара долуш дуй и? Наха цхьацца хIума дуьйцуш суна а ма хезна.

– Дера, Iаба, ду. ДIахьажал, и деха кха, – куьг хьажийра халла Къойсара. – Шен кIантана, сан цIархочунна, Къойсарна хьалхара со тIаме воьдург суна делира и вайн моллас Мовсар-Хьаьжас. Делира аьлча а, иштта барт бар-кха тхойшиннан бина. Iедална гергахь вазвала, Къойсар дIаязвеллера, тIаьхьа дас дохковаьккхинера. И гIуллакх шайн кхин дижо аьтто а ца хилла, со волчу ма веа да. Суна а бакъ моьтти хIокхо дуьйцург. Ваха со тIаме. Сайн са а, хIара чохь хье боцу Iовдал корта а ца кхоош, нийсса шарахь лийти со мостагIех, Мовсаров Къойсар ву суо бохуш. Оьр-

сийн командирашна везара со, тIедиллина гIуллакх нийсонца, мало йоцуш кхочушдеш хиларна. МогIарерчу салташа олура соьга: «Мовсаров, майраллий, де хиларрий-м стагехь товш дара, амма ахьа тIеман гIуллакх лерина лелорна реза дац тхо». ТIом нийсо йоцу хIума лорура цара, паччахьана лен а лоьра. Соьга а олура: «Хьоладайша, ледеш, хIаллакдеш ду вай, тIом бан мегар дац». И тайпа къамелаш деш болу салтий хенаш етташ Сибреха оьхуьйтуш а йогIура меттигаш. Чевнаш а хилла, хьуна ма-гарра, заьIапхо а хилла, суо цIа кхаьчча хии суна, сайга цара баьхнарг бакъ хиллий а, суо левиний а. Со эскаре дIа ма-ваххана, шен латта а аьхна, охьахиъна хиллера Мовсар-Хьаьжа. «ХIара ишта а, ишта а ма дара, латта ахьа хьайн гIуллакх эцна вахна лелачу сан кIантана ма деллера», – аьлла, яхна йолу сан ненан миска а экхийнера. ХIинца сан цуьнца къовсавала де дац, тоьлур а вац со къовсалахь а. Сайн дегIе ницкъ баллалц собар дийр ду аса, – меллаша, салазах таса а велла, хьалагIаьттира иза.

– Хьо кхузахь Iе, Къойсар. Аса вахна харцор ю хьан экха. Сихха вухавогIур ву хьуна со, садаIа, – дийхира Iабас.

– ХIан-хIа, Iаба, хьийзор вац аса хьо, – бега а бина, шен куй дIатиллира Къойсара. – Хала а, атта а айса харцор аса хIара. Цхьана-шина дийнахь дика къахьегаделлера соьга, цо чевнаш меттахъяьхна а хаац, тахана банне а болх ца балуш висна со. Делахь а, хIун хуьлу-м хьожур ву. Иштта аттачу балхах кIелвиса а ца лаьа суна, декхар а ду моллера схьадаккха дезаш. ХIе-е, болало ший а! – сара ластийра Къойсара стерчашна. Салаз тIерачу экханна чуьра кхеллех цинц охьабожарна кхоьруш санна, меллаша дукъ дIаозийра цара.

Хьалха санна экханах а тасавелла, шен и баккхий когаш а бохуш, волавелира Къойсар. Цо са мосазза даьккхи а, лекха айалора цхьана хенахь ондий хилла шуьйра бел-

шаш. И тергал а веш, тIаьхьа дIаоьхуш волу Iаба, хIинцийхIинций охьавужу-кха иза бохуш, даима тIеккхетта схьалаца кийчча вара. Иштта халачу боларшца хIара шиъ кхаш долчу дIакхаьчча, пхьуьйшаш хьала а карчийна, шаьш херцийна кхелли шаданашца лай тIехула дIасаяржош хьийзара Iабин вежарий, ша-ша балхана тола гIертачух тера, каде къахьоьгура цара.

– Къойсар, тахана могашалла дика яц моьтту суна вайшиннан, селхана дикаха дара гIуллакх, – шен шада кхелли тIе охьа а доьгIна, тIевеара БайсагIур. – ВаллахI, наханчул а чIогIа хьуна эша-м оьшура хьуна иза. Ма таро яцар-кха хьан ненан сел гIийлачу хьан бIаьра хьежа.

– Дика яц тахана, бакъ лоь хьо, – шен стерчий совцийра Къойсара, – я сан ненан таро а ма яцара. Къар ца вала гIерта-кх. ХIара тIаьххьара экха харцийчахьана волу со, кхин кхелли а яц цIахь, я дуьшуна дилла оьшуш меттиг а бац. Шен шортта латта долчо-м цхьаъ лелор дара. Тахана цхьа вон дегI долуш, хала вогIу-кха со.

– Вало, Жали, Iабица гIой, и экха харца а яй, дIасаяржаяй вола, – шен вежаршка омра дира БайсагIура. И шиъ дIавахнчул тIаьхьа, шен кетар кIел а тесна, охьахаийра цо Къойсар.

– Ирс яI хьан, БайсагIур, – халла садаьккхира Къойсара, – аьлларг дан а, пIелг хьажжийначу метте вахана ван а жимха ву хьан! Воккхаве со шу веа вешех, гIийлачу нехан дегнашка, гIуллакхе дика хьовсу шу. Со санна, Дела а реза хуьлда шуна! ВаллахIи, и экха харцалур йолуш вацара со. Сайна хIун хилла а ца хууш, дегIера ницкъ дIа а баьлла, сирриге а меженаш елча санна ву со.

– Гуш ду тхуна-м хьоьгара хьал а. Ца оьшуш кочабалийна бала бу, левайти ахьа хьуо оцу боьхачу хIумане. Хаац суна-м, хьуьнхара гила борз а тешар йоцучу нахах хьо муха гийши?

– Къелла ю хала хIума, БайсагIур. Цо хIуъа дойтург хиллера стаге. Юьртан воккхаха а хилча, молла а хилча цо шен дош кхочушдийр ду моьттура. Ца бевзара суна уьш. Суна зен хиллехь а, нахана пайденна лору аса сайна хилларг, адамаш тешар дац царах кхул тIаьхьа.

– Нах-м хьалха а ца тешара царах. И барт айхьа цуьнца бале хьалха ахьа хаьттинехь, хьуна и хуур а дара. Суна хетарехь, наха бойтур бацара хьуна хIара тешнабехк, шайна хууш ахьа и барт бинехьара.

– Йштта хила а тарлора и, – шина а куьйгаца корта а лаьцна, йовхарш йира Къойсара. – Аса нахе ца хаийтира, цунна и барт къайлехь хилар лаарна.

– ХIинца муха ду шун и гIуллакх?

– Тхан гIуллакх дан а дац, – шен коьртара куй схьабаьккхира Къойсара. – Шена ахьа хIун дуьйцу а ца хаьа, элира соьга вайн моллас. ХIара иштта ду аьлла, дувхьалхIотто теш вац сан. Левина со цо, дегIах а, могашаллех а ваькkхи. Вайн юьртдена а ма хаара охашимма и барт биний. Тоьшалла дахьара ахьа, аьлла, ваха со хIара волчу.

– ХIун бах хIокхо?

– Шен бала бац хьоьца а, Мовсар-Хьаьжица а, шаьшшиннан гIуллакх шаьш къастаде аьлла, бIаьрг схьа а ца байти. Изза къамел ди къедас а. Берриш а цхьаъ ма бу уьш. Оцу эскарехь соьца хиллачу салташа дуьйцург бакъ ца хилахь, уьш вайн вортан тIера охьа а бевр бац къемат-де даллалц.

– Цара хIун бохура? – гергахилла, чIуьнжар а хиъна, ладогIа кечвелира БайсагIур.

– Юьхьанца тIом чIогIа бора оха. Массо а тIемало а вара мостагIчунна тIехь толам баккха лууш. Майраллий, къонахаллий тхаьшкара йоккхуьйтур йоцуш, са ца кхоош летара тхо. ХIокху тIаьхьарчу муьрехь низам телхинера эскаран. Салтий эпсарех летара. Эскар, тIаме ца доьдуш, дуьхьалдолуш меттиг а йогIура. ТIом нийсо йолуш, паргIа-

то лоьхуш беш бац, бохура салташа. Паччахь вохо веза вай, и ца вохавахь, цIий Iеночара тIом сацор бац а бохура цара. Ца везара салташна паччахь.

– Хьанна веза иза?

– Цигахь къаьсттина гуш дара халкъана и везаш цахилар. Тхо дIа мел кхаьчначу гIаланашкахь бунташ йохура оьрсийн къехоша. ТIаме ма гIахьара шу бохуш, тхоьга дехарш дора цара. Уьш тебан буьгуш болу салтий цаьргахьа бовлуш а йогIура меттиг. Ткъа паччахьо уьш а, вуьш а хIаллакбора. Цу балхо кхин а оьгIазбохуьйтий, къехоша паччахь вохор ву шаьш олий, кхин а чIогIа бунташ йохура. И хьал дукха хьуна хIинца Россин массо а гIаланашкахь.

– И-м дош дацара, – корта ластийра БайсагIура. – Бунт яккхарх, паччахь вохалур вац оьрсашка а – шаьш эрна хIаллакбойтур бу. Цул а яа сискал лехча тоьлура царна.

– Ма атта дац оьрсийн къехошна шайна яа сискал лаха, дукха хала бохку уьш. Дикано гIовттийна ца лела хьуна.

– Вай ду ткъа атта дохкуш? Хьажал аса идочуьнга, гоьллелц кхола а вахна. Айхьа идочун ойла ел: лам охкуш, басенаш охкуш, кхеллин цхьацца экха тIейохккал хIара оганаш а даьхна, хIинца хIара кхош идош лела-кха вай. Сел къахьегна гулдина ялта а ца хуьлу юха ялташ тIедахккалц даа.

– Цаьргахь долу хьал кхин а вон ду, – бIаьргех куьйгаш а хьаькхна, куй дIатиллира Къойсара. – ГIаланашкахь цIена мацалла хIоьттина, ялтийн мах, тешар воцуш, лакхабаьлла. ХIокху Iаьнан шелонехь бепиг духку туьканаш ларъеш, сахиллалц рогIехь лаьтташ хуьлу белхалой. Къина воьлхур вара хьо, цара и бепиг къуьйсуш гича. Массо а хIуманна тIехь паччахь бехке во цара. И ца вохийча, йиш яц бохург чIагI а до. Россин массо а меттехь ду и хьал. Со цIа вогIучу дийнахь вайн Соьлжа-ГIалахь а ма яра йоккха

бунт. Суна хетарехь, тӀаьххьар а вохор ву цара иза. Дерриг а адам дуьхьалдаьлча, дан хӀума хир ма дац цуьнан.

– И хабарш ахьа хӀокху вайн юьртахь хазадахь, Ӏена бохучу барзо, Ӏахар санна керчош, вордан чу а кхоьссина, сиха новкъаваккха мегаш ву хьо, – ло хьоькхуш куьйгаш а дуьлуш, тӀевеара цу шинна Бета. – Хабарца вохош хиллехь, паччахь воьхна а, нахана вицвелла а дукха хан хир яра хьуна. Хьайна тешнабехк ма байталахь оцу саражникаш ю бохуш лелачу йовссаршка. ӀиржакгӀар ца бевза хьуна?

– Ахьа буьйцучу саражникашна суначул а дикаха хаьакх, хьуна, махкахь хуьлуш дерг. Со цара дӀа а хьур вац, ваьхьча, дан хӀума а дац. Шайна йогӀург сан дегӀах, цӀийх яьккхина бевлла уьш. Дика левайтира аса суо. Цара сайна йина гӀело дагаеъча, лазар чӀагӀло сан дегӀаца, са ца даккхалуш вуьсу со, – аьлла, йовхарш ян волавелира Къойсар. ХьалагӀаьттича а, охьахиъча а ца совцура уьш. ТӀаьххьара а кийрара цӀий тийса волавелира иза. ТӀаккха дӀавоьллачу шина а вашас кӀел кетарш а тесна, царна тӀе охьавиллира иза. Цхьа хан яьллачу хенахь цӀеххьана севцира цо ен йовхарш.

– Муха хета хьуна? – хаьттира цуьнга тӀехь лаьттачу БайсагӀура.

– Ца хаьа, – бӀаьргаш гӀийла хьалахьовсийра Къойсара. – Кхин иштта хӀокхара хьовзавахь, лалур дац соьга.

– ХӀумма хир дац, Дала мукъалахь! ХӀан, бат дӀацӀанъе, цӀийш дохку, – йовлакх кховдийра цуьнга Бетас.

– Мохь тохал шина кӀанте, реза вац со кхунна, – Бетига хьаьжира БайсагӀур. Вукхо кхайкхина охьавалийра кхеллий дӀасаяржош воллу Жалий, Ӏабий.

– Ӏаба, хьо кхана новкъавала везаш а ву, цӀахь вайн говрийн Ӏуналла а дер ахь, хӀинца хӀара а эцна цӀа ваха веза хьо, – элира БайсагӀура.

Вежарша, салаз тӀера экха охьа а яьккхина, шаьш стерчашна яо еана йол тӀе а тесна, меллаша айина цу ал тӀе

охьа а виллина, тIе кетарш а тесна, цIа вигийтира Къойсар. И дIавигначул тIаьхьа дукха лаьттира уьш и Iиллинчу метте хьуьйсуш. Цуьнан кийрара баьлла цIийн тIадам хьогаллица худуш, лелина доьдура малхо чехош долу ло.

– Дика хьажал, Жали, ло муха деша, – шен вешин бIаьра хьаьжира БайсагIур. – Иштта вашийна, лазаро лалийна чекхвоккхуш лаьтта-кх и вайн юьртахо.

– Ло-м тахана дешча а, кхана оцу лаьмнашца схьагIертачу мархаша кхин а дохьур дара, дIавахна стаг ца вогIу вуха. Вешан болх бе вай, – шен шада схьаийцира Бетас. Вежарий шаьш схьаеана кхеллий кхаш тIехула дIасакхийса буьйлабелира.

## САХУЬЛЛУШ

Арахь хIинца а Iаьржа бода лаьтта. Бода мел къийлалахь а, сахила гергатеIачу стиглано гойту цуьнан макхбелла боьду бос. Анаюх серлаяларца дIаловчкъа дагадеана гIийла бIаьргаш бетта седарчий а хетало хIинца а набарна теIаш санна.

Ломан басенца йолчу йовхачу хIусамехь-м тап-аьлла тийна дара. Массо а мерзачу набарха воьлла, гIенашна къежаш, паначу ойланаша Iехавеш Iуьллу. Доьзалан нена-м бижац цкъа а сапаргIат набарна бIаьрг, и-м Iехаяц мерзачу гIено а, я пана кхерстинчу ойлано а. «Хур-ра, хур-ра» до цкъа а набарх Iебаш воцчу Жалис. «Маржа-яI-кх... Маржа-яI-кх... Яла ма лолда-кха со хьуна цкъа берзан жижиг даонза! Берзан жижиг диъча, воьрзу боху хур деш волу стаг. Хьан нана дийна хилахь, карор ду-кха хьуна и!» – ша-шега бохуш, наб ца кхеташ, бодашлахь бIаьргаш бетташ Iуьллу Мелимат. «Мича йогIу алахь, – боху цо юха а ша-шега. – ДIаяхна а елара дукха хан? Дог а догIий, карх а долий. Дан-м церан жималла а, бералла а хир дара иза, ткъа хIокху шелонехула хIун идадо, алахь? ОстопираллахI! Ша еана а Iай? Улло яьккхина ялош шен шича ю, бах. Хьенан дог догIу хIокху доцчу денца хIорш сетто а, хIорш ловзо а, со кхузахь цхьана диканна тIехь ехаш йолуш санна! Делларг совгIат а, динарг гIуллакх а хир ду моьттий хьуна? Деллахь тоьур дар-кха ЙоIана а-м (иштта олура Мелимата, цIе кхобуш, шен марйишех) шен ваша дIаваьллачул тIаьхьа кхин шайгара а, нахера а гIо ца доьхуш, хIара сайн тIехь дисина бай аса хьалакхиийча-м. Аса лайна бала, хьегна хало – тешар вацара бусалба а, кериста а, и шен бIаьрга схьа ца гича! Кегийнаш цакхетарх, баккхийнаш-х безий жимма лартIехь лела. Воккхахволу шиъ шаьшшиъ ваьлла Iаш велахь а, це-

ран хIун ду хIокхарна дан а, дала а? Тоьур дар-кха, и шиъ шаьшшиннан доьзалшна напха даккха ларийча-м. Хьажа-хьа, воккхахволчу БайсагIуран а ю ши йоI, цул жимахволчу Бетина а йина йоI. ВорхIе а да хьакхийца валла, сан несарий, шун! АслагIин некъийн хIу дайа яьхкича санна, ма ехки кху кертахь-м! И хIун ду? И хIун ду, дIаехкачо а йоI йо, схьаехкачо а йоI йо?»

Иштта йоьхна ойланаш еш Мелимат Iуьллушехь, гIеххьа серлаелира. «ХIинца гIатта еза, Iаба ву шина йоIана дуьхьалвахийта новкъаваккха везаш. И гIаттале, яхана говрана хи а малор аса, хIоъ а лур, цIан а ер и», – аьлла, меллаша хьала а гIаьттина, цо, неIарна тIехьа кхозучу говран тIоьрмиге куьг дIакховдошшехь:

– Аса айса, Мели, – аьлла, хьалагIаьттира цуьнан жимахволу кIант Iаба. Цуьнан цIеххьана вистхиларо кхерийна, парх-аьлла таса а елла:

– Ахьа хIун до, хIай кIант? Кхерийна садаькkхи-кх ахьа сан! Iадайора-кх цо со! ХIан, ма дика ду-кха, хьайн гIуллакх далла хьуна хьуо кхиъна хеташ! – аьлла, цIенкъа юккъе схьакхоьссира Мелимата ша схьаэцна болу говран тIоьрмиг.

– Хьо Iадо, со кхин шайтIа-х даций, ва Мели? Сайн гIуллакх соьга дало хьуна, паргIат хила хьо, – вела а велла, забарца элира Iабас.

– Дукха къена ву хьо, ца езаш леш йоллу со и хьалхе хила гIерташ йолу хIуманаш. Хьо векхачара сецна а яцара дукха хан, хабар-м сиха шардели хьан! Дуьтур ду ахьа суна и хьайн къена къамел! – аьлла, ламаз эца дагахь тас-хий шена гергаозийра Мелимата.

– Уф-фай-кх, дуьхь-дуьхьал а дирзина, и шакарш хьоьхуш, наб ца йойту-кха аша, собар дайша жимма! – элира шабарха ца Iебаш волчу Мелимаган кхоалгIачу кIанта Жалис, юргIа тIе а озийна.

– Іиллахьа, хьуна наб ян а ца хаьа, ва «хур»! – аьлла, йистхилира Мелимат.

– Хин долу леча бенахь дека боху, ва Мели. Тхо-м хьуна ма-моьтту де доцуш а даций, кегий делахь а, – пезагаш тІедуьйхина, тІоьрмиг шен белшах тесира Іабас.

– Хьо чІогІа воккха хилла. Оцу хьан вашас и говран тІоьрмиг а эцна, гуттар а чуьра ваьккхи хьо-м. Хуур ду-кха, денош дохделлачу дийнахь хьан иза готанна ца йодахь, – аьлла, резаяцаран сурт хІоттийра Мелимата.

– Мели, сан говрана и захалонаш ма дийцалахь, гІуллакх хир дац хьуна цунах. Буса набарна ца вуьжуш, дийнахь тем боцуш, ламанан леча шен аьрхачу кІорнина санна, со цунна гонаха хІунда хьийза моьтту хьуна? Дера ца хьийза и ахьа дуьйцуш долу захалонаш цуьнга кхочушдайта-м. Цул а и цунна шаьш кечйина гІомат сан коча йолла, аса текхор ду шуна и аьчкан нох, – велавелира Іаба.

– Валол, хІинца хьо новкъаволучу хенахь, соьга хьайна дов а ца дойтуш, – аьлла, Мелимат ламаз эца йолаелира.

Араваьллачу шен кІентан ойла йора ламаз деш латтачу Мелимата. Шен веа а кІантал дукхавезара цунна жимахволу Іаба. Вукхарал чІогІаха къа а хетара, кхоа а вора. Амма Іаба тамашийна амалш йолуш, доьзалехь а, шен нийсархойх а къаьсташ кхиънера. Іабин нийсархой хІинца а гІулгашна тІе тхьазарш а етташ, берийн ловзарш идош лелара, ткъа хІара поп санна ирх а вахана, баккъалла кхиъна ваьллачу, гІеметтахІоьттинчу кІантстеган кепе вирзинера. КІезиг гІуллакх дара Іабин шен нийсархошца, наггахь а ца хуьлура иза цаьрца, амма, и царех дІакхетта де дов доцуш а ца доьрзура. Цхьаьнцца а уьйр ца товра Іабин, шайн юьртахочуьнца Іумарций бен, цуьнца и амал тайна хІунда ву а ца хаара Мелиматана. Дукха долура Іабин Іумарца а дов, амма и гена дІа ца доьдура, сахьт а далале, юха цхьаьна

хуьлура ши доттагI. Iумаран цхьайолу амалш Iабичарех тера яра, ша а вара иза цунах теро; и хир дар-кха цу шиннан зIе теснарг. Кегийчу нахаца уьйр йогIуш вацахь а, баккхийчу нахаца йолу юкъаметтиг чIогIа лелайора цу шимма. Даима а царна юкъахь а, церан къамелашка ладоьгIуш а хуьлура и шиъ. Iабин амал яра, цара дуьйцучуьнга куьйгашца корта а лоций, ладугIуш.

Ламаз тIехь иштта шен кIентан ойла еш Мелимат Iачу хенахь уьйтIа кхечира хи тIера йогIучу Iабин говран тата. Цул тIаьхьа дукха хан ялале хазийра Iабас говрана яла кечъечу хьаьжкIашна чаптухуш а. Ойланаш а еш, доIанца доьхура Мелимата.

– Веза-воккха хин волу Дела! – доьхура цо. – Ийман лолахь, иймаца собар лолахь, тIедогIучу вонах, ун-балех ларделахь тхо! Хьайн диканах, къинхетамах ма дахалахь тхо! Веза хин волу Дела! Хьайна везначу Элчан дуьхьа, и вирзинчу хIусаман дуьхьа, Элчано лийринчу асхьабийн дуьхьа, эвлаяийн дуьхьа, пайхамарийн дуьхьа, хьайн езачу иссе цIера дуьхьа, ворхIе стигланан а, бархIе лаьттан а дуьхьа; дуьне хаздинчу маьлхан а дуьхьа, буьйса хазйинчу беттан а дуьхьа; хьайн пайхамаршна рицкъа латтийначу дуьненан а дуьхьа, уьш шен кийрахь баха дIабигначу эхартан а дуьхьа; и сийна стигланаш латточу Iаьршийн а дуьхьа, Iаьршашкахь ловзучу малийкийн а дуьхьа, суна деха цахаарх, хьуна дала хаар-кх, сан вахнарг цIа маьрша валавелахь, цIерачуьн Iодика елахь! ХIай, веза хин волу Дела! ХIокху дуьненах дог Iабош ирсе дахар лолахь тхуна, и дахар диццдеш хьайн къинхетаме эхарт лолахь тхуна. ХIай, веза Дела! Ахьа дуьнен чу кхоьллина, хьан леш дар-кха тхо, хьо воцург кхин да воцуш, байлахь дар-кха тхо, дуьнен чохь оха яьккхинчу хенахь тховгара яьллачу гIалатлонна, хьо реза воцуш динчу хIуманна гечделахь тхуна! Даларан нуьрехь совдахий, эхартан даржехь лакхадахий,

80058



ЦЕНТРАЛЬНАЯ РАЙОННАЯ БИБЛИОТЕКА

айхьа дуьненан кийрара тхо дIаэцначу дийнахь хьайн эхартан хIусаме даздай тIеэцалахь тхо! ОллохIума селли Iала, Мухьаммадин ва Iала, али Мухьммадин ва селли! ОшшхIаду аллаилахIа иллаллахI ва ошшаду анна Мухьаммадин расулуллахI! Патихьа! – аьлла, доIа чекхдоккхуш, шен юьхьа тIехула куьйгаш хьала а хьаькхна, – гIевттина дера дукха хьалхехь-м тхо, – аьлла, жоп делира Мелимата шен, Iуьйре дика а йина, чуеанчу несе, БайсагIуран зудчуьнга Малике.

– Нана, ахьа доIа дечу хенахь ша дегIе зуз уьду-кх суна, ма чIогIа а до-кх ахьа. Хьан Iамийна хьуна сел чIогIа и доIа дан? – хаьттира Маликас.

– Хьан Iамор дара суна? Дера Iамийна сайн гIелаллой, И воцург кхин гIо деха а, я дехча дала кхин цахиларой, – доккха садаьккхира Мелимата. – ХIара, аса ламаз эцна тас дIатесин ахьа?

– ХIаъ, Нана, тас дIа а тесна, меттанаш дIа а даьхна. Кхин хIун де аса?

– ХIун дийр дара ахьа, Малика? Жимма суна улло охьалахлохьа.

– Нана, кхин стаг воьдий кIантаца, пачхахьан некъ генахь ма бу, и ша вахийта экам ца хета хьуна? – юххе охьа а лахъелла, марнене хьаьжира Малика.

– Деллахь бу-кха дукха гена а-м, дукха кхераме а-м и некъ. Амма хIара сонта хIума ша аьлларг бен дийр долуш-м яц. Суна-м ца хаьа оцу кIантана айса хIун дийр ду а, цо дог этIийна леш йоллу-кх со. Даима а хила гIерташ, хила гIерташ! МераIуьрг! Кхунах хIун хила гIерта?

– Нана, ахьа-м хаза а дуьйцу, – аьлла, Малика елаелира.

– Иштта дац и тIаккха?

– Ув-вай, нана, и хьан жимахволу кIант тамашийна-м ван а ву хьуна! Оцу хьан вукху кIентех цхьа чо бац цуьнан тера.

– Деллахь ву-кха дукха сийдоцуш-м.

– Нана, массарел дикаха а, массарел хьекъалдолуш а, массарел къинхетаме а, оцу хьан вукху кхаа кIантал хаза а ву иза. Суна хьан вукху кIентел дукха а веза. Селхана гина велара хьуна!

– ХIан, хIун деш яра хIара хьеръяьлла хIума?

– Эцца урам-новкъахь ловзуш Iаш долчу берашна юкъа-иккхи цицкана тIаьхьахьаьдда догIу хьан шичин и вон жIаьла. «Iалелай» аьлла, цхьа вон маьхьарий девлла оцу берашка. Мичара вели хааац-кха суна, верриг маж а велла, цIийбелла бIаьргаш а бу хIокхуьнан, гIап-аьлла вахна цициг хьекхош доллучу жIаьлина тIе а кхетта, легаш лаьцна и хьала а айина, цхьа вон мийра бетта волавели хIара цунна. Шен ма-хуьллу кхунна катоха гIерташ, ворта а хьийзош, дуьхьала леташ жIаьла а ду, цхьанхьа шийла маьхьарий хьоькхуш зударий а, бераш а ду. Мухха а кIентан карара даьлла дедда и жIаьла, дахна шайн керта а иккхина, бун чу лечкъи.

– У-у-в-вай-кх, и-м йоккха Iовдал яра, наб яйтина елара аша соьга. Кара а до шуна-м дийца хIума: жIаьла а, говр а, вир а, цициг а, – аьлла, ша Iуьллучуьра керчина тIекIелвелира Жали. – Жимма наб яйтийша соьга, и шайн къена хабарш а дитий.

– Цо хIун вир, говр дуьйцу? Ва хур! ГIаттал чехка, дIа-баккхийтал мотт! КъорIанор, дара хьуна аса къа ца хеташ дечиг деттар!

– У-у, собар, Мели, собар. Хьайн устаза дуьхьа вита со жимма. Цхьа хаза гIан гуш Iуьллура со! – дийхира Жалис.

– Мели! Со ваха воллу, – уьйтIара чукхайкхира Iаба.

– Iаба! Чехка ма гIолахь, некъан аят а дешалахь. Ца соьцуш дIа а гIой, сихха вухавоьллахь! БайсагIуран говр оьзна юьгуш чIогIа халайогIу, ларлолахь, цо вуха а озийна охьатухур хьо! – элира нанас.

– Мели, хIара хьалха а лаьллина юьгур ю аса, сихох дIа а кхочур ву. ХIан, со вахара!

– Ва кӀант! Некъ дика хуьлда хьан! Маьрша цӀа вогӀийла! – тӀаьхьакхайкхира Ӏабина Малика.

ДӀаиккхинчу говран тата сиха дайра.

– Некъ дика хуьлда! – доккха садаьккхира нанас. ТӀаккха кӀант воьхуш доӀа дира:

– Инналези параза Ӏалайка Къуръана лараддука ила маӀадин! Веза хин волу Дела! Некъ дика хилийталахь, цӀа маьрша валавелахь, некъан вонах, зуламах ларвелахь! Веза хин волу Дела! Аса ца хууш хьайга доьхург сан гӀийлачу байшна дала хууш верг хьо вар-кха, тӀедогӀучу массо а вонах ларделахь тхо! Везан Дела! Гечделахь тхан Ӏесаллина, дахаран хан токхучу хенахь ларамаза яьллачу гӀалатлонна а. Дела! Хьо воцург хьажа да воцуш, гӀийла бай кхиийнера-кх аса, юьхьӀаьржонах, тешнабехках ларделахь тхо! – юха а Деле доггаха дийхира Мелимата. Жимма соцунгӀа а хилла:

– Малика! Малика! – кхайкхира.

– ХӀун бах ахьа, Нана?

– Ялохьа, гӀой, оцу луларчу Ахьмадах йисинчу Ӈурипатан берашна сагӀина кхеххкийна шура а, жижигах хӀума а, туьха а, мижарг а лохьа. Туьха доккха сагӀа ду, бах; и дахьа йиц ма лолахь. У-ув-вай, цхьа вон лазар детта суна букъаца хьала, могуш йоцу таро ю со, – шен букъах куьг хьаькхира цо.

Чуеара шолгӀа волчу кӀентан Бетин зуда Маржан.

– Елла яла нана, нана ма декъаза хӀума а хилла кху дуьнен чохь, – элира, цуьнан шелоно човхийначу пхьаьрсе а хьаьжна, шен бӀаьргех кхохкийна хиш дӀа а даьхна, Маликас.

– Дера ю дукха декъаза хӀума-м, нанас берана санна, беро нанна сагатдеш хилча, дуьнен чохь адамаш мегар а дацара, я хир а дацара. У-у-ув-вай, Малика, чехка мотт биллалахь суна, со кхин Ӏен ца ло хьуна, – аьлла, Мелимат ша йолччохь шелонна хебира.

– Ахьа хIун до, ва нана? – аьлла, чувеара Мелиматан воккхах волу кIант, Маликин майра БайсагIур.

– Тахана цхьа дегI дика доцуш ю со, ца хаьа хIун ду а, – элира Мелимата.

– Хезий хьуна, – вистхилира БайсагIур Малике, – меттанаш дIа а даьхна, ма чIогIа паргIатъяьлла хьо, агIоръяьлла хьо, агIоръялийта иза. ХьалагIатта, хьожа кхетар ю хьох иштта Iиллахь. Вало, терчий дIа а дожий, кечло, кхаш тIе кхеллий оза еза вайшимма тахана. Вай доцурш, массо а нах кхеллий тесна бевлла, вай кхузахь аркъал а девлла Iохккушехь. ГIаттал чехка! – Iуьллучу Жалина дов дира БайсагIура.

– У-ув-вайкх, са а тасале! Бета хIунда ца вуьгу ахьа? – элира халла меттахваьллачу Жалис.

– ХьалагIаттал, аса хьайна хаьштиг озале! Дечкан кIарг а боцуш ца го хьуна хIара керт? Хьо керчаш Iуьллушехь, вахна, хьуна, иза. ГIаттал. Сихо ел, – аьлла, БайсагIур аравелира. Дукха хьевала ца ваьхьаш, гIаьттина, шен бедарш тIе а юьйхина, Жали стерчий дожа вахара.

– Ялохьа, Нана, агIоръялахьа, аса мотт тобина хьуна, – элира вежарий арабевллачул тIаьхьа Маликас.

Метта хьалаяьлла, гIайби тIе дIа а тевжина:

– Де кхола доллучух тера ма хета суна, тIеян-м ца йоллу вайна? – коре хьаьжира Мелимат.

– Маржан, муха ду арахь? Кхоьлина-м яц вайна? – хаьттира Маликас цу хенахь чуеанчу кхине.

– ТIетеIаш ю, наггахь лайн чим а тосу, мох а бу хьоькхуш, селханалерачул кхин хийцаделла хIума дац, – элира Маржана.

Цо лайн чим аьлча, и шен дегIа тIе боьжча санна, хебира Мелимат.

– Деллахь, Нана, кху чуьра стаг шен гIуллакхана аравалахь а, даима а иштта хуьлу-кх хьо, вайн жимахволу кIант аравалахь-м, дийца оьшуш а дац. ХIун ду и вахарх а, ву-

хаварах а, кхин бер-х даций и? Вай дезарг гІолда-кха, Нана, Амина яло. Хьуна иштта жима хетахь а, хьан кІант-м, хьаха, вац хьуна мехкаршка безам боцуш. Хин коьртехь цо мехкаршца бегаш беш хазахьара хьуна! – аьлла, Мелиматан бІаьра а хьаьжна елаелира Малика.

– Нана ма яла кхуьнан! Муьлха ю те езарг? ХІинцца яхна, хІокху сайн доцчу денца, бертахь ца еъча, ядийна схьаялор яра аса и Іабина. Сан Іабас зуда ялийча бохий ахьа… ЭхІ! Деллахь, ма доккха де хила дезар-кха иза!

– Ой, гора яІ! Дукха сонта йоцуш, хьаха, яц кІант вина нана а! – аьлла, Маржан гІадъяхна елаелира.

– Ва, нана, хелхаер юй хьо, хьайн кІанта зуда ялийча?

– Дера, ю.

– Ва, Нана, хелха-м ер яра хьо, ткъа хьаьнца яла дагахь ю хьо? – хьаьттира Маржана.

– Хьаьнца ер ю? Суна мила оьшу, къанъелла, ког коша а бахана Іачу? Суо ер ю-кха, хІун шайл эшна а, ирча а яларна кхоьру шу? Оха деш хилла долу хелхар-м хІинца дечух тера а дацара. Хелхар дан хаьа моьтту шуна хІинцалерчу кегийчу нахана? ГІемаш! Эхь а, бехк а доцуш вовшийн меркІелахь хьийзаш!

– Хьа-хьа-хьа! Ва Нана, хьо-м яша а ца еша оха лелочух, – юха а елаелира ший а нус.

– Эс-с, дера ца еша, – бохура Мелимата. – Хелхар ду хІинцалерчу кегийчу наха а, мехкарша а дийриг?Накха тІе а бокхий, хье тІе кур а буьллий, галцашна тІехула гІургІаз санна «шанк-шинк» деш, кхийсалуш хьийзаш йоІ хир ю, бута еана старгІа санна, цІингаш беш, гондахьа уьдуш, «гІаб-гІиббанцехь» и когаш бетташ кІант хир ву. Хелхар хуьлу стеннах а?

– Деллахь, Нана, ма кІезиг еша-кха хьо оха лелочух. Шу муха довлура, ва Нана? – хьаьттира Маликас.

– Дера, довлура хаза а, оьзда а. Пудар-басар хьакхар-м тхуна хІун ду а ца хаьара, тхан беснаш и хазалла оьшуш а

дацара. Кегийра, бай когаш шершош йоI йолалора, когашца тата ца даккха дуй биъча санна, вайн хьийзаш кIант а хуьлура. Когаш тоьхна тата даьккхинчу кIантаца-м йоI шозлагIа яла а ца йолура, бежехь лелла ву, Iовдал ву, олий. Суна дагадогIу, тхан хенахь кхуьуш хилла болу кегий нах, хьуьлла ара дIа а боьлхий, цхьа гIаж хьала а югIий, цунна гонаха хелхабуьйлуш, шайна хелхар Iамош хуьлура. Изза къа шайн цIахь мехкарша а хьоьгура. Хала-м дара, хьуна, цу хенахь оьзда хелха вала ца хууш волу кIант а, йоI а ловзаргахь ган я гахь а, цу шиннах цхьа а хелха дала а.

– Бакъахь ду делахь, Нана, хьан жимахволчу кIанта зуда ялийчахьана хьовсур тхо, шу муха довлуш хилла. Дала мукъалахь, иза а ву-кха, хье ца луш, цхьаъ ялор йолуш, – элира Маликас.

– Деллахь дийцалахь бакъдерг, – элира Мелимата, – муьлхачу йоIе безам болуш ву хIара?

– Вай, Нана, Дала ма дохьийла! Со яьхьар яц хьоьга и дийца. Хьайн цхьаъ ца дийцича ца Iалуш йолчу ахьа и дIа а хьахийна, цу хьеравашлачуьнга со ейта а сахьт дац, – куьйгаш дIатесира Маликас.

– Ялахьа дIадийций! ХIун ду кIанта йоIе бегаш бича? Бегаш мел бинчунна тIехьийза везаш а, яло дезаш а-м дац вайна? – тIейирзира Маликина Маржан.

– Ца яьхьа со, кIант ца вевзаш-х яций хьо? – аьлла, дуьхьалъелира Малика.

– Ялал, дукха а ца сетташ! Кхузахь хьо ен кечвелла Iаш стагга а вац. И хIун ду? Ма чIогIа кхоьру хьо цунах! – аьлла, Мелимат тIейирзира Маликина.

– ХIан, и юй?.. Вай, ца яьхьа со! Мила яра иза… Келисат яц, Мовлин йоI, – аьлла, и Iабина дIахезча санна цIийелла, кхоххийна, кхераелла сацаелира Малика.

– Вай, елла яла хьо, ма чIогIа а кхоьру! И хIун ду? – аьлла, ша Iуьллучохь елаелира Мелимат. Цуьнца, гIадъоьхуш, ший а нус а йоьлура.

– Тамаш а дера бац, кхоьру со цунах. ВаллахIи, цкъа а соьга оьгIазе вистхилла а, я со резайоцу хIума аьлла а ма вац иза, делахь а, хIун ду а ца хаьа, цунах кхоьруш садала доллу-кх сан. И арахь аьрха волу дела хир ду-кха и иштта. Кхин а ду, и оьгIазводахь, хIара дуьне йоккхатоп хилла эккхарх, ша дагалаьцнарг дан деза-кх цо, – элира Маликас. ТIаккха, эххар а:

– Деллахь, Нана, аса дийцина алий, хIумма а дIа ма тохалаш цунах, юьйр ю со цо, – аьлла, дийхира. И хазахетта, цунах кхин чIогIа ела йолаелира важа шиъ.

– ВаллахI-биллахI, Нана, хIумма а ирча корта-м кIанта хьалаялор йолчу Аминин а бац хьуна. Ша и шуьрах-бадах йича санна ю-кха иза. Сарралц Iийр вар-кха цуьнан хазалле хьоьжуш, – элира Маржана.

– Оцу шен кIайчу баса тIехь ма хаза тов моьтта хьуна цуьнгахь и кIайн кIажарш. Хийла цуьнга хьоьжуш Iийна-кх хьуна со. Шен да а, нана а доцуш кхиаре терра, дегIана эгIаза ю, амма хазалла бохий ахьа… Аминера хазалла яккхалур яц дуьнен чуьрчу цхьана а йоIе. Ша и сурт санна хаза ю-кха иза, Нана, – элира Маликас.

– Деца а, цуьнан мехкарий а чIогIа вон бу цуьнца. Дийнахь сарралц куьг охьа ца дуьллуш цо къахьегарх, сарахь сапаргIат хIума ца кхоллуьйту цара цуьнга. Цхьа Зезаг а тоьур яра и хьийзо-м, кхин адам ца хилча а, – элира Маржана.

– Да виса гIелалла! ГIелалла хала ю, шечо йича а, нехачо йича а. Хьан марйиша а ю и, Нана, чIогIа хала стаг ю-кха и. ХIун дара алахь, Аминица дика хилча? Да виса делаI, шен доцу хIума а, да воцу хIума а! Децин марвешин йоI яцара иза, цуьнца сел вон хилча, мича коша йижа йоллу те хIара? – элира, Амина а хастош, шен марден йишина а, цуьнан мехкаршна а ша реза йоций шен марнене хоуьйтуш, Маликас.

– Ув-вай, Нана, гӀуллакх ма хаза до цо! – элира Бетин зудчо Маржана. – Ша хьан марйишин йоӀал Зезагал жима йоллушехь, чу горгамаш хьоккхий, пхьегӀаш юьлий, даьхний Ӏалашдой – и дерриге а ша дина яьлча, йоьдий, Зезаган бедаршна иту хьакха хӀутту-кх хӀара. ХӀетте а цуьнан си тӀера охьа ца йолу Зезаг.

– Нана йоцу йоӀ шим боцу шинара ду, олура тхан нанас. Цо и хӀунда олу а, и хӀун ала гӀерта а ца хаара суна хӀетахь. И хилла хьуна, нана йоцу йоӀ ян а яц, цуьнан сий а дац, бохург. Хуур дара хьуна, Зезаган санна, Аминин а борз санна тӀехь хьийзаш нана елахьара, Нохчийчохь цӀе яхна юьйцуш хир яра иза, – элира Мелимата.

– Тохара со охьаяхана йолуш ду и, Нана. ДецагӀеран лулахь цхьа зуда ялийна меттиг а хилла, ловзар динера. Цу ловзарга ма кхайкхи Зезагей, Аминей. Деллахь хӀинца хӀун дер те хӀокхара бохуш, къайлах тергал йо аса хӀара шиъ. ДӀайоьллачу децагӀеран йоӀа шеха и пудар хьаькхи, ва басар хьаькхи, дукха башха хаза гӀабали юьйхи. Дешица, детица ша къегина яьллачул тӀаьхьа, шен цхьа кучан бехчалг Аминина хьалха а теси. ТӀаккха дагна цхьа вон хийти суна, Зезаг а, цуьнан нана а Аминица сел ларам боцуш хилла. «Сел ерстина йолчу хьан куча чу-м со санна йолу иттех йоӀ а гӀур ю» –, аьлла, ела а елла, дехьарчу яьлла, иту хьаькхна, чӀарх-аьлла шена тӀера кучан тӀалх а шарйина, хаза шен юьхь-куьг а дилина, чӀаба йина, месаш хьала а хьарчийна, кечъели Амина. ХӀетте а ша и малх-бутт санна хаза яра Амина. Цунна тӀехь товш ца хеташ цхьа а хӀума дацара. И тиша коч, ша и леррина, цхьамма хазалла цунна тӀейоьхча санна хеталора. Сарралц Ӏийр вара цуьнан хазалле хьоьжуш. ХӀун дара а хаац, я цуьнан гӀелалла ца лайна Аминех къахетта делахь а, я и сел товш хилар дукха хазахетта делахь а, ша чӀар-ра-аьлла бӀаьргех хиш хьаьвди суна, Нана, – аьлла, елха йолаелира дагна кӀеда йолу Малика.

– Елла яла хIара мискан пекъар. Хьоьжуш йолчу хьан а и дог хилча, ловзарга кхайкхина кечъеллачу Аминин хIун дог хилла хир дара? – аьлла, бIаьрхиш ледо Мелимат а йолаелира. И шиъ йилхича, шена Аминех къахетар гучудоккхуш, елха Маржан а йолаелира.

– Цул тIаьхьа, Нана, ладогIал аша, вай делхахь а, и-м хаза а дай, – аьлла, елха а йоьлхуш, шаьш ловзарга дахар дийца йолаелира Малика. – ХIинца хIорш ловзарга дIакхачо нус йолчу сан яха дийзи. Цхьа хаза дIахIоьттина ловзар дара и, Нана. И охьара нах-м ловзар-хIума оьзда лелош Iедал долуш бу-кхи. Цхьана агIор охьахевшина ша дешех лепаш, шел хазаха хIун хир дара кху дуьненахь бохуш Iаш хIора а йолуш, мехкарий бу, вукху агIор, царна дуьхьал Iаш хьеший а, дукха оьзда кечбелла баьхкина юьртара кегий нах а бу, ловзаран дола деш, коьртехь хаийна Iаш инарла а ву хIокхеран. Ма хаза ду моьттахь, Нана, валлахIи бакъ ма ду и! ХIун ду а хаац, сайн массо а хIуманан тидам болчу сан цуьнан а тидам хили-кх. Тхо чоьхьадевлча, оцу чохь мел волу жимстаг Амине хьаьжжинчохь виснера. ХIара-м яц хIума тергалдеш а, Зезагана тIехьа а лечкъина йоьдуш ю. ХIинца Зезаг сеттина яхна мехкаршна юккъе охьахии, ткъа Амина, царна тIехьа а яьлла, ша ловзаргахь дакъалоцуш йоций хуур долчу агIор, кхечу, ша санна долчу кегийчу зудаберашца охьалахъели. Ма хаза ду моьттахь и, Нана. Цу чохь мел йолчу йоьIан хазалла кхолийнера массарна тIехьа лечкъина Iаш йолчу Аминас. Массо а жимстаг а вара цунна тIе бIаьрг боьгIна Iаш. Хийла хабар дахьийти кегийчу наха цу сарахь, Амине схьахьажа ала, бохуш. Хийла юкъалелаш йолу зуда и лейина дIахьажийта гIоьрти, валлахI, шен корта и божарий Iачу агIор дIа-м ца берзий цо. Ша хазалла нах хьего доьгIна сурт санна, тийна Iаш ю хIара. Жималла вала воллуш, цхьа хаза хьаша вара цигахь, хIинца Амина шеца хелха ца ялахь,

лийр ву ша аьлла, хьаьвзи иза. Зударша а, наха а дехар дина, нуьцкъала цуьнца хелхаяьккхира Амина. Нана, сахиллалц Іийр дара шу цу шинге хьоьжуш. Хелха а яьлла, Амина охьахиъначул тІаьхьа, цунна тІера бІаьрг ца боккхуш, массарна а гІара а ваьлла Іаш вара и жима хьаша. Цкъа цуьнга дІа ца хьаьжи Амина. Хийла мІара къовзий цунна уллорчу зудабераша, хийла хабар дийци, «шок» лекхи, амма Аминас ша шен лаам болуш стаг юй хаийти цу сарахь массарна а. ХІинца, кхано ловзар дІа а доьхна, цІа догІуш ду тхо. Зезаге лалой ткъа, Амина сел чІогІа кІенташа къийсар. Зезаг Аминица дов даккха сакІамлуш юй хууш, аса цхьацца бегаш беш, дов даккха аьтто ца болуьйту вукхуьнан. Муха дели а хаац сайгара. «Ва, Амина, оццул наха хьайга дехархь, оцу хазчу хьеше дІа хІунда ца хьаьжи хьо?» – аьлла, хьаьтти аса Амине. «Эс-с, – эли хІокхо, – сайн безам боцчу кІенташна бела а къежийна, безам болчу кІанте дІа муха хьовсор бара ас хІара сайн эсала бІаьргаш. Сан безам болу кІант муха ву хьаьий хьуна? Ча санна ирча а волуш, сурт санна хаза а волуш, борз санна дера а волуш, тарсал санна эсала а волуш, бенара кІорни йоьжна ламанан леча санна, безамна саьхьара а волуш, дерачу шаьлтанций, мокхачу молханций харц-бакъ къаста а дийр долуш ву хьуна», – аьлла, забарш еш, елаели хІара. ХІун дара а хаац, Нана, харт-аьлла хьан жимахволу кІант дагавеар-кха суна цу минотехь. ХІинца, иштта бегаш а беш, цІакхечи тхо. Доцу бахьана а хІоттийна, дов а даьккхина, Амина елхош йоллу-кх Зезаг, – аьлла, юха бІаьрхиш лего йолаелира Малика.

– Зезаг, хьаха, бу вон лаьхьа! И миска-м йийна йолуш йоллу иза. Амина чІогІа оьзда зудабер ду, вайн Жалина и хьахо безам болуш ю шуна со-м, амма хаац, Дала цуьнан рицкъа муьлхачу цІен тІе доьгІна-м, – ойлане охьахьаьжира Мелимат.

– Деллахь, Нана, и вайн цӀен тӀехь хьовззал ирс долуш-м вай дан а дацара, хьо дӀадолийна хӀума чекх ца доккхуш Ӏаш а яцара, хьажахьа цу гӀуллакхах хӀун хуьлу. Хьан марйишас а ахьа аьлларг дийр ма дара, – элира Маржана.

– Ваттахь, и-м аса юкъадоккхур ду хьуна, – элира Маликас. – Сой, Аминий ма чӀогӀа ши доттагӀ ю моьттахь, Нана. Сох лачкъийна цхьа а хӀума дац цуьнан я аса аьллачунна тӀера ер йолуш а яц хьуна иза. Тхойшиъ тхаьшшиъ йиснач хенахь ма дукха дуьйцура моьттахь оха, Нана. ХӀокху вайн лаьмнашкахь мел йолу юрт а, Ӏин а, кӀаг а цунна бийцина яьлла со. Вайн юьртахь мел волу кӀант а вийцина аса цунна, цхьа хьан жимахволу кӀант воцург. И хьахийча, и кхераяларна кхоьруш ӀадӀара со. Тахана шена гур ву-кха цунна иза. Амма хьан кхоалгӀа волчу кӀентан гӀуллакх-м аса юкъадоккхур ду хьуна.

Иштта несарий а, марнана а цхьацца хабарш дуьйцуш Ӏашшехь, дикка хан елира, де а ма-хуьллу тӀетаьӀӀина кхулуш лаьттара. «ЦӀу-уув!» аьлла, кора хьалхахула ирча хьаькхначу мохо хабарх йохийра и кхоъ а. Хан мел ели а дарлуш, шен шакаран мохь чӀагӀбеш, гондахьа лайн кӀур гӀийтто болабелира ламанца баьлла болу дорцан мох. Мохан и оьгӀазе аз хезча, и дагах чекхдолий, дегӀаца шийла зуз хьодий, хоршехь хебара Мелимат.

– Малика, верта дарий те Ӏабигахь, и дитна-м ца вахна техьа и? – хаьттира цо Малике.

– Дара, Нана, шина а говран нуьйрашна тӀехьа дихкина ши верта дара. Некъана иштта ледара хир волуш-м кӀант ша а вацара, са ма гатдехьа, Нана, – элира Маликас, шен марнанна тӀе юргӀа а тодина.

– Маржан, хьажахьа, араялий, дицделла-м ца вахна техьа иза, я оьшур дац аьлла хеташ, охьа-м ца диллина те цо уьш, – элира Мелимата шен вукху несе. Арайолучу Маржана неӀ дӀайиллича, цхьа вон шок а тоьхна, неӀарх чутуьйхира мохо ло.

– Малика, кхин цхьа юргIа а тохахьа суна тIе, ма чIогIа шелло со, дагах чекхбуьйлу суна и мох, – элира Мелимата. – Ув-вай! Хьо ма да адаме, ма шийла а ю вайна! ХIокху дехачу Iаьно хилла яцара иштта шийла. Ва, нана, бусулбанаш, хIун де аса, со ма чIогIа шелло!

– Нана, ахьа хIун до? Хьо цхьа хорша еъча санна ма ю, – элира, схьадеана цунна тIе кхин цхьа юргIа а тоьхна, Маликас.

– ЧIогIа шийла ю вайна тахана. Хьажахьа, хIокху дорцехула аса новкъаваьккхина и кIант. Деллахь ма корта бац-кха сан, да вийна мостагI а воккхур вац таханлерчу дийнахь-м чуьра ара. Аса динарг! Хьо ма да бусулбане а, керстане а! Ма шийла ю вайна тахана!

– Нана, дац оцу арахь-м цхьа а верта а, кIанта дIадаьхьна уьш, – элира чуеанчу Маржана.

– Хьажал, Маржан, кху чохь цхьанхьа а кхозуш Iабин башлакх юй хьуна гуш? – хьаьттира юргIанашна кIелхьара схьакхайкхинчу Мелимата.

– Яц, Нана, суна а гуш кIанта дIахьарчийра и. Шениг а ца хьош, кетар а шен воккхахволчу вешиниг ма яьхьира.

– Малика!

– ХIун бах ахьа, Нана?

– Оцу вайн коре цхьа хIума тохахьа, и мох суна схьа ца хазийта. ДегIах ша бина суна цо, дагах чекхбуьйлу суна и. Кхин цхьа юргIа а тохахьа суна тIе, ма шелло-кха со. Хьажахьа, хIинццалца-м ца хуьлура хьуна вайна IаьнтIехь иштта шийла. ХIара хIун ду? Вайна-м хIинца бIаьсте яла а дагахь ма яра, цхьа хаза денош дар-кха хIинццалц лаьттинарш. ХIара хIун ду? – бохура Мелимата.

ДIайоьллачу Маликас, истанг а тоьхна, дIакъевлира Мелимат чохь йолчу цIийнан кор, неIарна дуьхьал оьллира хIума. Схьадеана, кхин цхьа юргIа тесира шен марнанна тIе.

– Нана, хьан дечке вахна кӀант, эцца схьакхаьчна, цӀа вогӀуш ву, ткъа важа шиъ ву кхаш тӀехула схьагӀерташ гуш, – элира чуеанчу Маржана.

– Билггал уьш барий те? Дикка хьаьжин хьо, къастало-рий хьуна? – хаьттира Мелимата Маржане.

– Бара, Нана, уьш бара, са ма гатдехьа, массо а цӀа кхо-чур ву хьуна, Дала мукъалахь!

– Схьахилал улло, хӀара цхьа юргӀа дӀадаккххал суна тӀера. Даш санна деза долчу хӀокхара меженаш лазаяьхна сан. Малика, цӀерга дечиг тиллахь, шийла ю вайгахь. Тахана чӀагӀдала Ӏийна хилла хӀара Ӏа-м. Хьажахьа, хӀокху дорцехула аса новкъаваьккхина и кӀант! ХӀокхара хӀун леладо алахь, гӀемаш! ХӀокху дорцехула, хӀокху шаткъехула, сан доцчу денна тӀе, сан йоцчу таронна тӀе! ГӀемаш! Аса хӀун дийр ду те?

# НОВКЪАХЬ

«Лаьмнаш. БІаьрго мел лоцу а нохчийн къобжа лаьмнаш. Мел хьоме а, мел хаза а ду-кха шу! Гуобаьккхина лаьмнаш. Шайн зоьртала догІмаш дарцо датийначу лайн юргІанна кІелахь лачкъийна тийна Іохкуш долу шу ма хьоме а ду шайн дуьхьа дог детталучу нохчийн кІантана. Дорцан бодано хьулйина стигал а. Мархаш, хІорш-м хеназа хьаша хилла лаьтта кхузахь хІинца. Церан кирхьа даьттІачухула гучуболу стиглара седа, иза а, цкъа хьоьга схьа а хьожий, юха, дуьненах дог даьлча санна, кхолалой, къайлаболу мархин машанах хьаьрчий. Сахуьлу зама. Маржа, дуьне! Са а хуьлуш, са а довш, вон а, дика а цхьабосса ловш, кІиллочунна а, къонахчунна а цхьатерра муьтІахь а долуш, яхь ерг а, йоцург а цхьабосса вуза а веш, вижа а веш дуьне дукха хьо!» – бохург дара дукха хьалхе новкъаваьлла, хьошалгІа йогІучу шен шичина, дейишин йоІана Зезагна а, цуьнан шичина Аминина а дуьхьалвоьдучу Іабин дагахь.

– ТІетаІа, ГилбІаьргаш, берг тоха! – олий, гош таІадой, масйой, меттахйоккхий, дорцан кІур гІаттабойтура Іабас шен говре. Амма гуттар а чІогІа иза гІадъоьхуьйтуш дерг, хьалхахьа новкъахь харш я кІаг нисдалар дара. Іабас кхийсаяла Іамийна йолу ГилбІаьргаш генара харш я таьІано кІаг болу меттиг хаалушшехь, цергашца озайой урх мал а йой, маслой чухьодий, кхоссалора цу тІехула. Шена хьалхара дІа ца йолуьйтуш маса юьгуш БайсагІуран говр а яра Іабин.

– ТІетаІал, Гилбаьргаш! ТІетаІал! Човхадай цІовзийтал шелонна хебна экха, вотанца декадел латта! – аьлла, гош таІийра цо, яха сихъелла, цергашца урх ийзош дІагІертачу шен говрана. Ша йолччохь цкъа таса а елла, дІа говр а иккхира. Юм еш гІеххьа некъ бинчу хенахь, логах хьаьрчина хьаста а хьаьстина, лахдайтира цо цуьнга болар, ткъа ша, хьалха санна, юха а ойланашка велира.

– Меллаша, ва ГилбІаьргаш! Меллаша! Кхуьур ю хьо ида а, кхийсаяла а, елха а. Ой! Хьо ма чІогІа чуьраяьлла! Меллаша!

Говран болар лахдина, некъан тидамаш а бешдІаоьхуш волу Іаба юха а ойланашка велира. «Ванах; и муха дара? – бохура цо ша-шега, зудІамо Далла дина хьехар дагадаийта гІерташ. – ХІан, иштта дарий иза-м. Ша стигал а, латта а кхоьллина ваьллачул тІаьхьа, цу шинге а хьаьжна, вилхина, бах, Дела.

– Хьо хІунда воьлху, ва Везахинверг? – аьлла, хаьттина бах цуьнга тІееанчу зудІамо. Йоккха гІалатло яьлла шегара, латта стигланал жима кхоьллина ша, адамийн Іер-дахарна кІезиг хир ду и аьлла, юха а ойлане хилла Дела. ТІаккха зудІамо хьехар дина, бах, лаьмнаш кхолла деза дуьнен чохь, даьлла гІалат а нислур ду хьан, лаьттан шорто а алсам йолу хьан, аьлла. ТІаккха дІавоьллачу Дала бохь ирбеш, дукъ шардеш, бос сенбеш, дуьненан куьцаний, хазаллиний санна и лаьмнаш кхоьллина. Юьстах а ваьлла, ша сел лерина бинчу балхе а хьаьжна, велавелла, бах, Дела.

– Везахинверг, хьалха хьайгара доккха гІалат даьлла аьлла вилхира хьо, хІинца дуьнен чохь лаьмнаш а кхоьллина, и гІалат айхьа нисдича, лерина лаьмнашка а хьаьжна, велавели хьо. Дийцахьа шена хьуо велаваларан бахьана, – аьлла зудІамо. Сел лерина ша къахьоьгуш даьлла гІалат нисдеш кхоьллинчу лаьмнашца Іер-дахар хІоттаделла адамаш а дукха башха хир ду шен, аренца дехачу адамашна тІехь долу гІалаташ ламанхошка нисдойтур ду ша, церан хинйолу амалш а, гІиллакхаш а хазахетта велавелира ша, аьлла, бах, Дала.

– Везахинверг, хІун гІиллакх, хІун амал, хІун дахар дели ахьа царна? – аьлла, юха а хаьттина, бах, зудІамо. Дуьненан оьздаллин а, сийлаллин а лакхалла хир ю цаьргахь, лаьмнийн шагатІулгаш санна, дегнаш чІогІа хир ду церан, дуьненан ницкъан а, майраллин а хьалхе хир ю цаьргахь,

хьагьелла аренаш Іабо Іеналу шовданаш санна, халкъехьа къинхетам боккха болуш хир бу уьш, хьаша цавогІург хІусам лорур яц цара, яхь йоцург воІ лорур вац цара, дина вон дуьтур дац цара, дина дика дицлур дац царна, исс эзар ялсамани аренца а йиллина баха уьш охьаховшийча, оцу иссе а эзар ялсаманехь долчул а лаьмнашца долу дахар хазаха хеташ, аренца вахавигнарг а лаьмнашка вухауьдуш хир ву царах – аьлла, юха а велавелла, бах, Дела. И хазахетта зудІам а елаелла», – бохург дагадеана, новкъахь воьддушехь, ша шена Іаба а велавелира.

«Дависарг яІ! Цхьана дийнахь дуьненан дола дан йиш йолуш паччахь велара со я цкъа Лайдакъадар буьйса хІоьттича хаахьара суна! Дадаларг яІ! Ма хийла пурстоьпан а, юьртден а, моллин а, мозгІаран а маІа кагйийр яр-кха аса цу дийнахь! Ма доккха Іаламат хІоттор дар-кха аса кху дуьнен чохь! Дохаллий, шораллий дуста а дуьстина, хІоранна а, гІуркх бустуш, нисдеш, декъна мискачу нахана дІалур дара ас хІара декъаза дуьне. ХІинца хьенан ду хІара? Хьаха ду, ге йоккха а, мотт беха а, карахь Іедал а долчун, – ойла йора Іабас.

– Берг тохал, ГилбІаьргаш! ХІунда лахдина ахьа хьайн болар? Берг тохал! – аьлла, тІе гош таІийра цо говрана. ЦІеххьана ша ечу ойланех хаьддачу цунна хаара некъана сихо ян езий, хІара ойланаша Іехошшехь, де даьллера, сарале юха ван везаш хиларе хьаьжча, бина некъ кІезиг бара.

Маса йоьдучу говрашца Іаба юьртана гена мел вели а, чІагІбора дарцо ша шакарца бетта и ирча мохь. Ламанийн лакхенашкара ийадеш, мохаца хьийзош, лахенга кхуьйсура цо ховхачу лаьттах доьлла Іуьллу ло. Цу дорцан кІуьрехь халла бен гуш боцучу некъан тачанехула вадийна хьора иза шайн лаамехь йоьлхучу говраша. Хьалха йоьдуш йолу БайсагІуран говр а халла бен ца гучу хьолтІехь дара гІуллакх. Дуккхахйолчу хенахь ганне а гуш хІума доцуш, ша бІаьргаш дихкича санна воьдура Іаба. БІаьрг ца боьл-

луйтура мохо а, БайсагIуран говро юьхьа тIе схьаеттачу лайн тархаша а, дарцо а. Амма цу Iаламан Iаламатна къар ца луш юьхь-дуьхьал ерзийна, масачу боларца говраш юьгура Iабас.

– ТIетаIал, ГилбIаьргаш! ТIетаIал! – аьлла, шен говр човхийна волу Iаба, цIеххьана урх озийна, сацавелира: дорцана дуьхьал баккъаш а лоьцуш, хьалха дIаоьхуш цхьа кхо адам гира цунна. Наг-нагахь, саца а лой, юхахьожура уьш. «Деллахь, зударий-м муххале а ма бара шу, кху доьхначу дийнахь, хIара дарц идош хIун леладо те аша?» – бохуш, церан тидам а беш, тIаьхь-тIаьхьа дIаоьхура Iаба. Некъо гола тухучу кхаьчча, кхин дIадаха ца даьхьча санна, сецира и кхо адам. Царна тIекхиъча, хьалха йоьдуш йолу БайсагIуран говр а, цунна тIаьхьаxIоьттина йогIуш йолу Iабин говр а сецира. «Деллахь, стенга боьлху техьа хIорш хIокху дорцехула?» – аьлла, лерина цаьрга хьаьжначу Iабина цхьана тишчу корталех а хьаьрчина, тайп-тайпана йоманаш техкина боьзан коч тIехь а йолуш, когахь, эттIа тIергIан пазаташ буьххьехула ара а евлла, тIаьрсиган кIархаш а болуш йоккха зудий, цуьнца иштта беркъа ши йоIий гира. Цхьана йоьIан когара машин кIарх баьттIачухула арабаьлла, шелонна цIийбелла гуш бара нана-пIелг. Шелонна са ца тохалуш, вукху йоIах дIахьерчара иза. ТIаккха зудчо, ший а герга а озайой, шен доккхачу корталин тIемаш тIетосий, къайлайоккхура.

– Де дика хуьлда хьан, баба. Хьо ма доьхначу дийнахь араяьлла? Гена доьлхий шу, лаа лелий, хIунда соьцу новкъахь? – хаьттира Iабас, говрара а воьссина.

– Деллахь, жима къонах, хIара де-м хIокху шина йоьIан да дIаваьлчахьана эшна ма дацара тхуна, и хьуьлла новкъахь сецначу хIуманах дIадаха ца даьхьаш хIокху дорцехь хIиттина лаьтта-кх тхо. Ма дика ду-кха хьо тхуна тIекхаьчна, боьрша хIума гича, мелла а экха а озало олур-кха вайн

наха, – элира, шина йоIана тIе корталин тIемаш а тодина, йоккхачу стага. Цо бохучу агIор дIахьаьжначу Iабина, лаплап-нехь бIаьргаш а лепош, новкъахь лаьтташ борз гира.

– ХIай, гила, яI! Ламанца дарц даьлча-м берд болчу агIор дIатаIа-м хьо ца яьхьа моьтту суна! – аьлла, шок тоьхначу Iабас йорт эцийтира барзе.

– ХIун яра и? Борз яра? – хаьттира зудчо, корталина юккъехь ша лечкъош йолу юьхь кхин схьа а ца гойтуш.

– ХIаъ, яра. Дарц даьлча дохк долчу а, таьIначу йогIу иза.

– Дукхавехийла хьо! Некъ дика хуьлда хьан, – аьлла, йоккхастаг дIайолаелира. Шен коган гучубаьлла болу нананIелг тоьхна, жима йоI цунна тIаьхьайолаелча, харт-аьлла кийрахь дог тохаделла, сацавелла, гIелвелла тIаьхьахьаьжира царна Iаба. ТIаккха шен буйнара говран урх дIа а хеццна, ведда тIаьхьакхиъна, пхьарс лаьцна и йоккхастаг саца а йина:

– Баба, собар дехьа, – аьлла, дийхира цо. Цхьа тамашийна меллаша корта буха а берзийна, ша юьхь тIе озийна долу кортали дIаса а хердина:

– Ванах, хIокху кIанта сох тахана йинарг хIун баба ю те? ХIун боху ахьа, жима къонах? Со ладугIуш ю-кха, – аьлла, йистхилира иза, ела а къежна. Схьайирзина йолу иза а, и схьаерзийна волу Iаба а, бIаьрга тIе бIаьрг а хIоттийна, вовшашка хьаьжжинчохь дисира. ХIинццалц Iабас «баба» бохуш къамел динчу зудчун-м ткъе итт шо а хир дацара. ЧогIа безамехь, нохчийн аматехь, горга кIайн юьхь-сибат долуш стаг яра иза. Сел лерина, гIийла хьоьжуш долу оцу оьздачу зудчун васт кхин а хаздора, тIехь дорцан хIур а ловзуш, юьхьа тIехула охьаяьхкинчу Iаьржачу, ехачу месаша.

– Аса дIакхетор ду шу, – элира Iабас. – Цхьаьний гIой вай?

– ГІуо делахь, хьуна иштта лууш хилча, ца дахча девр дуй вай? Тхо муьлхачунна тІеховша я шишша цхьаьна ховшу вай? – хаьттира зудчо, некха тІе кортали а оьзна.

– Оцу говро цхьаъ бен тІе ца хоуьйту, собар цкъа, – аьлла, охьахиънчу Іабас когара пезагаш дІа а даьхна, и зуда ша лелориг хІун ду хаа а, йистхила а кхиале, схьаяьхна шен когара тІергІан пазаташ схьалаьцна оцу жимачу, пІелг гуш хиллачу йоІана кІархашна тІехула кога а юьйхина, – хьо оцу говра хаор ю вай, тхо хІокхунна тІеховшур ду, – элира. Ткъа и говрана тІехао а, цуьнан луьйта лаца а дагахь пезагаш кога а дуьйхина тІеволавелла Іаба, и зуда цхьана куьйгаца нуьйран хІоъ а лаьцна паргІат говра хиъча, ша волччохь латта висира. «Хьо а хьаха яц дуьххьара хууш» – бохург а дара Іабин дагахь. Иштта паргІат охьатаьІна, цхьа тІам а лаьцна, говро цхьа боьха цІингаш бетташехь, шена хьалха охьахаийра цо шелонна эгош лаьтта йоккхахйолу йоІ. Цул тІаьхьа тІе гош таІийна дІаса а экхийна цІингаш беттачуьра сацийра цо БайсагІуран говр а. «ХІара хІун ду хІокхо лелорг? ХІара ма хьуьнар долуш, тІах-аьлла бере ю!» – бохуш, оцу зудчуьнга хьоьжура Іаба. ЧІогІа цецваьллера иза тІерачу духарна сел беркъа а, карарчу дахарна сел декъаза а йолу и хаза жима зуда иштта жигара а, хІайтаьлла а хиларх. Цул тІаьхьа юха а йирзина, нуьйрана тІехьа дихкина долу верта схьадаста йолаелира иза.

– Собар, говро чутухур ю шуьша, аса даста хьуна и, – тІевахара царна Іаба.

– ХІокху алаше-м зен дойтур дацара вай, баркалла. ТІехаахь хьайн говрана, дІа ца доьлху вай? – аьлла, схьадаьстина верта тІе а кхоьллина, йолаялийтира зудчо шен говр. ГилбІаьргашна тІе а хиъна, хьалаэцна вертан тІомах йоІ дІа а хьарчийна, гош таІийна тІаьхьа шениг Іабас а хийцира.

ЧІогІа тидам бора Іабас шел хьалха дІаоьхучу зудчун. Йичахьана а реманаш лоьхкуш кхиъча санна, баккъалла а

волчу динберечух таръелла йогIура иза говра тIехь. Маллийнчуьра говран урх кхин юха ца озош, боккхачу паччахьан новкъа дIакхачийра Iаба цу зудчо.

– ХIан, жима къонах, – элира зудчо, паргIат говрара охьа а йоьссина, шена тIера схьадаьккхина верта нуьйра тIе а тесна, – тхо схьакхечи-кх. Хьуьлла гуш йолчу юьрта дахчахьана девли тхо, тахана хIокху дорцехула ца даьхкинехь а мегар дара. Делахь а, новкъадевлччара, юхадерза ца лууш, схьадаьхки-кх. Хьуна Дела реза хуьлда, Дала сий дойла! Воьдучохь а, вогIучохь а, лелачохь а некъ дика хуьлда хьан, тахана доккха гIуллакх ди ахьа тхан, дицлур дац иза цкъа а, декхалур ду шен рогIехь. Иштта ма ду дуьненан гIиллакх, жима къонах. Ламанца хьалахьаькхна болу мох юха охьа а ма хьокху, цхьанаэшшарехь ца латта хIумма а.

Говрара а воьссина, йоьдучу зудчунна а, наггахь лайн юккъера ког хьалаайича, шен къорза тIергIан пазаташ а къегош йоьдучу жимачу йоIана а тIаьхьахьоьжуш, хIоьттина лаьттара иза. Шена а хIун ду а ца хууш, чIогIа кхоьлинера цуьнан дог, «цIонкI» бохуш, цунах гIорийначу пIелган ирча муьрг етташ, цхьа акха аз а дара кийрахь. Лиира Iабина кхин а чIогIа мох хьокхийла, кхин а чIогIа дарц долийла. «Да виса-кх хьо дуьненан, хIунда ду те иштта, сел нийсо йоцуш?» – бохура цо ша-шега.

Къайлайолучу, дарцо хьулйина хьучу зудчунна тIаьхьа а хьоьжуш, дуьненан ойланаш йора Iабас. Цуьнан дагара хиьча сана, саца а сецна, юхахьаьжира и зуда. Цо бIаьрхиш дIадохучух тера юьхьа тIе куьг кховдочух а тарделира Iабина. «ЦIонкI, цIонкI!» – бохуш, бетталора кийрахь кхерстачу алуно марсадаьккхина цIийзачу дагах жимачу йоьIан берзина пIелг.

Орган тогIи чу ваха дагахь охьаволавеллачу Iабина, дорнана дуьхьал баккъаш а лоьцуш, хьалайогIуш ши йоI гира. Мохо кадетташ дIанйзочу гIабалех а, коьртаха хьарчийна-

чу довхачу корталех а шен шича Зезаг евзира цунна, ткъа важа цуьнан шича Амина ца хилча, кхин цхьа а хуьлийла дацара. «Деллахь, хIинца хIун дийр дара те? Зезаг, хьевелла аьлла, дов ца доккхуш Iийр ма яц суна. ХIун дина хьаставелла тIегIур вара те цу шинна? ХIун дина Зезаган девнах хьалхавер вара теша?» – бохург дара цу шинна дуьхьал охьавоьдучу Iабин дагахь. «ХIан, дера веза со цу шинна ца вовзуьйтуш букъ тоьхна тIех а ваьлла, цIеххьана тIехьахула тIекхетта цкъа хьалха и шиъ кхера а йина, юха и гIуллакх забаре а даьккхина, хьаставелла гучувала», – аьлла, сацам бира Iабас.

ТогIи чуьра хьалайогIуш йолу Зезаггий, Аминий а, цу шинна дуьхьалвоьдуш волу Iаба а дикка гергакхаьчнера вовшашна. Ша цу шинна ца вовзийта, куй бIаьргаш тIе а теттина, корта охьатаIийна, къайлах цу шинге дIа а хьоьжуш, воьдучу Iабина цIена гора шен шичин Зезаган юьхьсибат. Важа уллорниг-м цунна тIаьхьа йогIуш дика гуш яцара. Зезаг гуттар а «уф-фай» бохуш, дукха хала йогIура, ког а ловзура цо цхьа дог ца догIуш, нуьцкъах ловзуьйтуш санна. И шиъ гергакхаьчча, ша уллохула тIехволу сурт а хIоттийна, говраш дIа а хецна, цIеххьана вахна шинне а тIекхийтира Iаба, ший а къевллина мара а юллуш. «Iалелай, ва нана бусулбанаш, орцаха довла тхуна!» – аьлла, и шийла маьхьарий хьаькхира шина а йоIа. Амма Iабас, кхин дIа ца хоьцуш, лайла охьатуьйхира и ший а. Зезаган аьтто белира Iабин куьйгах церташ а йоьхкина, ша дIа а хецийтина, сиха хьалаэккха.

– Хьо ве Дала хIаллак! Хьуна хIун моьтту, ва боьха хIума? Са долийла хьан, тхойшиннах-м бегаш ца бен белахь! Аса дийр ду хьуна дан дезарг-м, хьуна моьтту мехкарий бац хьуна хIокху новкъа хьалагIертарш! – бохуш, тIекхетта Iабин коьртах буйнаш бетташ хьаьвзира Зезаг. Хьала а иккхина, юьстаха а яьлла:

– Вай устаз! Аса хIун де, со хьаьнга кхайкха? Ва устаз, аса хIун де? Ва Дела, хьо орцаха валахь тхойшинна! – бохуш, шийла мохь беттара Аминас. Куй бIаьргаш тIе тоьттуш, шен юьхь а лечкъош, гIадъоьхуш воьлуш, лай тIехула керчара Iаба, дог ца Iебаш цунна тIе буйнаш детташ, мохь бетташ орца дохуш Зезаг а яра. Эххар а пхьарс лаьцна Зезаг саца а йина:

– ГIел ца елла хЬо, ва Зезаг, тоьур дац тахана долчунна ахьа мел биттина буйнаш? ЦIадахчхьана, эшахь, дIадолор ду вайшимма, – аьлла, охьахиира Iаба.

– Ва Дела! Ва сан устаз! Ва Iаба, хьо вац суна гуш верг? Хьуна ма хуьлда Делан баркалла, ахьа тхойшиннан кхерор! И хьанна дицлур ду, и хьаьнга лало? И хIун дара, ва Iаба, ахьа лелорг? Хьо хьерваьлла, хьо тилавелла? Ва йовссар! Ва шайтIа! – аьлла, Зезаг елха йолаелира.

– Ма елха Зезаг, ма елха. Шун цIераниг а кестта цIакхочур ву, доьзал а дика Iаш бу. Воккхахволчу кIанта зуда а ялийна, йоI еха нах а баьхкинера, – Зезаган дог этIош, бегаш бан волавелира Iаба.

– Ув-вай-кх, ма ву-кха хьо ван-м! Даима а санна и Iовдал бегаш бо-кха, Iаба, ахьа соьца. ХIинца а биц ца белла хьуна уьш? Амина, хьо а лаьттийца хIокху хьераваьллачуьнга хIуммаъ ца олуш. Ца тоьу хьуна хIокхо вайшиннан кхерор а, хIинца, и Iовдал бегаш беш, сан этIо дог а? Аса хIун де хьуна, ва Iаба? Хьо виъча Iебар яцара со! И-и-и! – аьлла, юха а елха йолаелира Зезаг.

– Аса хIун эр ду цуьнга, ва Зезаг, – аьлла, елакъежира Амина.

ХIетахь дуьххьара бIаьрг кхийтира Iабин Аминин шурин чопа санна кIайчу цергех а, цIен-ал догучу балдех а. «Ма тамашийна а ду тахана сох деттало адамаш», – дагадеара цунна. Ткъа Зезаге, дIа а вирзина:

– Ма елха, Зезаг, ма елха. Хьажа-Iела чIогIа дика Iаш ву, могуш а, паргIат а ву. Хьоьга шен довха, мерза маршалла а

даийтира. ЧІогІа сагатдеш хан-зама яьхьира цо, ша вочаваьлла леш воллура. Хьан дуьхьа сагатдина цхьа тамашийна ирча лазар кхеттера цунах, ийза а луш, букара а сетташ, хьуьнкъаш а етташ, йовхарш а етташ. ХІинца, хьо цІа йогІу аьлла хезна, жимма гІоли яьлла цунна. Со новкъа волуш хаза мекх-хІума а тойина, кечвелла Іаш вара хьуна дуьхьалвала, – аьлла, ша даима а Зезагана тІехветташ волу шайн юьртара Іовдал стаг Хьажа-Іела хьахийра Іабас.

– Веха ма ваха-кх и Іовдал а, ахьа и тІехветташ гІад-амал а дайина-кх сан, – аьлла, бІаьргех охьаоьхуш долу хиш куьйгаш хьаькхна дІа а даьхна, – хье хІунда велира хьо? – хаьттира Зезага.

– Собар дехьа, ва Зезаг, сан даима а барт хоттуш а, суна дов деш а бен Іаш яц-кха хьо, – элира, вела а велла, Іабас.

– Амина, хІара ву хьуна вай даима а вуьйцуш волу Іаба.

ТІаккха, цхьа тамашийна байн когаш бохуш тІееана, мара а кхетта, кІиръелла Іабин бІаьра хьаьжира Амина. Юха, жимма цІийелла, байн ког ловзуш юьстаха а яьлла, дорцана букъ а тоьхна, ша дІахІоьттира иза. И ша яьлла дІахІоьттича, цунах шена хІун ду а ца хууш, чІогІа къахетта, ойланашка велира Іаба. «Елла ма яла хьо, хьуна халахетийтинарг-м Делан а ма вац! И хІун хаза корта бара? Стигалан басахь горгачу, кІоргийчу бІаьргаш чохь ма боккха сингаттам а бара! И бІаьргаш ма хаза а, сирла а бара цуьнан, и хІун дара? Ма тамашийна ду таханлера де а, тахана сох детталуш долу адамаш а? ХІара хІун ду?» – бохура, къайлах Амина тергалъеш лаьттачу Іабас ша-шега.

– ХІун ду цІахь керла хІума? Массо а могуш-паргІат вуй? Сингаттаме хІумма а дуй лам чохь? – бохуш, Іаба шен ойланех вохош, хеттарш дан йолаелира Зезаг.

– Кхин хІара ду аьлла билгалдаьлла хІума дац цигахь-м. Массо а могуш-паргІат ву, сингаттаме хІумма а дац. Шу долчохь хІун дара? – хаьттира Іабас.

– ХIуммаъ дац, дика Iа массо а. Шуьга массаьрга а маршалла а даийтира. Нана ян дагахь хиллера, тIаккха шелонах ца хIуттуш ца еа-кха, иштта а могуш йоцуш яра иза. Мели хIун лелош ю, Iаба?

– Эцца дIа Iаш ю-кха, наг-наггахь суна дов а деш.

– Ца дича-м хьо мегар а хьаха вацара. Несаршка-м ца олу хIокхо хIуммаъ?

– Суна ца кхеташ тIехъяьлларг царна кхеташ а, соьга ала тарцалург цаьрга олуш а хуьлу тхан наггахь йолу меттигаш.

– Амииа, схьахила улло, хьо ма тамашийна юьстах а яьлла лаьтта, цу дорце а хIоьттина, – элира Зезага.

– ДIа лаьттара со-м, суо лаьтташ хазахо а хеташ, – элира, корта охьа а таIийна, даима а бехке хила Iеминчу Аминас. – Шуьша долчахь-м лайнах цинц а, механ Iаь а ю моьттуш яц со?

– Дера, йоцуш санна гIаддахна, цхьа а хIума тергал ца деш-м ма лаьтта тхойша кхузахь, – элира Iабас. – Тахана хIокху дорцехь вовшах ца кхеттехьара мегарг а ца хилла.

– ХIуммаъ дац, вовшийн ганза а ю дукха хан, де аша шайн къамелаш. Шуьга ладоьгIуш а самукъадолуш, хазахеташ лаьтта со-м кхузахь, – элира Аминас.

– Ой, схьахила тхуна улло, и хIун ду цо лелориг, хьуьлла дорце а хIоьттина, ша дIа а къаьстина? ХIинца дуьйна хьо сеттош лела дезар ду те сан? – чам боцуш йистхилира цуьнга Зезаг. ЦIеххьана Iабин бIаьра а хьаьжна, корта охьаталийра Аминас. Шена хIун ду а ца хууш, цIеххьана оьгIазваханчу Iабин бIаьргаш цIийбала буьйлабелира. Зезаге оьгIазе вистхила дагахь хилла волу иза: «Мегар дац, маггане а мегар дац хIинца хIокхуьнга хIума ала. Аьлларг а хIума дац, шен шича йолу дела эвхьаза хеташ, кхин дагахь хIума доцуш аьлла. Соьга кхочуш хIума дац кхузахь, сатухур аса», – аьлла, велавелла Зезаган бIаьра а хьаьжна, мелшаша волавелла Аминина тIевахара иза.

– Амина, – элира цо цуьнга, – кхузахь вай дерриш а цхьаъ ду хьуна. Хьо иштта юьстах а яьлла лаьтташ суна хIун хета хаьий хьуна? Э, дера ца хаьа. Со Делаха волийла, оцу сайн шичега Зезагечул а сан дукхе а дукха озабезам хьоьгахьа бацахь. Собарде ахьа, вайша цIа кхачийта ахьа. Вайшиммо цунна хIун дийр ду хаьий хьуна? – бохуш, и леян хIоьттира Iаба.

– Хьо ца Iен воллу, Iаба. Деллахь, хIун дан дагахь ду те шуьша? Дийцарехь сан гIуллакх ледара хила мегаш ду-кха, кхузара юхаяхча хIун дара те? – аьлла, тIе а еана, бегаш бан хIоьттира Зезаг. – Вай цIа доьлхий тахана я ца доьлху? – элира Зезага. – Вало хьо, хьайн говра хаа, дIадоьлху вай.

– Со-м говра тIе хао а, воссо а хала вацара, ашшимма хIун до?

– Тхойша гIаш йогIу.

– И ду хаза! ХIинццалца-м говра а хуий ма йогIура хьо, тахана хIун хилла вайна?

– Со-м цу балхана шек дера яцара, говрана бах ахьа, эмкална а тIехаалур йолуш ю, суо ца юьйцу аса-м, и хьан доттагI ю-кха говр гича а ца мегаш.

– И хIун ду, ва Амина, цо вайшинна дуьйцург? – хаьттира Iабас Амине.

– Вай, Iаба, говрах чIогIа кхоьру со. Со йийча а, цунна улло яха яьхьар яцара со. Шуьша, говраш тIе а хаий, дIадолало, со меллаша тIаьхьаоьхур ю шуна, – элира цо.

– Говр-м говр бен яцара, Амина, нах бууш яц иза, хьо-м вай хIета а вета а йоуьйтур яцара цуьнга, и дажал хилча а. ХIинца ахьа ма-бохху вай новкъадовлахь, тховса юьрта хьала а кхочур дац, шозлагIа-делахь, и беха ламанан некъ хьоьга бан а лур бац. Цул а, вешан говраш тIе а хевшина, чехка дIадахча тоьлу вайна, хIуммаъ хир дац хьуна. Деллахь, Амина, ма эсала ю моьттахь хIара говраш, бага боьллича,

шелг Іовшур бацара цара! Царна тІехаарх хІуммаъ хир дац хьуна.

– Дера хир дац, – тІетодира Зезага, – со-м даима а хазахеташ йогІу лам чу говрахь. Ма хаза хуьлу моьттахь, Амина. ХІара говраш къаьсттина чІогІа эсала а ю хІокхеран.

– Ца хаьа, – элира Аминас, – со дог иккхина лахь, хІокху дорцехула дІайолла гІерташ къахьега дезар ду-кх нехан. Цхьа хьаша а, цхьа адам а дели шайн бохуш, хІокху доьхначу дийнахь хьийза дезачу церан къа дац ткъа?

– Ма вон дар-кха и иштта хила дезаш делахь, Амина. Хьуна хІума тІе ца кхочуьйтуш а, хьуна хІума хилале хьалха лийр болуш а нах дуккха а карор бу вайна тхан лаьмнашца, тІехаа хьо говрана, – элира Іабас.

– Дера хаа. ХІун хир ду моьтту хьуна? ХІуммаъ хир дац хьуна, – тІетодира Зезага.

– Хьо ма лелахь, Іаба, со санна йолу итт йоІ лахь а, – элира, Іабин бІаьра хьаьжна, Аминас. – Аса-м ахьа боххург дийр ду хьуна, суо лийр елахь а.

– Зезаг, делахь шуьша хІокху сан говра хаа еза, оцу БайсагІуран говро атта шиъ тІе ца хоуьйту, – элира Іабас Зезаге.

– Ув-вай, Іаба, и хьайниг ахьа вон Іамийна ю, со кхоьру цунна тІехаа. Сайл а чІогІа кхоьруш йолу Амина а тІехаийча-м аса хІун дийр дара? Цул а кхин де вай?

– ХІун до вай?

– Со даима а тІехууш ерг хІара БайсагІуран говр яц?

– Ю. ТІаккха?

– ТІаккха со БайсагІуран говраца йогІур ю. Шуьша оцу, хьан говрахь дола ший а. Иштта бакъахьа хир дац ткъа?

– Ца хаьа суна-м, хила а тарло. Аса-м Аминина бехке хетахь а аьлла ма бохура, – элира Іабас. Шу реза долчунна со реза ву-кха.

– Бехке хила хІун ду кхузахь, вай кхин вовшашца бехкаш леца нехан нах а дац, – элира Зезага.

– Хьуна муха хета, Амина? – хьаттира Іабас Амине.

– Со-м хьоьца ян реза ю. Дала ма дохьийла Зезагца яр-м. Цуьнан бехкенна тхойша охьакхетахь а, сан бехк а хуьлуш дІадоьрзур ду и, хІара чІогІа дика дин-бере а хуьлуш. Мацах паччахь охьакхетча, салтичун ког кагбина бохуш дац? Изза хила тарлуш ду суна а, – аьлла, Амина елаелира.

– ЧІогІа дукха зенаш-м хьаха хилла хьуна со бахьана долуш. Хьо хІинца хиъча а, аса сайца хоуьйтур а яцара, – элира Зезага.

– ХІаъ. ХІинца, – аьлла, ваханчу Іабас БайсагІуран говр схьа ялийна, тІера верта дІа а тесна, луьйта а лаьцна, ша гІо а деш, говра хаийра Зезаг.

– Хьажал, Зезаг, – бохура Іабас, цуьнан когаш луьйтанашна чу а нисбина, верта цунна тІе а кхоьллина, – цхьана куьйгаца урх лелор ю ахьа, ткъа вукхуьнца къевллина нуьйран хІоъ лоцур бу ахьа. Нуьйран хІоъ ахьа дІа ца хецахь, охьакхетар яц хьо, аса нуьйран бухкарш чІогІа къевлина хьуна. ХІан, яло! – аьлла, новкъа а яьккхина, Іабас БайсагІуран говр йолаялийтира.

– Яло, н-но! – бохуш, мохь хьоьккхуш, говре цхьа партала йорт а эцийтина, йоьдура Зезаг.

– ГилбІаьргаш, вай хІун до хІинца? – аьлла, тІевахна шен говрана даима а санна хьаж тІе куьг хьаькхира Іабас. Говро, корта а хьоьккхуш, юхатоьттура иза.

– Собар, ГилбІаьргаш, собар! ХІинца вай а дуьйлалур ду дІа. Схьалол цкъа хьайн вешина цхьа бат, – аьлла, охьатаьІира Іаба. Говро и шен яккхий чилдакхаш Іабин юьхьа тІехула дІасахьаьккхча:

– Вай, цо вуур ву хьо, ва Іаба! Ахьа хІун лeладо? – аьлла, мохь белира Амине.

– Вуур ву бах ахьа?

– Вац тІаккха?

– Дера вац, хІокхо со ваъалц дахахьара вай. Сан дог ду хІара. Иштта барташ ло охашимма тхаьшшиъ новкъадо-

луш. Пен тоха, Гилбаьргаш, – аьлла, говран гоах тIара туьйхира цо. И тIехаа воллий хууш, коьртаца Iаба хьалхара дIа а теттина, аьрру агIор а йирзина, охьа а таьIна луьйта кховдийра говро. Луьйтанах ког тесна меллаша тIе а хиъна, лаьттачу Амине куьг дIа а кховдийна:

– ХIокху сан кога тIе ког баккхал, куьг соьга схьа а лой, – элира Iабас. Куьг цуьнга дIа а кховдийна, тIехаа ца яьхьаш сацаелира Амина. Ший а вовшийн бIаьра хьоьжуш лаьттара и шиъ. ТIаккха Аминас цуьнан когах дIатесира шен коган буьхьиг, Iабас меллаша хьала а эцна, ший а ког цхьана агIор а болуш, зударийн Iедалехь, шена хьалха хаийра патар санна эгош йолу иза. Аминин куьг схьалаьцча а, тидам хилира Iабин иза дегош а, догуш а хиларан.

– Ахьа хIун до, Амина, шелло хьо? – Iен ца велла хаьттира Iабас.

– Ца хаьа суна-м, сайна хIун хилла а, шел а ма ца ло со-м, – элира Аминас. – Тахана дуьххьара говра хии со, кхераелла са долуш доллу-кх сан. Охьа ма тохахьара хIокхо вайша, охьакхетахь, Зезага дуьйцуш хIокху вайн махкахула чекхдаьккхина, нах белор бу вайшиннах, – аьлла, Iабин буйнара меллаша шен куьг схьадаьккхира цо.

– ВаллахI-биллахI, вайша кху тIера охьа а кхетта, дийца хIума-м хир дац хьуна цунна, хьо цунах шек дIа а ма шеккалахь, – аьлла, ГилбIаьргашна гош таIийра Iабас. Ша лаьттачохь цкъа таса а елла, юм ийцира говро.

– Вай, Iаба! Со охьаюжу хьуна! – аьлла, логах хьаьрчира Iабина Амина. ЦIе яьлла йогуш яра Iабин беснех хьакхаелла йолу цуьнан бесни. Iабина хаа а луш, хоршехь егош яра Амина ша а. «Шелло хир ю-кха хIара», – аьлла, говр юха а озийна саца а йина, вертан тIемашна юккъе, бер санна, дIахьарчийра цо иза.

– ХIинца муха хета хьуна, Амина? – хаьттира цо цуьнга.

– ХIинца бохий ахьа?

– ХІаъ.

– Пешана улло хиъча санна хета, – аьлла, елаелира Амина.

– Кхера-м ца кхоьру хьо?

– ХІа-хІан, хьоьца хилча ца кхоьру со.

– Берг тохал! – аьлла, говрана гош таІийра Іабас.

– ХІей! ХІей! Меллаша, ва хьеравиаьлларг! ХІара сан говр а йодуьйту ахьа! Ва собар жимма, меллаша! – аьлла, цІеххьана Зезаге мохь баьлча, шен ондийчу куьйгашца озийна кІегархаийра Іабас ГилбІаьргаш.

– ХІинца кхера-м ца кхоьру хьо? – хаьттира Іабас шаьш генадевлча Амине.

– ХІа-хІан, Іаба, хІинца ца кхоьру со. Хьалха, говр дІаиккхича, чІогІа кхераеллера со, хІинца ца кхоьру.

– ХІинца хІунда ца кхоьру хьо?

– ХІинца ца кхоьру со, Іаба, – кІиръелла бІаьрга хьаьжира и, – ахьа охьакхоьтуьйтур ма яц со.

## ХЬЕШИЙ

Суьйре. ТІетаьІІина чІагІбелла богІу Іаьнан суьйренан дорце бода. Дагах чекхъюьйлучу юткъачу шакарца, оьгІазе, новкъахь нуй хьоьккхуш, хьийзош идош долчу лайн чимашца корашкахь кегийра вота еттарца ирча хьекхало лаьмнашца мох. Цу дорцан гІовгІанехь тап-аьлла тийна Іуьллу лекхачу ломан кІожехь йиллина йолу нохчийн шира юрт Іайбеца. Герггара а хаалац цигахь садовга вахна сихвелла воьду некъахо а, я юьртахойн ков-керташ а. Іайбеца юьртана гергакхаьчначун мере кхочу дорцо туьнкалг лоьккхуш гІиттош йолу кІуьрзан ша-тайпа тамашийна къаьхьа хьожа. Іайбеца юьртахойн корашкахь аракъедачу серлонгахь гІадъоьхуш леларца ловзу лайн кегийра чимаш. Церан тидам биначунна мотталур дара уьш даккхийде дорцан ницкъах, сацо ницкъ боцуш хьекхалучу ламанан механ шакарх, хотехь экха делхочу шелонан чІогІаллех. Лаьмнашкахь хІоттийначу сел башхачу суьртах даккхийдеш хьийзачу, лайн чимашна хІун хуур дара новкъахь воІ волчу нохчийн ненан дагара?

– Ув-в-вай! У-ув-вай! Ва нана бусулбанаш, ва эвлаяаш, шу орцаха дуьйлийша! Ва сан Дела, сан устаз, аса хІун де? ХІара шело, хІара дарц, хІара мох! Веза хин волу Дела, Ахьа кхоьллина, Хьо воцург кхин да воцуш Хьан леш даркха тхо, орцаха волахьа! Тебехьа хІара мох, дижадехьа хІара дарц, кхачавехьа сан вахнарг цІа маьрша! У-ув-вай, у-уввай! Хьо шело, хьо дарц, хьо дарц, хьо мох! Кхе тилла дечиг дац техьа вайгахь? Хьовсийша цу балхе, латаейша и цІе хьала. Малика, схьахилахьа суна улло. ЮргІанашна кІел куьг а дахийтий, настарийн даккъашна тІехула хьалий-охьий хьакхахьа суна и. Со-м цІенна леш ма йоллу, хІара хІун шело ю? Ванах, хІун хуьлуш ду те хІокху дуьненах? – бохуш, шийла мохь хьоьккхура, масех юргІа тІе а тоьхна мет-

тахь Іуьллучу Мелимата. Чохь пешахь летта йогуш яра йоккха ножан дечкан цІе, тІехь Іаь яьккхина кхехкаш дара лахьана йийначу бежана жижиг чохьдолу яйш. Царна тІера гІаьттинчу Іаьнаро хьацар тоьхна, арахьа гуш хІума доцуш, кхолийнера кегийчу корийн куьзган бІаьргаш. Царна тІехь хьацаран ІаІар алсамдаьлча, бол-болуш меттах а болий, раз-гара лар-тача дуьтуш охьахахкалора тІадам. Оцу лар-тачанехула дІахьаьжча, арахь ловзуш хаалора лайн чимаш. Дарцой, мохой ечу гІовгІане а, чохь нанас дечу узаршка а ла а доьгІуш, куьйгашца кортош а лаьцна, коран хьалхарчу дечкан паднара тІехь хевшина Іаш бара Іабин вежарий БайсагІур а, Бета а, Жали а, несарий Маликий, Маржанний а. Меллаша хьалагІаьттина шен дуткъа, эгІаза дегІ а эцна, яхна, юргІанашна кІелхула куьг дІа а дахийтина, шен марненан настарийн даккъашна тІехула хьалий-охьий хьекха йолаелира Малика. Цо лелочуьнга а хьоьжуш, кхин вовшашка цхьа а вист ца хуьлуш, цуьнан куьйгах дарба хиларе сатуьйсуш Іара чохь болу вуьш.

Мелиматана чІогІа дукхаезара шен воккхахволчу кІентан БайсагІуран зуда Малика. Ийман долуш хиларца билгалъяьлла, марзхошна аьхна стаг яра иза. Шен доьзалах стаг новкъаволуш, цунах бІаьрг тухуьйтура Мелимата, некъ дика хир бу бохуш. Чохь кечбеш болу кхача а дукхахберг цуьнга кечбойтура, беркате хир бу бохуш, хи тІера деана хи а цо деанарг мегашха дара, цуьнций бен ламаз а ца оьцура Мелимата. Амма уггаре а шен несана тІехь Мелиматана дика хетарг – иза куьйгана дика хилар дара. Мел чІогІа Мелимат цомгуш хиларх, Маликас настарш тІехула куьг хьаькхча, гІоли хуьлура. Хаара Маликина шен марненан дог хьаста а, цунна товш йолу агІо лаха а.

– Нана, хьажахьа, масех юргІа тІе а тоьхна Іуьллушехь, хьан настарш тІера массо а чо ирахІоьттина-кх, ша зу санна догІа а делла-м дера ду хІорш. ХІара хІун ду? Тхо-м кху

чохь товнна а ма ца мега, – бохура, Мелиматан настарш тIе куьг хьоькхуш Iаш йолчу Маликас.

– Кху чохь а шеллуш йолу хьо, нана, чIогIа цомгуш ю-кха хьуна. Лаа дац иза. ХIун дина гIо дийр дара те? ХIун де оха, нана? – Шена ненехь болу сингаттам дагна Iаьткъина хилар билгалдоккхуш, вистхилира БайсагIур.

– Деллахь, нана, вайн куьпан моллига хаийтича хIун дара те? Жайна даькккхича, гIоли хила а ма мегара, хIун де оха? – йистхилира, и шен горга дегI дохьуш тIе а еана, Маржан.

– Со молла волчу вахна, жайна даккхийтина вогIу, – хьалагIаьттира Бета. НеIарехьа кхозу кетар схьаэцна, яржийна, юргIанашна тIехула шен нанна тIетесира Жалис.

– ХIуммаъ ца оьшу, хIуммаъ ца оьшу, са ма гатде. ДIадала а там бу хIара лазар… У-ув-вай! Сан устаз, хIара доккха хIума ду, цIена хорша оьху суна. Хьо шело! ХIара хIун ду? Ядал, Маржан, арахьажал, вайн вахнарг ца вогIу те? – юргIанаш кIелхьара схьа йистхилира Мелимат. Хьала а гIаьттина, араяла дагахь Маржан дIайолаелча:

– Собар, со воьду, хьо нанина уллохь Iе, – аьлла, шена тIе кетар а юьйхина, аравелира Жали. Ткъа цхьа хан яьллачу хенахь чу а веана, коьртара схьабаькккхина куй цIенкъа охьаластийна бега а бина:

– Нана, сел чIогIа ладогIарх хезаш а, хаалуш а хIума дац-кха цу арахь, я юьртахь леташ хезаш жIаьла а дац цхьаьннан а, – элира цо.

– У-ув-вай! Малика, суна тIера юргIанаш нисдехьа, коьртехула чухьоькхучу шелоно пехаш моьрцу сан. ХIара ма доккха хIума ду, шуна хетий иштта шийла? – хоьттура Мелимата. ТIаккха, юргIанаш кIелхьара схьакъедна, Жалига а хьаьжна, – Хьуна-м уьш хIокху вайн юьрта кхаьчча а хуур дацара. Малика, ялохьа, нанинаг, хьо хьажий йолахьа, – элира.

– Нана, со дуьхьал гIо царна? – хьала а гIаьттина, вистхилира БайсагIур.

– Вай, вай, вай! Ма гIолахь, хьуна гатдан са дац хьуна сан, хIара сан лазаро моьрцу букъ ма кагбелахь. Малика хьажа яхийтийша, Малика, – элира Мелимата. Меллаша хьала а гIаьттина, довха кортали дIа а тиллина, араяьлла йолу Малика дукха хан ялале чуеара.

– Нана, лахахь, пхьадухехь, юьртахойн жIаьлеш а лета, дохьуш говрийн тата а ду, – элира цо.

– Вай, хьо яха-кх дукха! Схьахилал нанина улло, хьо цхьаъ ю-кха сан дагна аьхна хIокху цIен тIехь. ХIара кетар а, цхьа юргIа а дIадаккхал, Малика, суна тIера, дукха йохйина хилла аша хIара чоь. Я АллахI! Вай, сан устаз, сан лозу корта, хьо шелло букъ! Вац те и вайн вахнарг цIа вогIуш? Ма чIогIа хьевели-кх хIара. ХIун леладо алахь хIокхара а? ГIемаш! – бохура Мелимата. – Валол, Жали, аравалий, хьажал уьш хIун нах бу, тIе йовха хIума юхалахь хьайна.

Иштта чуьрнаш къамелаш деш Iашшехь, схьахIиттира говраш уьйтIа. Массо а аралилхира.

– Собар дел массара а, со хьалха эккхийтал сайн маьрйижаршна мара, шун йоккхахйолу нус яц со, аша лара а дезаш? – бохуш, хьалхалелхара Малика, хIа-хIан ша хьалха эккхар ю бохуш, цхьанхьа чугIертара Маржан.

– Шу гобинна дIахIиттича, со мичхьахула, хьанна мара эккха веза? И-м сан шича хила а ма ца хилла. ДIасатаIал, цкъа, со мара эккхийтал сайн шичина! – бохуш, массо а дIаса а тоьттуш, юккъехула чугIертара Жали.

– Собар дел цкъа массара а! ХIокху шелехула, дорцехула некъ бина йолу ши йоI чу а яийтий, йохъялийта жимма, хьердевлча санна тIе а ца детталуш, – элира араваьллачу БайсагIура. – Валол, Iаба, ши йоI а эций, чу гIол, говрашка Жали хьожур ву хьуна.

– Суьйре дика хуьлда хьан, Мели. Хьо могуш йоцуш ю? Муха хета хьуна хIинца? – хьаьттира чоьхьаяьллачу Зезага.

– Далла езийла, марша а догIийла шу! Могуш йоцуш яра аьлча а, тахана цхьа вон хорша оьхуш, цо гIад-амал

дайина меттахь Іуьллу со. ХІокху дорцан а, таьІначу дийнан а болх хир бу-кха хІара. Сан тишъеллачу даьІахкашка лалой ткъа хІара шело а, дарц а, мох а? Вай а-ай! – бохуш, узарш дан йолаелира Мелимат.

– И иштта хир ду хьуна, Мели. Таханлерчу дийно-м мел могуш верг а цомгаш вийр ву. ЧІогІа шийла ю арахь, дорцо махаца ло схьадетташ бІаьрг белла а ца вуьту. ЧІогІа хала даьхки тхо хьала, даьхки аьлча а, говраша далий-кх. ХІинца муха хета хьуна, Мели? – хаьттира юха а Зезага.

– ХІинца дикка гІолехь ю со, Іуьйранна дукха вон хьал дара, халла бен ца тохабелира ламазана корта. ЦІахь хІун дара, Зезаг, массо а могуш а, паргІат а варий? ЙоІ хІун деш яра, лазаро хьийза-м ца йо хІара? – хаьттира шен рогІехь Мелимата.

– ХІара ду аьлла кхин керла хІума дацара цигахь-м, нана а дика дІалелаш ю. Жимма йох а ялийтина йогІур ю ша ала бохура. Маршалла а даийтира массаьрга а, – элира Зезага.

– Делан маршалла хуьлда массарна а, даийтинчу цунна а, схьадеанчу шуна а. Хьо хІун деш ю, ва Амина, лелалой хьо? Юьстаха а ялий ма латтал, охьахаал, – аьлла, Амине йистхилира иза. Чоьхьаяьлчахьана ламанхойн Іер-дахаран а, чуьрчу дІахІоттаман а тидам беш лаьтташ йолу Амина, Мелимата цІеххьана шен цІе яьккхича, цІий а елла:

– ХІан, Мели, со бохий ахьа? Дера яц хІумма деш, эцца гхешан чохь-м Іа тхо. Хьо могуш цахилар дацар-кха, Мели, вайна оьшуш, Дала маршо йойла, – аьлла, кхин а цІийелира.

– ХІара-м даккхийчарах дацара, хІинца-м кеста а дац лазаро лаьцча а, елча а. Дера дика ма идий аса хІара дуьне, – элира Мелимата. – ХІокху вахначунна чІогІа сагатдора аса. Малика, дІадаккхал суна тІера хІара цхьа юргІа. Хьалахаел со, хІара чоь ма чІогІа йохийна аша, куьрк кхорзуш-м дацара шу? – резайоцуш йистхилира Мелимат. Ткъа хьеший болчу агІор дІа а хьаьжна:

– Ванах, шу чоьхьадевлчахьана а, ирахь лаьтташ ма ду, Іадийча санна, вовшашка а хьуьйсуш?

– Тхойшинна-м сихо яцара, Мели, я сахиллалц ирахь лаьттича а, эхь долуш ши стаг а яц. ПаргІатдовла-м кхуьур дара, хьо гІолехь хилчахьана, – аьлла, Маликина гІо а деш, Мелимат хьалахаийра Зезага.

– Хьох-м башха эхь а ца хетара тхуна, Зезаг, хьо-м тхан тхешан стаг яра, тховса дуьххьара ламчу хьошалгІа еана Амина латтар бегІийла ца хета-кх. Яло ший а паргІатъяла, – элира Мелимата.

– Ламанан некъ дуьххьара вогІучунна чІогІа хала бу, садаІийта деза Амине, – вистхилира БайсагІур а.

– Ой, дІадовлийша, и-м дийца а ца оьшура. Сох хІун эхь дара, цкъа а охьа ца хууш, лаьттича а? Со-м хІуммаъ гІел ца елла, – бохура, БайсагІур вистхилча эхь хеттачу Аминас. Шега гІо доьхучух тера, Аминас шена тІехь хацийна болу бІаьргаш лецира Іабас. «Хьажахь, ма хаза а, ма тамашийна а бу уьш. Царна чохь-м валлалц хьежахь а бух гур бац, уьш ма кІоргий а бу! Цкъа а кІордор дарий те цаьрга хьежа цхьанне а?»

– Мели, делахь, аша шайн гІуллакх де, со чувахна агІорвала воллу, кхин Іийна а дан хІума дац сан кхузахь. Цхьа стаг араваларо а гІар-гІовгІа лахъярна гІоли йийр ю шуна, шина йоІа садаІарна а хир ю мелла а паргІато, – аьлла, БайсагІур аравелира. – Мели, бакъ лоь БайсагІур, вай цІахь хиларх хьеший генара баьхкина бу. Со а дІавоьду, Мели, са ма гатделаш, – аьлла, аравелира, хІинццалц вист ца хуьлуш, чуьрчара лелочуьнга а хьоьжуш, Іаш хилла волу Бета а. Паднара кІелхьара тас цІенкъа юккъе схьа а оьзна, цунна улло Мелиматана охьахаа лоха гІант а хІоттийна, цу тІе миндар а биллина, яхна тІе довха хи тоьхна гІумгІи чуьра хи а тодина, шен марнана ламаз эца охьахаийра Маликас. Маржан а хьийзара Зезаггий, Аминий дехьачу а яьккхина,

тIера йовха хIумнаш схьа а яьхна, и шиъ паргIатъяьккхина, садаIийта гIерташ. Сехьачу ваьлла вахна цкъа цIергара дечиг а тодина, юха еана гондахьа хьаьвзина, чукхевдина шена цхьа жижган талх а яьккхина, чохь лехна саьрамсекхан кортий, туьхий хьалха а хIоттийна, паднара тIе охьа а хиъна, шен и яккхий цергаш тIехьоькхуш жижиг даан волавелира Жали. Цо лелочунна реза йоцуш ламаз деш лаьттачу Мелимата: «АллахIу Акбар!» – олий, бIаьргаш къарзабора, цуьнга дIа а хьожий.

– Ассаламу Iалайкум варахьматуллахI! Ассаламу Iалайкум варахьматуллахI! – аьлла, дехьий, сехьий белшаш тIе корта а таIийна, – ма оьзда доцуш ге йолуш хIума а ю! И хIун бага ю цо суна дуьхьала а вирзина гIиттош ерг? Ваттахь, со хIара доIа дина ялийта ахьа! – аьлла, Мелимат доIа дан йолаелира.

– Дера хиллера ахьа со нахачух тера ван везаш. Оьзда доцу ге а ахьа дина, яккхий цергаш а ахьа йина, соьга хIун де боху ахьа? Нехан зударшкахь санна хаза кIант ван хьайгахь хьуьнар ца хилча, со бехке а вай, кIелхьараяла ма гIерта хьо. Сан дуьхьалверзар хьоьга лалуш дацахь, суна-м дIаверза а хала ца хета, – аьлла, йоккха бага гIаттийна, саьрамсекхан церг туьхала хьаькхна бага а кхоьссина, Мелиматехьа букъ а берзийна, охьахиира Жали.

Ша тIера хIума дIа а яьккхина, паргIат а яьлла, охьахиъча, тидам бан йолаелира Амина ламанхойн чуьрчу бахаман а, цуьнан чохь дIасанисбаран а. Нагахь санна охьанехьа бехачу нохчаша чуьра хIума шен-шен меттахь хилийта гIерташ, уьш куьцехь нисдан гIерташ къахьоьгуш хиллехь, ткъа хIокху ламанхойн бен а доцуш дара массо а хIума. Уггаре а хьалха тидам хуьлура цIенош лоха хиларан, хьалакхевдича, атта куьг кхочур долуш дара тхевнаш. Ткъа ша тхов а бацара башха хала тиллинчух тера. ЦIенойн дохалла охьа цхьа деха дукъо а тесна, цунна тIе дехьарий,

сехьарий торпалш а тийсина, царна тІехула генаш а, царна тІе ча а тоьхна, тІе латта тасарх чекхболура берриге а болх. Дукха башха йоккха говзалла а оьшу хир яцара и чолхе боцу болх кхочушбан. Чуьра хьалахьехна поппарш а хеталора бен а доцуш, тховх хьалабиттича санна, торпалшна тІетесна долу ургІалш а, царна тІехула тесна генаш а гара йолчохь шаьш ма-ярра хаалуш яра. Уьш гара йолчохь дагарца нисйина а, я поппарца тхов нисбан а дага ца деанера хьохучарна. «Ма къахьегна хир дацар-кха шу поппарш хьалабиттинчо!» – бохург а кхочура даге. ЦІенойн пенаш дерриш а тІулгийн дара. Уьш нийса доттар хир дара царна тІетоьхна поппар, кхин башха хаалуш яккхий билгалонаш йоцуш, нийса хьаьхна хилар. Амма царна тІетоьхна болу кир юкъ-юкъехь хьоькхнаш йолуш хиларан тидам хиллачу Аминина: «Нана ма яла-кх кир тоьхначун, ма говза а хилла!» – аьлла, елаяла дагадеара. Шен цІахь и дерриг гІуллакх леррина кхочушдан Іемина йолчу цунна чІогІа тамашийна хетара, чуьрчу гІуллакхех сел бен а доцуш зударша куьйгаш детташ хилар. Иштта вон кир тоьхна кечдинчу пенех диттина гуш долу и гуьржийн даккхий къорза кузаш ца товш санна хетара. Царна тІехула оьхкинчу йиппаран бецаша а яьккхинера чохь цхьа ша-тайпа тамашийна хьожа. Чохь цІенкъа тоьхна а дара шуьйра стаммий аннаш. Цкъа а басар а хьакхаза ширделла долчу цара цхьа цІен-мокха бос эцнера. Кора хьалха хІоттийна йолу деккан стол а яра, чІагІонна йича санна, стаммий когаш а болуш. И хорма яра хІорш тІехь Іачу гІантийн а. Чоь йоккхуш, яккхий гоьргаш охкуш дича санна хетара уьш. Стол тІехь лаьттара тІера сираш дІа а девлла, чухьаьжча, халла бен сурт а ца гуш долу доккха куьзга. Цуьнан йистонца доьгІна дара баккхийчу нехан масех сурт. Кораш а дара кегийра бІаьргаш а долуш, стаммийчу раманех вовшахтесна. ЦІенкъа тесна Іохкура мокхачу хьехан а, чан а цІока-

наш, царах йогIура цхьа ша-тайпа, экханийн хьожа. Тховх хьалаоьхкина, даккхийчу мIерашна тIехь кхозура шира а, керла а дерина дуьмеш. Царна бухахь, цIенкъахь, хаалора уьш лелаш легачу тIадамийн хьена хьоькхнаш. ХIора а шен-шен сел яккхий башхаллаш йолу и чуьра хIумнаш, ма-ярра схьагайта санна, серлаяьккхина йогура стол тIехь лаьтташ йолу мекхаюьзна тиша йоккха лампа а. Цу хенахь, шен шелделла, гоьргаш санна долу даккхий куьйгаш вовшах а хьекхош, чоьхьавелира Iаба. Ламаз дина а яьлла, доIа деш Iачу шен нене хьоьжуш а лаьттина, когара мачаш дIа а яьхна, схьаяьхна тIера хIумнаш пенах тоьхна боллучу цхьана боккхачу дечкан хьостамах хьала а оьхкина:

– Амина, са-м ца гатдо ашшимма, – аьлла, сехьачу а ваьлла, стоьла хьалха лаьттачу гIанта тIе веза охьахиира иза.

– ХIан-хIа, са а ца гатдо оха-м, – аьлла, цIийелла, Iабин бIаьра а хьаьжна, хьалагIаьттира Амина. Ша йолчуьра жимма хьала а айаелла, охьахиира Зезаг а.

– Охьахаа, Амина, хьо хIунда гIуьтту суна хьала? Со-м хIинца а иштта воккха а ца хилла, – аьлла, Амина охьа а хаийна, ша дуьхьалвирзира Iаба. ХIинца иза ша ма-варра гора Аминина, дукха тера вара иза чуьрчу хIумнех. Шуьйра белшаш, тIехь стомма чкъор а долуш даккхий куьйгаш, иштттачу дегIана тIехь чIогIа товш хетара вета болу Iаьржа коч. Юкъах дихкина дара тIехь башха дукха коьчалш а йоцуш нохчийн доьхка. «ХIун ду техьа хIокхунна тIехь ца товш, ирча?» – олий, когашкара йолалой хьожуш, кучан кочара вета боьжначу кхочура Амина. ХIан-хIа, ца товш хIума дац Iабина тIехь, хила а хилла хIара суна цIахь Зезага ма-вийццара хаза а, товш а, оьзда а.

«ХIан-хIа, кхин хьажа мегар дац цуьнга, мел хьаьжи а хазахета иза. ХIун хир дара, хIун тарлур дара тхойшинна юкъахь? Со хьаша ю, иза хIусамда ву, Зезаган шича а ву. Ткъа со? Ткъа со а ю-кха Зезаган шича, Iабин хIуммаъ яцахь

а. И иштта ца хилча а, хIун хир дара тхойшинна юкъахь? ВоIана хIу лаха, йоIана цу лаха бохуш ду вайн кица. Иштта дуй те иза, безам бан а бац техьа дуьненахь? Хилийтахьа безам а, ткъа сан хIун ду? Да а вац, нана а яц, делха а дац, дека а дац – гIийла стаг ма ю со, ялла йоллуш. Вайнахана гIийла стаг ма ца веза, шечарна а тIехь. Сох къахеташ хьоьжу хир ву-кха Iаба соь!» – аьлла, бIаьргаш кхоьлира Аминин. Юха а: «Аса хIун леладо? И хIун ду суна дагадеанарг? Со-х хьошалгIахь ю, мегар дац, маггане а мегар дац и дагадаийта. ХIокхарна хьалха бIаьргех хи даьлла юьхьIаьржа хIотта а сахьт дац. ХIан-хIа, мегар дац»! – аьлла, дагца чIагIъелира иза. Амма ойланаш шайниг ца лелош Iаш яцара. «Ткъа Iаба? ХIокхо хIун леладо? – бохура цо. – ХIара а ма ву, дуьххьара бIаьра хьаьжчахьана дуьйна сан бIаьргаш чу а хиъна Iаш. ХIара хIун даккха гIерта теша соьгара? Вон ойла-м хир ма яц оцу оьздачу дегIаца? ХIан-хIа, дера яц, янне а яц. Соьга Зезаг там боцуш йистхилча, шадаьттачохь цкъа хебира иза, юха, Зезаге а хьаьжна, макхвелира. Соьгахьа озабезам бу цуьнан», – аьлла, цIеххьана ойланех хаьддачу Аминин а, кIирвелла цуьнга хьоьжуш Iачу Iабин а бIаьргаш вовшахкхийтира. Ший а цхьаьний цIийделира и шиъ.

«ХIан-хIа, мегар дац иштта даима цуьнан тидам бан, тергалво со цо. Кест-кеста цIий а ло и, сох бIаьрг кхетча. ХIан-хIа, мегар дац иштта, юьхьIаьржа хIотта а сахьт дац. Цо бехк баккхахь хIун дийр ду аса? Ша цхьанхьа чуиккхина валар бен, кхин кIелхьараволийла хир ма дац сан. Хьехийча хIун ду иза Зезага? Суна-х ца хьехайорий иза. Жалина хьехайора-кх», – бохуш, ойланаш йора вист а ца хуьлуш хиъна Iаш волчу Iабас. «Со хIун ю? ХIуммаъ яц-кха, Мелис ма-баххара, хьалхехь кхетан гIерташ мераIуьрг ю-кха! Сан хIун хир дара стиглара цIеххьана ца хууш суо волчу хIусаме доьссинчу маликаца? Дела, со реза ву-кха хьуна

тахана ахьа хьайн маликаца сайга некъ байтарна, цуьнан месашца яийтина ялсаманин хьожа сайн кийра йоссорна, хьайн малике ахьа сан юьхь Іаьнарца йоццачу ханна йохъяйтарна, хьайн малике ахьа шен бесни сайнчух тохийтарна. Аса дош локха хьуна, Дела, тахана цІеххьана ахьа сайн кийрахь латийна безаман цІе, кхин ца йойуш, кошан кийра яьхьна, цигахь яго! ХІан-хІа, кхин хьажа мегар дац Амине, соьга дукха хьоьжу иза, суна реза йоцу таро ю иза. Лачкъо деза аса сайн дог, хьарчийна ламанан шийлачу чхарна кІелйилла еза ойла а, хирг хуьлда кху дуьненах! Зезаг, ма гІуллакх хир дацар-кха ахьа лелочух а. Дера дац. Ахьа Жалина Амина хьехош лелочух а захало хир ма дац! Амина санна долу малик деша сох а, Жалех а? Оцу веза хин волчо айхьа лоьхучу безамна, айхьа цуьнга доьхучунна тІаьхьакхиайойла-кх хьо!» – бохуш, ойланаш еш волчу Іабас шега хьоьжуш болу Аминин бІаьргаш лецира. «ХІай, велла вала со, аса динарг, аса лелориг! Шек ялийти-кх аса иза! ХІан-хІа, оьзда доцу хІума далар эхь ду стагана, кхин Іен мегар дац со кху чохь», – аьлла, Іаба, хьала а гІаьттина, дехьачу а ваьлла, шена тІе бедарш юха хІоьттира. «Патихьа!» – аьлла, ша даима а санна деха деш долу доІа дІа а дерзийна, – ахьа хІун леладо, кІант? – аьлла, Іабега йистхилира Мелимат.

– ХІуммаъ ца до, Мели. Іумаре суо цІакхаьччий хаийта воллу со, хье ца луш схьавогІу, – элира Іабас.

– Іумар, хІинций-хІинций хьо схьакхочу бохуш кху чохь а Іийна, кхин цунах гІуллакх а ца хилла, пхьар Іабдулла волчу воьду ша аьлла, вахар-кх, схьакхочур ву хьуна хІинцца, чохь Іе хьо, – элира Мелимата. – Хьешашка мила хьожур ву, хьо араваьлча?

– ХІинцца схьавогІу со, Мели, гучу а ваьлла, – элира Іабас.

– Вададай, ва кІант, и хІун ду ахьа дуьйцург? ХІинццалц, вайга децагІеран йоІ еъча, пондар локхуш, хелхаво-

луш, вон лелаш чан йоккхий хьийзаш ма хуьлура хьо, цхьаьнгге а саца ца луш. Ткъа тховса ма чIогIа гIийла Iаш ду шу? И хIун ду, ва кIант? – аьлла, Малика а цецъелира.

– Дера ца воьду хьуна хьо тхо иштта тхаьш сагатдеш Iен а дитина дIа-м. Валол цкъа соьца, – аьлла, схьаеанчу Зезага, пхьарс а лаьцна, дIаозийра Iаба.

– Со-м хIинцца схьавогIу, Зезаг, хье ца ло хьуна со. ХIинца а вай цIа ца кхаьчна моьттуш, сагатдийр ду Iумара. Дера со хье-м ца ло, – аьлла, Зезаган бIаьра хьаьжира иза.

Аравала воьлла волу Iаба цIеххьана чуиккхинчу цхьамма, мара а воьллина, чухула дIасавадийра.

– ХIей! ХIей! Хьо Дала дIаэцарг! Ва хьераяьлла хIума! Собар, ва собар! – бохуш, мохь хьоькхура марахь воллучу Iабас. – Ва собар де ца боху аса хьоьга? Охьатуху ахьа со! Ва ахьа хIун леладо?

– Хьо санна йолу хIумнаш-м аса тахана цхьацца тIам а лаьцна, мийра бетташ, хьалха а яьхна лелийна, тоьхча хIун дара хьо охьа? – аьлла, гIоп-аьлла, ластийна, цIенкъа юккъе Iаба лаьттах валийтира чувеанчо.

– Сан ден сара, кIант, хьуна моьттурш виран баьIIаш ма ду хьуна, – аьлла, хьала а иккхина, чувеанчунна коча вахара Iаба. Тасавелла волу и ший а, цIенкъахула хьийзаш тIекIел вуьйлура. Чохь мел долу хIума а хахкаделла доьду моттадора цу шимма дечу татанех а, гIовгIанах а. Цу шиннан летар баккъалла ду, я бегашна ду ца хууш, мохь ала кийчча, бага а гIаттийна, дехьачуьра схьахьоьжуш Iаш яра Амина. ТIерачу бедарна а, когарчу мачашна а, дегIана а цхьатерра хиларна леташ керчаш волу и шиъ къаста а ца лора цуьнга. И шиъ къасто дагахь юкъагIоьртина йолу Малика а, хахкаелла пешехьа схьаеара. Амина мохь ала кечъеллачу минотехь:

– ЭхIей, дела реза ма хуьлда шу хьераяьллачу шина хIуманна! ХIара чоь стигала йоккху ашшимма. Ва собар! –

аьлла, кхин и шиъ саца а ца тигна, пеша хьалхара схьаэцна гIап-гIаппанцехь морзагI бетта йолаелира Мелимат.

– Деллахь, Мели, суна санна чIогIа туьйхин техьа ахьа и морзах хьайн кIантана? – элира чувеанчо, кхин шен латтар ца хуьйцуш.

– Ца туьйхи, сайниг дукхаха веза суна, – элира Мелимата.

– Меллаша, тохар хIара а долуш делахь-м сан доттагIчун гIуллакх-м вон дац, Мели, – аьлла, чувеанчун бIаьра а хьаьжна, шен лозучу пхьаьрсах куьг а хьаькхна, велавелира Iаба.

– И хIун дара, ва кIант, со-м ма йоьра ашшимма хIокху пенах а, юха дIакхоьссина пешах а тоьхна, – аьлла, дегабааме йистхилира Малика.

– ТIаьххьаре а тхойшиннан карах яла там болуш, хьо, тIехьаьжча а, ян-м ю хьуна, – элира чувеанчо.

– Иза-м седа-жайна хьаьжначу Iовдалчу Iузурпата а аьлла цуьнга, вайшиннан карах лийр йолуш ю, – аьлла, ша лаьттачохь велавелира Iаба.

– Цкъа кху чу веана а Iийна, кхин хьо цIа а ца кхаьчна, Iабдулла волчу вахнера со, – элира чувеанчо.

«ХIан, хIара хир ву хьуна и Iабин доттагI ву бохуш вуьйцуш волу Iумар. Ма тера а ву ший а вовшех! ХIара ван а ву Iабин доттагI хила мегар долучех. Куц долуш стаг ву хIара», – аьлла, къайлах Iумаре хьежа йолаелира Амина.

– Вало, дехьачу а валий, хьешашка вист а хила, хьал-де а хатта, – аьлла, йистхилира Мелимат.

– Собар де ахьа, Мели, собар! ХIара ду хьуна ахьа тхуна мел лелош дерг а, кхин хIуммаъ дац. Хаьара суна, хIара хьан кIант аьлча а, марш оьху хIума цIа ма-кхаьчча, хьан лазар дIадер дуй. Тохар со чуветча, муха дара хьан гIуллакх? Ерриг а юргIанашна кIела а яхна, «Iай-Iуй» деш, хорша еана хьайна бохуш, ега а еш, кхе дечиг тилла бохуш, массо а хьийзавора ахьа. Ткъа хIинца? – вистхилира Iумар.

– Катоххе хьешашна юург ло-кха.

– Деллахь, Мели, дийцалахь бакъдерг, хьайн бераш муха деза хьуна? – хьаьттира дукха хууш волчу Іумара.

– Муха деза? Иштта дІа деза-кх, нанна бераш санна. Кхин муха деза дезара уьш? – дуьхьалаелира Мелимат.

– ХІа-хІан, Мели, ахьа иштта ца олура хьалха, цхьа хаза олура. Цунах хьо кІелхьарйолуьйтур яц аса. ХІинца а алахь, хьалха айхьа олуш ма-хиллара, – дийхира Іумара.

– Вай, ва Іумар, муха эр ду кхин? Валахьа сан кочара! Вало, дехьачу а гІой, хьешашка вистхила, хьал-де а хатта. ХІун деш Іаш ву шуьша, кху чу а хиъна? – ца дуьйцуш дуьхьалаелира Мелимат.

– Со Іийр-м вац ахьа и схьадийццалц я хьешашка вист а хир вац. Дийцал, Мели, суна, хьайн бераш муха деза хьуна? – аьлла, тІевирзира Іумар.

– Іийр-м хьаха вацара, шениг ца дуьйцуш! Муха деза деза уьш, ва Іумар? Жима верг воккха хиллалц веза, воккха хилларг зуда яллолц веза, вахнарг цІакхаччалц веза, цІахь верг яллалц везар ву! – элира Мелимата. И хазахеташ воьлура Іумар.

– Марша догІийла шу, хьеший! – аьлла, Зезагей, Аминей маршалла а хаьттина, дехьачу велира Іумар.

– Деллахь. Іумар, хІун дика болх хили хьуна, суна сел лерина и морзах цуьнга тохийтина? Хьо волалушшехь хаара суна, хІара болх сайна хир буй, – аьлла, чоьхьа а ваьлла, Іумарна улло гІанта тІе охьахиира Іаба а.

– Аса мел аьллачунна а «хІаъ» олуш Іел хьо, хьо тоьлуш хир ду хьуна гІуллакх, – элира Іумара.

– И ала-м хала ма дацара, аьлча а, ца аьлча а, ахьа вуьтур-м вац цкъа хьайн гІурт ца беш, – элира Іабас.

– Ва Іумар, хІара хьеравааьлларг хьийзо-м хьо дика а ваьхьа хьуна, кхечуьнга ма бойтур бацара хІокхо шеца и бегаш, – элира Зезага.

– Дера, Зезаг, ца хьийзаво хьуна аса-м хIара, ша хьийза-кх сацо да а воцуш, – элира Iумара. – Ткъа дийцахьа, хьо янза ма дукха хан яра, сингаттаме хIума долуш-м ца хьеели хьо?

– ХIан-хIа, Iумар, цхьа а хIара ду аьлла вайна сингаттам болуш хIума дацара цIахь, хIокху шелехула хьаладахка карх ца долура тхан.

– ХIара хьан накъост тохара хьо хьалаеана йолуш ахьа тхуна йийцина шун шича-м яц, Зезаг? – хьаьттира Iумара.

– ХIаъ, Iумар. ЦIе Амина ю хIокхуьнан. ДагадогIий хьуна, аса тхаьшшиъ цхьаьна йогIур ю бохуш дийцина?

– ДогIу, Зезаг.

– Гой, хьуна, Iумар, хьуна ма-гарра, аса сайн дош кхочушдина, хIинца ахьа хьайниг кхочушдичахьана, гIуллакх чекхдолу-кх вайн.

– Хьо-м хьайн дош кхочушдина яьллера, ткъа аса хIун дийр ду аьллера, ва Зезаг?

– Ой, и ду доллучул а хаза! Дера аьллера, со Амина а ялош хьалаеъча, айхьа доккха ловзар дийр ду.

– Вай даха, ала а ма аьллера, хьажахь, со цунна вицвеллера хьуна, Зезаг. Амма вай и дан-м дийр ду, цул атта хIума-м лам чохь дан а дац. Вай сахуьланга довлахь, и кханалера буьйса гIовванцехь екош, и сирла са схьахиллалц вотий, зурмий хоьккур ю-кха хьуна вай. Мичхьа до вай ловзар, кхузахь до, я дIо вайгахь до? – хьаьттира Iумара.

– И хьешашка хоьтту хIума дац, Iумар – элира Зезага, – ахьа кхайкхинче дIадаьхкичахьана довлу тхо.

– Делахь бакъахь ду, дехьа, тхоьгахь дийр ду вай и, кху чохь-м суний, Iабиний дIасахьовза меттиг а бац. Тхан ду цхьа доккха цIа, чохь говраш хахка а мегар долуш, цу чохь ядор-кха вай вешан къоналлин суьйре.

– Ши кIант! Шуьша сехьачу валал цкъа, гала схьаяьлла, хIума а яийтина, садаIийта деза шина йоIе, чIогIа гIелъелла и шиъ! – аьлла, дехьачуьра схьакхайкхира Малика.

– ХӀокху шинца тхойшинга ца йоуьйту ахьа? – хьаьттира бегаш беш Ӏумара. – Наха-м зударшца хӀума йиъча, кхаж болу бохуш ма дуьйцура, тхойшиннан а хир бац те и аьтто. Зезаг, шуьша дуьхьала-м яц аса дуьйцучунна?

– Дера, Ӏумар яц-кх янне а-м, – элира Зезага. Суна-м и шуьшинца йиъча, мерзахо а хетар ю. Баккъалла а цхьаьний яа вай?

– Деллахь, Малика, хӀара цхьа гала йиъначуьнга шозлагӀниг яалур юй те? – аьлла, дехьачуьра схьайистхилира, йоккха хьолтӀам кара а лаьцна, и кхача ца луш Ӏаш йолу Амина. И хазахетта чуьрнаш бийлабелира. Массарел чӀогӀа Малика ша а йоьлура, цо хьалхxe тидам бинера чӀогӀа тамаш барца ша йиначу хьолтӀамашка хьоьжуш Ӏаш йолчу Аминин.

– Дависарг яӀ-кх, шух шелвелларг вохван гӀерташ, мацвелларг вузо гӀерташ, хьагвеллачунна мала хи луш, ша кӀорнешна тӀехь нана-аьрзу санна хьийзаш йолчу сан гӀуллакх ма дохий-кха аша, – элира бегаш беш Маликас.

– ХӀаъ, тхуна а ма го иза. ГӀуллакх-м чӀогӀа деш ю-кхи хьо, – элира Ӏабас.

– Амина, хьо цецъяьлла моьтту суна ламанхойн хьолтӀамах, кхузахь иштта йо галнаш, – элира Маликас. – Яа ахьа, хьалхxe Ӏемича, тӀаьхьа атта хир ду хьуна. Хьанна хаьа, дахаран йохаллехь Дала рицкъа мичхьа даа яздина а. Кхузахь ца йо, охьанехьа санна, шишший, кхоккхий цхьаьний кхоллуш йолу галнаш. Ламанхойн хьалтӀамаша цхьаъ йиъча а, кхачо йо мацаллина.

– Аса-м хӀуммаъ ца боху, ва Малика, – бохуш, ах а яаза ша буйнахь къуьйлучу хьолтӀаме а хьоьжуш, йоьлура Амина.

– ВаллахӀ, Малика, тхаьшшиъ новкъайоллушехь аса ала-м аьллера хӀокхуьнга, хьан хьолтӀамех ма елалахь аьлла, хӀетте а хӀара гучу ца яьлча, Ӏе-м ца ели, – аьлла Зезаг а елаелира.

– Вададай, сан устаз, хьо ма да адаме! Хьажахь, сан хьолтIамашна-м хьалххе беш кечамаш а хилла хIокхеран! – аьлла, куьйгаш вовшах а тоьхна, елаелира Малика ша а.

– Аша хIун дей? Шаьш меца делахь, дукха а ца луьйш, хьолтIамаш яа аша, дукха къена а ду шу, хьолтIамаш ца йиъначух къонах а ца хилла. Амма шуна бакъдерг дезахь, хIокху ламанийн ярташкахь Маликасчул хьолтIам дика еш зуда-м карор яц шуна. Хийла воьдург а, вогIург а вузийна-кха шуна Маликин хьолтIамаша, – бохуш, шен несехьа гIо дохура Мелимата.

– ЭлхьамдулиллахI, Дала сагIа йолда-кха хьо хIокху цIенна а, са чохь долуш схьа мел кхоьллинчу массо а хIуманна а тIера. Дала ма эшайойла-кха хьо бусалбанна а, керистанна а, ге долчунна а, доцчунна а! Малика, дика ду-кха хьан де эшначу дийнахь хьуна тIехIотта хьан марнана йолуш. ХIинца хIара текх тхойшинна хьалхара дIадаьккхичахьана, тхойшиннан балех елир-кха хьо, – элира Iумара. – Амма цхьабакъду, Дала Iожална сайна собар лахь, хьуна хьалхара къона несарий лелийта а, хьоьца лело догIуш долу гIиллакх-гIуллакх цаьрга леладайта а, лам чохь нахе дийцийттал чIогIа хьуна цаьрга совгIаташ дайта а тIе а лоцу-кха хьуна аса, – аьлла, вахана хиъна Iаш йолчу Маликин букъа тIе куьг а тоьхна, – вайн лам чохь-м яц сан йоккхахйолу нус санна дика зуда. Хьажал цуьнан букъ муха бека? Куьг мосузза туьйхи а «гов-гов» долу цуьнан кийрара. Хьешана дика ю хIара, Мели, цундела, дукхаеза суна, – элира Iумара.

– Э, Малика, Iеха ма лолахь! Дехьий, сехьий а даьлла, хьо леян гIерташ, шакарш лоькхуш ду хьуна ший а. Дукха ца хууш дуй ткъа? Цу хенахь шений, Амининий хьалхара текх а дохьуш, сехьачу еара Зезаг а.

– Зезаг, – элира лаьттачу Iумара, – вайн, нохчийн, хIума йиъначул тIаьхьа Iийнарг стешха лоруш ду, со ваха воллу

хIинца. Вайна хIинца дикка хан а яьлла, адам а хIокху дарцо тединехь а, я буьйсано дижийнехь а, дIатийна. Шу а дикка генара некъ беш даьхкина а ду, гIелделла а хир ду, садоIуьйтур вай шуьга. Аса хIинца дIадуьйла бахарх, шу дIа а догIур дац я хIокхара дохкуьйтур а дац, со ваха воллу. Амина, шун Iодика йолда. Са ма гатделаш, кхана гур ду вай, Дала мукъалахь! – аьлла, Iумар шен хIумнаш тIеюха хIоьттира.

# ОБАРГАШ-ВЕЖАРИЙ

Буьйса. Къу-берзан Іаьржа буьйса. Дорцан товжаме шакаро ирчачу узамехь делхадо, буьйсанан боданехь диййшина Іохку нохчийн къоьжа ламанаш. Мохо цІеххьана маьхьарщца муьрг тухий, цу лаьмнийн аьшнечу даккъашкара гІаттабой, дорцан кІур, йилбазийн ловзарца хьийзош, бижабо инойн ломан кІожехь Іуьллучу БІайса кІотархойн тишачу керташкахь. Тапп-аьлла тийна ду кІотарахь, цуьнан и даккхийн месала жІаьлеш а, шелонна хІоз хилла, хьирчина Іохку. КІотархойн цхьаннан а цІийнах болуш кІур а, я корехь серло а хаалац, лекхачу тІулгийн бердан йистонца лаьттачу цхьана гІопан бен. Амма кху чохь а вац вистхуьлуш хезаш стаг а, я кертахь латац жІаьла а.

Туьнкалгах гІуьттучу кІуьро а, корехь хаалучу чиркхан серлоно а чохь бийшаза нах хилар гайтахь а, кешнийн кертахь санна, тийна ду кхузахь а. Дукха хан ю кху чуьра хІусамнана шен берашца кІедачу маттах хьаьрчина, ховхачу набаран мерзачу гІенаша хьоьстуш Іуьллу. Делахь а, янза, йоккха летта йогуш цІе ю кхерчахь, пеша тІехь даккхийчу цІестан ешна чохь кхехкаш ду даца-уьстагІан дерстина жижиг. Кхихкинчу жижган масех дакъа бердан йистехьарчу корана хьалха хІоттийначу стоьла тІехь Іуьллу, нохчийн пхьераша динчу даккхийчу аьчкан мІерашна тІехь а доллу. Церан йистош а ю, барзо ка йиттича санна, ирча ларга а лергина. Стол ша а ю куьйган говзаллица башха гІарвалаза волчу аьртачу пхьеро йича санна шаръяза, стаммий когаш а долуш, иштта ладам боцуш ду цунна тІетоьхна аннаш а. Стоьлана хьалха лаьттачу, гоьргех терачу гІантанша тІехь, куьйгашща кортош а лаьцна, хиъна Іа ши ваша: Ваха а, Висарг а. Сел чІогІа ойланашка вахна Іаш волчу цу шиннан дагахь дерг цхьаъ ду: «ХІунда хьевелла те сихха вухавогІу ша аьлла, Іайбеца юьртарчу Іаьлбаг-Хьаьжин туь-

канах бІаьрг тоха вахна шайн воккхахволу ваша Халид? ХІун хьовзам баьлла те цунна новкъахь? ХІокху доккхачу дуьнен чохь мила вара и сацо а, цуьнан некъ юхахьабаккха а?» Ши ваша цунна тІаьхьа гІур вара, амма цо ша вухаваллалц чуьра ара ма вала аларна, цуьнан дош дохо ца лууш, куьйгашца кортош а лаьцна, ойланашка вахна Іа. Массарел жимахволу Висарг, шен и даккхий куьйгаш, гоьргаш санна, цІеххьана стоьл тІе охьа а тосий, бІаьра хьожу Вахина. Амма Ваха меттах а ца волу. Юьхьа тІера куьйгаш а ца доху дІа. Цуьнан уьрсаца цІена баьшна и боккха горга корта, куьзга санна, тІетоьхначу хьацаро къегабо гІийла йогучу лампин серлонгахь. Дукха ярстарна шамар яхначу цуьнан вортанна тІехь а, туьтийн буьртигаш санна, лепаш хаало чуьрчу йовхоно а, кийра багош дІамеллачу спирто а тІетоьхна хьацаран тІадамаш. Наггахь юьхьа тІера куьг хердой, киснара йовлакх схьадоккхий, вортанна тІера дІадоладой, коьрта тІехула хьокхуш чекхволий, и кисана а таІадой, юха а шен ойланашка волу иза. «Да ма ятІа-кх сан вешин вортанан, и дІагІортаяхь-м мокхаза берд а харцор бу!» – бохург дагадогІу цуьнга леррина хьоьжуш Іаш волчу Висаргна. Цул тІаьхьа, шен ваша ойланех ца вохорхьама, меллаша хьала а гІоттий, чухула дІасаволало иза. ТІаккха пешана хьалха охьа а таьІий, схьаоьций, дечиг а туьллу кхерча, юха, гІоттий, воьдий пеша тІехь кхехкачу яй тІера негІар а хердо цо, и тІех ца бахийтархьама. И дезарш ша дина ваьллачул тІаьхьа, вортанах куьйгаш хьала а тосий, шен зоьрталчу дегІан шуьйра белш дІаса а саттайой, жимма ойланаш еш а лаьттий, меллаша чухула дІасаволало иза. Ша куьйгашца лаьцна латтош болу и беза, боккха, горга корта хьала а ойий, тІаьхьа хьожу цунна Ваха. Воккхаве иза шен вешин зоьрталчу дегІах, ондийчу, шуьйрачу белшех, хазачу, горгачу юьхь-сибатах. Когашна тІехь ондда латтаро а, цуьнан боларо а хоуьйту дегІаца алссам ницкъ

боллуш хилар. Обарг Висарг аьлла цIе яьккхича а тоьу шахана, къаьсттина мехкаршна. И ца везаш, цо шен тидам бар ца лууш хир яцара лаьмнашкарчу ярташкара цхьа а йоI а, я жеро а. Муьлххачу а ловзаргахь Висарг гучавалахь, цуьна тIера бIаьрг дIа ца боккхуш Iа мехкарий. Висарга сакъийринарг-м дукха сийлахь лоруш, шерашкахь а юьйцу лаьмнашкахь. Кхечу обаргашна а тоьу Висарган цIе яьккхича, чIогIа озало уьш цунах. Цхьа а лууш ца хуьлу Висаргаца хьуьнар, ницкъ я майралла къовса. Хаьа царна, шаьш тоьлур доций. Цкъа шаьш говраш лачкъо дахча, Висарга белш гIортийна, сагIеш а тIехь бухъяьккхина божлин неIарш дагаяьхкина, ша Iаччохь велакъежа Ваха.

Бан а бара обаргаш вежарий Халид а, Ваха а, Висарг а, цхьанна тIехь ца тоьург вукхо кхочушдеш, тоьлла нах. Дуьненан гIиллакх-гIуллакх туьраций, тоьпаций, девнаций лело кхоьллича санна харцахьара а бара уьш. Вахар а, вар а кхааннан а цхьаьний дара церан. Нах вовшахкхеттачохь пхьоьханахь а, ловзаргахь а кхуьй а цхьаьний, цхьана могIарехь, ул-улло охьахуура и кхоъ. Вежараллин гергарлонал а доттагIаллин амалш дукхаха яра цу кхаа вешин леларехь. ГIиллакх а, вежарша санна ларамца ца лелош, доттагIаша санна леладора цара вовшашца. БIаьра ма-хьаьвсси хаара царна вовшийн дагара а. Ловзаргахь тхьамдин метта а, пхьоьханахь баьччин метта а хиъна хила везаш вара уьш дIакхаьчначохь воккхахволу Халид, амма и ший а меттиг дов даьккхина йохо езаш а яра цара. Дукха меттигаш йогIура уьш цигахь буй хиъча, ловзарга а я пхьоьхана а нах ца богIуш: ца лаара цхьанна а цаьрца и дов-тIом лело. Цуьнсовнаха, цкъа а цу кхаа вешица дов тасаделла волу стаг кхин и ца хедаш, ца торручу юьхьIаьржонна кIел воьдура. Уьш реза боцучу цIенна я къола дина, я тешнабехк бина, я Iедал коча деана цхьа сингаттам кочабан безаш бара. Цундела чIогIа ларлора царах ламанхой.

ЦІеххьана кІирвелла, шен вешин бІаьра хьаьжна, корта а ластийна:

– Хьажахь, цІа ца вогІуш леларг? Моьттур дац цахуучунна а хІара Хайбар-гІала яккха кечам беш хьийза, хІокху дорцехула ара а ваьлла? Вахча а, шен хеннахь цІаван мегар дац, хІара са а ца гатдойтуш? – элира Висарга.

– Дера хІета! ХІун леладо, алахьа? ХІара и шен дукха хаар а дитина цІавеанехь, тоххарехь цу гІуллакхан цхьа йист яьккхина хир яр-кха вай. Тховсалерачул а къолаха даха а, чІирна кІелховша а аьтто болуш буьйса маца йогІур ю? – элира, дечу хІуманна сиха волчу Вахас.

– Делахь а, хьанна хаьа цо хІун леладо а? – элира Висарга. – Цхьана хІуманна аьтто баккха гІерташ ца лелча, иштта хьелур а хир вацара иза? Жимма сатухуш хир вайша, сатоьхначу салтичух эпсар хилла боху.

– Вайшиннан эпсаралла а хьаха ду къуйн къолашний, нахаца дечу девнашний тІехь чекхдолуш, – бохура Вахас. – Мичара, хІун аьтто баккха воллу те хІара? Эцца, туьканахь, хехь ю ша бохуш, цхьа суьйли ю хьийзаш, тоьхна и охьайилличахьана цу туьканах шена луъург дан мегар дар-кха тховсалерачу буьйсанна. Сан ден сара, юрт яккха бІо богІу аьлча а, тІехерцаш стигла хилча а, тІеетташ яккхий тоьпаш хилча а, Іаьлбиг-Хьаьжин цІен тІера стаг аравер ма вацара!

– И суьйли муьлхачу меттехь лаьтташ ву а, мичахьахула лелаш ву а, я дорцах къайлаваьллехь, мичхьа Іаш ву а хаа ца деза вайна? Цул совнаха, жІаьла а дац новкъара дІадаккха дезаш? Массо а хІума а цкъа теллиний, дуьстиний, дериний, юха шен хьесап диний бен деш дуй вайн?

– Тховса и суьйли лелаш вац-кха хьуна хІокху дорцехула. Тоххарехь цхьанхьа лечкъина, наб тоьттуш хир ду и вир.

– И дукха уггар а вониг. И вижна велахь а, лаьтташ, лелаш велахь а, вайна цо лелош дерг хаа деза-кха. Суна схьа-

кетарехь, цунна тIаьхьа ца кхиалуш, и мичхьа Iуьллу ца хууш, хьевелла-кха хьуна Халид а.

Ши ваша иштта къамелаш а деш, дагара а дуьйцуш Iаш волчу хенахь «у-у-у» аьлла, кIотаран цхьана маьIIехь жIаьла уьгIира.

Хьалха угIуш хиллачу жIаьлина дуьхьала кIотаран кхечу маьIIера кхин цхьаъ уьгIира, ткъа кхечу маьIIера кхиндерг летира. Йол-йолуш алсамъяла йолаелира кIотарахь летачу жIаьлийн гIовгIа.

– ХIинца-м вайн кIотарна герга деана экха хааделлехь а, я цIа вогIуш Халид тосавеллехь а, цхьана хIуманна-м лета хьуна уьш, чIогIа алсамъяьлла церан гIовгIа, – элира Висарга.

Ши ваша иштта Iачу хенахь летачу жIаьлийн гIовгIа хIокхеран цIенна гергатеIа йолаелира, цул тIаьхьа дукха хин ялале учахь цхьамма мачашна тIера лош дIадохуш когаш охьатухуш а хааделира. ТIаккха мелаша неI дIа а йиллина:

– Дадала-кха хьо тховсалерачу буьйсанан, ма чан туьйтуш а ю! – Мекхех охьакхозуш шелонна бина шаш а болуш, туьрах коча оьллина кхозуш топ а йолуш, веана чоьхьавелира Iаьлбиг-Хьаьжин туьканах бIаьрг тоха вахана волу обарг Халид. Ший а ваша а, хьалагIаьттина дуьхьал а хьаьдда, гIо дан хIоьттира, тIера хIумнаш дIаяха гIерташ волучу шайн воккхахволчу вешина.

– ХIун деш ву шуьша, сагатдин аьшимма? ТIетаьIIина келаш дассош къахьоьгуш хилла моьтту суна ший а? – хаьттира Халида.

– Дера са а ма гатди охашимма-м. Ца гатдича долий, хIокху дорцехула хьо вахна хьийзаш хилча?

– Хье хIунда вели хьо?

– Хьевелир-кха, – Висарган бIаьра хьаьжира Халид. – Воьдуш йинарг чот яц, вогIуш йинарг бен, кIант! – аьлла,

шен шелделла куьйгаш вовшах а хьакххийна, меллаша ийзош мекхашна тlера шаш дlабаха волавелира иза. Цул тlаьхьа:

– Охьаботтал буззе цхьа кад, соьгахь-м багахь вистхилан мотт а бац. МаьркIажан бода чIагIбелчахьана цу хьоьккхучу дорцехь арахь ву-кха со. ХIара-м доккха Iаламат хилла а ца Iа! – элира цо.

Вахначу Вахас кад буьззина малар охьа а доьттина, тIе мала хи а деана, ший а кад дIакховдийра Халиде. Яй чуьра яьккхина мIеран буьххье йоьллина йовха жижиган талх а яхьаш схьавеана, и стоьл тIе охьа а тесна, шен ма-хуьллу тIекхалла саьрамсекхан церган цIанъян хIоьттира Висарг.

– Ашшимма молий? – хаьттира Халида.

– Тхойшингахь-м сихо яц, ахьа шолгIаниг молуш мер бу охашимма.

– Вай молуш Iен йиш яц шуна, сиха даха деза, охьаботтал кхин цхьацца кад а, – элира Халида. – Арахь дукха шийла ю шуьшинна, ша да вийна мостагI воьду бахахь а, стаг ара вер воцуш.

– ГIуллакх иштта чIогIа делахь-м, Халид, ахьа ма-баххара, кхин цхьацца кад новкъа ца баккхахь девр дац вай, – аьлла, Вахас, чептар раз а яьккхина, маларх хьалабуьзира кедаш.

– Ва Халид, хьо хье хIунда вели-м ма ца дуьйцу ахьа? – аьлла, хаьттира Висарга.

– ХIан, и шуьшинга дIадийца дагахь варий со-м, хIара шелваларрий, маларрий хьалха а даьлла вицвели-кх. Со, воьддушехь, Iайбецойн юьртда Iена волчу ма ваха, дагавала дагахь. Кхузахь кхин цхьа хIума а гучудели.

– ХIун? – цхьаьний хаьттира шина вашас.

– Селхана Iаьлбиг-Хьаьжин муьжгийн махка йоххан хIумнаш ян вахна волу кIант а ма кхаьчна цIа. Цо дийцарехь, тускарш чохь дашо хIумнаш еана цо йохка, уьш тховса оцу туькана чохь а ду боху. Цул совнаха, вайн нохчийн

махкахь хІинццалц гина а, хилла а доцучух дукха хаза, башха кІади а деана боху. И ерриге а чалх хьалаеана цо ихса говраний, бІарзаний тІехь. Іаламат дукха хаза хІуманаш еана боху. Хетарехь, тховса вайн говрашна бахьа алссам мохь болу таро ю-кха, – элира Халида. – Амма кхузахь со реза воцуш кхин ду-кха.

– ХІун ду и, ва Халид? – хаьттира шина вашас.

– Дера ду вайна ца оьшу кхин цхьа декъашхо а тІекхетар. Стенна оьшура и теш вайна?

– Мила ву и? И хІун декъашхо ву? – са ца тохалуш, хаьттира шина вашас.

– ХІинццалц вай диначу къолана декъа вогІуш юьртда Іеший, къеда волу Манакий шиъ бен ца хиллехь, ткъа хІинна? ХІинца пурстоп волу Сирмекх а тІекхетта вайна.

– И бохург хІун ду? Там бара цара вайна цхьа тешнабехк бан? – аьлла, ша Іачуьра хьалаайавелира Висарг.

– И бохург ду-кха и, Висарг. Делахь а, тешнабехк а бийрг хир бац цара, баьхьар бац уьш вайца дов-тІом лело. Стигланий, латтий мел лаьтта, дуьсур дацара царна вайна дина дош. Тешнабехк бохург-м дага даийта а ца оьшу. Гой хьуна, теттина оццул долу деши а, кІади а эцна вай дІадахча, Іелан а Іийр дуй тІаьхьа ца долуш. Пурстоп вайца бертахь хилларх хІун зен дер ду вайна?

– Зен-м ца дала а мегара цунах, ткъа дакъош муха де боху хІокхара? – хаьттира Вахас.

– Дера боху шайна кхаанна а, вайна кхаанна а нийсса ших ликъа де. ХІун эр ду а ца хиъна, кхин царна билггал долу дош ца луш, шуьшшиннах дагавала лиъна, схьавеара со.

– Ээ-с, и ду чІогІа хІума! Іункар латта хІунда ца элира баьй? – элира Висарга. – ХІокхарна шаьш дорцан буьйсанна бийшина а Іохкуш, стиглара дешийх дуьзна галеш а кІалин таппан а чуьлхар лаьа. Иштта а-м хир дац хьу-

на иза. Вехь вайха воь, лацахь а вай лоцу, такхахь а вай токху, ткъа хIорш? ХIорш шайн чохь бийшина Iохкур бу, вайх бела а боьлуш.

– Хьуна муха хилар лаьа? – хььттира Халида. – Массаьрга а дийцина, ваьшна хетарг аьлла а къастор ду-кха вай, амма царна а дакъа ца дича-м ца долу шуна, вай ги а доьхкина леларш уьш бац?

– Вай ваьшка дахьалуш долу деши а, кIади а дIахьур ду, ткъа юьртда волчу Iенина а, къеда волчу Манакина а, дIо шен кIоштахь Iаш волчу пурстоьпана а хIун хаьа вай мел хIун яьхьна? Дийр ду-кха тIаккха царна а дакъа, вешан тароне а, лааме а хьаьжжина, амма цара ма-бохху бухара а, тIера нисдина-м дийр дац, – элира Висарга.

– Вай мел хIун яьхьна-м дера хуур дара царна кхана сатасале, – элира Вахас. Анаюх серла а ялале гIур ву хьуна Iаьлбиг-Хьаьжа юьртда волчу а, пурстоп волчу а хIара деши а, хIарра кIади а даьхьна шен, Iедале орца а даккха, гIо а де шена аьлла. ТIаккха шайна кхочудолчун чот тухур ю-кха цара а, бакъдерг и ма ду хьуна.

– Делахь, ладогIал шимма а, – элира Халида. Туьканна хьалха лаьттачу такхорах воьлла воллуш хехо ву. ЖIаьла туьканна хьалха тоьхначу шина бIогIамна тIерачу сераца кочара зIенаца лелаш ду. Тхов тIера дIакхевдича, карайогIур йолуш ю и зIе. Хьо, Ваха, туькана тIехьахула хехочунна гергагIур ву. Хьо, Висарг, тхов тIе а ваьлла жIаьла лардеш хир ву. ХIокхо хичаш а йина, жIаьла лахахьа охьа ма-хьаьдда, зIе схьа а лаьцна, «гIалх» ца алийта хьала а айина, бIогIамах дIахьарчор ю ахьа. Цу хенахь ахьа, Ваха, гIовгIа ца яйта бат а лаций, хехо новкъара дIаваккха. Цул тIаьхьа аса буру а хьийзош, катоьхна корийн гIорийн гонаш охкур ду. Хьо, Ваха, хьайн гIуллакх дина ваьлча, некъ ларбан хIотта. Ахьа, Висарг, Iаьлбиг-Хьажин неI ларъе, деший, кIадий ара аса тосур ду шуна. Амма ир-бир аьлла,

новкъахь а, неIарехь а шайна хьалха хIоьттинчунна топ тухур ю аша. Юха ваьш дIадаханчу новкъахула догIу шуна вай. Кхийтин шуьша?

Юьхьанца сирлачу чуьра аралилхинчу обаргаша беш болу некъ, гуш хIума доцуш, дуьххьал дIа Iамарехь, билгала бохуш бора. Ткъа и некъаш дан Iеминчу говраша а ца бовлуьйтура уьш гал. Амма хIорш ахкичу охьабевлча, генна тIаьхьадисира хIинццалц леташ, говрийн когаш кIел лелхаш, тIаьхьаоьхуш хилла долу кIотархойн месала жIаьлеш. Бул-булуш боданах буьйлира бIаьргаш а. Дарцо бердийн шина а агIор чудеттачу лайлахь дика къастара хIорш хьалабахабезачу Кула хин мокха тача.

ДIахьаьжча дика шена туька гур йоллучохь шен говр сацийра хьалхаваьлла воьдучу Халида. ТIаккха гондахьа а хьаьжна, лерг диллина шина а агIор некъе а, юьрте а ла а доьгIна, меллаша говрара охьавоьссира иза. Шайн ваша говрара ма-воьсси хиира Вахиний, Висаргний гондахьа а, и новкъахь а гуш-хезаш хIума доций а, шаьшшима шайна тIедиллина долу гIуллакх сихонца кхочушдан дезий а. Говраш тIера охьа а иккхина, гондахьа хьаьжна ла а доьгIна, хьаьдда вахна туьканна тIехьавелира и шиъ. Цул тIаьхьа, некъ ларбеш латтачу Халидан бIаьрг кхийтира, виълар а хIоьттина, туькан тхов тIехула хьаьдда воьдучу Висаргах. «БисмиллахIи рохьмани рохьим, дIадолор-кха вай хIара!» – аьлла, шен тоьпа чу патарма бахийтира цо. Хьуьлла Вахас хичаш йина долу жIаьла цкъа «гIалх» а аьлла, туькан вукку маьIIе хьодуш а гира цунна. Амма иза дукха хан ялале, кхин лата ца кхиош, лаьттара хьала а айаделла, туьканна хьалхарчу бIогIамах кхаза дисира.

— ЭхIей, хьайт, хьайт! Схьалаца, Тула! Схьалац! Хьо мила ву карти хьийзариг? – аьлла, цкъа мохь а тоьхна, йоккхачу кетарх а хьаьрчина, юьхь тIе деттачу дорцана дуьхьала куьг а лоьцуш, схьаволавелира хехо. Хьалакхозучу шен

жӀаьлех бӀаьрг кхетта, цунна хӀун хилла а, я шена гург гӀенах ду, я самах ду ца хууш, сацавелира иза. ТӀаккха жӀаьла долчу агӀор дӀаволавелира. Амма масех ког а баккхале иза, бат а лаьцна, хьарчийна кӀелваьхьира Вахин ондийчу меженаша. Ваха тӀера схьаваьллачул тӀаьхьа, цкъа керчина тӀекӀел а ваьлла, хьаьрччина горг а велла, юха дегӀ малдина нисвелла, массо а ханна дӀатийра иза. Некъ ларбан хьаьдира Ваха, неӀ ларъян вахара Висарг. Туька яста хӀоьттира Халид. Гобаьккхина буру хьийзийна туькан кор къевлина болу гӀуй малбина, озийна схьа а баьккхина, и схьадиллина чоьхьа а ваьлла, куьйгаш хьоьккхуш туьканна чухула ида волавелира иза. Уггар а хьалха лехна аратекхо долийра цо дашо хӀумнаш чохь йолу тускарш. Говрашна тӀера охьа ма-даххара, схьа а дастаза, къевлина долу машшаш а тӀехь хиллера уьш.

Къола дан баханчуьра цӀабогӀуш болу вежарий кӀотара дӀакхочуш, сахила герга дахнера. Кхаа вашас схонца, говрашна тӀера охьа а воьссина, хьаьдда вахна божал чуьра гӀараш а, зӀокбергаш а, белаш а ара а яьхна, шайн цӀийнна тӀехьа а ваьлла, къола къайладаккха долийра.

– Ванах, шу ма чӀогӀа лела тховса, лаа лелий шу? – аьлла, йистхилира Халидан зуда, Ӏабин йиша, Асила.

– Тпуй, Делан неӀалат хуьлда хьан оцу боьхачу саврана. Массо а хӀуманан бала кхача беза-кха хьоьга? Хьада, яло, чугӀуо, – аьлла, вон бага тоьхна, чуэккхийра иза Халида.

– ХӀуммаъ дац хӀара-м, Асила, хӀокхо хьайга сел вон аларна оьгӀаз а ца йоьдуш чу гӀуо, тхо-м тхешан цхьа гӀуллакх деш дохкура, са ма гатде ахьа, – аьлла, чуйоьдучу цунна тӀаьхьа вистхилира Висарг.

Кхо ваша ор даьккхина а, къола цу чу дӀадерзийна а волуш дикка сахиллера. Хьалха сел ирча хьоькхуш хилла болу мох а лахбеллера, ло а догӀура кӀезгаха.

# ДОРЦАН БУЬЙСА

Iумар дIавахначул тIаьхьа хьеший а, чуьрнаш а бийший-та дагахь, катоьхна меттанаш дохкуш хьаьвзира Малика. Амма, сарралц некъ бина гIелъелла елахь а, иштта сиха шабарна йижа дагахь яцара Амина. ЧIогIа тамашийна хета-ра цунна, дуьххьара ша лам чу еъча, сел ирча нисъелла йолу дорцан буьйса. Цунна моттадаларехь лам чохь хIора буьйса а йогIура иштта. «Деллахь, тховса хIокху лохачу, ирчачу чохь, хIокху угIучу дорцан эшаре ла а доьгIуш, буьй-са яккха дезар ду те сан? Гобаьккхина Iохку лаьмнаш, цар-на тIехь мохо ирча ловзош лекхайо Iаьржа букара хьан-наш, мацалла дарделла экха санна, дог дууш, дегIах ира мIараш туьйсуш, кора хьалхахула кхерста лайн дарц. Юрт ша а ю, пенах латийна чIегIардиган бен санна, ламанан басах летта йоллуш. Лулахой а бу генахь Iаш, цхьаъ лакха-хьа тIехь, важа дIо генахь бухахь».

Иштта шен цхьацца ойланаш а еш Iаш йолчу Аминина Iумар веара дага. «Хьажахь, ма чIогIа тера а вар-кха иза Iабех, – бохура цо ша-шега. – Лер а, вистхилар а, болар а, куц а, дегI а – дерриг а Iабин санна дар-кха цуьнан. Ткъа бIаьргаш? БIаьргаш-м Iабин санна тийна, кIоргий, оьгIазе дацара. Iумара хIума схьаалале хуур дара цуьнан бIаьра хьаьжначунна и хIун ала гIерта. Амалшна а, дукхах дол-чунна, цхьатера хетахь а, къамелана бес-бесара ву и шиъ. Iабис къамел кIезиг до, дукхаха ладоьгIу».

Хала дара тийна ладоьгIуш Iаш волчу Iабин дагах а, ойланах а кхета. Ткъа Iумар даима къежна а, стеннах а са-мукъадолуш, къамел дукха деш а вара. Къаьсттина гучу-долура и чIогIа бегаш беш а, нахах дIаийна а, адам дукха-деш а хилар. Хаалуш цхьа ша-тайпа, къаьсттина чIогIа безам бара цуьнан Iабега а, цуьнан гергарчаьрга а. И хаа-

лора цо Мелиматаца а, Маликица а дечу къамелехь. Iабин нана Мелимат а, иштта цуьнан несарий а, Iумаран и амалш хууш, и шайна везийла хоуьйтуш, чIогIа бехкен хуьлий гондахьа хьийзаш хуьлура цунна.

«Тамашийна нах бу, чIогIа тамашийна!» – аьлла, шен дагахь и сацам а бина, лаьтта хьажначу Аминас:

– Вай! – аьлла, лаьттара бовдийра шен когаш.

– Вай, хьо ма яха еха, хIа-хIан, ма яха! И хIун ду, ва Амина, ахьа тховса лелош дерг! Хьуна хIун до цу цIокано? – аьлла, Зезаг лен елира, ткъа Iаба, куьйгаш вовшахтоьхна, велавелира Аминин кхераялархь.

– Вай-кх, хIун де аса? Дукха ирча ю иза, Iаба, кхоьру со цунах.

– ВаллахIи, Амина, кхин-м ца кхерайо хьуна хIокхо хьо, шена мел дукха лаахь а, – аьлла, цIенкъара цIока хьарча а йина, маьнги кIел тесира Iабас.

– Iаба, хьо дика а варий, оццул хьуо дIатохавелчуьра, оцу маьнги кIел а ца тосуш, дехьачу хьой, цхьанхьа къайлаяккхий, дIалачкъаехьа иза, – аьлла, елаелира Амина. Iаба, ша маьнги кIел тесна йолу цIока схьа а эцна, дехьачу велира.

– Ув-вай-кх, хIара дарц а ма дац тховса кхин тен туьгуш! Вайша лам чу яллалц бохуш Iаш хилла хIара-м, кхин карзахдала хьалха шен хан ца хилча санна. ХIокхо хIун леладо, ванах, тховса? – элира Аминас.

– Ва Iаба, схьаволахьа тхо долчу а, тховса ма чIогIа езаели хьуна и хьайн ненан хIусам. ХIинццалца со хьалаеъча-м кочара дIа ца волуш хьийзаш ма хуьлура хьо, тховса хIун хилла вайна? – аьлла, кхайкхира Зезаг.

– ХIан, хIун бах ахьа, Зезаг? Со-м шуьшинна йолчу паргIатонна дехьачу ма гIертара, кху чу ван ца лууш а, къамел дан ца лууш а ма вацара, – аьлла, чувеара Iаба.

– Хьо воккха хила мел вуьйли а, хераволучух тера ма хета суна, ва Iаба – аьлла, елаелира Зезаг.

– Цкъа а йоккха хир йолуш яц-кха хьо, даима а соьца и берийн ловзарш лелош. Аминех эхь а ца хета хьуна-м. Вайшиъ долчохь лелош дерг мич-мичхьа а лелон деза моьтту хьуна? – бохура дуьхьал а вирзина Іабас.

– Хьажахь, хьажахь, хIокхо соьга дуьйцучуьнга? Хьуна хезий и, ва Амина? Суна долчунна хьо цкъа а хир вац хьуш воккха. Аса хьайна йиттина дагадогIий хьуна? Хьо кхин тIехвалахь, аса хIетахь динарг гIена гIан деш, бишка узур ду хьуна, – аьлла, пIелг ластийра Зезага.

– ХIара хIинца йолаелла-кх, – элира Іабас.

– Дера хаац суна-м хIара хIун ду а. ХIинццалц со лам чу сьча, пондар лоькхуш, илли олуш, хелха волуш, цхьацца бегаш беш, со йижа ца юьтуш, хьийзаш хуьлура хIара. Ткъа тховса? Тховса-м чIогIа Делан малик хилла, тийна Іаш ву, тIемаш девлла стигала ма валахьара. Ткъа ахьа лелориг а ду, Амина, чIогIа тамашийна хIума-м. Хьалха стеннах а самукъадолуш, елаелла, забарш еш хуьлуш хилла йолу хьо тховса тапп-аьлла тийна Іа. КIордийна суна, ловзарга баьхкинчу гIалгIайн санна, шуьшиннан къийладалар. Тховса дийна йоллушехь со жоьжахати чуйолла гIерташ ма доллу шуьшиъ-м, – лен елира Зезаг.

– Хьо шек ма хила хьо, Амина, – элира чуеанчу Маликас, – хIара йоI хIокху лаьмнашка хьалаяьллачу минотехь и дов-тIом кху чохь хила дезаш ду-кха хьуна. И сирла са схьахиллалц охьадуьжур дацара хIара шиъ, ловзаршший, бегашший кху чохь латтош. Кхушинна дага ца догIуш а, хIокху шимма ца дуьйцуш а хIума диса йиш яцара. ХIинца тховса хьо тIе а кхетта, гIуллакх гуттар а чIогIа толур долчух тера ду шун. ЙоI, хезий хьуна? Дехьачуьра бераш а ду доьлхуш меттахдуьйлуш, чохь вижначунна шен моха тIеягIахь, хIокху юьртах а чам бойур бу сан цо. Аса меттанаш а охьадеххкина шуна, шайна гIовгIанаш ян кIордийчахьаш, охьадуьйшур ду-кха шу. Нана а тоххарехь йижна, наб еш Іуьллуш ю, – аьлла, Малика араелира.

Пондар а карахь схьавеана Iаба охьа а хиъна, пхенех пIелг а туьйсуш, пондаран эгIаза лергаш хьийзо волавелира. Пондар тобеллачул тIаьхьа масех самукъане йиш лекхира.

– Iаба, лаьцна Сибреха вахийтинчу стага даькхина илли алахьа вайна, и ма хаза дара, – элира Зезага.

– Муьлха бах ахьа?– хаьттира вукхо.

– Суна дика дага а дера ца догIу и-м, гена махкахь ша дIавалахь, и дIакхачор весет ду шен, бохуш дар-кха и. ДагадогIий хьуна?

– ДогIу. И илли пхьар Iабдуллина хаьа дика, Сибреха хан тоьхна стаг ву и. Цо олуш хезна-кха суна а.

– Ахьа а ма олура и-м, дукха хаза а олуш. Дага ца догIу хьуна, вайгахь Iумар а волуш, айхьа и баьхна? ТIаьхьара олуш Iумар а вара.

– Эс-с, Зезаг, цу тIехь-м еги хьуна хьо! Хьуна чIогIа дагадогIуш а хилла-кха хьуна! Хьалхара олуш Iумар вара, аса тIаьхьара олура. Суна цунах наг-наггахь йолу байташ бен хаа а ма ца хаьа.

– Иштта дара и, ва Iаба?

– Дера дара!

– Алахь, Iаба, аса а ладугIур дара. Суна ма хазахета моьттахь илли олуш, – дийхира Аминас а.

– Ашшимма иштта чIогIа дехча-м, ца аьлча а вер вац со, – аьлла, Iаба гIийла узам бан волавелира:

«ДегIехь лазар сов мел дуьйлу,
Сема хьекъал дIа ма дуьйлу,
Кийрахь болчу кху балина
Сирла бIаьргаш кхола дуьйли.

Суо валарна-м ца воьлхий со,
Вицваларна-м ца кхоьрий со,
Ца вицлун берш кегий ма бу,
Хьоме Даймохк гена ма бу.

Хир ду техьа доруш киса,
Юьхь тIехь нисбеш кIеда бамба,
Дакъа нисдеш, шийла мохь беш,
Гондахь хьийзаш безаш мел берш?

Кисин марчо дорур ма дац,
Юьхь тIе бамба буьллур ма бац,
Дера куьйгаш дегIах тоьхна,
Со лахьти чу тосур ма ву.

Винчу махкахь ойла ю сан,
Нийсархошка безам бу сан,
Гена махкахь суо дIавалахь,
И дIакхачор весет ду сан.

Могаш волуш аьлла йоцчу,
КIелвисчий бен эр а йоцчу,
Ас аьллачу кху байташна
Бехк цабиллар ас ма доьху!» –

аьлла, илли чекх а даьккхина, Iабас пондар сацийча, наггахь доккха са а доккхуш, Iаш яра Аминий, Зезаггий.

– «ХунтI» баха йолаелла шуьшиъ? Шуьшиъ иштта лела йолалахь, аса кхин пондар а локхур бац я илли а эр дац.

– ХIуи дийр ду ткъа, ва Iаба, – элира, шен бIаьргех куьйгаш а хьаькхна, Зезага, – Мел сатоха йоьлча аса ца тохалуш, шаьш охьаоьху-кх суна бIаьргех хиш.

– ХIуп ду а хаац суна, тховса янне а наб ца йогIу-кха суна. Хьажахь, цIахь елахьара тоххарехь йижина хир яра хьуна тхойша.

– Деллахь, тховса а йижахьара шуьша, со а ца хьийзош. Суна пондар лакха я илли ала а ца хаара.

– Эс, хIинца дукха ваз ца луш, лакхал и, хьоьга дехаре йиккхита нах бац хьуна тхан. Iаба, и «Лечан кIорни» боху илли алахь. Амина, мел хаза ду хаьий хьуна и илли?

– Хуур ду-кха Iабас алахь.

– Деллахь, хIинца аишимма аьлча, муха хир дара те? Ма дукха хан ю-кха суна мехкарша эшарш локхуш хазанза. Шуьшиннан корматалле хьовса вай?

– Зудаберашна мерза-пондар лакха ма ца хаьа, ва Iаба, тIаьхьа балош пондар ца хилча, йиш муха локхур ю? – аьлла, елаелира Амина. – Ахьа илли алахьа, хьуна ала а хаара, хьоьгахь пондар а бара.

– Ма этIадехьа, Iаба, сан дог, – резайоцуш йистхилира Зезаг. – Даима а вазлуш Iедал ма ду хьан, дукха а ца луьйш лакхахьа.

– Валахьа, Iаба, – элира, Аминас а.

– ХIан, вала бохий ахьа, Амина? Ахьа вала аьлча, ца ваьлча вер вац со, бакъо яц сан. Хьешо аьлларг ца дича, ма ца волу хIусамда. Вер вара, вайн дика дай бийшинчу кошор! Орс-с-тох! Тох-вай! Орстох-вай! – аьлла, хьала а иккхина, ша-шена пондар а локхуш, бохь бугIуш хелхахьаьвзира Iаба. – Орстох! Орс-с-тох-тох-вай! Орс-с-тох-вай! ХьалагIатта цхьаъ, хелхаяла соьца, шаьшшина тIера сир дожарна-м ца кхоьру шуьша? Йолало чехка! – бохура цо цу шинга.

– Ва Iаба, и ца бохура охашимма, иштта ца бохура, – бохуш, мохь беттара Зезага. – Хезий хьуна? Хьоьга хелхавала ма ца боху, илли ала ма боху, и а дитий, валахьа!

– ТIетаьIIина волуш а ву, вер волуш а ву. Кхин а чIогIа вала бохий аишимма? Хьажал цкъа ший а, чуьраваьлча-м виталаш, со къемат-де деш ву хелхарх-м, – аьлла, тасавелла гIанта тIе а ваьлла, бохь буьйгIира цо.

ТIаьххьаре а, хелхавуьйлучуьра саца а сецна, охьахиира Iаба. – Аша бохург ца дича а вер вац со, – аьлла, лергаш хьовзийна, пхенех пIелг тесна пондар а тобина, Iабас лоххха илли долийра:

Дарцо мохь беттачу,
Мохо ткъес деттачу,
Ша мохо лоькхучу,
Экханах цIийзачу,
Башламан баххьашца,
Мокхазчу бердашца,
МIаращца бихкинчу,
ЗIакарца тобинчу,
Ховхачу цу бенахь,
Дерзечу цу дийнахь,
Ша бенахь ва хебна,
ГIайгIане ва хилла,
Дилхира ма боху
Лечанан и кIорни.
«Раббана, сан Дела,
Кхоьллина хилла те,
Ахьа со дуьненчу
Харцонаш йовзийта?
Ховха чо божале,
ТIам стиглахь кхарстале,
Хьомечу дех-ненах,
Йиш-вешех хьегийта?
Ижуна кхерстачохь
Сан дада вожий ахь,
Мошанна толлучохь
Нана а йожий ахь,
Дуьненах хьаьгначохь
Сан ваша вожий ахь,
Иччархойн герзашца
Йиша а ягий ахь.
Ма байлахь ю-кха со
Шийлачу кху бенахь,
ХIун гIуда дара хьан
Жималлехь сох тоха?»
Ва лайлахI ялалай,
ЯлайлахI валайлай!
«Ас хьажойн сийлахь цIа
Дагийна хилла те?
Цунна тIе боьду некъ

Бохийна хилла те?
Буо-берийн рицкъаца
Со кхобуш хилла те?
Ахь дечу ниIматийн
Сий ца деш хилла те?
Ма жимчохь яьккхи-кх ахь
Хьомечу сайн ненах,
Ма хьегош йити-кх ахь
Хьомечу сайн дадех,
Ма хьегош йити-кх ахь
Сох хьоме йиш-ваша,
ХIун гIуда дара сох
Хьан, везан Дела?»
ЯлайлахI валалай,
Ва лайлахI ялалай
ЯлайлахI ва лалай,
Ва лайлахI ялалай!
«Сан хьоме ва нана
Ша соьца ва елахь,
Цо йохйийр ярий со-м,
Ховха тIам тIетесна.
Сан хьоме ва дада,
Ша дийна ва велахь,
Цо-м юзор ярий со,
Ижуна гIаьттина.
Сан хьоме ва ваша,
Ша дийна ва велахь,
Цо хьостур ярий со-м,
Сагатлуш йилхича,
Сан хьоме ва йиша,
Ша дийна ва елахь,
Цо оьцур барий сан
Кийрара и бала.
Шелоно ша бетташ,
Чехайо, къехкош шех,
Мархаша, мохь бетташ,
Маждо сан ховха дегI,
Мацалло ницкъ бина
Кхачийна зорха сан.

ДогIано дарбина
Букъ бууш йоьду хан!»
Ялайлахь ва лалай,
Ва лайлахI ялалай,
Ялайлахь ва лалай,
Ва лайлахI ялалай!
«Лечанах схьадаьлла
Со леча ду хьуна,
Кийрара садаллалц
Тоьллачех ду хьуна,
Со гIоттур ду хьуна,
Ховхачу тIемашца,
Со кхочур ду хьуна
Стигланан Iаьршашка.
Ас эшор ю хьуна
И дера мацалла,
Ас елхор ю хьуна
Декъашна Iожалла!» –
Ва аьлла бенара
ГIийла тIам ва тоьхна,
Айяла гIоьртира
Лечанан и кIорни.
Ховхачу тIемашкахь
Мох лаца ницкъ боцуш,
ТIемашна дола дан
Шен дегIехь де доцуш,
Сирлачу бIаьргаш чохь
Нур кхола ва доьлча,
Дилхира ма бах и
Лечанан ва кIорни:
«Раббана, сан Дела,
ХIинца ахь дIалолахь
Дерзана дера букъ,
Iожална мерза са/
Соьгара даккхалахь
Халонийн доккха дукъ,
Хьайн гIуда эцалахь
Массо а ханна дIа!» –
Ва аьлла бенара

Бердехьа ва текхна,
Дуьйжира ма бах и
Лечанан ва кIорни.
Ва лайлахI ялалай,
ЯлайлахI ва лалай,
Масане кIорни ду
Кху нана-Нохчийчохь,
Дех-ненах ва хьоьгуш,
Йиш-вешех ва хьоьгуш,
Iожаллин орцане
Хан йоцуш сатуьйсуш,
Еш йолчу гIелонна
Дан амал ва доцуш?
Ва лайлахI ялалай,
ЯлайлахI ва лалай,
Ва лайлахI ялалай,
ЯлайлахI ва лалай!

Илли аьлла вьллачу Iабас пондарца гIийла ладугIу йиш лакха йолийра. Амма Зезаггий, Аминий шаьшшиннан Iер ца хуьйцуш, «хунтI» бохуш, бIаьрхиш Iенош яра. Цу шиннан и белхамаш совцор бу-кха ша аьлла, чехка пондар а лекхна, ламанхойн забарен байташ йолийра цо.

МартантIе ваха воллу,
Гарна, гарна, гарна, гарна.
Со жеро лаха воллу,
Гарна, гарна, гарна, гарна.
НеIар-мачаш юха воьлча,
Гарна, гарна, гарна, гарна,
Ши бахтар ца карий,
Гарна, гарна, гарна, гарна.

Ши бахтар дуьйцина,
Гарна, гарна, гарна, гарна,
НеIар-мачаш юьйхина,
Гарна, гарна, гарна, гарна,
Кетар тIеюха воьлча,

Гарна, гарна, гарна, гарна,
ТIехь ши пхьош ца карий,
Гарна, гарна, гарна, гарна.

Аьхнага лол тоьхна,
Гарна, гарна, гарна, гарна,
Шен ши пхьош тIетегна,
Гарна, гарна, гарна, гарна,
МаIа мокха вир хоьхкуш,
Гарна, гарна, гарна, гарна,
И новкъа ма вели,
Гарна, гарна, гарна, гарна.

ХIусам-дада хелхавала,
Гарна, гарна, гарна, гарна,
Дадин кIанта зурма лакха,
Гарна, гарна, гарна, гарна,
Хасболтан жерочуьнга,
Гарна, гарна, гарна, гарна,
Вай догIий хаийта,
Гарна, гарна, гарна, гарна.

Гарна, гарна, гарна, гарна,
Гадда-гадар, гад-дадар.
Гарна, гарна, гарна, гарна,
Хасболтан жерочуьнга,
Гадда-гадар, гаддадар,
Вай догIий хаийта.
Гарна, гарна, гарна, гарна, –

аьлла, пондаран пхенаш тIе куьг диллина, илли сацийра Iабас. Куьйгаш вовшах а тоьхна, гIадъяхна елаелира Амина.

– Ва Iаба, и хIун хьадар-гадар жеро яра ахьа вайна йиййинарг? – хьаьттира цо. – Ванах, и хIун неIар-мачаш, кетаран пхьош дара? И хIун илли ду хьан? И мичара Iамийна ахьа? – бохуш, йоьлура иза.

– Хьажахь, иштта хьайна самукъадаккха хууш хилча, вай хIунда Iедора ахьа хIара тезет а йиллина? – хьаьттира Аминас.

– ХIун дийр дара аса? Аша аьлларг до айса бохуш, хIара Iовдал корта лебеш, хара санна Iийхи-кх со а.

– Амина, хIокху ламанхойн газа а лачкъийна лаьцначу стагана олуш ма хаза забаре илли ду моьттахь, – йистхилира тийна Iаш йолу Зезаг а. – Iаба, хьуо оццул дIатохавеллачуьра и алахь тхойшинна, хIара белхамаш дIаберзабай, жимма делало вай?

– Ашшимма «хунтI» ца баьхчахьана, кхин дерг-м хала дацара, ладугIур-кха ашшимма цу иллига, – аьлла, пхенех пIелгаш тесна, пондаран лергаш а хьовзийна, Iабас шен илли долийра.

Мацаллина са кхачийча,
Хьогаллина бIаьрса дайча,
Элира боху нана яларо:
«Газан жижиг дагаоьху!»

Бода бохьуш буьйса еъча,
Шийла мохь беш дарц кхерстича,
Велира боху нана яларг
Шен стунвешин божлин берте.

Газан жижиг диъна ваьлча,
Йовха чорпа мелла ваьлча,
Элира боху нана яларо:
«ЦIе яьлла те кху дуьненах!»

Шийла мохь беш неI озийча,
Саражникан аз девзича,
Элира боху нана яларо:
«ЦIе яйинарг ша бу кийрахь!»

Пхийтта шо хан эцна вальча,
Дуьненах дог диллина вальча,
Элира боху нана яларо:
«Чкъург мел керча дlаяхийта!

Вай, сан сагатло алийша,
Вай, сан сахьийза алийша,
Со ступвешин божлин бертехь
Кхин хьийзар вац алийша,
Цlавахийта алийша.

Вай, сан сагатло алийша,
Вай, сан сахьийза алийша,
Саражнике газан жижиг
Кхин дуур дац алийша,
Цlавахийта алийша!

Iабас шен пондар сацийра.

– Деллахь, сел къахьегна, стунвешин газа а лачкъийна, сел дезаш цо диъна долу и жижиг ма марах даьккхина-кх цара цунна, – бохуш, йоьлура Амина.

## ДА ВОЦУ ТЕЗЕТ

ДӀатевжжинчохь, наб кхетта Іуьллура Іаба. «Везан Дела, хьо орцаха воьллахь! Орцаха волахьа цу воккхачу стагана!» – бохуш, гІенах кхойкхучохь самавелира иза. Буйнахь къуьйлуш, цкъа а дІа ца хеца санна, чІогІа лаьцна яра цо пондаран ворта.

– Іаба, ахьа хІун до, хьо хьаьнга орца дохуш ву? – лохха хаьттира Мелимата.

– Цхьа вон гІан гинера суна, ма дика ду-кха, Мели, и самаха доцуш. – дуьхьал вистхилира иза.

– ХІума дацара иза-м, охьавижа, – элира Мелимата.

– Гур ду-кха хьуна, кхана вайна цхьа халахета хІума хезаш.

– Хезар дац, Дала мукъалахь. Диканиг хир ду. ХІун гІан дара хьуна гинарг? – хаьттира Мелимата.

– Суо цхьана вочу ламанан новкъахула дІаоьхуш сурт хІуьтту суна. Сайна хьалха дІаоьхуш хета суна кІайн маж а йолуш, беркъа бедарш тІехь а йолуш цхьа воккхастаг. ТІаккха цІеххьана гал-гал ваьлла, цхьана лекхачу бердаха чуваха иза. И схьалаца дагахь тІекхеттера со, тІаккха, цуьнан коьртара куй сан буйнахь а буьсуш, и чуваха. Деллахь, ма холчохь вар-кха со. Сан дегІаца тоьхна хьацар хІинца а дІадалаза ду-кха.

– Диканиг хир ду, диканиг хир ду, Дала мукъалахь. ДІавижа, сахила герга а дахна вайна.

РагІу кІелахь «тІах, тІах» бохуш детта доладеллачу дагаро юха а самаваьккхира Іаба. Хьала а гІаьттина, вахна корера хІумнаш дІаса а оьзна арахьаьжначу цунна дечиг даккха гІерташ, тийсалуш йоллу Малика гира. Шена тІе хІума а юьйхина, ара а ваьлла:

– Яло, чугІо, дечиг аса доккхур ду, – аьлла, несера диг схьаийцира цо.

– Схьалохьа диг, хIара-м соьга а даккхалур дара, – элира Маликас.

– Дечиг даккхар зударийн гIуллакх а дац, – элира Iабас. – Са а хилла, дарц а тийна, массара а шен-шен декхарш кхочушдан ма деза вай. Яло, хьо чу а гIой, берашка хьажа, со дечиг а даьккхина, говр а Iалашйина дIавогIу хьуна, – аьлла, дечиг даккха́ и хIуттушехь, «тIах-тIах-тIах» – аьлла, масех топ елира. Iаба Маликин бIаьра хьажа а кхиале: «Ва орца дала! Ва, орца дала!» – бохуш, мохь хьекха болийра дехьа юрт йолчу юккъехь цхьамма.

– ХIара лаа дохуш орца ма дац, ядал, чуьрнаш гIовттабел катоххий! – аьлла, орцане хьаьдда волу Iаба:

– КIант, сан докъа тIехь воьлхийла хьо, хIинца аса аьлларг ца ден делахь! – аьлла, тIекхеттачу Маликас, гIодаюккъера схьа а лаьцна, сацийра.

– Ой, хьо хьеръяьлла я тилаелла – хIун леладо ахьа? Юьрта юкъахь орца дохуш мохь беш стаг лаьтташехь, кхузахь муха лаьттар ву со? – аьлла, дIа а теттина, вада вуьйлира Iаба.

– Хьайн Делаха волийла хьо, тахана аса аьлларг а ца деш цига гIон велахь! – аьлла, карара ца волуьйтуш, сацийра иза Маликас. – Хьо дукха сиха ву хIуманна. Хьан вуьйш вежарий цкъа арабовллалц собар де ахь, – бохуш, Iабина хьестаяла йолаелира Малика.

– ХIун гIовгIа ю ашшимма хIокху арахь яьккхинарг? Мила ву и орца дохуш тIом беш верг? – аьлла, воггIушехь дIатуьйсуш кетаран ветанаш а долуш, топ а буйнахь араиккхира Iабин воккхахволу ваша БайсагIур. Цул тIаьхьа, юкъах йоьхкуш шаьлтанаш а йолуш:

– И хIун орца ду хIинца дохург? – аьлла, чуьра аравелира Бетий, Жалий а.

– Деллахь ца хаьа тхуна-м, – элира Маликас, – оцу лаккхахьа, юрт йолчу юккъехь бу-кха и орца дохурш. ХIара кIант хIуманна сиха волу дела, собар де бохуш, хIара сецош ма

лаьттара со-м, хьанна хаьа, хIара цхьанхьа харцахьарчу девнна юккъе нислой а?

– БайсагIур, хьо хIун деш лаьтта? – йистхилира чуьра араяьлла йолу Мелимат. – Вало, сихха хиларг хIун ду хьа-жа, оьшуш хилахь, хIокхаьрга а дIакхойкхур хьо, амма шайн доцчу девнна юкъа ма гIерта-кха. Шу кхоъ, – элира цо шен жимахволчу кхаа кIанте, – шайн вешин хаам хил-лалц меттаха а вер вац шух цхьа а. Вало, БайсагIур, сихо ей, хьажий вола.

– Массо а валол чу, – элира Мелимата. Вай кхузахь гул-делла лаьтташ гича, хIун хилла цахуучарна и гIовгIа кху-захь ю моттадала а сахьт дац, дуьйлало чехка.

– Валохьа, Iаба, хьо тхоьца чуволахьа, – аьлла, шаьш чудахча и дIавахарна кхоьручу Зезагий, Аминассий чуви-гира иза. Шен говран дуьхьа цо сагатдийр дуй хуучу Ма-ликас, тIаьхьа а кхайкхина:

– КIант, говран Iуналла-м аса дийр ду хьуна, са ма гатде ахьа, шаьш бохург ца дича, вуьтур вац хьо цара, – элира.

– Хьалха хи а маладай бен, ма лолахь хIоъ, йол а сийна-ниг харжий йиллалахь, – бохуш, чуьра схьакхойкхура Iаба.

Чубаьхкина охьахевшина болу вежарий а, хьеший а, ур-аттalla Мелимат а, кхин вистхуьлуш стаг воцуш, вовшийн бIаьра ца хьовсуш, тапп-аьлла тийна Iара. Сел тийначу Ме-лиматан хIусамехь ма-дарра хезара арахь говран Iуналла деш хьийзачу Маликас ден татанаш. Эвлаюккъехь а, кхин дохуш орца доцуш, тапп-аьлла тийна дара. ХIора минот а яхъелла, хIун хилла ца хууш, ирча чекхйолура. Жимчохь дуьйна ша байлахь кхиочу доьзална даима а сагатдан Iеми-на йолу Мелимат а катоьхна ламаз дан хIоьттира. ЧIогIа сихъеллера иза ламаз тIехь Деле шен доьзал а, царна дика-ниг хилар а деха. ЧIогIа тешаш яра иза, шен кIентий Деле ша дечу дехарша Iалашбеш хиларх.

– Iаба, Iумар ву-кха вайга вогIуш, – элира, цIеххьана корах арахьаьжначу Зезага. Ткъесах къаьхкина акхарой

санна, парх-пирх-аьлла, хьала а лилхина, аралелха кийчча дIахIиттира вежарий, и БайсагIура схьадовла аьлла воуьйту-кх бохург дагадеана.

– Ассалам Iалайкум, Iуьйре дика хуьлда шун! – аьлла, неIар юххехь шен кӌтарна тIера лош дего волавелира Iумар.

– Ва Iалайкум салам, ахь хIун леладо, ва Iумар, БайсагIура-м ца ваийти хьо? ХIун боху цо? ХIун хилла цигахь, – аьлла, салам дIа а дерзош, вистхилира БайсагIурал жимахволу Iабин ваша Бета.

– ХIаъ, БайсагIура ваийтина со, – доцца жоп делира Iумара, шена дукха къамел дан цалаар хоуьйтуш.

– Ва Iумар, хIун ду оцу лакхаюккъехь хуьлуш дерг? – хьаьттира Мелимата.

– Хилларг хилла даьлла, – дог ца догIуш, халла вистхилла жоп делира Iумара.

– ХIун хилла дийца мегаш дац ткъа, стенна къийлало хьо? – хьаьттира Мелимата.

– Сийсара Iаьлбиг-Хьаьжин туька яьхьна, хьан яьхьна хуун а дац. Цунна орца дохуш хилла-кха уьш.

– Туька яьхьна бах ахь? Вийний-ваьккхиний стаг-м вац цигахь? Дала кхел йойла царна, Дала къайла ма йоккхийла церан иза! Йовссарш, хьакхарчий, куталийн Iаргаш! Шаьш дагалаьцнарг Дала къобал ма дойла церан! – бохуш, хьийзара Мелимат.

– Дера, Мели, Iаьлбиг-Хьаьжина доккха зен ма дина цара. Туька яхьар-м хIума дацара, – элира Iумара. – Цигахь хехь хилла волу и суьйли-миска вийна цара, и ду чIогIа юьртана а, нахана а халонга даьлларг. Дакъа чудаьхьи оха, чохь чIогIа шийла ю, я церан чохь цIе лато дечкан чIеш а бац. БайсагIура дукха чехка вайн стерчий а дожий, гIой Iабица дечиг дохьуш вола аьлла ваийтина со.

– Валол, делахь, ший а, ма Iел, ма Iел! Дала кхел е хIокхеран синошний, догIмашний! Дала баккхий ма бебойла

уьш шаьш лелочух а, дечух а! ХIун гуьнахь дара алахьа шен доьзалан бага ца якъаялийта гIерташ, нахана хе а вахна сискал йоккхуш воллучу цу мискан? – бохуш хьийзара Мелимат. – Малика, Маржан, – йистхилира иза шен несаршка, – кечлол ший а, чехка тезета гучудовла деза вай. Шина кIантана, чу яахIума а йиллий, пIаьлдиг кечбе.

Маликас шайна кечбина пIаьлдиг коча а тесна, стерчий салазашна дIа а доьжна, дечке ваха новкъавелира Iабий, Iумаррий.

Дарц тийна, малх хьажа гIерташ белахь а, де Iаламат шийла дара. Малх ша а, схьахьажа карх ца долучух терра, мокхачу мархийн кирхьанна тIехьара, йоьзан тас санна макхбелла схьакъедара. Салаз тIехь, Iа ца луш, шеллора когаш а. Шелонна кхин са а ца тохаделла, салаз тIера охьа а ваьлла, кхийсалуш когаш вовшах а бетташ, салазан гIоно даькккхинчу некъан тачана чухула волавелира Iаба. Цо дийриг деш, охьа а ваьлла, кхийсавала Iумар а волавелира. Ишттачу боларца хьуьна юккъе дIакхечира и шиъ.

Ший а дагарш а эцна, вахна дехьий-сехьий а ваьлла, хьун хьокхуш а, чешех цIанъеш а, салазашна герга тIекхоьхьуш а хьаьвзира. Тапп-аьлла тийна лаьттина йолу хьун а деттачу дагарша самаяьккхина генарчу ламанийн басешца екаш хезара. Болх дукха чехка барна, ший а доттагI хьацарх а вуьзна, хьуьхьвоьллера. Шинна а тIера гIуьттура Iаьнаран сийна дохк.

Иштта хIокху шимма болх беш делкъахан хилира, салазашна улло схьакхехьна йолу дечкаш а тоъал яра. Ткъа ший а катоьхна нисдеш шаьшшимма даькккхина дечиг салазашна тIенисдан волавелира.

Ший а салаз йоьттина ваьлча, пIаьлдиг схьа а эцна, хIума кхалла охьахиира и шиъ.

– Суна гуттар а новкъадеанарг хIун ду хаьий хьуна, Iаба? – вистхилира Iумар.

– Ца хаьа. ХӀун ду и?

– Сийсара тӀаьхьо дара иза. Арахь цхьа бежна Ӏаьхча санна хетта, тӀе хӀума а юьйхина араваьлла, со и Ӏаьлбиг-Хьаьжин туька йолчу хьалавели. ДӀахьаьжначу суна и вайн нуц волу Халид ги-кха, туьканах бӀаьрг бетташ, пурх топ коча а тесна лелаш. Оьзна говр а йолуш, хийла оцу новкъа-хула дӀасаволавели-кх иза. Генахь лаьтташ волу со ца гора цунна. Деллахь, хӀара церан зулам дуй те, бохуш, шек ву-кха хьуна со. Ӏуьйранна дуьйна а хьоьга дӀахьахо лууш а, ца лууш а хӀокху хене вели-кх со.

Ӏумаран и дешнаш хезна, Ӏаба, ши бӀаьрг а къарзийна, бага гӀаттийначохь висира. Шена и сел халонга даьлла нов-къадар Ӏумарна ма хаахьара аьлла хеташ волчу Ӏабас, хала къурд бина, доккха садаьккхира. Цул тӀаьхьа:

– И хила тарлуш хӀума ду-кха хьуна, Ӏумар, – элира. ОьгӀазваханчу цуьнан юхьа тӀера бос хийцабелира.

Ша аьлларг цунна мел новкъа деана хууш волу Ӏумар, кхин вист ца хуьлуш Ӏара: хаара цунна Ӏаба гӀийлачу стага-на хилла бохам лалуш воций. ЧӀогӀа дохковаьллера иза ша цуьнга и дӀахьахорна. Меллаша схьаэцна шаьшшинна хьалхара юург пӀаьлдиг чу а тесна, и галан тӀомах охьа а оьллина, шена тӀе хӀума а юьйхина, вахна стерчий дукъа дохка хӀоьттира иза. Ӏаба-м Ӏадийча санна шен еза ойла-наш еш вара. ТӀаккха вахна Ӏабин стерчий дӀа а доьжна:

– Волалой вайша, – аьлла, вистхилира Ӏумар. Ша Ӏач-чохь цӀеххьана таса а велла, дӀадоьжна лаьттачу стерчаш-ка а хьаьжна:

– Волало дера-кх, – ша тӀера охьатийсина йолу хӀум-наш юха тӀе а юьйхина, шен стерчийн доьхь а лаьцна, уьш дӀа а оьзна:

– Болало, хье! Хье, бишка! – аьлла, дӀагӀоьртира Ӏаба.

Дукъах дика доланза долу Ӏабин стерчий цкъацкъа ама-ле а довлий, салаз оззане а дӀа ца узуш, юхагӀерташ, дукъа-

ра довла гIерташ, вон лела довлура. ТIаккха уьш дукъара а дохий, Iумаран стерчий а тухий, хьалайоккхура цу шимма лайла яхна йолу салаз. Юьрта дIакхача гергавахначу хенахь, дIа ца узуш, вон лела девллачу Iабин стерчаша юха а теттина, харцийна, цхьана ор чу кхоьссира салаз. Салазо такхийна божийначу цхьана старо Iаламат вон лазош Iабин ког а хьаьшира. Юха и салаз хьалаяккха тIера дечиг охьатаса дийзира. ЧIогIа къахьийгира цу шимма и салаз оцу ор чуьра хьалаяьккхинчул тIаьхьа юха и дечкаш хьалайохуш а, уьш салаз тIе юттуш а. Лазийна волу Iаба ког баккхалуш а вацара халла бен, и яккхий, еза дечкаш шен текхо дийзира Iумаран.

...ТIаьхь-тIаьхьа чIогIа а лозуш, лазабаьллачу кого башха дукха вижна а ца Iиллийтира Iаба. Паднара тIе хьала а хиъна, и шен лозу ког а, ност а хьекхо волавелира иза, чуьрнаш шекбовларна а кхоьруш.

– Ахьа хIун до, ва кIант, хьо ма чIогIа гIийла ву? – шен кIанта лелочунна резайоцуш хьаттира, ламаз дина а яьлла, доIа дан дагахь куьйгаш хьала а айина Iачу Мелимата.

– ГIел а ца велла со-м, Мели, – дог ца догIуш вистхилира Iаба. – И ши сту дукъ дан Iемина а боцуш, вон лелаш, сецо гIерташ цу шиннах тийсавелла цхьа вон меженаш лозуш, жимма садоIур дар-кха аьлла агIорваьллера-кх.

Ларбеш ког нисбира Iабас.

– Вай-й, нана яла, сан кIант, хьан, хьо хьаха ца хилла сел гIелвелла, хьала ца гIатталуш, эрна Iаш. Хьажийтал цкъа нана, вай хьан яла хьайн нана! Хьажийтал цкъа, хIун дина те? – аьлла, яхна Iабех хьаьрчира Мелимат.

– КIант, хьажийтахь, хьажийтахь хIун дина хьан цу когана? – бохуш, сихъелла чоьхьа а яьлла, охьахиира Малика а. Цу шимма лелочух ца кхуьуш, баккъалла а цхьа доьхна хIума Iабина тIекхаьчна моьттуш, улло хилла, цуьнга хьоьжура Зеззаггий, Аминий а. Цара лелочуьнга а хьаьж-

на, резавоцуш корта а ластийна, кхин шен дан хIума цахиларна ши куьг вовшахтоьхна вела а велла:

– Деллахь, Іумар, ма дика болх ца би-кх ахьа вайшинна, хIара хьерабевлла нах суна коча теси-кх ахьа, – элира Іабас. – Суо цIакхаьччахьана а хIокхара хIара болх лелор буй хууш, сайна хилларг лечкъош, хала садетташ воллура со.

– Стаг дечке а воьду, цIа а вогIу, охьа а кхета, лаза а во, вала а ле. Иштттий бен хуьлий ткъа дуьненан кийрахь Іервахаран долу гIуллакх? Вайна хилларг хIун ду? Эцца кога тIера яьккхина чкъуран цуьрг! И ма доккха хIума ду! Хьайна сагатдан ца лаахь, хаза чуьра ара а ца волуьйтуш, куча кIел дIа а лачкъавай, вакха а веш, чохь Іеве, – элира Іумара йоьхна хьийзачу Мелимате.

– И хIун ду цо дуьйцург! ХIей! ХIей! – аьлла, баьхьна, Іумарна меркIел и шен лазийна ког Іоьттира Іабас. – ХIинца-м шарахь дийццал хIума даьллера хьуна. Аса, валлахIи, хIума тоьхна, ког лазийна охьавуьллур ма ву хьо!

– Со-м хьо санна и хьала а бахийтина, марш уьйзуш Іуьллур вац.

Цу хенахь тесахь довха хи а, кхийран кедахь керла мошадаьтта а дохьуш чуеара Бетин зуда Маржан.

– И хьайн, хьацаран боьха хьожа оьху ког, сан меркIела а ца Іуьттуш, хIинца хIокху теса хIоттабел цкъа, – аьлла, Іабига шен лазийна ког хи чу хIоттабайтира Іумара.

– Іумар, схьахьажал цкъа хьайн нана йолчу, – элира Мелимата.

– ХIун бах ахьа, Мели? – аьлла, дIахьаьжира Іумар.

– Деллахь, Іумар, бакъдерг дийцалахь, кхин зенехь хIума доцуш дIабоьрзур бу аьлла хетий хьуна Іабин ког?

– Деллахь, Мели, хета-кх. Эцца шен стеро хьаьшна жимма лазийна, кхин гуш а, гучудаьлла а зенехь хIума-м дац кхузахь. Ши-кхо де даладе ша ма-барра хир бу-кха хьуна и. Нагахь санна аса дина дарба хьуна кIезиг хе-

тахь, аса хIинца вахна вайн юьртан моллега а хоттур дукха хьуна.

– Деллахь, Iумар, ма дика ду-кха хьуна и дагадеана, – элира Мелимата. – Валохьа, нанинига, хаттий волахьа.

Iумар, ша хIинцца схьавогIу аьлла, моллега Iаби когана дарба хатта вахара.

Чуьрнаш цхьацца хабарш дуьйцуш Iачу хенахь чIогIа гIелвелла, корта а оллийна, техка а техкаш, гIийла чоьхьавелира Iумар.

Цо лелориг хIун ду ца хууш болу чуьрнаш а, гIуллакх лаа дац-кха аьлла, кхин цхьа а вист ца хуьлуш, дIатийра. Цхьаьнге вист а ца хуьлуш, дIа а ца хьожуш, лакхахьа хьалаваьлла Iабина улло охьахиира иза. Вела ца вала хала са детташ, дIа а вирзина балдех цергаш юьхкуш, шен ког лазабаьллачуха Iай-Iуй деш Iаба а вара. Кхин Iумар вист ца хилча, са а ца тохаделла:

– Ва Iумар, хIун боху моллас, кхечин хьо цунна тIе? – аьлла, хьаьттира Мелимата.

– Кхечи, – доцца жоп делира Iумара, шен гIелвалар кхин ца хуьйцуш.

– ХIун боху хIокхо ткъа?

– Дера боху гIуллакх дика дац, ког ца боьрзуш хьелур бу. ДаьIахк иккхина хиларан кхерам а бу, пхенаш хьаьвзина хила а тарло, ког чуьрабаьлла хила а сахьт дац боху, ткъа ког бестар-м гуттар а вон лери цо. Ког Iаржбала болабелла аьлла дIааьлча-м, гуттар а чIогIа чуьраваьллера иза, суна-м хаац, хIинца вай хIун дийр ду а, – аьлла, гIелвелла, корта а оллийна, гIайгIане хилла охьавахара Iумар. Цо сел говза и сурт хIотторах, ша узарш дечуха дIа а вирзина, воьлура Iаба.

– Хьо ма да адаме! Хьо ма гойла бусулбанна! ХIинца хIун дан деза? – бохуш, хьала а иккхина, йоьхна хьаьвзира Мелимат. – Кхин хIума дацара хьуна соьга кхачанза дис-

на. ХӀинца хӀара заьӀап висар доцург! Дича дарба ца хуьлуш цхьа а чов а, кагйина а, лазийна а меже а ма яцара, хӀун де боху хӀокхо? – юха а хаьттира Мелимата.

– Дарба хир дац а ма ца бохура цо-м, хӀара сихха воьрзу волу дарба а хьийхи. Цхьана кӀирнах ца верзахь, ша цхьа кхин дарба а хьоьхур ду аьлла, схьаваийти-кх цо со.

– ХӀун дарба ду и? ХӀун лело деза бохура цо, схьа хӀунда ца дуьйцу ахьа? – чуьраелира Мелимат.

– ХӀора дийнахь цхьацца москал а юьйш, и кхехкаш лаьтташехь тӀера схьаэцна даьтта жимма мал а долуьйтуш, и хьекха деза бохура настар тӀехула а, когана а. Керланиг бен, ширделларг мегар а дац бохура. Цул а дика хир ду бохура и чухьаькхча.

– Муха чухьаькхча?

– Кху чохь воллушехь, кхин ара а ца волуьйтуш.

– ХӀара ара а ваьккхина а хьакха гӀерташ-м стаг вацара, кхин хӀун дан деза боху хӀокхо?

Гуттар а узарш деш, чӀогӀа хала садеттара Ӏабас вела ца вала.

– Чутухург дика хилчахьана, тӀетухург шашах метта йогӀур ю бохура. Цо дийцарехь, муьлхха а чов ерза езаш юкха.

– И хӀун чутухург, тӀетухург ю? Со-м ца кхета ахьа дечу къамелах, жимма адаман амалехь вистхилахьа.

– Сих ма лол хьо, со дийцина валлалц ладогӀа, юкъа а ца гӀерташ. Тховса дуьйна дӀа хаддаза дууш москалан жижиг а хилийта бохура, цунна тӀемолуш йовха чорпа а, цӀийнна шура а хилийта бохура. Гуттар а дика хир ду бохура эхьанна кӀелахь цӀийолуьйтуш еттинчу сискалан бовха гуо баабахь. И дан ницкъ кхачахь, дуьйцийла йоцуш, бакъ ду бохура, Ӏаба, цхьана кӀирнах хьала а гӀаьттина, волалург хилар.

– И-и-й, и-м доккха хӀума дацара, и дича хӀара воьрзург хилча-м хӀун дара хьуна?

– Ялол, Малика, вайн божличуьра харжий, ерстинчех москал араяккхал. Іумар, ахьа аравалий, урс хьакхал цунна. Маржан, ялол ахьа сискал цІийел, – шен омра дира Мелимата чохь болчаьрга. Цо цІе мел яьккхинарг а шений-шений тІе мел диллина долу гІуллакх кхочушдан хьаьдира.

# ИШТТА ДОЛАЛО ДIА

КIира хан елира Iабинког лазийчахьана. ХIинца паргIат вола а лора, кого лозуш са а ца гатдора, делахь, а шегара хьал нене дIа ца хоуьйтуш, денна цхьацца москал-м йоьйтура цо Мелимате. Iумара Мелимат леяр чуьрчарна, хьовх, ерриге а Iайбеца юьртахула а чекхдаьллера. Юьртан пхьоьханахь а, сарахь гулбеллачохь а, ши стаг вовшах мел кхеттачохь а кхин дуьйцуш хIума ца хуьлура, Iумарий, Iабассий юуш йолу москалш бен.

Цу хиламах чIогIа самукъадаьлла, церан и дIа муха доьрзур ду те бохуш, боьлура юьртахой. Мелимат араяьлча, дуьхьалкхеттарг, цуьнан бIаьра а хьожий, велалора. И шех хIунда воьлу ца хууш, къаьхьа тIом бохьуш чуйогIура иза, цкъа чуьрнаш а бийлалой, дов марса долура. Iабассий, Iумарий лелориг цхьамма а Мелимате дIа ца олура, цуьнан сихалла хууш а, цо шина кIантана гIаж хьакхарна кхоьруш а. И шаьшшимма лелош болу гIурт цунна дIахаарна кхоьруш, лечкъош, вада кийчча Iаш Iабий, Iумаррий а вара, делахь а цунах лачкъа-м ца делира иза юьрте а.

Цхьана дийнахь Iуьйранна шен говрана хи мало вахна шовдан коьртехь лаьтташ Iумар а волуш, бажа а лаьллина, хи тIе схьакхечира Мелимат. И гучаяларцаний хи эца баьккина, кIудалш охьа а хIиттийна лаьтташ болу зударий бийлабелира. Уьш шех боьлий хууш йолчу Мелимата оьгIазъяхна:

– Ванах, со хьераяьлла те, я хьерадевлларш шу ду те? Кхин хIума ма гуо шун бIаьргашна, сох бIаьрг кхетча, ма хаза а хета, -- аьлла, дов долийра. Ша динарг гучадаларна кхеравеллачу Iумара бIаьцаш йира зударшка, дIа ма дийнахьара бохуш. ХIетте а, са ца тохалуш, цхьамма:

– Ва Iовдал, хIунда белабо ахьа хьайх нах? ХIунда лелийтина ахьа хьуо хIокху шина хIумане? Хьо бен кхин хIу-

ма ма дац хIокху вайн йоккхачу юьртахь, ши стаг вовшах мел кхеттачохь а дуьйцуш, – элира.

– Вададай, хьо ма да адаме! И хIун ду ахьа хIинца соьга дуьйцург? Хьан лейо со? Аса хIун дина юьйцу со наха? – бохуш, цецъяларца къамел дора Мелимата.

– Ахьа-м хьанна хIун дийр дара? – йистхилира кхин зуда. – Дера ца дина ахьа-м хIуммаъ, динарг хьуна дина-кха.

– Дийцийша, ва нах, суна хьан хIун дина, хьан лейо со? Делан КъорIанор, хIокху дуьнен чохь сол нахана новкъа йоцуш а, сол йоккха миска а-м хир а ма яц. Дийцийша, хьан хIун дина суна? – аьлла, цецъяларца хаьттира Мелимата. Цуьнан цецъялар хазахеташ гуттар а чIогIа буьйлура зударий.

– Тохар шун кIант лазийрий? – дIадолийра цхьана зудчо.

– ХIаъ, лазийра. ТIаккха, тIаккха?

– Моллега хIун дарба лело деза аьлла, хатта вахарий и лаьттарг? – тIе пIелг хьажийра цо Iумарна.

– ХIаъ, дера вахара, вахара те. ТIаккха? – аьлла, Iумаре хьаьжира Мелимат. Ма дийцахьара аша бохуш, корта лестош, бIаьцаш еш, зударий совцо гIертара Iумар, амма цунах гIуллакх хуьлуш дацара.

– И цхьана а моллина тIе а ца вахна хьуна, – дIадолийра оцу зудчо, – шаьшшимма вовшашца барт а бина, моллас боху аьлла хьо лен а йина, хьан москалш юуш Iаш ву хьуна ший а. Хьох йоьлуш вайн ерриг а юрт ю хьуна.

Цо дуьйцучух цецъяьлла, цкъа Iумаре хьожуш, юха зударшка хьожуш, бага а гIаттийна лаьттара Мелимат. Хин коьрте гулбелла нах а, зударий а боьлура. ТIаккха цIеххьана меттаеана:

– ЭхIей, Делан баркалла ма хуьлда шуьша виначунна а, лелийначунна а! – аьлла, дов дан йолаелира иза. – Делан КъорIанор, и бакъ хила а ма мега хьуна! Хьажахь, со лела

хьуна, хIара нах сайх хIунда боьлу те бохуш. ЭхIей, – аьлла, гIаж а айина лаьтташ волчу Iумарна тIехьаьдира Мелимат.

Сарахь Iабий, Iумаррий чувеъча, хьасене тIеийцира и шиъ Мелимата. Чуьрнаш шех дукха боьлуш хиларна, гIаддайна ша а йоьлура иза. Цу хиламо а дайдина, гуттар а доцчу даькkхира хIоќхеран дов. Iабин, Iумаран гуттар а чIогIа аьтто хилира Зезаггий, Аминий хьошалгIа кхайкха деана Хьани-КIотарара Мелиматан йишин бераш Жаьмбиггий, Азнаттий хиларна. Iабассий, Iумарий Мелимат неярца долу гIуллакх ма-дарра хиъна, и шиъ а дара доьлуш. Аминий, Зезаггий кханa суьйранна шаьш долчу кIотара хьошалгIа ян дезаш хилар тIе а дожийна, оцу сарахь кхин ца Iаш цIа дахара и шиъ.

– Кхана вайн ши йоI сакъера кIотара таьIаш ю, тов? – аьлла, цIеххьана вистхилира Жаьмбиггий, Азнаттий дIа лахна шаьш Iаччохь Iумар.

– ХIаъ, Iумар, и ала деана ма дара и шиъ тховса вайга, – эшира Зезага. – Кхана сарахь, сакъоьрур ду-дац-м ца хаьа суна, кIотара ца яхча-м ца йолу тхойша: гучу ца яьлча бакъа-кьа дац. Кхана Iийча цIаяха а деза тхойшиннан, дика садаьIи, сакъийри, хIинца-м кеста а дац.

Цо иштта аьлча, харт-аьлла кийрахь дог тохаделла, Аминин бIаьра хьаьжира Iаба, ца лаьара цунна Амина шайн чуьра араяьлла дIагIур ю бохург хаза. И дешнаш новкъадаьккхина, Аминин бIаьра хьаьжначохь висира иза. Сел леррина кхоххийна Iабин шега хьажар хазахетта, со-м цкъа и хьох хаьдда цхьанхьа а гIур яц хьуна бохучух тера, корта и листийна, Iабина елакъежира Амина.

– Вайшиъ йоьду вайша, ва Зезаг, кхин улло ваьлла стаг и воцуш? – хаьттира Аминас.

– Iаба, хьуна муха хета, вайша воьдий кIотара я ца воьду? – хаьттира Iумара.

Iаба цо дуьйцург хезаш вацара, цхьана хIуманан ойла еш Iара иза.

– ХIей, хезий хьуна, аса хьайга бохург? – аьлла, муьшка Iоьттира цунна Iумара.

– ХIун бах ахьа?

– Вайша кхана воьдий бах, хIун бах? Ца хеза хьуна?

– Воьду, ва Iумар, воьду! ХIорш кхана хьалхе дIа а бахийтина, говрашкахь сарахь тIаьхьа гIур ву вайша. Дукха хан ю вайшимма араяьхна говраш юьйлаялийтаза а, жимма царна а дуьне гайта вайшимма? ХIокхеран гIуллакх тоделлачу хенахь тIекхочур ву вайша. Иштта бакъахь дац?

– Хезий хьуна, Iумар? – хазахеташ йистхилира Зезаг, – шуьшиъ а вогIу хьуна кхана сарахь тхоьца кIотара. Деллахь, ма сакъоьрур ду-кха вай цигахь, уггар а хьалха шуьша хелха а ваьккхина, шуьшинца ер ю тхойша, – элира цо. – Iалелай, ма дукха хан ю-кха суна шуьша хелхаволуш ганза. Кхана-м, Дала мукъалахь, чан йоккхуьйтур яра аса шуьшинга.

– Синкъерам хIума дIаса лело дагахь-м бац и кIотархой?

– Деллахь хаац суна-м, цкъа цара цхьа синкъерам хьахош-м хезира суна, – аьлла, гIаьттина вахна шен мерзапондар схьа а эцна, дечка-маьнги тIе агIор а ваьлла, жимма лергаш хьийзийна и то а бина, меллаша пхенех пIелгаш тийса волавелира Iаба.

– Байт ала дагадеана моьтту суна кIантана, – и хьовзо дагахь вистхилира Iумар.

– ХIара сагатдечул вешан сакъийрича ма тоьлу вайна, – элира Зезага.

Илли аьлла ваьллачу Iабас нохчийн ладугIу йиш лекхира, тIаккха и юкъах а йитина Iумаран эшаре велира иза. Мехкарша йиш лекхча, жимма а самукъадер дацара те бохург а дагахь долчу Iумара:

– Iаба, хIокху шиннах хIун доллу хьажа вайша? Йиш лакха хуур дацара те хIокхарна? ХIуъа дай а цхьа йиш лакхийта вайшимма кху шинга? – элира.

– Охашимма-м дукха шуьшинга деха а ца доьхуьйтуш локкхур ю и, – элира Аминас. Аминас лохха йиш йолийра:

Ма беза бала бу
Сан коьрте беанарг
Ма еза гIайгIа ю
Сан коьрте хьаьвзинарг.
КъорIанах къера дуй
Ас биъна хилла те?
Рузбана маьждигаш
Дагийна хилла те?

ДIахьаьжча гуш долу
Башлекха ламанаш,
Ламанех духдуьйлу
Шал шийла шовданаш,
Ха харций дуьйлалол
Сан бала дIаэций,
Дуьнено ца эццал
Бала бу сан кийрахь.

ДIахьаьжча гуш йолу
Шал шера аренаш,
Мархашка бохь кхийдон
ХIай килсан гIаланаш,
Мохь алий юьйлалол,
Сан бала дIаэций,
Дуьнено ца эццал
Бала бу сан кийрахь.

Дакъаза ма дала,
Кийрара дилха дог,
Дакъаза ма дала,
Хьо хаза ва дуьне,
Хьо диси делара

Марзонех йолале,
Хьо диси делара
БІаьргашна довзале!

– Гора, Амина яІ! – элира Іумара цуьнан дог-ойла айархьама. – Дош-м, КъорІанор, дац хьуна ахьа ца локху йиш! Ва Амина, и сел хаза эшарш мичхьа Іамийна ахьа?

– Шайна сагатделча лакха йиш а ца Іамийча, кхин хІун дийр дара цара? – элира Іабас.

– Ой, и ду хаза! ХІун дийр дара? ЦІахь кхин дан хІума доцуш Іаш ду моьтту хьуна тхо? Мел бича а ца кхачалуш белхаш бу хьуна тхан цІахь. Шу санна гай тІе пондар а биллина, цунах мІараш хьоькхуш Іохкуш дац хьуна тхо, – элира Зезага.

– Ца Іахка а тарло, амма ахьа дийцарехь и болх цкъа а, ца кхачалучу кепара бечух тера ду-кха аша. И-м и дара, хьайна хаахь, вайна цхьа йиш лакхахьа.

– Суна Аминина санна хазанаш ца хаьа. Эцца, тхаьш вовшахкхеттачохь, эшарш локху бохуш, гІовгІанаш-м йо оха.

– Оцу шаьш гІовгІанаш ечарех тхуна а лакхахьа цхьаъ, – элира Іумара.

– Э, дІаваьллахь, – элира Зезага, – нахана ладоггІал йиш аьлла хІума ду моьтту хьуна суна хуург? Соьга эрна бага леяйта воллу хьо, ца локху хьуна аса.

– Дера локху хьо кху чохь Іийр елахь-м.

ТІаккха, ша юьтур йоций хиъначу, Зезага:

Ша тІехь йина гІала ма ю
Шелахошка дина мари.
Ялсаманин гІала ма ю
Шотойн кІанте дина мари, –

– Тоьий хьуна хІинца? – хаьттира Іумаре.

– ХІай-хІай иштта дийцал ахьа, иштта ахьа дийцича езий суна-м хьо дукха. ХІан, со кхин ца Іа, тоуьйтур вай цу тІехь. Дукха диъна моз а къахьло, дукха самукъадаларх а вен дала а сахьт дац вайна, – аьлла, хьалагІаьттира Іумар.

– ХІун до ахьа цунах тховса, иштта сихо йолуш гІуллакх ду хьан цигахь? Кхана цхьаьний вахча мегар дац цига?

– Иштта а мегар дара, делахь а тховса дагадеъначара дІагІур ву со. Ши-кхо де а дара Іелас цуьнга вал мал а белла, тое аьлла шен тапча елла, – элира Іумара. – Цо и тойиний хьажа воллу-кха. Кхана кІотара воьдуш яхьа а, самукъадаккхархьама кхийса а дика яцара иза?

– Хаац, хьайна луъург де, хилча дика-м хир дара, – элира Іабас. – Шен цхьа тиша тапчин къечалг ша суна тойийр ю бохуш цо дийцина дагадогІий хьуна?

– ДогІу.

– ХІун дина хьажахьа, аса боху а ца олуш. Нагахь санна цуьнна мах безаш меттиг хилахь, иза а гучуйоккхур ахьа. Цо доьххучунна реза хила хьо, дІалур ду вайшимма, нагахь санна цо дІаэцахь.

– И-м хьехорг хир дацара цо вайшинца, хІара дуьне вайшиннан долахь а долуш, Іабдуллина эшча, дІа ца луш Іийр варий вайша?

– Деллахь вацар-кха.

– Иштта башха доккха хІума хеташ а хир вац хьуна иза и тапчин къечалг. Делахь а, со хьажа-м хьожур ву, – аьлла, тІе хІума а юьйхина, Іумар аравелира. Іаба и новкъа а ваьккхина, вахна, шен пондар схьа а эцна, пІелг а туьйсуш, маьнги тІе дІатевжира. Аминий, Зезаггий цунна дехьий, сехьий а яьлла, ладогІа хиира. Пондар лекхна а, цу шинца хьесне къамел дина а шен даг тІера еза ойла дІаяккхха гІертарх гІуллакх хуьлуш дацара Іабин. Шена а хІун ду а ца хууш цІеххьана лаьцначу гІайгІано чІогІа хьийзавора иза. Цуьнгахь долу и хьал хууш яра Аминий, Зезаггий, цундела цу шимма а, хьалха санна бегаш ца беш, шен ойланаш

ян паргIат витира иза. Ша хьошалгIахь янккхинчу хенахь цуьнан амалех а, гIиллакхех а кхета йолаеллачу Аминин дог алунан цIергахь марцалуш дара. Хаьара цунна дерригенан а бахьана ша юй, амма цуьнгара гIайгIа хIун дина яйян еза ца хаьара цунна.

Мерзачу гIенаша лееш, сапаргIатдаьлла наб ца йира Аминас. ТIулгийн шийлачу пенехьа дIа а йирзина, гуьйренан тIаьххьарчу шийлачу дерзо хабийна масаран кIорни санна хебна, хьаьрчина, горгъелла Iуьллура иза. Наггахь садаккхар а кIаргдора цо, юха, белш а егош, сихдора.

Эххар а хилира са. Хезира Iуьйра-ламазана корта тоха гIаьттинчу Мелимата хьеден тас а, гIумгIи чу хидоттар а, цул тIаьхьа юьхь-куьг дуьлуш цо и теса Iенош а. Цхьана хенахь схьахезира цIеххьана дехьа чуьра делхаозаделлачу беран гIовгIа; иза а, схьахазарх терра, цIеххьана сецира. Хетарехь, Маликин куьг кхаьчна хир дара цунна орцаха, кхин хуьлийла а дацара. Цул тIаьхьа чохь хезаш дерг Мелимата ламаз тIехь деш долу доIа дара.

– ОллохIумма хьаккъаббал нинна сала тала, ва сиямана, ва къиямана, ва къоIудана, ва тIехIлирина, ва таххашаIана, ва таззарру – Iуна, – амин! – элира цо. – ХIай, веза хин волу Дела! Ахьа къобалде тхан ламаз, тхан марха, тхан охьатаIар, хьайна хьуо везаш кортатохар, зенах, зуламах ларделахь тхо, хьайха кхерар лолахь тхуна. Везан Дела, оха хьайга хаза дехначунна жоп лолахь тхуна. Амин! Везан Дела, – бохура цо, – суна деха ца хаахь а, хьуна дала-х хаарий, хьайн боккхачу къинхетамах ма дахалахь тхо. Ийманах, беркатах ма дахалахь тхо. Айхьа дуьненан ирсана йиллина неI къовлий, хьайн диканах ма дахалахь тхо. Айхьа азаллехь тхо кхуллуш тхуна дала яздина долу рицкъа кхачадай, хеназа дуьненан кийрара дIа ма эцалахь тхо. Дуьненан балех, эхартан Iазапах ларделахь тхо. Везан Дела, аса тIехь да воцуш гIийла кхиийна сан миска доьзал ларбелахь массо а вонах, эзар ун-балех, нехан вочу маттах, эладитнах, мостагIчун дашах а, тешнабехках а, молханан

цIарах а, кIуьрах а, – аьлла, шен и деха доIа дан Мелимат йолаелча, кхин меттахь Iилла а ца велла, хьалагIаьттина араваьлла, шен говр Iалашъян хIоьттира Iаба. Цунна хи малийна а, хIоъ белла а, цул тIаьхьа хьалха йол тесна, и хьаьвди тIе хIоттийна, дечиг даьккхина а хIара валале, малх а хьаьжна, де доладелира. Говр йолчу божли чу вахана и хьоьстуш воллуш волу Iаба, уьйтIахь шозза «тIах-тIих» аьлла, тапча йолуш хезна, араиккхира. Тапча а карахь, вела а воьлуш, лаьтташ Iумар вара уьйтIахь.

– Хьажал, муха кечйина пхьар Iабдуллас сан тапча, – аьлла, тапча схьакховдийра цо Iабега. Цуьнгара тапча схьа а эцна:

– Дера кечйина дукха дика-м, – элира Iабас.

– Э, Iаба, хьуна хIуммаъ ца хаьа, – элира, шаьш чоьхьа а девлла охьахиъча, Iумара.

– ХIун ду и? – хаьттира Iабас. – Ахьа схьадийцичахьана хуур ду-кха суна а.

– Со Делаха волийла, ша сарралц хьежарх кIордор дарехь Iабдуллас хьуна кечйинчу тапчане. Детица кечбинчу маьIан Iаьржачу макъар тIехула Iаьрбийн маттахь «Iабина Iабдуллин совгIат» аьлла яздина цо. ХIинца и йоза дешица кхеличахьана волу ша бохура Iабдуллас.

Iабин Iаьржа бIаьргаш, кхерчахь суйнаш санна, лепа буьйлабелира. Хазахетаро дела къажийначу балдашна юкъехула гучуевлира кIайн яккхий цергаш а. Iабина и хазахетарх самукъадаьлла, цунна тIера бIаьрг ца боккхуш, цергаица цIаза-пIелган мIара а лаьцна, тийна ладоьгIуш лаьттара Амина. И шен баккхий бIаьргаш а бетташ, гIадвахна къамел деш Iумар а вара:

– О, Iаба, – бохура цо – хумпIар-м ша маре яха буьйса йиллина йолу йоI-стаг санна кечйина хьан цо. ХIара сайниг дош доций хуур ду хьуна и схьагича. ВаллахIи, Iабдулла говза пхьар-м ву, дош дац-кха хьуна цуьнан куьйгаш цадинарг а, цакечдинарг а!

– ДӀавалахь, – элира цӀеххьана Ӏабас, – даима а санна хьайн аьшпийн ворда хохкуш ву хьо суна, тӀаьхьа сох велархьама.

– Ӏаба, Делаха а, дуьненаха а волийла со, аса дуьйцург бакъ дацахь! Цо суна схьагайтинчу тапчин макъар тӀехь хьан а, Ӏабдуллин а цӀераш яцахь, хьуна совгӀатана аьлла яздина а дацахь! – элира Ӏумара. – Ӏабдуллас суна дийцинарг харц делахь, аса хьуна дуьйцург а ду-кха хьуна харц.

– Со лево ахьа, Ӏумар, – элира, бага а гӀаттийна, цо дуьйцучуьнга ладоьгӀуш Ӏаш волчу Ӏабас, вела а велла.

– Ой, да а, нана а хьакхийца доллийла сан левахь аса-м хьо! – элира Ӏумара. – Хьуо ца тешахь, хӀинца оцу хьан тапчанца хӀара сайниг а, хумпӀарца хумпӀар а хуьйцу-кх аса. Реза вуй хьо? Цунна и тапча мичара яьлла хаьий хьуна?

– ХӀан, мичара яьлла?

– Вехна ӀабдуллагӀарна хьалхахула новкъа схьавогӀуш хилла цхьа эпсар. Леташ жӀаьлеш тӀаьхьадевлла цунна. Схьа а яьккхина, царна тоха дагахь цкъа а йожийна, шозза а йожийна, кхузза а йожийна – ца яьлла. ТӀаккха тӀулгах а тоьхна и йохо гӀерташ хилла и эпсар. Ведда тӀеваханчу Ӏабдуллас, ма йохае, ша тойийр ю, аьлла. ХӀан-хӀа, то ма е, аьлла оцу эпсаро. Цул а хӀара хьайна дӀа а эций, шен мала хӀума эца ахча ло. Ахча делла и дӀа а вахийтина, чувеана тапчане хьаьжначу Ӏабдуллина цуьнан зӀок малъелла карийна. ТӀаккха цо и оцу сохьта то а йина, цкъа-шозза а ялийтина. ЧӀогӀа дика тапча ю бохура Ӏабдуллас и. ХӀинца цо и муха тойина а, муха кечйина а хаахьара хьуна. Хьо чӀогӀа дукхавезаш хилла цунна.

Чуьраберш цхьацщанхьа дӀа ара а бевлла, Ӏумар а дӀа а вахана, чохь шаьшшиъ диснера Ӏабий, Аминий.

– Ма тийна Ӏа вайша, Ӏаба, – йистхилира иза. – ХӀуъу дийций а цхьа хӀума дийцахьа, сайна а хӀун ду а ца хууш, чӀогӀа сахьийза сан.

– Ванах, хӀун дуьйцур дара те хьуна аса? Бакъахь ду,

делахь. Баккхийчу наха сайна дуьйцуш хезна цхьа хIума дийций аса хьуна?

– ХIаъ.

– Мацах цхьа ши ваша хилла, бах, вехаш Iаш, – дIадолийра Iабас шен дийцар. – Воккхахволу ваша чIогIа таро йолуш, дуьненан хIума дукха долуш, хьал долуш, вехаш стаг хилла. Жимахверг, цхьа йоI бен кхин доьзалхо а воцуш, нахана юкъахь массарел а гIелалла къаьсташ, хала дуьне дууш воллуш хилла, бах. Цкъа шен кертахь асар деш йоллучу оцу жимахволчу вешин йоIана дашо маха карийна. И цIа а беана, хIара карий-кха шена аьлла, шен дега дIабелла. ТIаккха дас, сан воккхахволу ваша ма вара хIуманан таро йолуш а, кхачо йолуш а, цуьнан хила там баркха хIара, аьлла, и маха шен вешина тIебаьхьна. Ткъа воккхахволчу вашас и маха шайн а бу, аша лачкъийна а хилла, хIинца кхиэл яйта паччахьана тIеваха веза вайша, аьлла, вадийна паччахьана тIевигна иза. ХIокху шимма деанчу гIуллакхе ла а доьгIна, кхиэл ян хиъначу паччахьа аьлла, уггар а маса ерг а, уггар а мерза ерг а, уггар а хьена ерг а шена йийцинчун хир бу хIара маха. Бакъахь ду, ойла а йина вухавогIу шаьшшиъ, аьлла, цIавахна ши ваша. ЦIакхаьчна шен да гIийла хеттачу йоIа хаьттина цуьнга, хьо иштта гIелвелла хIунда ву, аьлла. Дас ма-дарра дIадийцина, шена маха эцна вахча хилларг а, ша шен вашас вадийна паччахьана тIевигар а, паччахьо шайга кхиэле хиъча аьлларг а.

– И-м хIуммаъ доцург дара, – аьлла йоIа. Уггар а маса йолу хIума хьайга хаьттича, бIаьрг бу, аьллахь, мерза ерг хаьттича, наб ю аьллахь, хьена ерг хаьттича, латта ду, аьллахь. Иштта хьехар а дина, кечам байтина йоIа шен дега. ШолгIачу дийнахь кхиэл йиначу паччахьа дашо маха гIийлачу вешина а магийна, хаьттина, дага хьанах велира шуьна, аьлла. Ткъа жимахволчо ша шен йоIах велира, аьлла. И шиъ дIа а вахийтина, дикка хан а ялийтина, паччахь оцу жимахволчу вешин йоIана тIе а хьаьвзина, цо иза ялийна,

бах. ЧIогIа нахана а, паччахьашна а гIараяьлла, гIийлачу нахехьа гIо дохуш хилла оцу йоIа. Цхьана дийнахь гIалин корах арахьоьжуш Iаш йолчу оцу йоIана новкъахула воьлхуш дIавоьдуш цхьа стаг гина.

– ХIей, веллаваларг, хьо хIунда воьлху? Боьршачу стагана велхар эхь дац? – аьлла, дIайистхилла бах и йоI.

– Деллахь, – аьлла оцу стага, дуьненан хIумий, – даьхний доккха хIума хеташ-м ма ца воьлхура со, паччахьа гуш лаьтташехь харц кхиэл йина, чIогIа дог доьхна, кхин са тоха а ца делла, я сайн дан хIума а доцуш воьлху-кха.

– ХIун кхиэл яра иза? – хаьттина йоIа. Буьйса яккха ша сецча, шеца буьйса яккха сецнера цхьа стаг, аьлла вукхо. Оцу буса шен кхело бекъа йинера. Ткъа ша гIаттале вахна бекъанна тIе маша а тесна, и бекъа кхело ца йина, шен мешо йина, аьлла, хьаьвзира и стаг. ТIаккха кхиэл яйта тхойша паччахьана тIевеара. Хьажахь, гуш лаьтташехь харц кхиэл а йина, и бекъа мешо йина аьлла, оцу стагана магий-кх паччахьа, – аьлла, юха а велха волавеллера некъахо.

– Ахьа хIун дай, – аьллера йоIа, – велха а ца воьлхуш, эцца хил дехьа а валий, цкъа-шозза тапча а кхоссий, нахе орца даккха. Орцаха баьхкинчу наха хIун хилла вайна аьлла хаьттича, хи чуьрчу чIераша а, сесаша а паччахьан ялташ хIаллакдо, алий, мохь тоха. ТIаккха хьо цара вадийна паччахьана тIевалор ву хьуна. Паччахьа хьайга, и хIун мохь бу ахьа хьоькхург, чIераший, сесаший ялташ муха доу, аьлла хаьттича, мешо йой ткъа бекъа ала ахьа. ТIаккха, кхин вала меттиг а боцуш, паччахьо хьан бекъа хьуна магор ю хьуна, – аьлла, хьехар дина йоIа. Ткъа, шена ма-хьеххара, вахна хил дехьа а ваьлла, орца даьккхина, ша нахе паччахьана тIевигийтина оцу стага. Паччахьа хаьттина:

– И хIун ду, ва стаг, чIераший, сесаший ялташ муха доу, – аьлла.

– Ва паччахь, мешо бекъа йой ткъа, – аьлла хIокхо.

– ЭхIей, мотт ма ле хьуна и хьехар диначуьн, – аьлла, оцу стеган бекъа цунна юха а магийна, шен зуда йолчу вахана паччахь.

– ХIан, зуда, – аьлла цо, – цхьана пачхьалкханна тIехь куьйгалла деш ши паччахь хилар тарлуш дац, цхьаъ кхиэл янний, важа йохонний. ХIокху сан пачхьалкхехь долчух а, сан чуьра хьайна езаш йолу хIума а эций, дIагIол сан цIен тIера, аса йити хьо.

– Бакъахь ду, – аьлла зудчо, – тховса цкъа хьайна мел безаш болу хьайн доттагIий а, гергара нах а схьагулбай, шун хIотто бакъо лахьара ахьа суна, цул тIаьхьа сайна еза хIума а эцна, дIагIур яра со.

– Мегар ду делахь, – аьлла, сарахь шен доттагIий а, беза нах а схьагулбина, зудчуьнга шун хIоттадайтина паччахьа.

Дайина, малийна уьш охьа а эгийна, юккъера схьаэцна паччахь стерчийн вордан тIе а виллина, беха сара бетташ, и стерчий а лаьхкина, цIа йоьдуш хилла зуда. Кхано вордано дIасаветташ жимма меттавеана, бIаьргаш схьабиллина волу паччахь чIогIа цецваьлла цу хиламах.

– Ахьа хIун до, хIей, зуда? – аьлла, хаьттина паччахьо. Ша ахьа йитина цIа йоьдуш ю, аьлла зудчо. Ша стенга вуьгу ахьа, хаьттина паччахьо. Ахьа езза хIума дIаяхьа бакъо еллера суна, и хьан дош ца дохош сайна еза хIума а эцна, дIайоьдуш ю-кха со, – аьлла зудчо.

– Хьай, хьо ма яха еха! Юхаерзае хIара хьайн ворда, гIуллакх хир дац кхунах, – аьлла, шен зуда а эцна, дIавахна, хьалхачул а вовшийн чIогIа дезаш дахахиъна бах и шиъ. ГIалди-булди царна, кIайн бож вайна! – аьлла, бегаш а бина, чекхдаьккхира Iабас шен дийцар. Амина, цуьнан бIаьра а хьаьжна, елаелира.

– Аса ден дерг дина-кх цо а, – элира цо. – Хьо сайца эгIахь, аса ги а воьллина, вадийна тхайн цIа хьур ву-кха хьо, сайна таллац юха а воуьйтур вац.

– Вац?

– Вац.

– Сан бІаьра а хьожуш, ела хІунда йоьлу хьо ткъа?

– Иштаъ. Хазахета суна хьо, – доцца жоп делира Аминас.

– Хета?

– Хета.

– Иштта хаза ву хьан доттагІ?

– Хаац, – элира Аминас, – нахана муха хета-м, суна-м хазахета. Сан доттагІчул хаза а, дика а кІант-м ца вина хьуна цхьана а нанас хІокху лаьттан букъа тІехь, я кху малх кхетачу дуьнен чохь вийр а вац.

– Баккъал бах ахьа?

– Бах.

– Суна а хета, Амина, хьо иштта. ЧІогІа ойланаш йо аса цуьнан. Хьажахь, хІинццалц хьо ца евзаш, ца гуш со муха Іийна хилла те? Кхул тІаьхьа Іелур вацара со. Суна хетарехь, де даккхалур дац-кха соь хьо дІайодахь. ХІун дийр ду те аса?

– ХІуммаъ дийр дац-кха, хІун дийр дара ахьа? Со хьалаяллалц хала а, атта а собар дан хьожур ву-кха, и хьайга дан ца лахь, ГилбІаьргашна гош таІийна новкъа а вер ву-кха. ХІун ду а хаац, Іаба, сан а ю-кх и ойла. Даго ма чІогІа гергара вина тІеэцна-кха хьо. ЦІахь йолуш хьо Зезага хьахийча а, цхьа ша-тайпа безам а, озабезам а бар-кха сан хьоьга. ХІетахь а хьоьхур-кха суна даго вайша иштта, ца хилча йиш йоцу ши доттагІ хир ду аьлла.

– Хьоьхура бах ахьа?

– ХІаъ. ВаллахІи, иштта ма дара и!

– Хаац суна-м, со а ву-кха оццу дагахь, и ойла дагара ца йолу-кха суна, Амина. Хьо хІокху дуьнен чохь мел йолчу йоІал хаза а, дика а хета суна. Валлалц хедар дац сан хьоьца долу и довха, мерза гергарло. Сан даго цІеххьана лаьцна, дахаран ирсан а, дагна хинболчу Іаткъаман а, баланан а декъаш-

хо йина, тӀеэцна яьлла-кха хьо. Сан бӀаьргашна хьалхара цкъа а дӀадер доцуш, мокхазан берд санна чӀагӀделла хьан амат, васт. Даге лалур дацара хьоьца йоцу ойла яр.

– Баккъалла а бохий ахьа?

– ХӀаъ. Бах, Амина.

– Суна а хета хьо иштта, Iаба.

Ший а вовшийн куьйгаш а лаьцна, бӀаьра а хьаьжна, деладелира. Цул тӀаьхьа цхьа хан яьхьира цу шимма, даккхий синош а дохуш, хӀорамма а ша-ша ойланаш еш. Чохь а тапп-аьлла тийна дара.

– Кхана дӀаяха деза-кх хьан? – тийналла хадош, цӀеххьана хьаьттира Iабас.

– ХӀаъ, деза, – гӀийла, лаьттан бӀаьра а хьаьжна, йистхилира Амина. – ХӀун дийр ду аса, цӀа ца яхча ер ма яц, кхузахь Iийна ер юй?

– Хаац суна-м, ер ю я яц, амма хьо Iийча хазахетар долуш нах-м бара тхан.

Амина, и хазахетта, меллаша елаелира.

– Юха маца йогӀур ю хьо? – хьаьттира Iабас.

– Хаац, Iаба, и сан карахь дац. Сайга «хьо йогӀий» аьлчий бен, новкъаяла а бакъо ма яц сан. Амма аса цу дийне чӀогӀа са-м тосур ду. Сан кеста яр ца хилахь, са ма гатделахь, со даима а ойланца хьоьца хир ю хьуна. Кхин дӀадерг Делан карахь ду.

– Са ца гатлуш-м Iалур вацара. Кестта, шу дӀадахна дукха хан а ялале, со вогӀур ву охьа. Суна-м карор ду охьаван а, вухаван а бахьанаш.

– Хьуна аттах ду суначул а, волахьа, Iаба. Ма чӀогӀа сатосур ду моьттахь аса хьо варе. Доьхур ду-кха аса и де оцу вайн веза хинволчу Деле. Далла тӀебоьду некъ маликашна санна, маьрша боккхур бу-кха аса хьан суо йолчу богӀу некъ. Лен лазар кхеттачо Делан гӀоьне а, дарбане а, сахиларе а санна, сатосур ду-кха аса хьо варе. Волахьа, Iаба. Ма хазахетар дар-кха суна хьо веъча!

– ВогӀур ву со, Амина, вогӀур ву.

Вовшийн юха а бӀаьра а хьаьжна, шаьшшимма вовшашка ден дехарш хазахетта, ший а деладелира и шиъ.

Эткаш кога а юьйхина, чоий, гӀовтталлий тӀе а дуьйхина, юкъ йихкира Ӏабас. ТӀаккха схьаэцна месала Ӏаьржа куй коьрта а тиллина, дӀаваха пурба доьхуш, ненан бӀаьра хьаьжира иза. Цо шега бохучух кхеташ, йист ца хуьлуш, ойланаш еш цхьа хан а яьхьна:

– Деллахь, ма боьха ламаро ву-кха хьо, – аьлла, Ӏабега а хьаьжна елаелира Мелимат.

– Верг ца хилча волий? – аьлла, юха а нене хьаьжира Ӏаба.

– Вахарх терра вухаван а хаа деза хьуна цӀен тӀера араволучу стагана, гӀуо, – оьгӀазе йолуш санна йистхилира Мелимат. Схьэцна верта белшах а тесна, Ӏаба меллаша неӀарехьа волавелира. Шед кара а лаьцна, цуьнан луьйта лаца дагахь тӀаьхьаелира Маржан. Меллаша царна тӀаьхьа Мелимат а яхара. Нуьйр тилличхьана а сагатдеш йолу ГилбӀаьргаш верта белшах а тесна схьавогӀучу Ӏабех бӀаьрг кхетташехь лела елира. Ӏабега шед дӀа а елла, яхна говр схьа а оьзна, шен марвешина луьйта кховдо Маржан кхиалс Ӏаба ГилбӀаьргашна тӀехь Ӏаш вара. Хийла гӀашъюккъехь ша къийлина аьрха бере шена тӀехь хаавелла ГилбӀаьргаш а, цкъа айаелла тӀаьхьарчу когаш тӀе а хӀоьттина, ша йоллучура тасаелла дӀаиккхира уьйтӀара.

– Ва устаз! – аьлла, мохь баьлла, уллора дӀаиккхира Маржан. «Тпу-тпу!» аьлла, ша лаьттачохь туйнаш тесира Мелимата. «Везан Дела, ларвелахь сан и вочу бӀаьргах, маттах, нехан цабезамах!» – ала кхиира и ша-шега.

Хьани-кӀотара шайн ненайишин бераш долчу Ӏабий, Ӏумаррий дӀакхаьчча, еттачу вотанан а, лоькхучу пондаран а, дечу хелхаран а гӀовгӀа яра схьахезаш. «ХӀай-хӀоп! Орстох! Тох-вай!» – бохуш, мохь беттара дӀахьаьжча а гуш

чухула хелхахьийзаш волчо. «Тох тIараш! Айде! ХIай-хIай, иштта! Хьовзае! Охьавижа!» – бохура цхьана кхечо. Цу юккъехула хелхаволург чуьраволучу агIор «горовванцехь» дуьйлуш герзаш а дара.

– Шуьша хьаха ца хилла Iовдал, никх чуьра моз схьадаьккхинчу хенахь даа тIекхечи, – элира, говраш схьаэццна, дIатаса дуьхьалавеанчу Iабин шичас Жаьмбига.

– ХIара гIуллакх тхаьшинна иштта нисдархьама ма сецира тхойша тIаьхьа, – элира Iумара. – Жим-тIам хIумнаш ца хууш-м тхойша а вац-кхи.

– Ашшимма лелош дерг-м хьаха хаьара суна, – элира Жаьмбига, – дика ши цхьогал ду ший а, цIога бен хIума тIе ца оьшуш. ВаллахIи, шуьша схьа ца кхочуш сагатдеш Iаш хийла йоI-м ю шуьшинна цу чохь. Масийттазза а хьтти-кх цара соьга, шуьша схьа маца кхочу аьлла.

– Ой, иштта чIогIа тхойша ган лууш сагатдеш мила ю те, йийца мегар дацара ахьа? – хьттира Iабас.

– Нахана-м мегар дацара, шуьшинна-м дуьйцур ду аса. Цхьаъ Мовлин жеро ю, важа Нажмуддинан йоI а ю. Деллахь хьтти цу шимма соьга шуьша масийттаза а.

– Мовлин жеро Iийр яц шен сонталла йитина. Цунах-м аса и санна хабарна шера волу хIара сайн доттагI тасаволуьйтур хьаха ву, суо вукху йоIстеган коча а вахна, – элира, вела а велла, Iабас.

– И хьаха ду, хьо велча а, хьуна цахиндерг, – элира Iумара. – ХьастагIа хитIа еана йолуш цуьнца и бегаш а бина ахьа дIадолийна гIуллакх дуй хIара? Цундела айхьа сакъера ахьа хьайн жерочуьнга.

– Ой, со хьан гIуллакх дуьйцуш ма вара цуьнца, тховса сел сиха вайшинна юкъехь долу вошалла муха дохадо аса? Цуьнга дIахьажарх хьуна хIун хуьлу?

– ХIуммаъ ца хуьлу, хьожур а вац. Кхокхий санна болу меккарий чохь Iашшехь, со хIунда хьожу жерочуьнга?

– Бакъахь ду, кхин чуьра а ца волуш сацал, – элира Іабас. – Жаьмбиг, кхин дехьа-сехьара тІевеана стаг-м вац вайгахь? – хаьттира цо, шодмаш а, говраш а дІа а елла.

– ХІан-хІа, генара веана стаг вац, – элира, говраш дІа а тесна, Жаьмбига. – Дехьачу валий, шаьшшиннан кочара вертанаш охьа а тасий, чугІо, со тІаьхьа дІавогІур ву, кхин тІе стаг вогІу, ца вогІу а хьаьжна.

Шаьшшинга Жаьмбига ма-аллара, дехьачу ваьлла, вертанаш охьа а тесна, Іумар хьалха а ваьккхина:

– Ассалам Іалайкум, суьйра дика а йойла шун, барт цхьаъ а бойла! – аьлла, синкъераме чоьхьавелира и шиъ.

– Ва Іалайкум салам, марша а, могуш а вогІийла шуьша! – аьлла, цхьабосса хьалагІевттира шина а могІарехь Іаш болу кегий нах а, мехкарий а. Амма цІеххьана, шаьшшинна хьала а ца гІоттуш, тхьамдалла хиъна Іаш волчу шен йиша яханчу невцах обарг Халидах а, цуьнан вежарех Вахех а, Висаргах а бІаьрг кхетта, харт-аьлла цхьа дог шелделира Іабин. И кхуьй а шаьшшиннах ца вешаш велалучух тера а хийтира цунна. «Деллахь, шу нах ма белар-кха тховса кху чохь!» – бохург дара уггар а хьалха цунна дагадеанарг. Хаьара Іабина, нах вовшахкхеттачу меттехь цхьаьннан коча ца воьдуш, цхьанна гІело ца еш и кхо ваша Іаш воций. Цу кхааннан велавалар а дижира дазделла даг чу. «ХІуммаъ дацара и-м, тхойша жима хеташ хир бай уьш-м», – аьлла, ша шен дагахь Іаба кІадвелла а, чІагІвелла а валале Іумаран хаьн тІерачу тапчанах бІаьрг кхеттачу Халида куьйгашца амалш йира, тапча схьа а яй, стоьл тІе охьайилла аьлла. Іумара, вела а велла, схьаяьккхина яьхьна тапча тхьамдалла хиъна Іаш волчу Халидана хьалха стол тІе охьайиллира. Хаьара цунна ловзаргахь тхьамданаша герзаш кегийчу нахера дІадохий, ца догІучу меттехь ца кхоссийта а, стаг лазорна кхоьруш а. Ткъа кхано ловзар дІадоьхначу хенахь юха а лора уьш. ХІинца шен невцо лелош дерг а иштта хир ду-кха бохуш Іаба а

вара. Кегийчу наха, дlаса а хилла, шайна юккъе охьахаийтира и шиъ. Синкъераман дlахlоттаре хьаьжна а, зудаберийн могlарехула бlаьрг карчийна а валале lабина хааделира lумаран тапча стол тlера схьа а эцна, тlехьаьжна велавелла, хаза кечйина хиларна корта а ластийна, Висарга шен доьхкарх охьатаlош. «Деллахь, хlун дагахь бу те хlорш? Хlара хlун кеп ю те хlокхара хlинца тхойшинна хlиттош ерг? – бохура цо ша-шега. – Ма харцахьа, шаьш ца тоьлу долчу гlерта-кха шу», – бохуш, ойланаш еш lара lаба. Сагатделла, зудаберийн могlарехула юха а бlаьрг карчийначу цунна кlиръелла шега хьоьжуш, шена тlера бlаьрг ца боккхуш lаш йолу Амина гира. Зудаберашна тlехьа а яьлла, лечкъина, ша бен кхин тергал деш хlума доцуш lаш йолчу цунах бlаьрг кхеттачу lабин даг тlера оьгlазло гlеххьа яйелира. И кхин цкъа а шега а хьаьжна елаелча, белш тlера мокхаза берд дlаэцча санна, шен дегl малделла, паргlатдолуш хааделира цунна. Цхьа хlума ала дагахь lумар волчу агlор дlавирзина волу иза, цуьнан байна бос гина, соцунгlа хилира. Шен и сийна, баккхий бlаьргаш, цхьа вон оьгlазе къерзош, тlекlелбохура цо. Наггахь аьттуниг бега а бой, къаьрззий, Висарган доьхкарх йоллучу тапчанна тlехула бодий, чекхболура. Оцу тайпана оьгlаз вахна lумар цкъа а гина вацара lаба. Цхьа а хlума тергал деш а, хlумане дlахьожуш а вацара иза. Наггахь Висарге бlаьрг а къарзош, хоршехь дегочу куьйган пlелгашца шаьлтан макъар тlе вота а етташ lара. Эххар а шен коьртара сира месала куй таllийна бlаьргаш тlе охьабалийна, шен и ирча бlаьргаш ца гайта санна, къайлабехира цо. Цуьнан дагахь долчух кхетта: «Дадисарг яl, хlинца хьайна цхьа бахьана даьлча, ма гlурт бийр бар-кха ахьа кху чохь!» – бохург дагадеана, lе а ца велла, lаба велавелира.

– Стенах воьлу хьо! Шайтlанаша-м ца хьоьсту? – цуьнан бlаьра а хьаьжна, оьгlазе вистхилира lумар. И хаздел-ла, lаба кхин а чlогlа велавелира. – Деллахь, lаба хьуна-м

шайн захалша соьца бен бегаш товш а хета хир бу, бакъ хирий те шуна моьттарш, – аьлла, шен куй кхин а тIетаIийра цо. «Шуна» боху дош Iоттаделла дагах чекхделира Iабина. «Хьажахьа, со а дIаветтий-ца хIокхо цаьрца» бохург дагадеара цунна. Саца ца луш, ийзаяла йолаелира цуьнан аьтту бесни, цкъа Iумарей, юха Висаргей хьоьжуш, керча буьйлабелира и баккхий Iаьржа бIаьргаш а. Таттабелла бIаьргашна тIебахара месала Iаьржа куй а. Цкъа цIарах догуш, юха дорцах доьлхуш хьаьвзира къона, ховха дегI а. Шех хуьлуш долчун ойла йина Iаба валале чуьрадаьлла дека доладелира пондаррий, вотий. «Гов! БIов-в!» аьлла, цкъа-шозза елира тапча а. «Тох, кIентий, тIараш! О-ор-р-раз тох-вай!» – аьлла, ший а тIам дIаса а гIаттийна, чухула волавелира Висарг. И гобаьккхина шена улло а нисвалийтина, хьала а гIаьттина, цо дIабахийтина болу тIам а лаьцна сацийра иза Iабас.

– КIант, ахьа хIун до, лаа вуй хьо? ДIахеца хIара сан пхьаьрсан алаша, цо къаьхкина мийра тохахь, и цубуу чухьур ю хьан, – элира, цавашаран сурт хIоттош цхьа вон вела а къежна, боьха йогIу маларан хьожа Iабина тIе а тухуш, Висарга.

– Хьо санна йолу алашаш-м мийраш лестош дукха гинера суна, амма хIара санна йолу тапча шен ден хаьн тIехь товш хеташ ву со, – аьлла, цуьнан доьхкарх йоллу тапча схьаяьккхина, Iумаран хумпIар чу йоьллира Iабас.

– ХIан, и дара иза? Сан доьхкарх йоллу тапча яккхал къонах хили хьох? – аьлла, ца вешаш баьхьна Iабин мерах пIелг тесира Висарга. Амма цуьнан и пIелг меркIелхьара юхабала а кхиале тIара тоьхначу Iабас парт-аьлла тIекIел эккхийтира иза. ГIовгIанаш евлла, чуьра божарий а юкъа гIоьртира, Iалелай аьлла зударшка а маьхьарий девлира. Цу чолхана юккъехула Iабина тоха дагахь чуайавелла вогIуш волу Ваха юханехьа ластийна, харцахьа агIор бетах

тIара тоьхначу Iумара кIегархаийра. Цул тIаьхьа гуттар а марсаделира адамийн юкъагIертар а, зударша маьхьарий хьеккхар а. Ечу гIовгIано дуьйцург хозуьйтуш а дацара. Цхьаберш Iабегахьий, Iумарехьий бевлла, Вахиний, Висарганий чугIерташ бара, вуьш, цаьргахьа а бевлла, кху шинна чугIертара.

Цхьаболчара и чугIертарш вовшашна тIе ца кхочуьйтуш, дIалоьцуш сецабора. «Собар! ЛадогIа массара а! Ва собар, йовссарш!» – бохуш, ша Iаччера схьа мохь беш Халид а вара. Амма цо дуьйцург цхьамма а тергалдеш а, я хезаш а дацара. Вовшашна тIе ца кхочуьйтуш, карзахбевлла нах, шаьлтанаш а яьхна, чуччагIоьртира. И дов уггар а эрча долучу минотехь:

– Шен нана хьарам йойла вайх цкъа со вистхиллалц собар ца ден долчо! – аьлла, неIаре а хIоьттина, юьйлина топ чуччагIертачарна тIе а лаьцна, мохь туьйхира Жаьмбига. Тапп-аьлла чохь мел долу адам дIатийра. – Охьаховшал цкъа массо а шайн-шайн метте! – элира цо. Нах охьахевшира.

– Халид, – элира Жаьмбига, – хьо а, хьан вежарий а мел кхаьчначохь хIара базар хуьлуш ю, тахана дуьххьара дац хIара. Шу доьлхуче нехан самукъа даккха доьлхуш дац, шайн таро хилахь, царна ницкъ бан а, царах дийла а доьлху. Амма тахана харцахьа даьхки шу, шаьш ца тоьлу долчу нахана тIе а кхевди шу. Ахьа и тапча оцу кIанте схьа ма-йийххи, хиира суна ахьа и муха йоьху а, цо и хьоьга дIалучу хенахь муха ло а хаара. Цо хьоьга и хьо лерина, гIиллакхца елира, ахьа и дIа жIаьлин гIиллакхца ийцира, кхин юхалур яц-кха шаьш бохург дагахь а долуш. Ша хIинца ма-ерззара шен дега и юхайоьрзур юйла а хаара хьуна суна. И иштта юхаерзо оцу шина кIентан ницкъ ца кхаьччехь неIарехь лаьтташ со а вара хьуна, аса и парт-аьлла са дIатосур ма дара хьан! Шуна нехан шинарех гирз даьлла, тIел-

хагех ун даьлла, дуьзна шу! Цундела нах вовшахкхеттачохь ца мега. Амма тховса оцу гирзана шайна дарба ден долчу кхаьчна шу. Вайн дика дай бийшинчу кошор, сан ден сара, хIинца шу кхааннах ир-бир аьлла кху чохь хьалха вистхиллачунна хьалха а тухуш, топ еттар ма ю аса. ХьалагIаттал, Халид. Хьуо хьалха а валий, яхийтал хIокху чуьра шайн и къаьхкича мийраш лестош, нехан цубуу йохош йолу алашаш. Шайга кхайккхалц кхин со вехачу тхевнна аьттехьа а ма воьллаш! Яхийта кхаамма а!

Iаш волчу Халида цхьаъ ала дагахь чухула бIаьрг кхарстийра, адамаш резадоцуш шега хьоьжуш гича, летча а, дийцича а шаьш тоьлур доций хиъна:

– ХIун дийр ду делахь, аша арадохуш хилча-м, дIа ца дахча ца довлу тхо. Вало ший а, – аьлла, марш цIийнна Iаш волу шен ши ваша а эцна араваьлла, дIавахара.

– Аша хIун дийр дай? – вистхилира уьш дIабаханчул тIаьхьа Жаьмбиг, – хIара чоь шун ю шуна, шайна къера хаахь, сакъоьруш Iе, хилларг а, гинарг а дицде.

Амма сакъера лууш цхьа а ца хилира, шайн-шайн цIабаха беза аьлла, нах дIа а бахна, синкъерам дIабуьйхира. Iабий, Iумаррий зудабераш далош цIа веара. Хилларг оцу сохьта дIасадаьржира лаьмнашца.

Iуьйранна дукха хьалха, барт хатта БайсагIур чувале, Iаба гIаьттина дечке вахара. Аминей, Зезагей вистхилар а ца хилира цуьнан. Ша чуьра араволуш юргIана кIел а яхна Амина йоьлхуш йолчух тера хийтира цунна, амма шен кийрахь хIоьттинчу халоно, кхин цуьнга вист ца хуьлуьйтуш, новкъаваьккхира иза. Жалис новкъа а яьккхина, цIа яхара и шиъ а.

Иштта дар-кха тIаьхьа «къиза обарг» аьлла лаьмнашкахь цIе яхначу Iабин юьхьанца дIаволавалар. Эрна олуш ца хилла-кха вайн дайша: «Дино динах воккху, вочу зудчо махках воккху, обаргаша обарг воккху!» – бохург.

## КХИЭЛ

Стиглахь марха йоцучу екхначу буьйсано, гІийла догучу беттасан серлонгахь, дуьненан даккхий ІиндагІаш санна гойту гобаькккхина лаьтташ долу нохчийн къоьжа лаьмнаш. Бос боцчу шийлачу буьйсанна гІорийна, иккхина стигал чухарцарна кхоьруш санна, стиглан Іаьршех белшаш гІертош, дуьненан гІортораш хилла лаьтта уьш хІокху цІевзинчу, ижуна арадала экхано бІокъажочу шийлачу буса. Тамашийна тийналла лаьтта, кІайчу кисех хьаьрчина, гІов хьаннаш екхина, беттасано оьхьучу мерзачу гІенаша Іехош, набарна йиийшина йохкучу цу ламанийн шогачу басешца. Мел чІогІа ладегІарх а хазац кІоргачу Іаннашкахь шелонна ша кІелахь соьцучу ламанийн даточу шовданийн эшарш а, я куралла, канашца хьалатуьйсуш, дарц ловзош гІуьттучу механ товжаме аз а, я хьуьнан хотехь, говзачу Іуьно бежанна шед тоьхча санна, шелонна иккхинчу пепан тата а. Мелла а шийлачу механ Іаь ялахь, стиглан Іаьршех гІортийна латтош йолу шайн белшаш меттахйохий, бос боцчу лакхенан и кІайн аренаш эгайой, лаьмнаша гІаттадо дорцан седарчий. Уьш а, лаьттан букъа тІе кхачале, кхин гІартата доцуш, ловзий, суйнашка декъалой, шаьш а шайн хазалле хьажа а ца кхуьуш, дов ламанийн ІиндагІашкахь. Цхьа беттаса ду-кха дерригенан а да хилла, массо а хІума хьаьстина чекхдала кхиа гІерташ, массарна а къежаш, боданан тулгІеш тІехь кеманах техкаш, дуьненан боккхучу гонан бехачу новкъа даьлла, шен парталчу боларца доьдуш. Амма цуьнан доккхадер а гена ца долу: хан йоцчу хенахь ламанан бехачу новкъахь хІора а шен коьртехь инзаре ирча ойла йолуш воьдучу кхаа беречух бІаьрг кхетий: «Диканна яц шун ойланаш!» – олий, мохь болий, схьалоций мархин маша шений, дуьненний юкъаозабой, генахь гуш йолу шен зІаьнарш бен, дуьненна хьажа кхин хІума шех ца дуьтуш, къайлаболу иза а.

Вист а ца хуьлу вовшашка, дарзала Іаьнан даккхий куйнаш бІаьргаш тІе а оьзна, тоьпаш коча а оьхкина, гош а, куьйгаш а къайладохуш, ламанан сонтачу жероша диначу Іаьржачу, месалчу вертанех а хьаьрчина, логах хьарчийна буькъачу мешан чо болу йовха башлакхаш а йолуш, лайн новкъахула схьаоьху кхо бере. Говраш тІехь гІорийча санна Іа уьш, хаалац лаьттахула текхна доьлху церан деха, даккхий ІиндагІаш меттахдовлуш а, я дІасатехкаш а. «Зар-р-ракъ, зир-р-ракъ» до шайн лаамехь, тесна кхозуш дуьрстанаш а йолуш, шелонна кортош а охкийна, беттасан серло гучадаьлчахь бІаьргаш тІе йиллина кІайн кІац а къегош, шайн лаамехь дІайоьлхучу говраша. Іаьнаран кІайн дохк детта цара кІоргий дохучу синоша, ленийн яккхийчу зІакарийн кІоргий лараш юьсу гІорийначу некъа тІехь а. Дист а хилац адамаш, буьйсанан тийналлехь хезаш дерг а хаддаза деш долу «зар-р-ракъ» ду. ХІора беречун дагахь а тахана шайна баьлла бохам бу. ХІорамма а вовшах лачкъийна йо цу хиламан ойла, бо шен сацам. Бусту хиндолчух хинболу пайда а, хиндолу зен а. ХІорамма а шен-шен дагахь йо шайн Іаьржачу ойланийн къинхетам хир боцу къиза кхиэл. Царах хІора а ву цу кхиэлан ойланан кІоргехь. «Хьажахьа, – боху ша-шега обарга Халида, – оцу шина мерІуьрго тхан юьхьІаьржахІиттор! Деллахь, ма дош дацар-кха хьо! Деллахь, ма дош дацар-кха цу шиннах, гай тІе юьхьиг хІиттош, топ йитгина сийна цІе хьала ца тесча! ХІун ю алахьа хІара ший а ян? Мича тийсало алахьа, пехиргаш? ХІун лелало алахьа, наха елларг юуш, цаелларг йоцуш лелачу хІокху мецачу жІаьлеша, нехан рагІу кІелахь дехкинчу, кхерстачу зуьдан кІезаша? Со ца хиллехьара, тоххарехь мацалла елла а, нахана йицъелла а дукха хан хир йолу хІара лежигаш! Тоьур дар-кха, нуц ву суо бохуш, аса царна мел дайнарг-м юрт йилла а, юрт кхио а. Хийла даца уьстагІ баий аса царна, хийла шинар дайй, етт баий, сту баий.

Хийла гІогІ дадий церан цІен тІе, тІа дадий, юкъ ядий! ХІара меца жІаьлеш дузийна а, кхиийна а ваьлча, суна хилла баркалла ма ду? Дела дала и шен ворхІе а ден гехь, ма дан а ду! Дош-м, КъорІанор, дацара хьуна тховса цу шинга а, оцу чохь мел волчуьнга а туьраций, тоьпаций кхакхаца биллийтича. Са хІунда туьйхира а хаац, цкъа а ца тоьхна долу? Ма хьаштдоцург делир-кха соьгара, деллахь хиллера аса и шиъ Висаргей, Вахигий охьаатийта везаш. Делахь а, сатоьхна дика ду, гІуллакх хир дацара цунах, вон леташ ю и ши хІума а. Цул совнаха, аса эцца са ца тоьхнехьара, билггала топ еттар йолуш и Жаьмбиг боху боьха хІума а яра. Шен дех схьаваьллачу цунна хІун эхь дара хІуъа дича а, лелийча а. ШолгІачу дийнахь нахала дер дара бераший, зударший обаргаш байина бохург. Ткъа хІинца хІун хили? Дера, кхин башха тоьлашха хьал-м хІинца а ма дац тхоьгахь. Кхана «гІов» аьлла ярташкахула дІадаьржар ду-кха бераша синкъерамехь обаргашна йиттина бохург. Деллахь, ма дийца хІума даькkхи-кха аса и тапчан къечІалг бахьана долуш нахана. Шайг-шайгара тІе а детташ, вийна дІавоккхур ву тхо кхоъ-м, кхо тІе вилла а мегачу хьолехь хир вац кхана. Хьажахьа, хІокху шиннан а ца бели-кха шайна тоьпарг кхин дІа юхатоха аьтто а? Муха бер бу и, аса ца тохийтича? Делахь а тоьхнехьара дика-м дара. ЦІе яла-кха хьо балхах, ма хьаштдоцург а ду! Деллахь, дика дина те аса сатоьхна а, собар дина а? – бохура цо ша-шега. – Дера дина. Дов дІадолийнехь, цкъа-делахь, билггал оцу шина къутІано герзашка доккхур дара, ткъа цу чохь болчийх дукхахберш цаьргахьа хир бара. Топ а яьkkхина неІаре хІоьттина долу Жаьмбиг боху шуолІа гирий хьуна? Цо эрча доккхур дара и гІуллакх. КІенташка чан тосуьйтур яра тІаккха. Атта дийна кІелхьарволу дов хир дацара цунах, мел дийцича а. ШозлагІа, дов а сан стунвешица а, берахь дуьйна цуьнца цхьаьна кхиъначу цуьнан доттагІчуьнца а дара.

Iабел а чIогIа оха лара декхар а дара иза, амма оха иза а, я важа а ца дин. Ца долош IадIен дезаш хиллера тхо, я, дIадолийча, чекхдаккха дезаш хиллера оха. ХIинца чIогIа оьзда доцуш, массо а агIор тхо оьшуш гIуллакх хили кхунах. Деллахь, ма хIумма а хаза хIума хир дац-кха кхана нахалдаьлла дуьйцуш дерг. ГIуллакх кхин а телхина хир дара эцца аса сатоьхна, собар дина ца хиллехьара. Дера цара схьа ма еттар яра, оха дIа ма еттар яра, амма цу чуьра атта дийна аравер вара бохучух теша хала-м ду. Дика гIуллакх дира аса эцца сатоьхна, дов дIа ца доладойтуш, хIара шиъ вухаоьзна. Мухха делахь а, хIинца вон дирзина-кха хьуна хIара. Кхана наха а бохур ду: «ХIун деш Iийна Халид а, вежарий а, стунвежарий а вовшах а летош». Иштта ца ала а мега, аса дерриг а ма дина дов сацо. Аса и шиъ ца сацийнехь, зулам хилла ма даьллера. Висарг бехке а вина, дIадерзор ду аса хIара, меллачохь хиллера, даьллера аьлла. Иштта дан деза аса. Ма-хуьллу, кхин гена ца долуьйтуш, тапп-аьлла дIадижийта деза оха хIара, кхин дарба дац цунна дан. ХIуъу дина а, хьасене вало веза Вахий, Висарггий. Лахьян еза церан оьгIазло, хаийта деза уьш бехке хилар а, собар дан дезаш хилар а. Дижо деза хIара, тхуна кхунах мел доккха зен хилахь а, тIаьхьа тIе хир делахь а. Кхин маслаIат дац кху белхан, дижо деза. Бакъдерг а, сецнадерг а и ду!» – аьлла, шен сацам дагахь чIагI а бина, меллаша урх хьайина, говр меттахъяьккхира цо. Цу хиламах ша доккхадечух тера, дуьхьалара мархин маша дIаоьзна, дуьненна шен дашо нур даржийна, деладелира стиглара беттаса. Амма, дуьненан хазаллах ша шекдаьлча санна, шен маша каде юха дуьхьала а оьзна, къайладелира иза. Юха а ламанийн даккъаш тIехь генахь кхаза йисира цуьнан къайлайовлаза йисна йолу беса еха зIаьнарш. Бехачу лайн новкъахь юха а хIиттира деха IиндагIаш, хезаш дерг а дара «зар-р-ракъ»,

«Велла вала-кха со! Вай со вала велла! ХIун эцна, хIун кхаъ эцна воьду алахьа со цIа? ХIоралла яла йоллучу хIумано бетах тоьхна тIара! И а туьйхи делара нахачух тера, ца вешаш, юханехьа а дерзийна, зудчунна санна! Вай со вала велла, ма стаг ца хилла! Аса дина собар, аса тоьхна са! Со велара синах, собарах ваьлла Іуьллуш, сан дакъа делара, со а воцуш, хIинца хIокху пхьаьжех юьзначу алашаца цIа дохьуш. Вай велла вала со, аса динарг, соьгара даьлларг! ХIун аьлла лела веза кхул тIаьхьа нахана юккъехула дIа? Деллахь, лелахь а, боьрша волуш-м ца лела хьуна, зудабер, вон зудабер! Со велла хила велара Халида аьлларг дечул а. Мел доккха далатохар хилча а, валар бен, кхин хIума хир дарий суна? Со велла хила велара, хIара тIара а эцна новкъаволучул а. Аса динарг, соьгара даьлларг! Зударийн йовлакх тиллина вогIуш велахь аттаха дар-кха суна, хIара тIара дохьуш вогIучул а. Вай со вала велла! Сох яла сийна цIе! Сох хила докъан кIур. Со вара Іаьржачу хьаргIано, со важа мецачу барзо! – бохура ша-шен дагахь Вахас. – Хьай, заддаш, меца жIаьлеш, беркъан говлаш, собар де аша! Мича дер ду шуьша, ши зуд! Стигла вала шуьшиннан тIемаш дац, лаьттах вола мIараш яц, ведча, ваха меттиг бац! Сан карахь вайца шуьша! Аса дуьйцур деца шуьшинца! Аса сайн куьйгашца ворур веца шуьша! Аса хьаргIа хилла мер деца шун бIаьргаш, меца борз хилла йожур еца даьІахкаш! Дазлур деца шуна тховса Вахина тоьхна тIара! Тайпанан а, тукхаман а хIу кхачор деца аса шуьшиннан! Декъашна елха тIаьхьайитина нана хьийзор еца аса шун. Вотталаш, къотIарчий, вотталаш! Делах, КъорIанах дуй боу аса, шуьша хIаллакваза, шуьшиннан цIий молуш декъех вакхаза дуьненчуьра дIа ца вала!Стунваша варий, бехке нах барий аьлла Халид дуьхьалавалахь, и берта вогIу дарба а ду-кха суна карор. Ларлур-кха шу, АслагIин доьзал! Лоцур-кха аса шун лаг! Мер-кха аса шун цIий! Дуьненна

дийццал, тайпанан сий далла хир ду-кха аса шуна ден эхьаш. Со велча бIе шо даьлча а дуьйцуш хир ду-кха наха ас сайна тоьхна тIара муха декхна. Со дийна а волуш, тховсачул тIаьхьа, тешаме хир дац-кха шуна ког биллал а хIара латта. Араяла юьтур яц-кха аса шун йоI а, нана а, цIен тIехь йолу зуда а. Дажа арадер дац-кха шун беа кога тIехь долу хьайба. ТIарал гатдина, стимал къахьдина, шал шелдина дуьхьалхIоттор ду-кха аса шуна хIара кIайн маьлхан дуьне. Iу-у-уйт- яI! Ма декхалур ду-кха шуна аша тховса суна тоьхна тIара! Ма елхор ю-кха аса шун декъашна тIехь нана! Ма Iаьржа Iожалла хилла, меца борз хилла, лен ун хилла хьаьвзар ву-кха со шун кертахь! Iу-у-уйт – яI!» – аьлла, урхаш хьала а лаьцна гош таIийра цо шен говрана. Цуьнан оьгIазлонах кхераелча санна, цIеххьана къайлаелира ламанийн даккъашца кхозуш хилла йолу бѐттасан тIаьхьара зIаьнарш. Мархин боданехь хьулделла, къайладелира дуьне а. ХIинца гуш хIума доцуш, шайн лаамехь дIайоьлхучу говрийн «зар-р-аркъ» дара хезаш.

«Вай, цIе яла хьо дуьненах, дахарх, дегIах, дагах! Вай, сан сина луо йоцу Iожалла, туьран дералла, молхан дуьралла! Iай-айт! Аса динарг, соьгара даьлларг! Со вала велла, сан дакъа текхаде аьрхачу жIаьлеша! Сан коьрта да зудчун йовлакх! Со стенга воьду, хIун эцна воьду, хIара дуьне кхин дIа муха даа деза? ТIара туьйхи тов? ХIоралла яла йоллучу хIумано ма туьйхи и а! ХIан-хIа, и дита таро йолуш хIума дац, цIарций, молханций, шаьлтанций цоьстуш дара деза аса цу къутIанан дегI. Дера деза! Тховса хIара шиъ чу ма-кхеччи, кхин айса лелорг хIун ду ца хоуьйтуш, вахна ван веза со. Iай-айт, маржа дуьне яI! Дош-м дацара хьуна хьо тховса, цхьа тIам а лаьцна, молханан кIуьрехь ца дагийча! Iай-айт, вотталаш, къотIарчий, мича евр ю шу? Собар, собар, собар де аша, тховса со кхочур шуна тIе! Цигахь лестор вай вовшашна буй-тIараш! Еттар вай сина

аттача, дегIана езача шаьлтанаш, тоьпаш. Дуьйцуьйтур вай дуьнене аша суна тоьхначу тIаран мехала далар. Кхочур-кха тховса са хилале шуна тIе со. Тховса кхача аьтто ца балахь хIун дан деза? ХIун дан деза? Кхана а ду де, лама а ду, ула а ду. Сан валаро бен сацор дац-кха хьуна вайн вовшахкхетар. Iай-айт-яI! Маржа Халид, со велла хила велара тховса ахьа аьлларг дечул а. Со оцу къотIарчаша вийна, сан дакъа такхийна воьдуш велара хьо тховса цIа. Аса динарг, соьгара даьлларг! Iай-айт, собар де аша! Делах, КъорIанах, дуьненах, кхолламах, эхартах дуй боу аса, еш йолу ойла а, боккхуког а, куьйган говзалла а, дегIан ондалла а, деган ницкъ а, синан тIаьххьара Iаь а хаддалц шуна ечу ямартлонна, тешнабехкана, къолина, вер-ваккхарна тIехьажош, Iай-айт, собарде аша! ХIара дуьне тIарал гатделла, стимал къахьделла, коьртарчу балано дог дууш, доьлхучу бIаьргаша са дууш, механ юьхь йина, туьран дитт дина дуьхьаладоккхур ду аса шуна, Iай-айт, собарде аша! Мича девр дара шу, къотIарчий! Тахана цагинарг кхана гуш, кхана цагинарг лама гуш уьдур деца шу? Шун дахарх далар хир деца, синах бала хир беца, балано лазочу дагна дарба доцуш, доьлхучу бIаьргаш чохь уьш дашшол хи доцуш шу готтехь хьийзар деца? – бохура Висарга. – Iай-айт, ларлур-кха шу, къотIарчий! Хьо – Iаба, хьо – Iумар а, хьо – БайсагIур а, хьо – Iела а, хьо – Жали а, хьо – Бета а, хьо – Жаьмбиг а! Ларлур-кха шу, ларлур-кха шу! Лардер-кха аша шайн ков-керташ, божалш, бажа-шинарш! Лардер-кха аша Iай хьаьжкIийн доьрчий даош, аьхка лекха лаьмнаш даош, мехкарийх кечдеш, дойх терсош, куралла хоьхкуш долу шайн маса дой! Лардер-кха аша бераллехь мацалла букара ситтина, хIоралла хийла зорха къийлина, нехан шуьне хийла сатийсина, тховса куралла суна дуьхьалхIиттийна элдара къона догIмаш. Цакхоор-кха аса шун догIмашна дошан хIоьънашший, саьнгалан молхий. ТIарал гатдер-кха аса шуна хIара док-

кха дуьне. Боданал Iарждер-кха ас шуна хIара маьлхан кIайн дуьне. Стимал а къахьдер-кха аса шуна хIара мерза дуьне. Дуьненан даккхийчу хIордашца белхор-кха аса шу дина, шуна хьена накхош эхьна, шайн йовхачу, ховхачу голаш тIехь шу бераллехь ловзийна, хийла шайн беркатечу куьйгашца кечбеш, мерза кхача шуна хьалха хIиттош шу кхиийна шун хьомсара наной! АбужахIила Iийдалан МасIудана тоьхначул а чIогIаха дазлур ду-кха шуна аша тховса суна тоьхна тIара. Дохур-кха аса шун лерган метта лергаш а, лергал совнаха кортош а, Iай-айт, яма-яI! Со вевзаш ца хилла шуна! Аса молханан кIуьрах, саьнгалан цIарах, бIаьргийн берамах, синан балех чекхдохур шун догIмаш! Кхайкха да воцуш, елха нана йоцуш, хIуй-пака даьккхина, дайина хIаллакдер шун хIу, тайпа. Беа кога тIехь хьайба дуьтур дац аса шуна, корта тIехь воI вуьтур вац аса шун! Аса дохур шун кортош, аса дорур шун догIмаш, аса мер шун цIий! Цхьогалан мекарло а соьгахь ю, къуйн къола а соьгахь ду, дуьненан деши, даьхни а соьгахь ду, паччахьан Iедал а соьгахьа ду! Валар-висар сан карахь долу дукха хан ю, цIавалор, вахийтар а сан карахь ду, нисдер-кха вай аша суна тоьхна тIара цу терахьашка даьккхина! Ницкъ кхочург айса дийр ду аса шуна, сайн ницкъ цакхочург Iедалей, нахей дойтур ду. Ватта аша! Ватта аша, аса бер шун болх! Дуьненан хIумано воIе да воьйту, ваша веше а воьйту, шу хIаллакдар-м суна хIуммаъ доцург дара, Iай-айт-яI! Деллахь, ма даздийр ду-кха аса шуна и тIара! – аьлла, гош таIийна говр а човхийна, юха а ойланашка велира иза. – Деллахь, хIун дийр дара те? ХIун дича хIун хир дара те? – бохура цо ша-шега. – Массо а хIуманна а Халид дуьхьал хир ву, и дуьйцийла а яц. Цо, шена хууш, чекхдолуьйтур дац аса дагалаьцна долу цхьа а хIума. ХIуъа дина а оцу шен стунвежаршка цабезам гIатто беза цуьнан даг чохь, туьран дитт санна ирвина, масвина дуьхьалхIотто веза иза царна. И

царна дуьхьала ца хIоттавахь, аса еш ерш ойланаш а яц, бинарг сацам а бац, биънарг дуй а бац. ХIуъа дина а уггар хьалха и дуьхьалваккха некъ лаха беза аса. Ваха-м аса аьллачунна тIетовр вара, Деллахь, хIун дина тIетавийр вара те Халид? ХIун дина гIаттор бара те цуьнан даг чохь шен стунвежаршка цабезам а, оьгIазло а? Царна юкъа стим муха тосур бара те? Дера деза аса Iабас а, БайсагIура а нахе хIара дийцина, хIара баьхна бохуш, нах ира а хIиттош, и цаьрца девне ваккха. ТIаккха яьллачу цIар тIе даьтта тохар-м хIумма а хала доцург ма дуй. И девне ца валахь, хIун дан деза? Кхин некъ лохур бу-кха, лехнарг кара ма до стагана. ХIан, виталахь, хIинца каравеа хьуна Халид а. Дадаларг яI, ма чуьра вер вара иза хIара болх аса шена бича. ТIаккха-м цо АслагIин некъийн хIу дойур дара. ХIаъ, иштта дан деза аса. Виталахь, виталахь, каравеа хьуна хIара а. Дера еза аса Iаьлбиг-Хьаьжин лачкъийна туька, ша йолчуьра схьа а яьккхина, Халидана а ца хоуьйтуш, кхечахьа лаьттах йоьллина дIалачкъо. Цул тIаьхьа и цхьамма лачкъийначуха сурт хIотто деза цунна. И туька хIинца ша йолчохь лаьттах йоллий хууш тхо диъ бен дац: сой, Вахий, Халиддий, цуьнан зуда, Iабин йиша, Асилий бен. Нагахь санна и лачкъийна хилча, тхо веаннах цхьаъ хила веза и яьхьнарг. Тхойшиннал а чIогIаха шек шен зудчух Асилех хир ву иза, цо и шен вежаршка а аьлла, дIаяхьийтина моьттуш. Охашимма гуттар а тIечIагIдан деза иза. Хаийта деза, Iаба воцург и яхьа кхин стаг ваьхьарг цахилар а, билггал и цо яьхьна хилар а. Нахехула а кхето деза цунах и тайпа долу хабар. ТIаккха цо, кочара зIенаш дIаяьхна, тIехоьцур ю царна шен вежарий-берзалой, лом санна дарвелла, хьалхаваьлла лелаш ша а хир ву. Эццахь мукъ сан кара боьрзу, тIаккха лестор-кха аса АслагIин тIаьхьенан цIийнан маьIиг. Иштта дан деза аса, кхин тIевоьрзур вац иза тхойшинна. Нагахь санна иза тхойшиннах шекваьлла, дуй баа бе-

заш хилахь, тІетаьІІина буур бу, хІун дуьххьара бууш бу и? Даа бахахь, цергаш а етташ, КъорІан а дуур ду, амма хІуъа дина а, Халид тхайгахьа ваккха-м веза оха. Цкъа хьалха цо боххург дина, цо боххучу вахна, веана, теллина тешийта веза оха иза тхайх. Цул тІаьхьа гІуллакх шашаха дІагІур ду. Дера ду и суна дика дагадеана, деш долу дакъа а чохь дуьсу, шолгІа-делахь, АслагІин берашна бан безаш болу бекхам бан аьтто а хуьлу. И дІахиъча, Халида мича буьтур бара хьуна уьш хІокху дуьнен чохь Іен а, баха а. Вала да воцуш, долла дакъа доцуш, хІаллакбийр бу цо уьш. Сайн сацамах а, айса тховса йиначу ойланах а цІа ма-кхаьчча кхето веза аса Ваха. И иштта ца дахь, цо цхьа доьхнарг дина, я дийцина гІуллакх дохо тарло. Деллахь, ма дика дагадеар-кха суна и хІума, хьажахь, тховса сих а велла, аса вахна дов динехьара, дерриг а духура хьуна. МостагІчун корта-м дума а хьоькхуш баккха безий», – аьлла, шен сацам бина велира Висарг.

Иштта, хІора а шен-шен ойланаш а еш, обаргаш дІаоьхуш, дикка хан елира. Ламанан кІожехь Іуьллуш йолчу БІайса кІотарна хІорш гергакхача боьлча, йоккха гІовгІа гІаттийра кІотархойн жІаьлеша.

– Валол ший а чехка, шаьшшиъ шура Іанарна кхоьруш вогІуш вацахь. Схьахьае и шайн алашаш! – аьлла, цІеххьана шед тоьхна, шен говр меттахаэккхийтира хьалхавоьдучу Халида.

Кхин болар лах ца деш, когаш кІел хьерчаш, йоккха гІовгІа яьккхина леташ жІаьлеш а долуш, шайн уьйтІа схьакхачийра говраша кхо ваша. ЖІаьлеш дІа а човхийна, хьалха говрара охьавоьссинчу Халидера Іалашъян говр схьа а эцна, шениг гоьзанах дІа а тесна, говр дІа а хецна чуваха дагахь хилла волу Ваха вертан юх а озийна сацийра Висарга.

– ХІун до ахьа? – вистхилира, шен вашас вертан юх озор цхьаъ дуй хууш волу, Ваха.

– Говр ма дІа теси ахьа, валохьа йол яхьа, ший а хьаьвзича сихаха вер вара вайша, – элира Висарга.

– Бакъ лоь иза, говраш а Іалашъяй, чувола ший а, – элира Халида а. – Даима а цхьаъ хьийзош Іедал долуш ву вайша.

– ЧІогІа хало а хуьлу-кха хьуна кхунна, – аьлла, Ваха, шада а эцна, йол ян вахара, Висарг говраш мукъайохуш лелара.

– ХІинца хьо хІун дан дагахь ву хьайна тоьхначу тІаранна? – хьаттира, йол а йохьуш, вухавеанчу Вахега Висарга.

– И хІун бохург ду, дера ву цуьнан и корта тІера дІабахийта дагахь. Тховссехь аса и дина а хир ма дара хьуна Халидах ваьхьнехьара – элира лохха Вахас.

– И дагахь со а ву-кха, – элира Висарга, – амма со корта баккхарх тоам хир болуш вац, церан хІу ца кхачийча.

– Халида башха тІехдаьккхина хІума лeладойтур дац вайшинга, деш дерг а цунах лачкъийна, ца хоуьйтуш дан деза, – элира Вахас.

– И берта вало-м суна цхьа хІума дагадеана хьуна, – аьлла, Висарга дІадийцира шен дагахь дерг а, ша бина сацам а. Цкъа хьалха Висарга дуьйцучуьнга дика ла а доьгІна, цуьнан дика ойла а йина:

– Со чІогІа реза ву цу гІуллакхана, – элира Вахас. – И хьем ца беш дан деза вайшимма. Пурстоьпо шена догІуш долу дакъа схьада алахь, даза диса а сахьт дац и. Ор чохь мел долу хІума а, дІадаьхьна, хьехахь дІадуьллур ду вайшимма.

– Муьлхачу хьехахь? – хьаттира Висарга

– Машшашца бен атта адам тІекхочур доцуш, йоккха хьех хаьа суна паччахьан новкъа дІавоьдучу цхьана бердах доллуш, цу чу дІалачкъор ду-кха массо а хІума.

– Бакъахьа ду, – аьлла, Висарг тІе а тайна, ши ваша чувахара.

Чоьхьаваьллачу шина вешин тидам хилира стол тІе даар, малар хІиттош, набарха яьлла каде хьийзаш йолу шайн нус чІогІа йоьхна хиларан. Ший а кхийтира Халида хилларг ма-дарра цуьнга дІадийцина хиларх. Шиннан дагахь дерг

а цхьаъ дара: хилларг кхин дукха ца дуьйцуьйтуш, дайдина кочара даккхар. И дархьама, бен доцуче а даьккхина, тодан дезаш дара Асилий, Халиддий.

– И хIун ду, ва кIант, аша лелийнарг, нахах эхь ца хетара шуна? – аьлла, стоьл тIе довха даар а, царна мала малар а охьа а хIоттийна, бIаьргех хиш кхоххкийна, дIахIоьттира Асила. – Делан баркалла махиларш, и шиъ-м чIогIа сийдоцуш вай, чохь а, арахь а ца мегаш. Шуьшиъ воцург адам ца диснера цу шиннан дов далаза, хIинца шуьшиннан коча ван а кхиъна-кха хIара шиъ. Дела реза ма хуьлда хIокху шина йовссарна, хуур ду-кха царна кхана со тIекхаьчча, – аьлла, Асила и даккхий бIаьрхиш а легош, цхьа хала къурдаш а деш, елха йолаелира.

– Эй, дIаялахьа, хIинца, цунах цхьа хIума а дина, елха хIоьттина хьо а ю массарал а хаза, – вистхилира Ваха. – ХIун ду хилларг а, динарг а? Дера дац нихарт а-м, я вай дийца а, делха а оьшуш хIума а ма дац кхузахь. Эцца Iумарехь тапча хааелла хазахеттачу Висарга бегаш бинера цуьнца. И харцахьара леринчу Iабас хIокхунна цхьа муьшка ластий, иза а схьа а ца кхийти. Эцца нах юкъа а гIоьртина, жимма гIовгIа-м елира цигахь. ТIаккха юкъагIертачаьрга шайн бала боцчу ма гIерта а аьлла, уьш охьа а ховшийна, тхо цIа даьхки. Деллахь дац-кха нахана бала болуш а, я вай сагатдан оьшуш а кхузахь хIума-м. Я и хьоьга Халида хьахо а ма ца оьшура, хIара сагатдан. Хилларг а делара цхьа хIума а.

– Деллахь, и а ма хила делар-кха шуна юкъахь, – йистхилира Асила, – шайн сакъера дахана шу бохам а баьлла даьхки-кха цIа. Дела реза ма хила хIокху шина йовссарна, ма чIогIа чуьраваьлла хилла. Стенна оьшура нахана хIара дийцар дан а.

– ДIаялахь, ва Асила, хIун дийцар ду ахьа дуьйцург, – элира Висарга а. – Хилларг а, я динарг а хIуммаъ дац кху-

хахь. Аса а, Iабас а сахиллалц вовшашна буйнаш лестийча, а бац-кха нехан цуьрриг а бала. Ма дийца вай и кхин. Цул а, Асила, охьаботтахь хьайн марвежаршна цхьацца кад.

Асилас, бIаьргех йовлакхан тIемаш хьаькхна хиш дIа а даьхна, схьаэцна кедаш чу малар охьадоьттира. Стоьл тIехь саьрамсекхан берам а боллушехь, цара мелча тIекхоллу дела, саьрамсекхан цергаш цIанъян хIоьттира иза.

– ЭхI, шарахь латта хьо болх, хIара ду хьуна гIуллакх. БIаьсте яла гIертахь а, шийла-м ю арахь, ший а куьг дахьий-кх сан, – элира Вахас. – ХIан, Халид, цхьацца дIамалий вай, лаьттича, хьожа дIайоьду боху хIокху «Хьаьж-цIера» деанчу беркатечу хин.

Шен ши ваша иштта дагахь хIума доцуш а, велавелла а хиларх воккхавеш:

– Мала дера, – элира Халида, – хьожа дIаяхийта мегар дац кхуьнан. ХIинца-м чептарш кхачалуш ю моьтту суна вайн? Кхана хабар дахьийта деза пурстоьпе. ХIан, дIамала, цхьана а дагалаьцначу хIуманна тIехь аьтто ма бухийла вайн! – аьлла, Халида шен кад дIамелира. Вовшийн бIаьра и хьаьжна, вела а велла:

– Амин! – аьлла, вукху шимма а дIамелира.

– Деллахь, малар-м кхачаделча а схьадан меттиг бара шун, оцу шина кIанта лелийнарг чIогIа новкъахета-кха суна, – йистхилира Асила.

– Ув-вай-кх, Асила, ма дукха дуьйцу-кха ахьа и, дитахьа, – элира Висарга. – Жима ву хIинца а, бералла ю лелош ерг. Кхано нахана юкъахь а хилла, гIуллакх а, гIиллакх а Iемина, шайнаш а, неханаш а бевзичахьана лелар вац хьуна. ХIинца хьан бехк буьллур бу цу шина берана?

– Аша бехкцабилларх гIуллакх хуьлий, нахана дийца хIума даьлча? – аьлла, юха а бIаьрхиш лего йолаелира Асила. – ХIинца хIара дуьне мел ду, эладита хилла лелар ма ду и, дижа а ца туьгуш. Нах а хир бу шайг-шайгара тIедетташ, масдина хьийзаш.

– Дитахь, Асила, – элира Вахас, – ма чIогIа халонга дели хьуна и. Деллахь нахана а, я вайна а дийца цигахь хилла хIума-м дац. Наха дийцахь, дийцийтахьа, вайга къовлалур юй церан баганаш? И доцург а масане дуьйцу цара? Уьш-м цIарах багахьара, церан-м вайна бала бацара. Цул а, Асила, дехьачуьра цхьа чептар схьаяхьа. ХIара дIадоладелччара, кхин цхьацца мала вай, Халид, маларца мерза ца диъначу хIокху дуьненах хIун до вай?

– Ма мала цхьацца-м, – шен вашас дечу къамелана резаволуш, вела а велла вистхилира Халид, – малахь, шинна шишша а буттуш, кхолгIа волчу суна кхоъ а буттуш мала-кха. И цхьаъ ду. ШолгIа, и тховсалера гIуллакх дуй?

– ХIан?

– Чохь а, арахь а кхин суна хьахош хозуьйтур дац аша. Ца хилча санна, тапп-аьлла дижийта деза хIара. Вай дижийтинчул тIаьхьа бен наха а дуьжуьйтур дац-кха и. Кхийтин шу?

– ХIаъ, – элира шина а вашас, – тхойшиъ-м вац и хьехош а, я и дош хеташ а.

Цу хенахь Асилас, тIе гата хьаькхна чептар цIан а йина, схьадеана стоьл тIе охьахIоттийра малар.

– Асила, ахьа и сагатдан ца оьшу, – вистхилира Халид шен зудчуьнга, – я кхана Iайбеца юьрта яхна, БайсагIур оцу шина беран коча таса а ца оьшу. ХIун ду кхузахь хилларг? Дера дац хIумма а, я со оцу чохь а волуш хир а ма дацара. Эцца вовшах лелочух ца кхеташ, жимма гIар-гIовгIа хилла, иза а циггахь дIаяьлла. Кхана наха хьайга хаттарх хIума ма аьллахь. Чухула, тIехула дийцина хьоьгара цхьаъ даккха гIуртур бу хьуна, цунна тIе кхин эзар а тоьхна дийцархьама. Кхана а, лама а вахна асса айса дуьйцур ду БайсагIурца а, цунна и цхьамма цхьа хIума дина, тардина дага хIума дайита а сахьт дац.

ХІан, охьаботтал вайна цхьацца кад цкъа, – элира цо. – Сайна ма-хетта цкъа хІара кийра ца бохбахь, шело дІа ца йолу сох.

– Жижиг яй чуьра довханиг дай шуна? – хьаттира Асилас.

– ХІаъ, айпен хІума дац иза а, да ахьа, – элира Вахас, схьаэцна чептар чуьра малар куьпчийн пхьераша диначу кхийрачу кедаш чу охьа а дуттуш. – Тхуна жижиг охьа а диллий, охьайижа хьо Асила, – элира цо. – Са ма гатдекха кхин.

Асила, схьадеана жижиг охьадиллина, цул тІаьхьа яхна сапа кедаш чохь царна хьалха йовха чорпа а хІоттийна, йижа яхара. Малар охьадуттуш Висарг а волуш, вовшашка дагара а дуьйцуш, шаьш дина къоланаш карла а дохуш, царах дозаллаш а деш, сакъера хевшира вежарий. Кхин шайн ховшар ца хуьйцуш сахуьланга бевлира уьш. Са хиллачул тІаьхьа Халид Іайбеца юьрта ваха новкъа а ваьккхина, ши ваша чувахна дІавижира.

# ІАБДУЛЛИН ХЬЕХАМАШ

Масех кІира дІадаьлла, бутт кхочуш боллура Зезаггий, Аминий Іайбеца юьрта хьошалгІа еанчуьра дІаяхна. Хетарехь, дукхахдерг дицлун хан а яра, делахь а Іабин бІаьргашна хьалхара дІа ца довлуш, доьлуш лаьттара Аминин хІайбате юьхь сибат а, аматаш а. Сагатдеш де даьхьна, гІелвелла набарна вижча а и шен кІайн цергаш гучу а йохуш йоьлуш, даима а санна бегаш беш дуьхьалйогІура иза гІенах а. ЦІеххьана вовшахккхетта, шаьш цхьаьна яьккхина йолу и кІеззиг хан-зама дукха ирсе, дахарехь кхин хила йиш йоцуш йолчех лорура цо. Ша царна дуьхьалваха новкъавалар а, шен дагахь хилла ойла а, и ирча дорцан де а, шех кхетта хилла болу некъахой а, шен.а, Аминин а дуьххьара хилла долу къамел а, цхьа а хІума диц ца деллера цунна. Мелхо а уьш карладохуш, юх-юха а Аминин и хаза аматаш бІаьргашна дуьхьалхІиттош, царах вокххавеш, шашен дагна ницкъ бора цо. Цо юха а дагабоуьйтура дорцан некъ а, шен гІорийна нана-пІелг кІажех биттина йолу жима йоІ а. Иштта, карлайийла юьйлаелла йолу ойланаш боккхачу паччахьан новкъайовлура. Іабина чІогІа лаара Амине охьавоьдучу стаге хабар дахьийта а, амма хабар цунах дІакхетале билггал Зезаге кхочур дара. И тоьур дара цунна тІаьхьа Іаба хьийзо.

ТІелестара ламанан хаза бІаьсте. Денош дахделлера. Денна бохлуш богура бІаьстенан де долош схьакхеттачу дашочу маьлхан кхерч. Дерриг Іалам дендина, дуьне хьоьстуш хьоьжучу цуьнан зІаьнарша тІемадаьхна, шайн бесбесарчу шакарийн йоккха гІар гІаттийна хьийзара олхазарш. Ламанан басешкара самукъане екарца, шайн хаза эшарш лоькхуш, тІулгаш тІехула кхийсалуш Іенара дешна доьдучу лайн Іовраш. Лайх мукъаевллачу лаьмнийн маьлхан басешца, къорза куз тесча санна, хаалора бІаьстенан

хьалххехь хуьлуш долу кIайн а, можа а, цIен а зезагаш. Iаьно хIорачу такхорийн гондахьа хьийзина долу Iайбеца юьртахойн жа-даьхни а лела даьлла, маьлхан басешца церг хьоькхуш хаалора. Дешачу лайша а, Iеначу Iовраша дестийначу хиша а, тIулгашший, кхин йолу яккхий чалхашший кхехьарца йора йоккха гIовгIа. Цу хиламах къаьсттина чIогIа самукъадаьллера берийн. Царах цхьадерш Iеначу Iоврашца Iаьмнаш деш, вовшашна тIе цIунаш етташ, хьераш йо шаьш бохуш, гIодмийн чкъегIагех беранаш а дина, уьш хьийзош хаттех а дуьзна хьийзара. Вуьш дерш и яккхий тхьазарш тIеетташ, йоккха гIовгIа яьккхина, гIулгаш къуьйсуш, вовшашна дений, нанний бохуш, леташ лохкуш хуьлура. Царах самукъадолуш, шайн-шайн уьйтIара схьакхойкхуш:

– Хьуьлла волу хьенехан кIант хьарам луьйш ву шуна! Ког бухаозабайта! Цхьа гIулг хьуьлла Iуьллу шуна! ТIехьахула лечкъина вогIу шуна, чур дац ала! – бохура цхьабολчара.

– ХIей, собар, ле шу и гIулгаш къевсина! Ма этIае и янне а йоцу тIера тIелхагаш! – бохуш, мохь хьоькхура, вовшийн коча оьхучу бераша этIон бедарш гучу, кхечара.

– Хьай, шу даа шаьш диначо, ма има доцуш а ду! – бохура цхьана кхечо.

Берийн йоккхаха йолу тоба, бай тIе а яьлла, охьатохарех леташ яра. Йоккха гIовгIа яьккхинера царна гондахьа лаьттачу баккхийчу наха а, ткъа иштта бераша а.

– Велла валарг! Ког ма тийсийта хьайна! – бохуш, мохь беттара цхьамма.

– ХIинца каравеана хьуна! Ма хецалахь дIа! Ластаве! – бохура цхьана кхечо. Цу хенахь цхьамма цхьаъ, гIоп-аьлли лаьттах а тоьхна, кIелваьхьира.

– ВаллахI-биллахI, и кIант говза-м лета, – бохура цхьана кхечо, – хьажахьа, ша лаьхьа санна дIахьаьрча-кха иза шех летачу берах.

– О, иза вицвийр вара хьуна дІо гІулгех ловзуш волу Аьстамиран кІант Бимарза кхузахь велахьара. И эшош бер дан а дац вайн юьртахь.

– Дац бах ахьа?

– Дера дац.

– Хьамзат, Бимарзех летар варий хьо? – хаьттира цхьамма тоьллачуьнга.

– Дера летар вара. ХІунда ца летара, Бимарза кхин чано вина-х вацийи? – шек а воцуш, жоп делира вукхо.

– Валол, Бимарза валош воьл, – цхьа бер дІахьажийра цхьамма. Шега хІунда кхойкху хууш, вела а воьлуш, боккха куй бІаьргаш тІера хьала а тоьттуш, хьалакарчийна йоманаш теххинчу тишачу хечин когаш а болуш, эттІа тиша кетар тІехь а йолуш, веана схьакхечира Бимарза бохург.

– Хьамзатаца охьатохарех летар варий хьо? – хаьттира баккхийчарах цхьамма.

– Летар вара, деллахь, Хьамзат кхин цІаста моьлучу наьртах вина-м вац? Мичхьа ву иза? – вистхилира Бимарза. Цу хенахь:

– Со ву, – аьлла, Хьамзат гучувелира. Кхин дар-дацар а, вистхилар а доцуш, ши кІант вовшахъхьаьрчира.

– ХІей, собар, шуьша ма сихвелла! – сацийра и шиъ юкъагІоьртинчу баккхийчара. – Бимарза, хьайна тІера хІара кетаран хора а дІаяккха, и куйн чала а охьайилла. Иштта латалур ма вац хьо.

Шен карахь волу Хьамзат дІа а хецна, сехьаваьлла, коьртара куй охьатесира Бимарзас. Цул тІаьхьа аьрру куьйгах хьаладоьллина долу кетаран пхьош а охьатесира. ГІоваьлла гондахьа лаьтта адамаш дийладелира.

– Ва Бимарза, и пхьош нанига тІе хІунда ца тоьгуьйту ахьа? – хаьттира цхьамма.

– ТІетегча а, Іаш дац иза, – жоп делира Бимарзас.

– Летачу хенахь и аьрру куьг хуьлу цуьнан даима а хьерчош дерг. Цундела мел чIогIа нанас тIетегча а, дийнан делкъе ца долу и пхьош, – элира цхьана кIанта. – Нанна а кIордийна и хIор денна тIетега. Бимарзина и тегна ца хилча, дикахо а хета, шена лата дага ма деъа, и пхьош охьа а тосий, тIекхета иза.

Гондахьа лаьттарш и хазахеташ буьйлура. Ши кIант юха а вовшийн коча вахара. Цхьана ханна дерриг а адам дIатийра. Цул тIаьхьа Хьамзатехьа гIодохуш берш цхьана агIор а бевлла, Бимарзехьа гIо дохуш берш вукху агIор а бевлла, гIовгIанаш ян буьйлабелира.

– Белш тIера а лаций, тIеозавай, хьалха ког тасий бертал а тохий, тIехаа! – бохуш, мохь беттара цхьана агIор.

– Пхьарс а лаций, тIехула тасий, тIехаа! – бохура вукху агIоно.

– ГIодах хьарча! – бохура кхечо.

– Ког ма тасийталахь, ларло! – вукхо.

Амма ши кIант цара бен хьехамаш оьшуш вацара. Хууш дара и шиъ охьатохарех дуьххьара леташ цахилар. Цхьамма говза схьалацарх, вукхунна говза кIелхьаравала хаьара. Шиммо а схьалацарх ларош дерг аьрру куьггий, цуьнца буккъий, гIодаюккъий яра. ЧIогIа ларлора и шиъ ког тасарх а. Амма шиннан а ларвалар санна чIогIа тIелатар а дара. ТIелеташ, карара вуьйлуш хьийзачу цу шинна и боккха гуо ца тоьура. Йоккха гIовгIа яьккхинера цу шинна хьехамаш беш маьхьарий деттачу наха а. ХIорамма тухуш болу мохь а, вукхо беттарг къарбеш, чIогIаха хуьлура. Цу маьхьарша адамаш орцаха а дохуш, хьовсучеран гуо гуттар а стамбелла боьдуш бара.

– Ванах, и ши кIант хIунда хьийзаво аша? ДIасакъаставе и шиъ! – бохура тIеоьхучара.

– ХIун хиларна кхоьру хьо цу шинна? ХIинца цхьаъ охьвиеттахьана къаьстар ву хьуна, – бохура вукхара. Эххар а Хьамзатан аьтто белира Бимарза, аьрру пхьаьрс а, букъ а

лаьцна, каравало. ХӀинца хьала а айина, кӀел ког тесна охьатоха бен ца оьшуш дӀадаьллера гӀуллакх. Дукха йоккха гӀовгӀа яьккхина, тӀараш детташ Хьамзатехьа гӀодохуш берш а бара. Амма цо шена и ког схьатасаре сатуьйсуш санна, ладоьгӀуш Бимарза а вара. И охьатоха дагахь хьала а айина, таса ког цо схьабоуьйттушехь, цу когах шен ший а ког а тесна, марахь хьаьвзинчу Бимарзас парт-аьлла тӀекӀел эккхийтира Хьамзат. Кхин цу вожарх ца гӀоттуьйтуш, керчийна, керчийна кӀел а ваьхьира. Цунах баккхийбечу наха йоккха гӀовгӀа яьккхира.

– Деллахь, хьажахьа, цо цунна дина хӀилла. Со вар-кха хьуна и кӀелвахна ваьлла бохуш, – бохура цхьаммо.

– ХӀан-хӀа, Аьстамиран кӀант охьатохалур вацара цуьнга, и чӀогӀа говза лета, – бохура кхечо. – Вайн юьртахь цхьа а бер дац и охьатухуш.

– ВаллахӀ, дика-м Хьамзат а лета шуна, эцца Бимарзе левайти-кха цо. КӀелвахна ма ваьллера важа, – бохура кхечо.

– ХӀаъ, хьуна иштта моьтту хир ду и. Иштта левина охьатохархьама ма делира Бимарзас цуьнга шен букъ а, тӀам а дӀа. Важа цу балхах Ӏехавелира, хӀокхо ластийна охьа а тоьхна, керчийна кӀелваьхьира, – бохура цхьана кхечо.

Цу хенахь, ша эшийна ца лалуш волу Хьамзат баккъалла а лата чугӀерташ вара Бимарзина. Шен ма-хуьллу тӀегӀерташ Бимарза а вара. Амма наха, кхин вовшашна тӀе ца кхочуьйтуш, дӀасакъастийра и шиъ.

– Собар де ахьа, хӀокху юьртахь Ӏен ца деза хьан? – бохура Хьамзата.

– Дезахь, иштта дӀа Ӏийр ву-кха вайша, хьо бухаххьий, со тӀеххьий, – бохуш, цуьнан дог этӀадора Бимарзас. И хазахеташ нах чӀогӀа боьлура. Кхин цара дуьйцучуьнга ла ца дугӀуш, шен пхьаьрсах кетаран пхьош хьала а доьллина, кетар тӀе а юьйхина, шен куй дӀатиллина, Бимарза гӀулгех

ловза вахара. Гулбелларш, кхин шиъ вовшийн коча а вахийтина, хьалха санна шина декъе бекъа а белла: «Схьалаца! ДІа ма хецалахь» – бохуш, маьхьарий детташ бохкуш бара. Шайн ма-хуьллу тийсалуш, вовшашна къар ца вала гІерташ, леташ ши кІант а вара.

Иштта бІаьстено гІаттийначу самукъанечу тобанашца вацара Іаба. ТІаьхьарчу хенахь цхьаьнцца а тІекаре хилар доцуш, вистхила карх ца долуш, чІогІа гІийла вара иза. Ламанийн басешкара лош дашош, Іовраш Іенош, олхазарш левне декаш йогІучу бІаьстено а, лош дешначу басешкахь малхо дохдина гучудевллачу зезагаша а самукъа ца доккхура цуьнан. И сарралцлера де шен говрана тІе куьг хьоькхуш, и цІанъеш, и хьоьстуш, цуьнан гІуллакх деш доккхура цо. Говран гІуллакххаш дан кІордийча, эшахь а, ца эшахь а дечиг даккха хІуттура иза. Шайн чуьрчара: «Ца оьшу, ма даккха, садаІа», – аьлча, воьдий, лулахошна даккха хІуттура. Минот а шен мукъа яхарна кхоьруш санна, цхьаццца дезарш деш бен Іалуш вацара иза. ЧІогІа лаьара цунна сихха де чекх а даьлла, ша шен ойланашца буьйсанан карахь висар. Амма буьйса чекхъяьлча, шолгІа де а ладолалора иштта. Цкъацкъа дан хІума ца хуьлий, схьалоций шайн стерчий дІа а дужий, дечке я кертана серий а, хьокхий а даха воьдура иза. Оцу тайпана, дарх кхача ца луш нелачу Іабас дечиг даза а, кертана серий, хьокхий даза а ца виснера юьртара цхьа а воккхастаг а, буобераш кхобуш йисина Іаш йолу зуда а. Цо лелочух ца кхуьуш, виллина цунна тІаьхьа а хІоьттина, цо дийриг деш, цунах ца кхьаьсташ хьийзаш Іумар а вара. Массарна а хаалуш, гучуяьлла дара Іаба даима а цхьана хІуманан ойлаеш а, шега дІа вистхила мегар доцчу хьолехь оьгІазе а хилар. ОьгІазвахча, и дукха хала хуьлий хууш волу Іумар цуьнца къамел кІевиг деш, мелла а хабарна кхоалуш хуьлура. Амма сарахь гІелвелла шаьшшиъ чувирзича а, и кхин хьасене ца

ваьлча, ша оьгІаз воьдура Іумар. ТІаккха шиннан а дов долура. Дуьххьара цу девнехь нисвеллачунна мотталур дара и шиъ хІинца вовшийн карах лийр ву. Вовшашна аьндерг аьлла ваьллачул тІаьхьа, ша кхин лар йохьуш хІокху хІусаме вогІур вац олий, цуьнца ша сел лерина гергарло лелорна ша-шена а луьйш, араволий, Іумар дІавоьдура. Амма шолгІачу дийнахь, даима а санна, вогІий схьакхочура, юха а дІадолалора шина доттагІчун къинхьегаман де.

Ша лелочун ойла йича, шена а ца хаьара Іабина, ша лоьхург хІун ду а, тІаьххьарчу хенахь ша иштта хІунда ву а. Амма бахьана цхьаъ дара: карахь йолчу заманца болчу шен цабезамна тІе Амине болу безам а кхетта, вала меттиг боцуш, готте верзийна хьийзавора иза ойланаша карзахдаьккхинчу даго. И сарралцлерачу дийнахь къахьегча а, я тобанашца гулбеллачу юьртахошна юкъаваьлла, цара дуьйцучуьнга а, бечу бегашка а ладоьгІна самукъадаккха гІоьртича а гІуллакх ца хуьлуш, цхьа хІума шена ца тоьуш санна, цхьанхьа шен цхьа хІума йицъелча санна сагатдеш хьийзара. «Ванах, суна хІун оьшура? Сан мичхьа хІун йисна те?» – аьлла, ша лелочун ойла йича, йоьлучу Аминин аматаш бІаьргашна хьалхахІуьттий, ша цунна сел чІогІа сагатдарх цецволий, ша-шен дагах кхаьрдаш велалора иза. «Дера еза и миска аса чехка сайн дагара яккха, тхан ламанан мехкарий хІун цул а ирчаха, гІиллакх доцуш бу? Цу тІехь чекхдала дезаш ду и гергарло!» – олий, ша-шена чІагІлора Іаба. Юха а бІаьргашна хьалхахІуттура дорцан беха некъ а, Аминин доьлуш долу аматаш а. Ткъа Іаба юха а ойланашка волура.

Дукхахболчу юьртахошна а, ткъа цуьнан доттагІчунна Іумарна а моьттура обаргашца диначу девнна БайсагІура чехош, цатам латтош хийцавелла ву Іаба. И дов дохьуш веанчу Халидний, БайсагІурний юкъахь барт хилла и дІадижнехь а цхьана агІор, ткъа вукху агІор, дижа ца дуьтуш,

наха шайг-шайгара тIедетташ, масдеш, айдина лелош дара. Цу юккъехь шайн ма-хуьллу стим туьйсуш, мел цахезнарг а, мел цадинарг, мел цааьлларг а Халидний, БайсагIурний тIекхоьхьуш лелара Вахассий, Висаргий юкъабаьхна болу эладитанчаш. Шайна юккъехь хилла барт болу дела, нехан матте ла ца доьгIуш, чIогIа чIагIвелла Iаш БайсагIуррий, Халиддий вара. Цкъа шена хезнарг Iабега а, я чохь а хьаха ца дора БайсагIура. Хаьара цунна и нехан мотт буй. И бахьана долуш Iабина вас йийр йолуш а вацара иза. Iаба гIийла хилар шена гахь а, хаахь а, цуьнан бахьана шена ца хуу дела, цуьнга и ца хьахош Iадда Iара иза, хиндерг тIаьхьа гучудер ду-кха бохуш. Амма бакъдерг хууш, Iабин дагах кхетарг цхьаъ яра оцу ламанан йоккхачу юьртахь – БайсагIуран зуда Малика. Цо а ца хаийтира шена и хаьий а, ша шен марвешин даг тIерачу баланах кхеташ юй а. Амма Iаба ша висначохь мухха а Амина ца хьахош а, и ца хастош а ца Iара иза. Хаара цунна Iабин дагах юьйлу цIе Аминин цIарций бен яйалуш йоций. Цундела Маликас дерриге а дора Iаба ша волчу меттехь цуьнан бала байбарна. ТIаккха мелла а цо дечу къамеле ладоьгIуш, воьлуш хуьлура иза. Гучу ца яла гIертачу Маликас ша мел дийцинарг а, ша цига яха езаш ю бохург юкъатуьйсуш, хьо а соьца цига ван веза олий, дайдой дIадерзадора. Цу хиламо гуттар а серлабохура Iабин бода санна Iаьржа, догIане буьйса санна даима а кхоьлина лаьтташ болу бIаьргаш. Ша диначух дарба хиллий хууш йолу Малика:

– Вайша кестта даха дезаш ду хьуна, кIант, хьайн говр вон ма кхабалахь, хIун хаьа, охьарчу сонтачу кегийчу наха хьахка сза олий а, – олий, арайолий дIайоьдура. Ткъа цу хабаро Iехийна волу Iаба а шен ойланашца ша вуьсура цхьана ханна.

Бовха кхетта малх а болуш, дерриге а дуьне лелина доьлий те аьлла Iенаш дешачу лайн Iовраш а йолуш де дара. ХIинццалц хьалхе схьавогIуш волу Iумар хье а велла, чохь

Іен кІорда а дина, Іумарна оьгІаз а оьхуш, араваьлла Іовраша ечу гІовгІане ладоьгІуш, уьйтІахь лаьттара Іаба.

– КІант, ахь ма чІогІа ойланаш йо, муха ду хьан гІуллакхаш, сингаттам болуш хІума-м дац хьо волчохь? – вистхилира, новкъахула дІавоьду пхьар-Іабдулла.

– ХІа, хьо ву и, Іабдулла, – цІеххьана тасавелира Іаба, – де дика дойла хьан.

– Далла везийла. ХІун деш ву хьо?

– Дера вац хІуммаъ деш. Іумар вара схьаван везаш, и хье а велла, айса хІун дийр ду ца хууш, цунна резавоцуш лаьтта-кх со уьйтІа а хІоьттина.

– ХІара-м вогІуш ву хьуна, хьайн оьгІазло а юхаоза.

– ХІокху доккхачу дуьнен чохь хьо резаволуш стаг а дера ца гина суна. Къемата шо дагІахьара, хьо суна реза хилале. Де дика дойла хьан, Іабдулла, – веана схьахІоьттира Іумар.

– Далла везийла. ХІокху хьайн доттагІчуьнга са хІунда гатдойту ахь, хьайн хеннахь схьа ца вогІуш? – вистхилира Іабдулла.

– Шен иштта чІогІа сагатлуш хилча, дІаван везаш хиллера-кх, со схьаваре хьоьжуш, уьйтІа ваьлла туйнаш туьйсуш а ца лаьтташ.

– ХІун деш ду шиннахьара а, могуш-м ду? – хаьттира Іабдуллас.

– ДІа дохкуш-м ду тхо, кхин сингаттаме хІума доцуш. Шу а дуй, Іабдулла, могуш а, паргІат а?

– Дика дохку тхо а, баркалла шинна а. Шуьша гучаваланза ма дукха хан ю, эгІа дагахь-м вац шуьша соьца?

– ХІан-хІа, и хила тарлуш хІума дац, Іабдулла, – жоп делира Іумара.

– Дера дац, хІара дуьней, латтий вовшашца дозуш а долуш-м, – тІетодира Іабас.

– Иштта делахь-м хІума дац, – велавелира Іабдулла. ХІара хІун зама ю хаьий шуьшинна?

– Хаьа, – элира цхьацца бегаш ца бича ца Iалуш волчу Iумара. – Шаьш дика кIентий хетачу нехан цIога хебон дезаш зама ю-кха.

– Дита ахьа гIуллакх ша ма-дарра, цара цIога айдеш а йогIур ю хьуна цхьа зама, хьеялаза, шун бIаьргашна гур ду шуна. Заманах лаьцна-м аса кхин дагахь долуш хаьттинера шуьшинга.

– ХIун зама ю хIара ткъа, ва Iабдулла? – хаьттира Iабас.

– Дера ю бIаьстено бай кхолур боху, арено нох кечде боху, охано хIу кечде боху, дино лан хийца боху, дуо мацалла боьлхуш зама, – жоп делира Iабдуллас.

– Ленаш хуьйцу хан хиллий вайна ткъа? – хаьттира Iумара.

– ХIан-хIа, ца хилла, хьалхе ду хIинца а. ГIура дIаяллалц собар дан дезар ду вайн, – элира Iабдуллас. – Амма ленаш кечдо хан-м хилла вайна тоххарехь. Шера ленаш дуй шуьшиннан?

– Дац сан-м, – вистхилира Iаба, – ша гурахь схьаяьхна охьатийсина цхьа тIелхигаш йоцурш. Оьшучохь уьш а дацкха мегар долуш а.

– Сайнаш а ду-кха иштта ледара, – элира Iумара. – Цхьанхьа гIайгIа ца бахь, вер вац тхойша.

– Шуьшиннан гIайгIа бан стаг-м волуш ву вайн, хIуммаъ ледара а воцуш, – элира Iабдуллас. – Аса тоххарехь гIайгIа бина, кечдина охьадеххкина шуна уьш-м. Кхано сарахь охьавола ший а, дийца керла хIумнаш а ду вайн. Жимма цхьаьна Iийна хан йойур вай.

– Мича хенахь вола тхойша?

– Iарж ма-елла, вола.

– Хьо хIинца стенгара вогIу, ва Iабдулла?

– Оьрсийн махка йолах болх бан вахана волу Борза цIа веана аьлла хезна, цунна гучувала вахнера со. Чохь гулбелла дуккха нах а бара, жимма цаьрца Iийна, хан яйина, Борзин хабаршка ла а дийгIина, схьавогIу-кха.

– ХIун боху хIокхо?

– Цо дуьйцурш-м къаьхьа де ду, аьлла а, дийцина а вер вацара. ХIокху юьртахь мел волу Iовдал схьагулвина, уьш лебеш Iаш ву-кха. Вукхарна а ма моьтту хIокхо мел дуьйцург бакъ ду. Вало, гIой шуьша а дIа гучувала, шун хенара нах а бу шуна цигахь-м, – аьлла, Iабдулла дIавахара. Шаьшшиннан кхин дан хIума доцуш волу Iабий, Iумаррий ваьлла Борзина гучу вала вахара.

Ламанхошна доккха хIума хетара стаг оьрсийн махка вахар а, вухавар а. Цо бина некъ а, лелийнарш а и стаг велча а, ца дицдеш дуьйцуш хуьлура. Цундела дукха нах бара Борзина  гучубовла а, цо оьрсийн махкахь долчу хьолах лаьцна дуьйцучуьнга ладогIа а оьхуш.

– Марша а вогIийла, де дика а дойла хьан Боза, – аьлла, чоьхьаваьлла, неIар юххе дIахIоьттира Iабий, Iумаррий. Кегийчу наха, цIе ца йоккхуш, Боза олура Борзех.

– Далла везийла, дукха вехийла! – ша Iаччара схьа виствхилира Борза. – Децхьуна, хIара ши кIант хьенан ву, суна ма ца вевза, децхьуна? – хаьттира цо.

– ХIара цхьаъ МелиматгIеран ву, БайсагIуран уггар а жимахволу ваша, Iаба бохург. И лаьттарг Iелин жимахволу ваша Iумар ву. Хьо цIа веана хазахеташ веана и шиъ, – элира гулбеллачу юьртахойх цхьамма.

– Бакъ веана, децхьуна. Бакъ веана, хьажахь, воккха а хилла, дец хьуна, суна-м вовза а ца вевзи. ХIун деш ду шу, децхьуна, шиннахьара а могуш-м ду?

– Дика дохку тхо-м, Боза. Ахьа хIун лелий, могуш а, паргIат а лийлин хьо? Кхин зен, зулам доцуш вухавар а хилин хьан? – шайн рогIехь хаьттира Iабассий, Iумарий.

– Децхьуна, дика лийли со а. Айса даьхьна гIуллакх а хилла, вухавар а хили.

– ХIорш чIогIа дика ларош бохку, Борза, – элира юьртахойх цхьамма. – БайсагIура а, Iелас а дика дола до хIокхеран. Айхьа долийна хабар чекхдаккха ахьа.

– И чIогIа дика кхаъ бу, децхьуна. Дера дикачу дайн кIентий ма бу Iела а, БайсагIур а, децхьуна. Суна чIогIа хазахийти хIорш иштта ларош болуш, децхьуна, – аьлла, Борза ша хьалха долийна къамел дан волавелира. – Децхьуна, Соьлжа-ГIалара дIа цIерпоштанна тIе а тасавелла со, децхьуна, суо мича воьду а ца хууш, цIерпошт сецначохь социур ву-кха аьлла, новкъавелира. Децхьуна, Iожалла йоцуш стаг лийриг цахиларх хIинца чIогIа тешаш ву со. Децхьуна, документ давай, билита давай, аьлла, тIевеа суна цхьа эпсар. Со иштта миска стаг а ву, оьрсийн махка йолах болх бан воьдуш а ву, хьуна а, стагана а новкъа а вац, говр давай, работ давай, эли аса. Тиби гавур, мини гавур, пошмайт, бохуш, цхьа хала цо со хьовзий, децхьуна. Цхьана йоккха гIала кхаьчча, кетаран пхьош а лаьцна, неIаран берте а валийна, децхьуна, цхьа вон букъа тIе ши куьг тоьхна, чукхоьсси со цо. Децхьуна, има доцуш куьйгаш долуш хиллера и эпсар. ЧIогIа лазий со охьакхетча, децхьуна. Хьала ца гIатталуш, ерриг а хьен мIаьчиг а йохийна, децхьуна, корта хьийзаш, хиъна Iаш ву со. ТIевеанчу цхьана беркъочу муьжгичо, децхьуна, айина юьстах а ваьккхина, охьахаий со. Жимма суна са чудеанчу хенахь хелаьб кушай, мала кушай, хороши, бохуш, дIаийзавора со. Цо суо хьошалгIа кхойкхий хуъушехь, сайна хьакха яорна кхоьруш, ца ваха со. Со ца вогIий хиъча, байракхаш а техкош схьайогIучу цхьана адамийн йоккхачу тобанах а кхетта, дIаваха и, децхьуна. И дIавахна дукха хан ялале, децхьуна, тIевеанчу кхин цхьамма а дIаозий со. Со хьоьца ца вогIу, говр давай, работ давай, эли аса. Ниту, аьлла, иза а дIаваха сан. ТIаккха, децхьуна, цхьа цIузам гина, вахна хи а мелла, юьхь-куьг а дилина, сайн таьлсаш белшах а тесна, волавелли со. Ахьа боху болх бацара и, децхьуна, хьалахьаьжча, бохь ца гуш, дIахьаьжча, йист ца гуш, ангалих дича санна шера урамаш долуш, шагатIулгах йина, децхьуна, цхьа

башха исбаьхьа гIала яра иза. Амма оцу шерачу некъашкахула байракхаш а карахь, вала меттиг боцуш, тIедогIуш дукха халкъ дара. Децхьуна, кхин вала меттиг боцуш, оцу халкъо шена юкъа а тесна, теттина дIахьош вара со. Цари давай, халаьба давай, вайна долой, бохуш, цхьа ирча маьхьарий хьоькхура цара. Децхьуна, цара хьоькхучу маьхьарша корта лазабаьккхина, лергашка пIелгаш а доьхкина, дIаоьхура со. Эххар а, децхьуна, цхьана йоккхачу майдана дIакхаьчча, и дерриг а халкъ сеци. ХIора тобано а shen-шен векал хьалха а тоттуш, къамелаш дан буьйлабели и муьжгий. Лестош тIехула дIакхийса долий кехаташ а. Иштта тхо лаьтташ дукха хан ялале, децхьуна, оцу дерриге а халкъана гобина, дукха чIогIа герзашца кечделла гIаш а, говрахь а эскар дIахIоьтти. Куьйгаш а лаьцна, етташ, текхо болий тхан векалш салташа. ТIаккха тIулгаш а, хьокхий а, гIараш а детташ, оцу салтийх а, дошлойх а лета буьйлабели муьжгий. Цхьа буьрса тIом гIаьтти цу майданахь, децхьуна. ОстопируллахI, и доккха Iаламат дара. Дукха хан ялале и ерриг майда цхьа жIуга хилла хьаьрчи. ЦIийн Iаьмнаш хIитти тхан майданахь, децхьуна.

– ОстопируллахI, Дала къинхетам бойла вайх. Рицкъа тIаьхьа хиларна, Дала кIелхьараваьккхина, тахана тхох схьатоьхна вагIаво-кха хьо. Делан сагIа тоьлла, сту а бийна, вайн дика нах а гулбина, хьайна тIера мовлад ешийта еза ахьа, – бохура чуьрчара. – ТIаккха, дийцахьа, Борза.

– Децхьуна, айса хIун дер ца хууш, сайн таьлсаш а гехь, суда давай олий, цхьамма дIавадош, дуьхьала волий, салтичо, туда давай, пошмайт олий, вухавадош, децхьуна, хьийзавора со. ТIаккха, децхьуна, цхьана беркъачу муьжгичуьнга, цари пошмайт, бинтопка сирлайт, аьлла, децхьуна, шийла мохь бели. Цуьнан багах и даларцани, децхьуна, схьа тIетуьйхи тхуна тоьпаш а, пилмоташ а. И дерриг халкъ а, цари пошмайт, бинтопка сирлайт, аьлла, жа

санна дӀасадеди. Айса хӀун дийр ду ца хууш, уьдуш лелачу суна цу къемат-дийнах къаьхкина йогӀуш ши говррий, хӀургонний гин, децхьуна. Сайн Деле а, устазе а орца а дехна, хирг дӀа хир ду-кха, аьлла, сайн са ма-дду тӀаьхьахьаьдда со, децхьуна, къакъ-аьлла вахна оцу гӀудалкха чухии. ТӀаккха, децхьуна, докъан полла бина вадийна со оцу говраша араваьккхи оцу гӀалеха. Озийна ши говр а сацийна, хӀуъа хилахь а, хӀорш йоьлххуче дӀагӀур ву-кха со аьлла, децхьуна, меллаша йолаялийти аса и шиъ. ТӀаккха, децхьуна, цара кхин ца соцуш цхьана йоккхачу юьрта а валийна, цхьана даккхийчу цӀенойн рагӀу кӀел саций со. Хии суна, тхаьш цӀа кхаьччий. Говраш мукъа а яьхна, хьалха йол а тесна, децхьуна, хӀинца суна тӀе мила вогӀур те бохург дагахь а долуш, децхьуна, охьахии со. Дукха безамехь кечвелла, йоца хадийна хьаьрса маж а йолуш, тоьллачу дегӀахь цхьа стаг оцу цӀенош чуьра ара а ваьлла, соьга хьоьжуш дуккха а льатти. ТӀаккха, суна гергга тӀе а веана, хьаьжи хӀара. Кхин соьга вист ца хуьлуш, бӀаьргехара схьадаьхна куьзганаш цӀандан волавели хӀара, корта а лестош. Юха уьш бӀаьргеха дӀа а доьхкина, децхьуна, дикка сан бӀаьра а хьаьжна, дарасти, эли хӀокхо. Дарасти, эли ас а, децхьуна, хьала а гӀаьттина, куьг дӀа а делла. Сарик куда давай, шен воккхастаг стенга вахна, аьлла, хьатти хӀокхо соьга. Незнай, децхьуна, эли аса. Цари давай, хелаьба давай, война давай, цари пошмайт, пах-пух тӀом хилла цигахь аьлла, дӀадийци аса. Мелла а аса дуьйцучух кхетта, децхьуна, корта лестабора цо. Мини говраш нада, работ давай, эли аса цуьнга, децхьуна. ТӀаккха цо чу а вигна, довха даан а, малан а дели, буьйса яккха меттиг а ели. ШолгӀачу дийнахь, децхьуна, вийначу оцу говраш лелошхиллачун дакъа а деа цӀа. Оцу хьалдолчу стеган и говраш а лелош, кхин болу белхаш а беш, децхьуна, хӀокху Ӏаьнан и биъ бутт баьккхи аса. Цо суна дика алапа а лора, децхьуна, амма цуьнан гӀул-

лакх а доьхнера. Мискачу наха вохон хьийзош вара иза а. ШозлагӀа оцу тӀамехь нисвелларг кхозлагӀа нислур воций хууш, децхьуна, со цӀа веа-кха. Дера бара, децхьуна, хьал долуш мохк. Амма мискачу нахана пайда-м бацара цуьнан. Цундела цара къемат-де а ма хӀоттадора, децхьуна, хьолахошка.

– Деллахь, Борза, оццул зама, уллохь бусулба адам а доцуш, оьрсашна юкъахь яьккхинчу хьуна церан мотт ма чӀогӀа Ӏемина хир бу, – элира гулбеллачех цхьамма.

– И дуьйцийла яц, децхьуна, кхин жимма аса цигахь хан яьккхинехь, децхьуна, багахь бийца нохчийн мотт а болуш, вухавоьрзийла хир дацара сан цигахь. Цхьа бутт хьалха ду-кха хьуна, нохчийн мотт бицбала а боьлла, хьуьнха а вахна, децхьуна, ва Шаптакъа, ва Хьаптакъа, шайн вешина орцаха хӀунда ца догӀу шу, бохуш, вайн мотт биц ца балийта гӀерташ, бер санна воьлхуш, кхойкхуш ма лийлира со, децхьуна.

– Баккъалла а доккха хӀума хилла, Борза, хьуна тӀекхаьчнарг. Бусулба нахаца йолу дог-ойла хьан алсам хилла дела, хьо керста валар шена ца лууш, Дала цӀавалийна хьо. Дела ницкъ болуш, массо а хӀума гуш ву, цуьнан кхиэл, лаам ца лелча, йиш йоцуш бу дуьненахь, – элира цхьамма.

– Уггар а хьалха хӀун Ӏемира хьуна, Боза? – хаьттира кегийрхошха цхьамма.

– Децхьуна, бепигах халаьб ала а Ӏемира, хьонкех чермиш ала а Ӏемира, говрех кони ала а Ӏемира, суо реза воцучу хӀуманна пошмайт ала а Ӏемира, децхьуна, – жоп делира Борзас.

– Ва Боза, къанделлачу жӀаьлех хӀун олура оьрсаша? – хаьттира, цхьаъ ца дийцича ца Ӏалуш волчу, Ӏумара.

– Кандарбас олура, децхьуна, – жоп делира Борзас. ЖӀаьлех собака олий хууш волчу Ӏумара хала са деттара ца велалуш. Цуьнан дагара хууш, вела ма лолахь бохуш, бӀаьр-

гаш къерзош Iаба а вара. Кхин шега сатохалур доций хиъна, Iумар, БорзагIеран Iодика а йина, аравелира. Цунна тIаьхьа вахара Iаба а.

– ХIей, кIант, и хIун Iовдал хаттар дара ахьа цуьнга динарг? – хьаьттира араваьллачул тIаьхьа Iабас Iумаре.

– Аьшпаш ма буьттура цо, уьш марса-бохуш вар-кха со, – элира Iумара. – Аса-м цуьнга хIуммаъ вон хаттар а ца дира, амма цо къанделлачу жIаьлех кандарбас олу аьлла, цхьа минот ца яьллехьара вийлина юьхьIаьржа-м хIоттавора, – аьлла, ши куьг вовшах а тоьхна, гIадвахна велавелира Iумар.

– Кхаа, беа баттахь нохчийн мотт цунна бицлур боций а, я оьрсийн маттахь цунна «тIитI» ала ца хаьий а хуъушехь, и дерриге а бакъдина, ладоьгIуш Iаш бара хьуна цу чохь нах. Хьо Iен-м ца Iий, цуьнга и кандарбас ца дойтуш, – аьлла, Iаба ша а велавелира. Чукхачале цу шимма хилларг юьртахула дуьйцуш чекх а даьккхина, юьртахь мел долчу къанделлачу жIаьлех кандарбас хиллера. Жимма бен доцу хIума а дукха хаздой дуьйцуш болчу ламанхошна доккха дийцар хиллера кандарбасах.

Iабий, Iумаррий, тIекхаьчначу жIаьлина кандарбас а олуш, эвлаюккъехула ваьлла леллашехь, тIекхечира суьйре. Ков керташкахь маьI-маьIIера хаза дуьйладелира суьйранна чубоьрзучу ламанхоша дечках деттачу дагарийн татанаш а, сарралц ламанийн маьлхан басешца церг хьоькхуш кхирстина цIехьадирзинчу жа-даьхнийн Iехарш а, бепашна улло гIертачу олхазарша ден шабарш а. Цхьана агIор суьйренан гIовгIанаш гIовттарца, вукху агIор лахъяла юьйлаелира шелоно шен пардошна кIелахь хебон евллачу Iоврийн синкъераме эшарш. Стиглано дуьхьалара дийнан серлонан кирхьа дIаоьзна, бIаьстено лош дашийна гучудаьккхинчу Iаьржачу лаьтта хьажийра суйнашца лепаш долу шен дашон эзара бIаьргаш. Суьйрено генахь лепочу седарчашца йохье евлча санна, шайн ков-керташ а серладо-

хуш, ламанхойн хIусамашкахь летта, къега дуьйладелира тIехь шишнаш долуш а, доцуш а долу чиркхаш. Дукха хан ялале бол-болуш ламанан букъа тIехьахьара гучу а баьлла, шен бехачу новкъа белира бутт а.

– Вало, кIант, хIокху юьртахь мел долчу жIаьлина цIе тиллина ваьлла вайша, хIинца Iабдулла волчу гIой волий? – элира, уьйтIахь лаьттачу Iабас Iумаре.

– ГIуо дер-кх, цо охьавола а ма аьлла вайшинга, – аьлла, Iумар тIе а тайна, ши доттагI Iабдулла волчу ваха новкъавелира. ХIара шиъ цуьнан цIийнна улло кхача воьлча, «данг-динган»-нехь еттачу жIаьвнан тата дара цуьнан пхьалгIи чуьра схьахезаш.

– Билггал, цхьа ян ца магош, Iедало йихкина хIума еш ву хьуна иза, – элира, цуьнан белхан низам дика девзаш волчу Iумара. – И иштта дацахьара, садонга а вахна болор бацара цо шен болх.

– Тера ду, – элира Iабас, – дийнахь ян ца ваьхьаш йолу хIума-м ю хьуна цо йийриг. Вайшиннах хIинца лачкъа ца яхь, хуур-кха цо еш ерг хIун ю.

– Масане йо цо уьш, мегаш ерг а, йоцург а? Амма цо ша еш ерг вайшиннах хьулор моьттуш-м вац со, я хьулъяхь а, цунна билла бехк а бац, чIогIа хьийзаво и Iедало. Амма Iабдуллас туьйсиний, йиний йоцу хIума нахана дош-м ца хета. Цуьнан пхьалгIи чуьра арадаьлла тур а, шаьлта а, тапча а вайнаха, хьовх, оьрсаша а тоьллашха йолчийх ма лору. ХьастагIа Межий, Къаиммий вара аннаш тIекIел а дехкина тапчанаш етташ. Межигахь Iабдуллас йина тапча яра, Къаимехь цхьана мелла лелачу салтичуьнгара эцна, паччахьан тапча яра. Паччахьан тапчин кхаа уьнах чекхъяла а ницкъ ца кхочура, ткъа Межас тоьхча, деаннах а чекхйолура. И хIун ду аьлча, Iабдуллас йинчу тапчано хIоъ чIогIа хьовзабо бохура цара. Цундела цуьнан ницкъ алсамха бу. Деллахь ву Iабдулла оцу герзах долу хIума чIогIа хууш.

– ЧIогIа говза пхьар ву Iабдулла, – чIагIдира Iабас а. – Цкъа шен бIаьргашна гина хIума хIуъа йо цо. Новкъахь шена гинначу хIуманан цхьа шеха хьесап ца деш, цхьа гIалато ца йоккхуш ма ца Iа иза. И герзашца долу гIуллакх, къаьсттина чIогIа карадирзина цунна. Мелис хIун дуьйцура хаьий хьуна?

– ХIан?

– Шаьш кегий бераш долчу хенахь хьошалгIа ваханчу Iабдуллина хIусамден бедарш тоьгу чарх гина хиллера. Цуьнан хьесап а даьккхина цIавеанчу цо дечкеххий, хьостамеххий и чарх а йина, цуьнца тайнигашна тIеюха бедарш а, мачаш а тоьгуш чIогIа самукъадоккхура шаьш, боху. Кхечу юьртара бераш а, нах а оьхура, боху, цо йинчу оцу чорхе хьийса. Шаьш даккхий хилча, дIа ца кхуссуш, безамна лелош яра, боху, шайн эвларчу цхьана йоIа и чарх а, цуьнца бедарш тегна и тайнигаш а. Иштта, хIинца а Iабдуллин и чарх юьйцуш хуьлу-кха Мели.

– Суна и бакъ хета-кха хьуна, – элира Iумара. – Наха дукха дуьйцу цуьнан бераллин хIумнаш. Даима а цхьацца хIума еш бен Iаш вацара, боху. Дуьххьара хIара паччахьан тапчанаш евллачу хенахь Iахар а эцна вахна, цкъа шега и тапча кхоссуьйтург и Iахар белла вухавеара, боху, иза. Амма тапча шена караеъча, цкъа кхоссале хьалха, массо а Iуьрга а, бIаьрга а хьаьжна чекхваьллера иза, цул тIаьхьа дукха хан ялале ша ян а йина, шайн цIийнна тIехьарчу ножан диттах етташ зуьйш вара, боху.

Иштта шаьшшинна мел хезнарг а дийцина, вахна Iабдуллин пхьалгIин неI туьйхира шина доттагIчо.

– Собар! Мила ву? – чуьра схьа вистхилира берашха стаг. Озах Iабдуллин вешин кIант вевзинчу Iумара:

– Абдраьил, дIаелла, сой, Iабий ву! – элира. Цо, схьавеана неI дIайиллира.

– Суьйре дика хуьлда хьан, Iабдулла! Очакх деш ву хьо? – аьлла, чоьхьа а ваьлла, очакхана тIе жIов етташ воллучу Iабдулле вистхилира Iабий, Iумаррий. Нуьйжана уллохь а, цIергахь кховсуш а дара Iабдуллин масех очакх.

– ХIан, схьакхечи шуьша? – элира, шен карара очакх охьа а тесна, жIов нуьйжанна тIе охьа а йиллина, Iабдуллас. – Очакхаш деш-м, деллахь, вацара тхойша, цхьаъ тIекхачахь а аьлла, бехказлонна хIорш цIерга кхуьйсуш, хIокхарна тIе жIов етташ воллу-кха. Ма дика ду-кха шуьша схьакхаьчна, Абдраьил дика лара ца во, жима ву хIинца а. Ницкъ бац цуьнгахь ондда жIов тоха. Соьца лаьцна Iийна волу сан доттагI ву хIинца вайн гIалахь болх беш вехаш. Цо стомара дийнахь ворданца масех чапха йоьхна топ а, иштта тоян тапчанаш а йохьуш цхьа муьжги ваийтинера. Ши де даьккхи аса уьш тоеш а, царна даьтта хьоькхуш, уьш цIанъеш а. И муьжги ша а хиллера герзах долу хIума чIогIа дика хууш, ший а дика ларий тхойша оцу балхаца. Тахана Iуьйранна ша дIаваха новкъаваьлча, тарлахь шаьлтанаш а, тарраш а де бохура хьоьга, шаьш мах дIа а лур бара, эли хIокхо. ТIаккха кхийти со хIокхара лелочух. Гергарчу хенахь паччахьана дуьхьал гIовтта дагахь болчух тера ду уьш. Шун мах а ца оьшу, шу санна паччахьо хьийзош тхо а ду, цхьа вежарий ду вай. Сайга далуш долу шаьлтий, туррий, тапчий а дийр ду. Ламанан леча санна, сайца шортта накъостий а балош, шу вежаршна орцаха а вогIур ву, аьлла, дIавахийти аса и. ХIинца царна тарраш а, шаьлтанаш а еш ву со. ХIара кIант дика лара ца во, ашшимма гIодан деза суна. Бага шьшшингахь йита хууш вуй шуьша?

– ХIинццалца-м тхойшингахь ю уьш, – элира Iумара, – кхул тIаьхьа хIуъа хилахь.

– Iумарниг дукха луьйш ю хьуна, Iабдулла, дан дарба дац хьан цунна? – велавелира Iаба. – Гондахьа хIоз тохий, наггахь, халла бен дош ца алалучу агIор дIакъовлахьа цуьнан и.

– Ванах, хIокху кIанта а цхьа зIаьнгарбакъ дуьйцуш ма хьийзаво со, и хIун жIаьла ду, Iумар, ахьа Борзе дийцинарг? – хаьттира Iабдуллас.

– Боза вара, оьрсийн махкахь кхо бутт баьккхича, нохчийн мотт бицбала а боьлла, ва Хьаптакъа, ва Шаптакъа бохуш, шен вежаршка кхойкхуш лийлира ша бохуш, тхуна дуьйцуш. Цо аьшпаш буьттий хууш, къанделлачу жIаьлех хIун олура цара, аьлла, хаьттира аса. Ткъа Бозас, децхьуна, кандарбас олура, элира. ХIара Iаба ву-кха хIинца и тIехдетташ, со хьийзош.

Ши куьг вовшах а тоьхна, велавелира Iабдулла.

– Э, дела вала хIара велла. Кандарбас, тов, – элира цо. – ХIара ша дера ву дукха вокха кандарбас. Дага а деаний! Дера атта бицбелла ма хилла Борзина а нохчийн мотт, оьрсийниг атта Iемина а ма хилла. Дера маситта шо Сибрех даьккхинчу, суна-м ма ца хаьа хIинца а лартIехь иди суда ала а.

– Хьо Боза ма вац, – элира Iумара. – Хьо цигахь а хIара аьчкаш текхош лелла, ткъа Бозас тIетаьIIина, нохчийн мотт биц а беш, шена оьрсийн мотт Iамийна.

– Вало, кIант айхьа дIалачкъийна и аьчкаш схьая.

Вахначу Абдраьила мор буьззина дина а, дахчийна а довлаза долу тарраш а, шаьлтанаш а схьаера.

– ДIаэцал, Iаба, варзап, хьан ворта варзап туху тайпа ю. ХIара кIант гIелвелла сан, – элира Iабдуллас. – ГIелвелвеллачо роггIана хийца а хуьйцуш, варзап еттар ю ашшимма. Хьо, Абдраьил, вайн неI ларъеш хила.

– Тхойшинна ма ца хаьара ахьа мича гIуллакхана кхойкху, дIалийли-кха паргIат. ХIара болх хьо беш вуй хиънехьара, тоххарехь схьакхаьчна а хир вара, – элира, варзап схьа а эцна, цуьнан йозалле хьожуш санна, цкъа-шозза ласта а йина, Iабас.

– И-м хIума дацара, тIаьхьа ца висна шуьша хIинца а. Сан аьттоне хьаьжжина веъна, болх уггар а чехкабаьллачу хенахь, – бохуш, ша цIерга кхийсина таррийн а, шаьлта-

нийн хьесапехь долу аьчкан дустарш херца волавелира Іабдулла. Цунна гІо деш гондахьа хьийзачу Абдраьила, цІе марса йохуш, левси кховсура.

– Дера веа шуьшиа суна уггар а оьшучу хенахь. ХІан, Іаба, чІогІа а ца тухуш, меллаша а ца тухуш, юккъерчу барамехь варзап тухур ю ахь. ЧІогІа тохахь, тур талхор ду ахьа, меллаша тохахь, юха тоха дезар ду хьан. Кхетий хьо?

– ХІаъ.

– Аса жІов тоьх-тоьхнача тохалахь варзап. Хьайна дукха ницкъ а ца беш, дуй, парггІат, юккъерчу барамехь, – аьлла, цІергара схьаэцна тур нуьйжан букъа тІе а диллина, Іабдулла жІов етта волавелира. Цо тоьх-тоьхначу варзап Іабас а тухура. Иштта хІоккхеран болх дІаболабелча, левсин кхерчара схьаоьхуш долу эчигаш, баккъалла а долчу таррийн а, шаьлтанийн а кепе а доьрзуш, юха цІерга доьлхура Іабас бечу балхана а, еттачу варзапана а реза волчу Іабдуллас:

– ХІай-хІай, иштта! Иштта! Тох! Тох! ХІай-хІай, – олура. Іумар а, шега рагІ кхачаре сатуьйсуш, цо морзахаца нуьйжан букъа тІехь хьийзочу таррашка а, шаьлтанашка а хьоьжуш, тамаш а беш лаьттара. Наггахь воьдий Абдраьил дІахервой, левси а кховсура цо. Варзап тоха са ца туьйш и хьийзий хуучу Іабдуллас, левсин кхерчара схьаэцна тур нуьйжана тІе а диллина:

– Схьавола, Іумар, хІинца ахьа тоха жимма, – элира.

– Со гІел ма ца велла, – дуьхьало йира Іабас, – хІара болх вайн сахиллалц бан таро ю-кха хьуна, Іабдулла.

– ХІуммаъ дац, дикахо ду-кха хьо гІел ца веллехь, – элира Іабдуллас. – Хьо гІел а велла и схьаэцча-м, эцар а дацара и, сих а ца луш, меллаша, роггІана хийца а луш, бийр бу вай хІара, тховса цкъа бича, болуш ма бац вайн болх. ДІаэца, Іумар, варзап.

Иштта роггІана шен белхалой а хуьйцуш, масех сохьтехь болх бинчу Іабдуллас, тІе маккъаш а тоьхна, ир а дина, батта

дахка бен ца дезаш, дахчийна охьадеххкира тарраш а, шаьлтанаш а. Церан дахчадаларе а хьожий, саттадой, реза хуьлий охьадуьллура Іабдуллас тур.

– Дера хир ду хІокхарах тешаме тарраш, – элира цо, – амма вай цадезарийн карахь ма ловзийла-кх хІорш!

– ХІорш ирдина а, маккъаш дина а маца вер ву хьо? – хаьттира Іумара.

– Маккъаш-м сан даима а кийча хуьлуш дара, цхьана шина дийнахь вер ву-кха ирдина а.

– ДІа ахьа хьур ду, я кхин стаг воуьйтур ву цара? – хаьттира Іабас.

– И царна дикахо хуур ду. Лаахь, церан стаг а вогІур ву, охьадаийта алахь, вай а хьур ду.

– Цара шайн стаг ца ваийтахь, тхойша вахийталахь хІорш дІаэцна, – элира Іумара. – ХІуманна кхерам боцуш, шаьш хила деззачу охашимма дІакхачор ду хьуна.

– Деллахь, кхачор ду-кха, – тІетодира Іабас.

– И дан а мегар ду, – элира Іабдуллас, – шуьшиннал тешаме верг кхин мила хир вара вайн. Амма массо а хІуманна тІехь ларлуш а, само еш а хила веза шуьша. Цкъа яьллачу гІалатоно кхин духа ца догІу долчу новкъа даха тарло. Паччахьан Іедал хІинца шен йоллучу къизаллица тІетаьІна къинхьегаман халкъашна. Бен а доцучу хІуманна тІехула лаца а лоцу, тоьпаш а туху, Сибрех а вохуьйту. ХІокху муьрехь ма-ярра гучуяьккхина цо шен акхаралла а, къизалла а. Цунах лаьцна тІаьхьа дуьйцур ду вай. Ахьа, Абдраьил, хІинца хІара тарраш а, шаьлтанаш а, тохар аса хьайга дІагайтинчу хьой, къайладаха. Ткъа вай, Іаба, чудахна жимма къамелаш деш Іийр ду, шуьша кхето везаш цхьацца хІума а ду сан, – аьлла, уьш эцна чувахара иза.

– Іаба, охьахаал, жимма юучух кхета деза вай, – аьлла, йоьлуш дуьхьалаяьлла хьаьвзира Іабдуллин зуда.

– Хьан вешин кІант стенга ваха, хІума яа схьа ца вогІу иза? – хаьттира Іабдулле хІусамнанас.

– ВогІу, цхьана гІуллакхана тІаьхьасецна, – жоп делира Іабдуллас. – ХІан, Іаба, ма Іел ший а, дІаэцал. Шелъелча дика ца хуьлу юург, – аьлла, шайн хІума яа буьйлабелира уьш. Цу хенахь чуверара Абдраьил а, иза а, ІабдуллагІаьрца а ца хууш, паднара тІе шена юург а йиллийтина, охьахиира.

– Ва, Іаба, оцу девнах хІун хилира шун, ашшимма обаргийн лергийн яххаш йохйина бохуш ма хезира суна? – хаьттира Іабдуллас.

– Цунах-м хІун хир дара? – вистхилира Іаба. – ДІадаьллера и-м. Амма и дІадаьллехь а, дижийта гІерташ нах-м бац. Дуьнен чохь мел дерг а, доцург а юкъатекхош, дижа ца дуьту и наха. Кху тІехь диканиг олуш стаг ца хаавели суна. ХІун дан гІерта а хаац.

– Къуръанор дуьту наха-м, и ца дуьтуш айдина хьийзарш уьш шаьш бу хьуна. Селхана цунах лаьцна наха хабарш дуьйцуш ладоьгІуш Іийра со.

– Деллахь, тхойшиннан бехк болуш хІума-м ма дацара хьуна и, Іабдулла, – элира Іумара. – ХІун бохура хІокхара, тхойшинна дов деш хир бара хІорш?

– Шуьшинна кхин дов а ма ца дора цара-м, массара а бакъ тоьхна олура. Цара дуьйцучуьнга ладоьгІча, хІара генадаларан сурт дар-кха хІиттош. Мухха а декхна а, и ца доькхуш, нахана дийццал зулам ца деш уьш Іийр бац, и обаргаш зуламе а, тешнабехк шайца болуш а нах бу, бохур-кха цара. Уьш хІун гуш лела-м ца хиира суна, делахь а цара дуьйцург бакъ долчух тера-м дара. ХІун хиллера шуна? Ма-дарра дийцал соьга хІинца шимма а, – элира Іабдуллас.

– Муьлхачо дуьйцу охашимма? – хаьттира Іабас.

– Ахьа дийца, – элира Іабдуллас.

И шайн хилла дов ша ма-дарра дІадийцира Іабас Іабдулле.

– Суна а хезира иштта, – элира Іабдуллас. – Вай бакъдерг дийцича-м, тоха-м дика тоьхнера шиммо а. Со реза

ву шуьшинна цу тӀехь. Эцца ашшимма и болх ца бинехьара, шуьшиннах нах а белийна, пайдабоцчу а ваькхина, шуьшинна валлалц дицлур доцу доккха эхь а дина, дӀагӀур бара уьш. ХӀинца ларлуш хир ду хьуна, жӀаьлеш. Амма кхузахь новкъадерг кхин ду, и шуьшинна хаа а деза моьтту суна. Цундела вара со шуьшинца къамел дан лууш. Нагахь вайгара гӀалатло ялахь, и тоян чӀогӀа хала хир ду вайна.

– ХӀун ду и, Ӏабдулла? – хаьттира Ӏумара.

– Шуьша хӀинца а жима ву, хӀуманан хьекъал а баккхийчеран санна ца кхача а там бу шуьшиннан, цул сов, и шун дов хилла болу обаргаш а шун хенара нах бац. Цундела шуьшинна уьш дика ца бевза. Хийла де доцчу мискачу стеган дог дохийна, къола дина, буоберана гӀело йина, церан нана елхийна, хийла дикачу кӀантана тешнабехк бина, мотт тоьхна и лацийтина нах бу уьш. Уьш бевзинчу нахана цхьанна а дика болх ца хилла, воних бен шайх хӀума схьадер доцуш, зуламе нах бу уьш. Церан дай а бара иштта: боьршачух къу, айкх я кӀилло хуьлу церан, стечух кхахьпа хуьлу. Нахаца хийла харцо лелийна, цхьанна а хӀуманна эхь доцуш нах бу шуна, уьш, ларвала веза шуьша царах. Цара и дитна, дижийтина бохург бакъ дац шуна, шайна цаьрга тешнабехк ма байталаш. Суна дика бевза уьш, суна санна нахана а бевза. Оцу ХалидгӀеран дас шен вешех йисинчуьнга бӀиж дайтинера, и болх леллол сийдоцуш болчу цара хӀуъа дийр дуй хаа деза шуьшинна. Массо а стага и иштта олу шуна, дан а ду. Дуьжуьйтур дац, ши кӀант, цара хӀара гӀуллакх, зулам дийр ду. Оццул а бахьана доцучу хӀуманна тӀехула Ӏедале нах хӀаллакбайтина цара. Цаьрца бертахь бу шуна Ӏедалан белхалой бу шаьш мел бохурш а. ХӀара Ӏедал къуйн а, хьоладайн а, нах лебеш лелачу молланийн а ду шуна, вайн дац. Цара мел дина къола а Ӏедалан белхалошкахула чекхдолуш дуй хаалаш. Уьш берриш а цхьаъ бу шуна. Нахана хаза хабар а дуьйцуш, шаьш юьстаха а

лаьтташ, хийла дика кIант хIаллакваййти цу кхаа вашас Iедале. Хьайн нуц вара алий, хIокхул тIаьхьа оцу Халидах а, цуьнан вежарийх а ма тешалахь, Iаба. Иштта, Iумар, хьо а ма теша. Ларлолаш царах, вочу хIуманах хьожа йогIуш нах бац шуна уьш, вайна цаьрга тешнабехк ма байталаш. И шуьшинга дIахьедан валийна аса шуьша тховса. Кхийтин шуьша?

– Кхийти, – элира Iабас.

– ХIун дийр дара цара, Iабдулла? – хаьттира Iумара.

– Деллахь хаац-кха, Iумар, цара хIун дийр дара-м, амма вон хIума, и мел вон а, ирча а хиларх, цаьрга далур дарий-м хаьа суна, – элира Iабдуллас. – Вайн юьртда Iений, къеда волу Манакий, молла ву ша, Iилманан да ву ша бохуш нах лебеш, царна и харц жайнашший, хIайкалшший дохуш лелаш волу Мовсар-Хьаьжий, хIара нехан шинарш леч-къош, мискачу нехан тIелхигаш идош, гIийлачу нахана ниц-къаш беш хьийзаш болу обаргийн баларш Халиддий, Вахий, Висарггий, дIо бухахь уьш массо а гивоьллина нахах идош, Iедалах хьулош Iаш волу пурстоп Сирмеккхий – массо а цхьа къепал ю хьуна. Дера ду цхьана кетарх дина мезий, нехан цIий молуш бен самукъадолуш а ма бац уьш. Наха-м эрна ца олий Сирмекхах саьрмак. Цара лелорг мадарра шайна хуъушехь, дан хIума цахиларна, Iадда Iа-кха. Iедал а церан ду, герз а церан ду, саражникаш а церан бу, салтий а, обаргаш а, къуй а церан бу – мискачу наха хIун дийр дара? Уьш шайн коча ца богIуш Iарх баккхий а беш, Iадда Iа-кха. Цара аьлларг аьлла ду хьуна, динарг дина ду хьуна, лелийнарг мегаш ду хьуна. Iедал вай санна болчу къечу нехан, мискачу пекъарийн дац, церан ду, цундела цара цунах буьззина пайда а оьцу. Дера, ши кIант, халачу, зуламечу, тешнабехк болчу нахаций, нийсо йоцучу Iедалций ма тасавелла шуьша, тIаьхье дика хир яц кхуьнан, дуьтур дац цара и гIуллакх вайна ма-хеттара. Вайна ца моьт-

тучухула, дагахь а доцчухула инзаре зулам гIаттош, даьттIа гучудер ду. Меца берзалой хилла даьхнийх летар бу уьш, мукадехкий хилла ялтех летар бу, Iаьржа Iожалла хилла керта а хьаьвзар бу. Нахаца шаьш хIинцалц лелийнарг вайна ца лелош дуьтур дац цара. Цундела ма-хуьллу само ца йойуш, ларлуш, мел кIеззиг а гучудаьллачу хIуманан йоккха ойла еш, лерг диллина ладугIуш хила деза шуна вай. Ма тешалаш цара бохучух а, лелочух а. Тоххарехь цхьа зулам дагахь лелаш хир бу шуна уьш, – элира Iабдуллас.

– Ва Iабдулла, ахьа-м баккъалла а цара цхьа хIума дийр долуш санна ма дуьйцу хIара, – элира тийна ладоьгIуш Iаш волчу Iабас. – ХIун дийр дара цара? Уьш-м Iадда Iаш бу, бохуш хIуммаъ дац. Амма цара, ахьа ма-баххара, цхьа хIума схьадоладахь, цунах терра дерг дуьхьалтоьхчахьана ца довлу вай?

– Довлура дера и иштта хилча-м. Со суо а ву-кха уьш хIума ца долош IадIаш хиларх цецвуьйлуш. Цара и гIуллакх иштта атта дижийтар дика ца хета суна, дика дац иза, церан амалшца а дац. Цхьана доккхачу зуламан ойла еш уьш болуш санна хета суна. Цара, ахьа ма-баххара, гуш схьадолийначу хIуманна-м цунах терра дерг дуьхьаладоккхур дара вай, ткъа къайлаха цара хIун леладо ца хууш, ду аса шуьга ларло бохуш дуьйцург. И гIуллакх шайна хIокху тIехь дижийта уьш лууш хиллехьара тоххарехь хьуна я Iумарна цхьа буй-тIара йина йистъяьккхина хир яра цара, суна дика бевза уьш. Ткъа хIинца цара лелорг тамашийна хIума ду. Цхьа доккха хIума царна дагадеана хиларна кхоьру со. Зулам дан дагадеанчу мостагIчуьн хорма ю цара хIинца гучуяьккхина вайца лелош ерг. ТIаьхье дика яц кхуьнан, хIилланга бевлла уьш, – элира Iабдуллас. – Берахь дуьйна цара ког хIотта ца вуьтуш, цаьрца къийсалуш схьавогIучу суна дика евза церан амалш. Юьртда ю ша бохуш Iаш йолу Iена сан сайн маьхча а йолуш ю, амма цул боьха

хIума Дала дуьнен чохь кхоьллина а хир яц. Хийла лацийти со цо, хийла чухьовсийти, хийла зен ди цара суна. Соьца а уьш иштта хилча, шайца муха хир бу аьлла хета шуна? Тоьшийла яц шуна цхьаннах а. Шаьш IадIахь а, Iедал тIе-м таIор ду шуна цара, баккъалла а дерг и ду-кха. Кхин хуьлийла яц цара лелочу хормин.

– ХIун дийр ду царна делахь, – элира хIинццалц вист ца хуьлуш Iаш хиллачу Iумара. – Хьовсур-кха вай цкъа цара юьхь дIайолийчахьана.

– Амма шайна моьттарш хилла дукха-м уьш а лелар бац-кха, – элира Iабдуллас. – Кхул тIаьхьа кIезиг таIзарш дийр ду цара нахана. И вай тховса туьйсина, дахчийна охьатийсина тарраш къехоша шайна дойтуш дай, церан а, уьш санна болчийн а Iазапан бала кочара бакккхар Iалашо йолуш. Шен даржехь вазвелла дукха Iийр вац паччахь а. Мискачу вайн халкъо иллешкахь а, Дала вохаве Микалай паччахь хьо, ма дохий ахьа тхан ирсе дахар, бохуш деш долу доIанаш кхочуш хуьлуш ма лаьтта. Цо бечу ницкъашна дуьхьал ма гIаьттина дуьненан еа маьIIера къинхьегаман халкъаш. Петарбухехь а, Москохахь а, ХаркIехахь а – массо а гIаланашкахь, ярташкахь дIахьош бу паччахьан Iедална дуьхьал луьра тIом. ХIинца массара а лоьху массеран а цхьа бакъо, нийсо, ирс а массеран а юкъара хилар. Россин белхалой а, ахархой а дуьхьалбевлла паччахьан Iедална а, цо бечу тIемашна а, къеллина а, харцонна а. Билггал бакъдолуш ду, дукха хан ялале паччахь вухург хилар а, къехоша толам боккхург хилар а. Россин къехоша паргIатонехьа гIаьттина бечу тIеман аз кхаьчна вайн Нохчийчу а. Хезний шуна, кест-кеста хуьлу Соьлжа-ГIалахь бунташ а, демонстрацеш а. Амма уьш цкъадолчунна дIаяхьа а, лело а хала ду. Паччахьан эскаро акхараллица тIелеташ хIаллакбо бунташ йохурш. Делахь а, и цхьана ханна бен дац. Вайн нохчийн къехой а, оьрсийн белхалой а цхьабарт хилла ара-

бевллачу дийнахь хир ду вайн карахь а толаман и деза совгIат. Цу денна кийча хила деза вай. Карахь йолчу заманчохь ламанхой кхето беза паччахьал тола вайна оьрсийн къехошца, церан белхалойн классаца барт оьшуш хиларх а, цаьргара хаам хиллачу дийнахь вай цхьатерра гIевттина, паччахьан Iедална дуьхьаладовла дезаш хиларх а. И иштта ца хилахь, цкъа а кочара дер дац вайна хIара Iазапан дукъ. Цундела тIехь ду вайна оцу зуламхойх лардалар а, цаьрга ваьш эрна хIаллак цадайтар а. Хан йоцуш вай дIадолийна долу хIума вай оьшуш, хеназа чекхдер ду вайн. Цундела ма-хуьллу собар деш а, сатухуш а хила деза вай церан гучудийлаьршна а, цара лелочу ямартлонашна а.

– Шайна моьттучу агIор эрна, лар йоцуш тхойша хIаллаквалур вац-кха хьуна цаьрга, Iабдулла, – элира, шен сийна бIаьргаш а къарзийна, Iумара. – Сан десар, церан дагахь хIума дуй хиъча, тховса вахна оцу кIотарх сийна цIе хьала ма юьллур яра аса. Ир-бир алий, тхойшинна гучувала-кха оцу кхаа вешех майра верг. Шаьш хIинцалца нахаца лелийнарг бегаш буй а, моан коьллаш хиллий а хуур дар-кха хьуна царна. Цхьа кхин-м ду, цаьрга санна хIилланций, тешнабехкаций хIума лелалур дац тхойшинга, амма дуьхь-дуьхьал хIоьттина олучу дашах, бечу тIамах тхойша озалур воций-м хаьа суна. Цул тIаьхьа деш дерг цIарций, молханан кIуьраций хир ду-кха.

– Нехан зуламах, вонах, тешнабехках, юьхьIаьржонах шуьшна ларвалархь цхьамма бехк буьллур бац шуьшинна. Аса шаьшшинге хIара къамел диний ма хаийта цхьаьнге а, чохь а, арахь а хьаха а ма де, – элира Iабдуллас. – Адаме шаьшшимма герз леладой ма хаийта, амма герз доцуш чуьра ара а ма вала. Шуьшинна гуш тIевогIу волу мостагI, герз дуй хаахь, лечкъина вогIур ву шуна. Цо аьтто бохор бу девнан а, тIеман а. Уггар а кхераме мостагI – иза лечкъина вогIург ву, цо тешнабехк бийр бу хьанна а, – аьлла, хьала-

гIаьттина вахначу Iабдуллас цхьа башха кечйинчу хумпIар чохь схьаеана, Iабин голашна тIе тапча охьайиллира. – Схьаякккхий хьажал, – элира цо цуьнга, – хьан доттагIчо хьуна деш долу совгIат муха ду, реза хир вуй те, Iаба, хьо сан совгIатана? Дера, нускал санна и кечъян гIерташ аса-м чIогIа къа ма хьийги хьуна. Дац хьуна и харц дийр долуш герз-м.

Iаба, цкъа ша хIун эр ду ца хууш, цIийвелира, юха меллаша озийна хумпIар чуьра тапча хьала а яькхина, чIогIа тамаш барца цуьнга хьежа волавелира иза.

– Муха хета хьуна хIинца, бакъ хиллий аса хьоьга дийцинарг? – аьлла, улло а хилла, иштта чIогIа тамаш барца Iабдуллас кечйинчу тапчане хьежа велира Iумар а. ЧIогIа хазахетара цу шинна, детица кхелинчу макъар тIехула Iаьрбийн маттахь «Iабина Iабдуллера совгIатана» аьлла, яздина йоза. Башха хаза кечйинчу хумпIаран тIеман кIелахь, кегийра оганаш а долуш тегначу кисанаш чохь дохкучу патармех бIаьрг кхеттачу Iабас, вела а велла:

– Баркалла хьуна, Iабдулла! – элира. Аса цкъа а диц-дийр дац, ахьа тховса сайна хIара башха совгIат дина хаза-хетийтар. ХIинццалц, тхайн хенара болу кегий нах цхьаццa къечIалг хаьн тIе а тесна дIабуьйлабелча, царах чIогIа хьоьгура тхойша. ХIинца ахьа суна а совгIат ди, Iумаран тапча а тойи. Оцул а доккха совгIат ду ахьа бина хьехамаш.

– Хьо-м аса дуьйцучух теша а ма ца тешара, ва Iаба, – элира Iумара, – хIинца муха хета хьуна?

– Ахьа дукха хаза дуьйцура, Iумар, – элира Iабас, – суо лево моьттура суна. Ткъа хIинца-м хии суна, хIара гIул-лакх ахьа дуьйцуш санна доцуш, кхин а хаза хилар.

– ТIаккха, и дар-кха аса хьоьга дийцинарг а, – элира Iумара. – Ахьа-м со оцу хьешана хьалха минот ца яьллехьа-ра аьшпаш буьттург а вина, юьхьIаьржа а хIоттавора.

– Iаба, чуй, арий ийзо ца оьшуш, дIа тIе ма-лаццара нийса тухуш ю хьуна и тапча, – элира Iабдуллас. – Хьайнчо болх

муха бо, Іумар, кхин дуьхьалаяланза юй хІара? Аса пхьола чІогІа-м динера хьуна цунна тІехь.

– Вон ца бо, хІинццалц хІара ду аьлла, суна гІалат хеташ схьагучудаьлла хІума дац, – элира Іумара. – Кхул тІаьхьа хІун хир ду-м хаац суна. Амма и тайпа цхьа хІума гучудаьлла меттиг сайна хилахь а, хьо волчу ван мало йийр яц аса.

– И Іабигара тапча суна йоьхкина эпсар вуй?

– ХІан?

– И веанера дукха хан йоццуш, шен сирлай мичхьа ю, схьалахьара ахьа, аьлла. ТІаккха цо бохучух суо ца кхетачуха, цо схьабуьйцучу оьрсийн маттана дуьхьал нохчийн мотт а буьйцуш, хьаьвзи со.

– ХІун эли ахьа цуьнга? – вистхилира цо дуьйцучух цецваьлла волу Іумар…

– ХІун эр дара аса цуьнга? – велавелира Іабдулла. – И велча а, дІалур ярий аса сел лерина кечйина, тойина, тІе цІе а язйина, совгІатана сайн доттагІчунна яла кечйина йолу тапча. О, хьан сирлай сапсем яман, полхой пошол хиллера, делай, делай, ни делай. О, сапсем яман полхой сирлай. Саражникашна и юй хаахь, чу а вуллур ву со, тиби яман, тиби сирлай яман, полхой, саражник узнай тиби, мини ариставайт! – аьлла, хала кочара ваьккхина, дІавахийти-кха. Дера вацара атта кочара вала дагахь. ТІаккха а боху-кха хІокхо, мини сирлай давай. Тиби сирлай нету, ламаца, делай, делай нету, борсай эли аса. ТІаккха дІаваха-кх, шен кхин гІуллакх хир доций а хиъна.

– И хІун бохург ду, ва Іабдулла? – хаьттира Іумара.

– Дера ду, мел тоян гІортарх толур йоцуш, вон герз хиллера хьан тапча, дІакхоьссира, кхин то а ца елла, бохург, – элира Іабдуллас, – иштта ду шуна, ши кІант, гІуллакх. Шиьшингахь герз дарий, дацарий, хІума дийр дарий, дацур дарий, дацарий алий, оцу Халидан тилла-тобанах ма

тешалаш, шайн цIоканаш юьзна тешнабехк шайца болуш, боьха хIумнаш ю шуна уьш.

– И хIун тоба ю, ва Iабдулла? И юьйцу суна хезна дукха хан ма ю, амма и хIун тоба ю-м ца хаьа суна. ХIинца юй и тобанаш?

– Хьалха, тхо шу санна кегий долчу хенахь, яра и тобанаш. ХIинца вон лелачу нахах олу. Цхьана хенахь со а вара тилла-тобанан баьчча. Мега мел дерг-м ас а лелийна. Вон леларггий, харцахьа леларггий, къола дийриггий, аьшпаш буттурггий бен дIа а ца оьцура тилла-тобано. Керла тIеоьцуш волчуьнга дуй боуьйтура, оцу дIорачу Хьани-кIотархойн йоккхачу хьуьнхахь старана тоха сара а ма бац, Органан тогIий чохь Iодаца кхосса тIулг а ма бац, и охьадоьду Орга охьадоьдуш а ма дац, хьаладоьдуш ма ду, олий. Оццу сарахь цхьана ца тарлуччунна къола дан а дезара цуьнан, нехан йоI-жерочух куьйгаш тоха а дезара, паччахьан салташна юкъахь уггар а хьаьрсаниг а лехна, цунна топ тоха а езара. Цара аьлларг дан дезаш дара, цара диначунна къера хила безаш бара нах. Тилла-тобано керла стаг тIеэцна аьлла тосаделлачу минотехь шайн кораш а, неIарш къовлий чуловчкъара нах, иштта чIогIа чIагIдора, цара божалш а. Нохчийн и тобанаш юй а, цара лелочух а кхеттачу салташа хе ца вохуьйтуш, къайлехь хьулвой латтавора хьаьрсаниг. Тилла-тобанан Iедал чIогIа дара, чIогIа таIзар дора цара шаьш аьлларг ца диначунна а. Далла дуьхьалдаьлла шайтIа санна, массо а дикачу, нийсачу хIуманна дуьхьалаваьлла хила везаш вара тилла-тобанахь верг. Дуьхьал болчу, нийсачу новкъа лелан йиш йоцуш, хьаьвзина боьдучу, галцаш я хатт болчу новкъахула лелара уьш. Дика хIума дика ду ала йиш йоцуш, вон ду ала дезаш дара, ткъа воніг Iаламат дика ду олий, хастадора. Юьртан пхоьхана а йогIий тилла-тобано къера дуйнаш дуура ламанан басахь маьрсаца хьаккхал буц ма ца йолу, Ийдал-хи чохь сесаша диъна

чIерий ма ца дисна, стиглахула кхерстачу мархашца лаьтта божа догIанан тIадам ма ца бисна, аьхка кхетачу малхаца кераюккъе биллина лайн чим башшол йовхо ма ца йисна, олий. Нах охьаховшучохь уьш ирахь латта дезаш бара, нах лаьттачохь охьаховша дезаш бара. Пхьоьханахь наха деш долу къамел харц деш, шен «бакъдерг» дуьйцуш, и чIагIдеш дуй бууш хила везаш вара тилла-тобанхо. Ша аьлларг бакъ цадечух, тIекхетта лата везара. И пхоьха йохийначул тIаьхьа кегий нах а, мехкарий а гулбеллачу хенахь хинкоьрте а вахна, маьттаза эшарш лоькхуш, боьха мел дерг дуьйцуш, уьш хьийзо безаш хуьлура. Цхьа а дика дош ала а, дика хIума дан а йиш яцара. Баккхийчу нехан суьйре дика ян йиш йоцуш, вон мел дерг олура цаьрга а. Ша новкъаяьлла йолу йоккха стаг-м едча, ялан а ца юьтура, лехча, карош а яцара. Йоккхачу стагах куьйгаш тоьхнарг-м тилла-тобанан эла хуьлура. Хьуна ца хууш а хьоьгара цхьа бакъахьара хIума далахь, дагахь а доцучу хIуманна гIуда тухий хьийзавора. Шелвелла хIара, шелонна хорша оьхуш мегаш вац олий, аьхкенан довхачу дийнахь тIе йоккха кхекхийн кетар а юхий, йоккха цIе а латайой, вохвала цу цIерга хаавора. И тайпа гIалатло хьоьгара IаьнтIехь ялахь, вохвелла хIара олий, чухула духучу кучаций, хечиций ара а воккхий, диттан IиндагIе хIоттавой, латтавора. Цунах тоам ца хилахь, хи тIера даккхаза ву хIара олий, ша каг а бой, шийлачу хи чохь лийчор вара. Масане дара уьш? Дийцина а вер вац, чIогIа вон лелара хIетахь нах. Тилла-тобано шена дашие а кхин дан хIум ца карийча, базарахь дов даккха сацам бора. Iалелай, тилла-тоба йогIу шуна, бохуш, уьдуш хир дара хьуна базарахь мел долу адамаш. Муха ца уьду уьш, хьерабевлла нах чухьаьлхича? Цхьаберш жухаргийн хорма юхий хир бара, вуьйш берзина а бовлий, чухашца юкъах шаьлтанаш а йоьхкий, цхьаъ цхьаьннан ги а хоий, хьийзаш хуьлура. Хьербевллачу наха а лелор дацара тил-

ла-тобано лелош дерш. ТІаьххьара а «анталш» боху тоба елира ламанца. Цу тобанахь верг тоьлла дегІ долуш, дегІаца ондда ницкъ а болуш, я жимма цхьа са аьрта а болуш хила везаш вара. Тханчул а чІогІаха дара церан гІиллакхаш, низам а дара чІогІаха. Анталийх волчун бага дІакъовла бакъо яцара. Сарралц бага а гІаттийна лела дезаш бара уьш. Наха дуьйцучуьнга а, я шаьш вовшашка дуьйцучуьнга а ладугІуш бацара уьш, баьчча воцучуьнга. Цо аьлларг, вала дезахь а, кхочушдора цара. Анталшна хІоранна а ша дуьйцург бен бакъ дац моьттура, цу тІехула уьш кест-кеста вовшах а летара, кхин дІадерг тилла-тобанан санна дара церан. Даима а вовшашца къийсалуш хуьлура анталшший, тилла-тобий. Цу буха тІехь эххар а дов делира тхан, Іай дара иза. Уггар а шийла де билгал а даьккхина, оцу вайн Іам тІе лата даха тхо. Цу дийнахь анталша йохий тхан тоба. Ведча а ца волуьйтуш, йиттина, лаьхкина, тхо массо а хи чу а кхийсина, дІабахара уьш. Доккха хІума дар-кха иза, хІинца ойла йо аса цуьнан, оццул чІогІа тхо летачу хенахь цхьанна а антало бага дІа ца къовлур-кха. Ахьа доггах ластийна бетах тоьхна буй а, тІара а, доьдий, церан бага эккхар-кха хьуна. Сан вара Хьамзат бохуш цхьа дика доттагІ, хІинца вац иза, шу марша. Сел ирчачу оцу тхан девнах доккха ловзар динера цо. Бага а гІаттийна шена чухьаьддачу антална къакъ олий цхьа шалго бага а юллий, тоттий хи чу вохуьйтура цо. И хазахеташ тхо, хьовх, анталш шаьш а боьлура. Эххар а берриш тІебеттабелла, хи чу вахийта цара Хьамзат. Иштта йохий цара тхан тоба. Цул тІаьхьа анталш а дукха ца лийлира, уьш а цхьана кхечу тобано бохийра, хІун тоба яра-м хаац суна, дага ца йогІу. Иштта лелар-кха шуна, кІентий, тхан цергахь нах. Деллахь, лелара дукха вон-м, хІинцалераниг-м хІун дара хьуна? Оха лелийначуьнга хьаьжча, хІуммаъ доцург ду. Делахь а массо а хІуманан шен-шен хан а, зама а ю. ХІинца адамаш а

дац хьалха санна, зама а яц тохарлерачух тера. Зама хийцало, цуьнца адамаш а хийцало. Дуьне долийчахьана а хилла иштта. Адамашна тӀаьхьа зама ца ихна, заманна тӀаьхьа адамаш ихна. Кхул тӀаьхьа а хир ду иштта. Нитташ бийначохь нитташ бовлу, баӀ бийначохь баьӀаш довлу, зезаган хӀу доьжначохь зезаг долу. Адамашлахь а хуьлу иштта. Мотт беттачу айкхийн цӀийнах, хӀу дайна висарг, айкх волу, къуйн цӀийнах къу волу, дика дай баьхначу комаьршачу цӀийнах яхь йолуш кӀант волу. Вочу цӀийнах схьабевлла, зуламе нах бу шуна вайн захалш, ларлолаш царах, – аьлла, чекхдаьккхира Ӏабдуллас шен къамел. Цул тӀаьхьа кхин цхьацца хабарш дуьйцуш а Ӏийна:

–ХӀинца тхойшиннан дӀавоьду хан хилла моьтту суна, – аьлла, хьалагӀаьттира Ӏумар.

– ЛадугӀуш хир ву тхойшиъ-м, Ӏабдулла, са ма гатде, Ӏодика йойла шун, – аьлла, Ӏабий, Ӏумаррий аравелира. ХӀорамма а Ӏабдуллин къамелан ша-ша ойла еш, ӀабагӀеран уьйтӀа кхечира и шиъ. Ерриг Ӏайбеца юрт а набарна тийнера. Наггахь а ца хаалора юьртахойн корехь богуш чиркх а, вовшашка куьйгаш а делла, буьйса декъала а, Ӏодика а йина, дӀасакъаьстира и шиъ. Мархашна тӀехьахула гучудаьллачу беттасо а буьйсанан боданаш хедош, ламанийн даккъашкахула шен чкъург карчийра.

## ХЬАН ЯЬХЬНА ХIОНС?

Ма-хуьллу шен бакъоне йоьрзуш, зезагашца ламанийн агIонаш къарздина, Iоврашца хиш стамдина, зевнечу шакарца олхазарш тIема даьхна, Iуьйре суьйренал хазъеш, суьйре Iуьйренал хазъеш, йогIура лаьмнашкахь бIаьсте. Де, дийне мел дели а, дахделла доьдура. Дуьне, Iалам дендеш, хьоьжуш болу дашо малх бохбелла боьдура. Басешца тоьхна соьналлех церг хьоькхуш, сарралц кхерстара ламанхойн жа, даьхний. Генара шен сингаттаме иллин мукъам хазабора царна тIаьхьа рагI йоккхуш лелачу Iуьно а. Хилларг, гинарг, хезнарг дуьйцуш, юьртан пхьоьхане а гуллой, малхана дуьхьал а боьрзий, Iаьно а шаьш дегIана гергаийзийначу кхекхийн кетарийн ховха тIемаш малхо дохдинчу дегIана хердеш, гена а дохуш, къамелаш деш хуьлура бакхий нах. Цара дуьйцучуьнга ладоьгIуш, цунах самукъадолуш хуьлура кегийнаш а. Шаьш мел лелийнарг, мел хезнарг а дуьйций, эххар а Iай хехо а вуьйш Iаьлбиг-Хьаьжин яьхьначу туькан коча а боьлхий, цунах шайна хетарг, шаша и туька шайн хилча дендерг дийца буьйлалора уьш. Цхьаболчара чIагIдора берзан пха багийча, къу лазаро лаьцна, ваьгна гучуверг хилар. Цу хьокъехь шайна хаахь а, ца хаахь а, и бакъдеш дукха масалш а даладора. Вукхара бакъдеш хьоьхура гибан чу гомашан шар а доьттина, цу чохь естталц баьццара пхьид ялло езаш хилар. ТIаккха вистина тIевогIур ву, бохура, къу. Амма мел цара и дийцарх, къийсарх Iаьлбиг-Хьаьжина хуьлуш гIоли-м яцара. Берзан пха багорах къу а ца вегира, шералахь пхьид есторах веста а ца вистира иза. Иштта шайна цу туьканах хетарш дуьйций, и кIордийча, кестта тIекхочу долчу харш тосучу дийнахь а, хьан муха цунна кечам бина а, муха беш бу а къийса буьйлалора уьш. Ламанхойн дахарехь доккха дезде дара

харш тосу де. Цу дийно бакъо яларца дIадолалора бIаьстенан оханаш. Иштта мехалчу цу денна тIе дика бинчу кечамца кхачархьама хIума ца кхоадора цара. Бийна уьстагIий, мала нихий-м хIор уьйтIахь а хила дезаш дара, ткъа цхьаболчийн таро хуьлура къаьркъий, чIаIий Iалашдан а. Доккха ловзар дой, чIогIа синкъераме чекхдоккхура баккхийчара шайн дезде. И хилам гуттар а хазбора, нагахь санна баккхийчеран бакъо йоцуш, готанна харш тесна стаг гучувалахь. Лоций схьа а валавой, кхиэл йора цунна. Ткъа кхиэло а цхьа ца торру сацам бой, гуттар а беламе доккхура гIуллакх. Кхело цхьаболчарна гIуда тухура уьстагIашний, маларний, вукхарна хIора говр а ялайой яйдакха и хехкар, цхьаболчарна, нагахь санна церан елахь, кхойкхий ловзарга йоI а ялайойтий, уггар а къечу, беркъачу я Iовдалчу стаге цуьнга сакъоьруьйтура. Цхьаъ цхьаннал оьшуш, тухуш долу гIуданаш дукха хуьлура. Цундела ламанхой чIогIа ларлора бакъо йоцуш охана дIадоладарх. Амма гIуда тоьхна стаг нислахь, и дуьйцуш, юьртахоша ца дуьжуьйтуш масех шо а долура.

Баккхийчу нехан пхьоьха йохо а, ша дагадаийта а диц ца лора Iа. Наггахь шен шело тIетоттий, лаьмнашца дохк, мархаш лохкий, махаца эдеш лой-догIий тухий, чухоккура цо уьш. ТIаккха хIора а шен товхана уллохь, шен ойланашца ша вуьсура. ТIаккха йицлора массарна а Iаьлбиг-Хьаьжин туька а, тIедогIуш долу харш тосу де а. Амма и туька йиц ца луш, легашка хIоьттина, шайна догIу дакъа схьа ца кхочуш сагатдеш берш кхин бара: Iений, Манакий, Мовсар-Хьаьжий, Сирмеккхий. Шаьш вовшахкхеттачохь кест-кеста хьеха а дора цара иза, шайна догIу дакъа схьакхочург хиларх тешна а бара уьш. «Къуьно къуьнна къола дича, Дела велало бах, хьаьжас хьаьжина къола дича, хIун до те цо?» – олий, Мовсар-Хьаьжас дерриг а беламе а доккхий, дижадора цара иза.

Іаьлбиг-Хьаьжин туька обаргийн ХалидгІеран кертах йоллу дукха хан яьллера. Лехарх кхин корта лаца хІума а ца карийна, Іедалца дийцарх гІуллакх ца хилла, берзан пха багорах, шерала пхьид тасарх гІо а ца хилла, дІадижийтира цо иза. Хетарехь, хан хиллера лаьттах йоллу хІонц хьалаяьккхина, цунах сутара, Іеса бІаьрг кхетийта. Ма-хуьллу чехка къуйн некъашкахула йолаялийта езаш яра иза. Цул совнаха, Іедалан мукъ карахь болчарна догІу дакъа дІакхачо дезаш а дара. Ялх декъе екъа езаш яра и хІонс: юьртдений, къединий, пурстоьпаний дешин ах хІумнашший, ах кІадий догІура, важа хІонс обаргашна юьсура. Хьалхе Іеница дийцина дара обаргийн Мовсар-Хьаьжина а жимма дакъа дар. И гІуллакх Іенас шена тІелаьцнера. Амма догІург цкъа Іедалан мукъ карахь болчаьрга дІакхачале, тускарш чохь мел хІун ю а, совнаха мел ю а, яла цайогІург цІахь сацо а сацам бинера вежарша. ТІаьхьа хиндерг мадарра шаьшшинна хуъушехь, Халид шаьшимма лелочух ца кхетийтархьама, Висаргий, Вахассий юкъадаьккхинера и хабар а. Цу шимма хІинца а хІонс хьалаяккха хьалхе ду бохуш, сецавора Халид, амма декъахоша шайна догІучу декъана сагатдеш сихвинера иза. ХІуманах бІаьрг ца бузучу Іенас а, Манакас а, пурстоьпехула долчуха, шайггара маситтазза а хабар тоьхнера обаргех. Цундела катоьхна хьала а яьккхина, хІонс ца екъча а, къуйн некъашкахула цуьнга шен болар ца дайтича а долуш дацара. И екъна, догІуш долу дакъа декъахошна дІакхачар синтемехь а лорура Халида. Цул тІаьхьа цунна атта дара Іедалехула шен мостагІашца болу къийсам а, мостагІалла а дІадахьа. Лой, догІий цхьаьна оьхучу бІаьстенан ирчачу буса хІонс хьалаяьккхина, екъна дІасаяхьийта сацам хилира вежарийн.

Іаьржа буьйса яра. Леррина хьежарх хІума ганцара ши ког биллал хьалхахьа. Мецачу экханах цІийзара шийла мох. БІаьрг белла ца вуьтуш, юьхьа тІе деттара цо лой, догІий.

IОлий топ коча а уллий, башлакх дIа а туьллий, вертанах а хьаьрчий, некъ ларбан хIутту бIаьрг сирла а, лерг сема а, куьйгана каде а волу Висарг. Халида дина омра дара улло гIоьртинчу хIуманна топ тIеяхийтар. Амма Висарга лардан дезаш хIума дац кхузахь, я и ган гIерташ нах а бацара. Хаара цунна, бIо багIахь а, шайн кертахь гучадала а, каро а Iаьлбиг-Хьаьжин туьканах дисна хIума доций. ХIонс тохарехь стиглахула лелачу олхазаран бен тIекхача йиш йоцчу ЧIаьнта-Органан лекхачу бердан хьехахь ю. И карорна кхерам бац са чохь долчу дегIана, ша юха а Вахиний, Висарганий ца караяхь. Иштта моьтту хIинца хехь лаьттачу, ша шен вешина тешнабехк барх воьлучу Висаргана. Цунах дакъа кхочур дац я Iенина, я Манакана а, я пурстоп волчу Сирмекхана а. Ша наха сагIийна елларг бен хIума бIаьрга гур яц зударшна мехаш беш лелачу Мовсар-Хьаьжина а. Иштта ойланаш еш, шен вешех а, цуьнан хIонсан декъашхойх а воьлуш лаьттачу Висаргана шена а ца хаара мохой, малхой лоьлхуьйтуш, хьех херца йоьлча, дечке оьхучу нахана цу чуьра охьаоьгуш йолу дашо хIумнаш а карош, цара «хазнин басе» аьлла цIе а тиллина, адамо эцна пайда а боцуш, туьйране а йирзина, шайн хIонс дуьненчуьра хайр доцуш дIаер юй а, шаьш лелочу харцонна дахаро шайна дуьхьалабаккха кечбина Iаламат инзаре, ирча некъ буй а. ЦIийнан гуо а, цунна тIедогIу некъаш а лардан ша Халида хIоттийна дела, вертанах а хьаьрчина, мохо лоьхкучу эшаршка а, догIано еттачу вотане а ла а доьгIуш: «Деллахь, хIун ойла хир ю те кертахь хIонс ца карийча Халидан коьртехь, хIун сацам бо те цо? Шена тIекхаьчнарг ма Дала тохар хетар ду-кха цунна. Хехо а вийна, туька яьхьна волу Iаьлбиг-Хьаьжа а хIоьттина хир вац хIинца хIара хIутту волчу кепара холчу. Хьер ца волуш висахьара! Ма тамаш бийр бу-кха цо, ма инзарвер ву-кха и цу балхах. Деллахь, нийса диний те охашимма хIонс лачкъийна?

Дина. Тхан хIун гIуллакх ду тхешан кортош и духкуш еана йолу хIонс нахаца екъа? Къуръанор, оьцур бац хьуна цара хIокху хIонсах-м цхьа мисар маха а-м. Халид а жимма оьгIазъихна, шен яппарш йина, дIасоцур ву, хIонс тхан карахь юьсур ю», – бохуш лаьттара иза. Буьйсанан тийналлехь хезаш дара Халидий, Вахассий белашций, зIокбергашций ден татанаш. Цхьа хан яьллачу хенахь тап-аьлла дIатийра уьш а. «ХIан, хIинца хIун до те цо?» бохург дагадеанчу Висарга шен берриге а тидам цара лелочуьнга ладогIарна тIебахийтира. Халида цIеххьана: «Iу-уйт!» – аьлла, ирча тоьхначу маьхьаро ша волччохь тасавалийтира иза. Юха ша лелочун а, шен кхераваларан а ойла йина, и хIонс ца карийна хьоькхуш мохь буй а хиъна, ша лаьттачохь велакъежира иза. «ХIинца хIун хуьлу те?» бохург деара дага а. Амма Халида хьоькху мохь а, ен гIовгIа а тIеттIа алсам юьйлура. Цо дена хьажоза ца висира обарг а, къу а, цхьа а стаг. Цуьнан багаха далаза ца дисира цхьа а вон дош. Хетарехь, оьккхуш воллура иза, дукха оьгIазвахна. Эххар а:

– Чехка, чехка валол ший а чу! Чехка, чехка валол ший а чу! Шайн дена а, нанна а неIалт хуьлда шун, церан а хIара иштта дIа ца дерзон делахь! – бохуш, гуттар а чуьравелира иза. Цо дуьйцург а, цадуьйцург а дуьйцуш, цул а тIехвала гIерташ, цхьа вон мохь бетташ Ваха а хьаьвзира. Адамийн сибатера даьллачу кхахьпане а лелур бацара цу шинга санна сел ирча а, сел боьха а и мотт. Цкъа хьалха цу шиннах воьлуш а лаьттина, юха:

– ХIей, шун мила велла? И хIун гIовгIа ю ашшимма гIаттийнарг? ТIехерцаш стигла-м яц цигахь? Мохь стенна хьоькху ашшимма. Собар де жимма, хIара ерриге а кIотар а ца гIаттош! ХIун хилла цигахь? – шен рогIехь мохь туьйхира Висарга.

– Вало чу! Валол цкъа чехка чу! Стигал тIейилхинехь аттаха дара вайна, хIара болх кертахь хуьлучул а. Шайн нанна кож туьллийла цара, кхунах дохкон ца бевн белахь! –

бохуш, воьдушшехь тоьпа чу патарма а бохуьйтуш, чувахара Халид. Ша бохург цунна хазийтархьама:

– Вало чу, цхьамма пIелг бахийтина вайна, хIонс яьхьна! Шайн нана хьарам йолда цара, цунах баккхий-м ца бен белахь! – аьлла, Ваха а чувахара.

– Ва хIун хилла шуьшинна? ХIун хIонс ю ашшимма юьйцург? Хьан хIун пIелг бахийтина вайна? ХIара гIовгIа а ца еш, адамийн амалехь вистхила мегаш вац шуьша? – аьлла, царна тIаьхьа чувахара Висарг а.

– Ва Дела, ва устаз, шу орцаха дуьйлийша! Вайна хIун хилла, ва кIант? Шу ма доьхна хьийза! – аьлла, цара хьоьхкучу махьарша цIеххьана набарха яьккхина, чухула юхучу бедаршца, коьрта хIума тилла а ца кхуьуш, йоьлхуш Висаргана тIекхийтира Халидан зуда. Цу сохьта шийла маьхьарий кхераделлачу берашка а девлира.

– ГIовгIа ма е, хIуммаъ ца хилла. Яло, бераш совцаде, хилларг хIинца хуур ду вайна. Со-суо вац хIокхара лелочух дика кхеташ, – аьлла, кхераелла, хоршехь эгош йолу, Асила шен бераш долчу яхийтира Висарга. ТIаккха шен воккхахволчу вешин Халидан бIаьра а хьаьжна:

– ХIун хилла вайна? – юха а хаьттира цо. Цуьнан бIаьра хьаьжначу Халидан бIаьргаш, тиларчу вахначу стеган санна, керчаш тIекIелбуьйлура. Бат а, озаелла, гараяьллера. Цхьана агIор ийзалуш детталора деха мекх тIехь долу балда а, цо, ийзош, ерриг юьхь а гарайохура. Цхьаъ ала дагахь вистхила гIоьртира иза, амма цунах гIуллакх ца хилира, бага а гIаттийна, легашка хIума яхча санна, бIаьргаш а къарзийна, хала къурдаш дан волавелира. Куьйгаш а дара цуьнан гарранцехь хоршехь эгош. Цо юьйлина карахь къуьйлу топ а цкъа Висарге, юха Вахе хьожура. Висаргана цкъа а ца гинера шен ваша иштта оьгIазвахна, сел ирчачу суртехь. Баккъалла а тиларчу воьдуш воллура иза, цо тIелаьцна йолу топ схьатохарна кхеравелла, меллаша вухавелира иза. Цуьнан вухаваларе а хьаьжна:

– Хь-хь-хьайна ца-ца-ца х-хууш с-санна, ж-жӀаьла! – аьлла, цергашца балда лецира Халида.

– Сан ден сара а, хьан дикачу ден сара а, Халид, ца хаьа-кха суна-м, аша хӀун леладо а, хӀун дуьйцу а-м, – элира Висарга. – Вист а ца хуьлуш, хилларг а, дан дезарг а схьа а ца дуьйцуш, тиларчу а вахна хьо хьийзаш хилча, кхин багара Іаь йолуш хӀара а ца хилча, суна хӀун хаан дезара? Амма вовшашна тӀе тоьпаш лаццал вайн гӀуллакх генадаьллехь, и генадаьллий а, вайна тӀекхаьчнарг жима хӀума доций а-м хаьа суна. Шаьшшинна хӀун хилла дийца мегаш дац?

– Дера аса чувоггӀушехь дӀа-м ма элира хьоьга, вайна цхьамма теттина пӀелг бахийтина, аьлла. Кхин хӀун ала деза хьоьга? ПӀелг бахийтина, пӀелг! ХӀинца кхетий хьо? – шена хиллачух хӀума ца хуучуха, оьгӀазе вистхилира Ваха. – Хьо кхетар-м вац, ламдина, Іаьвшина хьайна бага ца диллахь!

– Ваша, хӀун хилла вайна? Шу ма чӀогӀа инзаре хьийза, боккха сингаттам баьлла вайна? – аьлла, тӀедуьйхина, кога дуьйхина, юкъах шаьлта йихкина, оьшучу гӀуллакхана кийчча схьахӀоьттира Халидан воккхахволу кӀант Инал.

– Вало, Ина (иштта олура цара цунах) чугӀо, хилларг хӀинца а тхо тхаьш а хууш дац, эшахь, хоуьйтур ду оха хьоьга, – аьлла, Висарга вухавахийтира иза. Ден а, девежарийн а багаха цкъа схьадаьлларг дуьхьало йоцуш кхочуш дан Іемина волу иза, дог ца догӀуш, парталчу боларца дӀаваха-ра. Инала неӀ тӀекъевлинчул тӀаьхьа:

– ХӀун пӀелг бу и, ва Ваха? Хьан бахийтина? Хьанна бахийтина? Тамаш бу-кха, суна-м и цхьамма а бахийтинехь? – вистхилира Висарг.

– Вайн кертара хӀонс яьхьна цхьамма, – халла вистхилира Халид. – ПӀелг ца хета хьуна и?

– ХӀун хӀонс? – хаьттира Висарга. – Вай лаьттах йоьллина йолу Іаьлбиг-Хьаьжин туьккий?

– ХӀаъ.

– Ой, дера яьхьна хир яц-кха, хьан хьур ю и вайн керта а веана? Ша вайх кхааннах цхьамма ца хьахь, стиглахула лела олхазар а, лаьттахула лела кхон чхьаьвриг а ян ца яьхьачу вайн керта а веана и яхьа стаг-м ма вац, – элира Висарга.

– Яхьа-м яьхьна, и бакъдерг ду, – элира Вахас. – Цхьана стаге-м и яхьалур яцара, говраца кхаа-деа дийнахь дIа ца кхехьча. ХIара болх цхьана стага ца бина, хIара вайн ков-керт дика девзачу шина-кхаа стага бина, шаьш онда нах хила а беза уьш, дой дика хила а деза церан. И иштта ца хилча, оццул йолу чалх дIаяхьалур яцара. Вай ваьшна и къола динехь а, ца динехь а вайна хууш ма дуй. Деллахь, вайх чIогIа чекх сагина нах-м хилла шуна уьш. ХIара-м доккха хIума а, доккха Iаламат а хилла ца Iа!

Халла, цхьацца ког боккхуш, чухула дIасаволавелира Халид. ТIаккха, хьалакхевдина, эгочу куьйгашца пенаца хьалакхозу тIоьрмиг схьа а эцна, цу чуьра хьаладаьккхина доккха Къуръан стол тIе охьа а тесна:

– Оцу вайн кертара яьхьначу хIумнех шаьшшиъ цIена хиларна дуй баал цкъа суна, – элира цо.

– Ахьа хIун леладо, хьо хьайн хьекъалчохь вуй, ва Халид? Хьайн вежаршка дуй баийта воллу хьо? – хьаьттира Вахас.

– Со-м цхьана хIуманах шекваьлла, цхьана хIуманна тIекхача гIерташ лелаш ву шуна, дуй баа ашшимма, – элира Халида. ТIаккха тIевахначу Висарга:

– ВаллахI, ва биллахI хIокху Делера охьадоьссинчу Делан Къуръанор, оцу вайн кертара яьхьначу хIуманийн гуьнахь ма дац сан, хи чуьрчу чIеранчул а, ашшимма аьлчий бен уьш яьхьний а ма ца хиира суна! – аьлла, дуй биира. Иштта къера дуй биьна, кIелхьарвелира Ваха а. Шен шина вешина хьалха ша цIанвеш, стоьл тIе охьадиллинчу Къуръанна тIе пIелг а бетташ, дуй биира Халида а. ХIинццалц ша

нахана диначу къолашна а, куталашна а къера дуйнаш диънехь а, тховса-м дуйнна цIена вара иза. ТIаккха:

– Инал, ва Инал! – бохуш, мохь хьекха волавелира и.

– ХIун бах ахьа, дада? – аьлла, чIарх-аьлла сехьачу а веана, схьахIоьттира шен дена хьалха кIант.

– Схьаялаел хьайн нана, цуьнца хьуо а схьавола, – аьлла, омра дира Халида.

– Со-м хезаш ю, дIайогIу, – аьлла, кIант кхайкха вале, схьаеана, Халидана хьалхахIоьттира Асила. Цунна улло дIахIоьттира Инал а.

– Инал, вайн кертара цхьамма хIумнаш яьхьна. Вайн цIийнан стеган куьйгаций бен, цуьнан гIоьнций бен и цхьаьнгге а далур долуш хIума дац. Нагахь санна хьайна цунах хууш хIума делахь, и схьадийца а деза ахьа, дацахь – дац аьлла, хIокху Делера доьссинчу Къурьанна тIехь дуй баа а беза ахьа, – элира Халида.

– ДIавалахь, Халид, бере дуй муха боуьйту ахьа? – аьлла, дуьхьалавелира Ваха.

– Бер дац иза-м, ша цIена волчу хIуманна дуй баарх эхь а дац. Цкъа сайн гIуллакх со дина валлалц шуьша, юкъа ца гIерташ, IадIел, – элира Халида. – ДIабаал, Инал, дуй, я схьадийца, кертара хIумнаш хьан яьхьна.

– Оцу Къурьанор, дада, ахьа мел дешначу Къурьанор, дада, хIинца ахьа хоьттучу хIумнех суна хууш хIума ма дац, я уьш вайн кертахь хиллий а ма ца хаьа суна! – аьлла, Инала дуй биира.

– Схьахилал, къанделла зуд, аса хьайна оцу бага чу топ тохале схьадийцал, сан кертара хIумнаш хьаьнга яхьийтина ахьа? – аьлла, тIевирзира Iабигий, Iумарей цо уьш яхьийтиний те, аьлла, шекваьлла волу Халид. Цу тIе кхача гIерташ дара цо мел лелош дерг а.

– Ой, ахьа хIун дуьйцу, ва стаг? Ма лецахьа суна и топ тIе, хьо хьерваьлла тховса? ХIун хIумнаш ю ахьа тховса соьга юьйцурш? – аьлла, кхераелла юхагIоьртира Асила.

– Схьадийца, зуд! Аса топ тоьхна, чохь мел болу пах хьайн схьатасале! Йистхила чехкка! – аьлла, тIеволавелира цунна Халид.

– Вай, устаз! Цо хIун леладо, хьераваьлла те иза? Делан цIе яккхийша! Ва Дела, хьо орцаха волахьа тхуна! – аьлла, Асила юхахьаьдира. Цо баккъалла а тухур юй хиъна, юкъаиккхинчу Вахас:

– Халид, собардел жимма. Ойла ел айхьа хIинца лелочун. ШайтIан мукъа вахна хьо, вухаверза хьажа! – элира.

– Лаьхьа! Дуй баа суна чехка! – мохь хьаькхира цо юха а.

– ХIун дуй бу и? Ма баийтахьа соьга и, бехк-гуьнахь а доцуш, – йилхира Асила.

– Баа чехка, аса хIокху тоьпан лаг озадале! – мохь хьаькхира Халида. Кхераелла, хоршехь эгош Къуръанна тIе а яхна, куьйгаш хьаькхна шен бIаьргехара хиш дIа а даьхна:

– ХIокху Делера доьссинчу Делан дезачу Къуръанор, и аша юьйцу хIумнаш стенга яхна, хьан яьхьна суна хууш хIума ма дац. Данне а гуьнахь ма дац сан цу тIехь! – аьлла, дуй а биъна, юха а елха йолаелира иза. Цуьнан бIаьргех оьху даккхий хиш, хеккалуш, чIенги тIе а оьхуш, цигара даккхийчу тIадамашца хедаш лаьтта легара.

– ХIара сан ши ваша теш а волуш, хIара Делан деза Къуръан теш а долуш, аса, иссе а цIе тесна, йити хьо. ХIокху Делера доьссинчу Делан Къуръанор, хIара гIуллакх ахьа адаме багах даьккхина суна схьахазахь, хьуо йитаран бахьана дийцина меттиг хаалахь, аса топ тоьхна юьйр ма ю хьо! Яхийта! – мохь туьйхира Халида.

– Инал, ма йохаяйтахьа со бехк-гуьнахь а доцуш оцу хьайн дега, – аьлла, яхна шен кIентан когех хьаьрчира Асила. – Хьан нана яц со, ма яйтахьа суна хIара гIело. Къаньеллачу Iуьйранна со мича, хьанна тIе гIур ю? – бохура цо шен кIанте.

– Сан дас, иссе цIе тесна, йитина хьо, хIинца сан нана хуьлчуьра а ели, дIагIо, – аьлла, дIатеттира иза Инала. ЦIех-

хьана шен дегIе хьаьддачу шелонна бIаьрхиш а хецна, хьалагIаьттина, кортали коьртах а хьарчийна, «нана» бохуш, доьлхуш тIаьхьакхойкхучу берашка хьажа йиш йоцуш, кога мача юха ца кхиош, берзинчу когашца араелира Асила. И цIа кхето дагахь улло вала тIаьхьаволавелла волу Ваха:

– Сацийта! Вухаверзий, охьахаа! – аьлла, мохь тоьхначу Халида сацийра.

– Когаш а берзина муха гIур ю иза хIокху дорцехула? ТIаьхьахьадий хIара мачаш дIало аса цуьнга? – элира лаьттачу Вахас.

– Эшац, – элира Халида. – ЦIакхаьчча хир ю цуьнан тIеюха а, кога юха а. ХIинца таро ю церан, шортта деши а, кIади а ду. Шайна дуьйхича а, нахана дуьйхича а диссал ду церан хIинца хIума. Хьажахьа, ма доккха хIума ди-кха цара вайна. ХIара иштта дита мегар долуш хIума дац. ЭхIе-хIай, деллахь ма доккха хIума ду-кха хIара! – аьлла, цкъа куьйгашца хьалалаьцна корта а ластийна, цунах синтем ца хилла, хьала а иккхина чухула, волавелира иза.

– Хьанна хаьа и хьан даьхьна а, хьенан карахь ду а? Хьаштдоцуш сихвели хьо зуда йита а, доьзал бохо а. Жимма хьоьгахь собар хиллехьара, ладоьгIна, хIара гIуллакх кхечу агIор дерзо а ницкъ кхача там бара вайн. Къу мел генара велахь а, вайна къайлаваллал генара хир вацара. Ахьа жимма собар дан дезаш хиллера, кхечу агIор дерзор хIара вай, – элира Вахас.

– ХIинца кхечу агIор вай хIара дерзор ду, дерзо ма-деззара а дерзор ду. Кхин хIара маьлха дуьне декхаделла-м цаьрга хьожур дац хьуна. Бита ахьа, сан карахь деца церан лаг.

– Муьлш буьйцу ахьа, Халид? – хаьттира Висарга.

– Вайн и кIади а, деши а дIадуьллуш хааделларг Асила бен, кхин дуьненчуьра дегI дацара. Ткъа зударий Iийр барий шайна гинарг а, хезнарг а дийцаза. Цо и шайн цIахь

хьахийна, дозалле яла санна. Сан ден сара, вайн дика да воьллинчу кошор, вайн керта кховдан даьхьар долуш адамаш ма дацара и Iабий, цуьнан и сийна бIаьргаш болу доттагI Iумаррий бен. И шиъ ву шайн ден корта а хьур болуш сийдоцуш а, хIуъа дан кархдер долуш а ши стаг. Кхин мила вара вайн керта кховда ваьхьар волуш? ХIокху доккхачу дуьненахь кхин стаг-м дера вацара и хIонс яхьа, юха а и шиъ воцург. Амма? Амма!.. Хуур ду-кха вайна и кхул тIаьхьа! Тасалур-кха вай хIинца дуьйна. Аса хоуьйтур-кха царна сайн белшах тоха белш а, агIонах тоха агIо а церан боций. Соьца къуйин къола къийса боьллачу царна, хьуьнан хотехь чаца цIазамаш къийса воьллачунна хилларг ма хилахьара. Амма… Хуур ду-кха вайна иза а! ТIехь Iаш волу Дела, хьожуш хир ву-кха хьо хIокху балхе! – аьлла, юха а чухула дIасаволавелира иза. ТIаккха цхьа хан яьллачу хенахь, юха а вон бага леян волавелира:

– Хьай-й, ватта аша, меца жIаьлеш! – бохура цо. – Аса багор шуна зудберзан хIора пха! Аса хаор шуна шерала пхьид! Аса туьйсуьйтур шуна жерошка пал! Аса туьйсуьйтур шун наношкий, йижаршкий генара са! Аса кхийдадойтур шун декъашка мекарчу молланашка шайн писа куьйгаш! Аса дохуьйтур шун жоьра-йижаршкий, наношкий, несаршкий юьйлучу цIерашна орца! Аса кхачор шун хIу, аса мер шун цIий! Со летар шух меца борз хилла, дера ча хилла! Аса Iанор шун кертахь легачу бIаьрхийн дуьра хIорд, аса балор шун керта Iожаллин Iаьржа бода! Хьай-а, аса яжор шун кертахь меца Iожалла, ас боссор шун кертахь дуьненан бала! Хьай-а! Хьай-а! ХIан, ши кIант, – элира цо шен вежаршка. – Хилларг хилла даьлла, вай иштта Iарх гIуллакх хир дац. Ӏехан бала бац вай лечкъочун а, вайн лечкъочун а, царна шайна догIу дакъа дIадеза. Деши а, дети а вайн шортта долуш ма дуй, догIучунна даллал а, ваьшна диссал а. Вайн доцург нехан а ма дуй, ткъа нехан дерг вайн

долахь долуш санна ма дуй. Ахьа, Ваха, оцу вайн сенин арахьарчу пенах доллу деши дуй?

– ХIан?

– Царна юкъара гуьржехара вай еана экъий юй? Уьш схьаяхий схьая. Царах кхо экъа а, кхин хаз-хазчех, хьалдолу нах Iехалун болу цхьацца пайда боцу хIумнаш а кечъе. Ткъа ахьа, Висарг, чергазийн махкара вай деанчух тоьлашха йол-йолу кхо туп кIади а, зударий Iехо кхин цхьацца хIумнаш а кечъе. Вай дол хьала а лаьцна, дала тохар хилла аьлла охьаховшарх гIуллакх дIагIур дац вайн. Iуьйранна и ерриге а чалх царах дIа а тоьхна, хIара гIуллакх ма-дарра цаьрга дIадийца деза вай. Оьшуш хилахь дуйнаш диъна а, хаийта деза вай дуьйцург бакъ дуй а, вайн кертара хIонс яьхьний а. Даима а нахаца зIе йогIуш, наха меттанаш тIекхоьхьуш волу юьртда а, нехан дов-дийцарш къестош Iаш волу къеда а, пхьоьханахь нах лебеш, царна и аьшпаш буьттуш волу Мовсар-Хьаьжа а цхьаъ ца тосалуш, ца хезаш Iийр вац. Церан берриш хьадалчаш а ладогIа арабаха беза. ХIара иштта дита мегар долуш гIуллакх дац. Ма-хуьллу, берриге а Iедалан ницкъ тIебахийта беза царна, массо а къу а тIаьхьаваккха веза. Ваьшка далуш дерг, ца кхоалуш, ваьш а дан деза. Беа кога тIехь хьайба дуьтур дац вай церан. Хьайбанна хьаькхна докъар дуьтур дац вай церан. ЦIе тесна юьртах чим бийр бу вай церан. Церан божарий Iедале хIаллакбойтур бу вай. ТIарал гатдийр ду вай царна хIара маьлха дуьне, – аьлла, шен сацам а бина, тоьпа чуьра патарма дIа а баькккхина, вахна паднара тIе агIорвелира иза. Вахий, Висарггий, шаьшшиннан хиллачу гIуллакхах воккхавеш, цхьаъ деши данний, важа кIади данний вахара.

## ХАРШТОСУ ДЕ

Чекхдевлира бӀаьстенан юьхьан хьалхара йочане денош. Ламанхошка охане кхойкхуш, дечу гӀуллакхана уьш каде хилийтархьама, церан дегнаш ир-кара хӀиттош, жоьлашкара жа аралоьхкуш, ламанийн басешкахь зезагаш техкош хьежабелира йоькхане даьхкинчу денойн къегина малх. Баккхийчара «хӀан, дӀадоладе» аларе сатуьйсуш, балхана куьйгаш кӀамделла, церан пурба доцуш оханаш дан а ца баьхьаш, харштосучу дийне сатуьйсуш Ӏаш бара кегийнаш: дайн Ӏедалехь цхьаьннан а бакъо яцара, цкъа харштосу де билгал а даьккхина бен, оханца болу белхаш дӀаболо. Амма хӀора шарахь, дан дезаш долу гӀуллакхаш дукха а, аха дезаш долу латтанаш алсам а хиларна, харштосучу дийне ца хьоьжуш, шайн белхаш дӀаболош берш а хуьлура. Амма хьалхе баккхийчара арабаьхна, дайн Ӏедал хьан дохадо хьоьжуш лелачарна и гучу а долий, гӀуда такхарх кӀелхьара-м ца бовлура уьш. И тайпа болу ламанхой, баккхийчеран гӀуда текхна а, шаьш цхьана дийнахь и охана дар гӀоли хеташ, хӀора шарахь нахачул а хьалха шайн белхаш дӀа ца болош ца Ӏара. Иштта дара кху шарахь а.

ТӀекхечира ламанхоша шега сатийсина долу харштосу де. Са а тасале вовшийн кетӀа хӀуьттуш, белхийн хьалхарчу денца вовшийн декъалбеш, балха тӀехь аьтто а, хьийкъина ялташ кхиар а шайна лууш хилар хоуьйтуш, сагӀийна хӀумнаш луш хьийзара зударий а, баккхий нах а, мехкарий а, кегий нах а. Церан хаза кечъелла, къорза, кегийра тобанаш эшарш ца, назманашца, наггахь волчо герз а кхуссуш, хӀораннан уьйтӀа хӀуьттуш чекхйовлий, массо а дезачу денца декъалвой, маьждиган майдана дӀагуллора. Коча тӀоьрмигаш а тосий, хӀораннан кетӀа хӀуьттуш:

Стиглахь малх хьоьжу,
Вайн Делан ниIмат ду.
Охане нох хьоьжу,
Говр, стерчий кийча ду.
СагIийна еллачо
Вайн ялташ хьекъор ду.
Ахь буйнахь къуьйлучо,
Кера-юкъ лазор ю.
Беркатчу куьйгаца,
Комаьрша дог гойтуш,
Ва баба, схьалолахь,
Тхо хьоьжуш ду хьуна! –

бохуш, эшарш лоькхуш, бес-бесарчу мерзачу хIуманех шайн тIоьрмигаш дузуш хьийзара кегий бераш. Уьш шайн уьйтIа хIиттаре сатуьйсуш Iаш болуш санна, церан эшарийн гIовгIа схьахеззашехь:

– Вайн ялташ хьекъийла, мацалла ма хуьлда, вайн доьрчий дузийла, тIом-бала ма гойла! – олий, аралелхий, зударий церан кочара тIоьрмигаш дуза хIуьттура. Ткъа цунах даккхийден бераш а:

– СагIа хуьлда, сагIа хуьлда!

Вайн ялташ хьекъийла!

Ун-бала ма хуьлда! – олий, довдий, кхечеран уьйтIа хIуьттура. Иштта хIораннан уьйтIа хIуьттуш чекхдовлий, уьш, юха довдий, баккхийчара лелочуьнга хьовсархьама, маьждиган майдана дIагуллора. Кхузахь-м, хIора шарахь санна, чIогIа синкъераме тобанаш яра гуллуш. Цу дерриг халкъан да хилла, таханлера харштосу де лелор а, дерзор а караделла, лакхахьа баьрччехь, айаеллачу меттехь стол а хIоттийна, цу тIе цхьана агIор кIаххий, кенаххий, хьаьж-кIеххий дуьзна кхо сахь а хIоттийна, вукху агIор хьаьжкIанний, кIенний, кенанний кхоккха кан а болуш, тхьамдалла хаийна Iаш вара бIе ткъе пхиъ шо долуш волу юьртара воккхастаг Хамболт. Керла тIееанчу тобано цуьнга:

– Вайн ялташ хьекъийла, ун-балех лардойла. Дала эзар шарахь ахан а, ден а, чудерзон а вай могуш, маьрша лелийтуьйла! – олура. Ткъа Хамболта:

– АллахI, Амин! АллахI, Амин! Везан Дела, тхан дехаре хьажжий дахар лолахь тхуна, оха дере хьаьжжий ялташ а лолахь тхуна! Ун-балех, тIеман Iазапах, хьуо реза воцчу массо а хIуманах а ларделахь тхо! – олий, ялтех дуьзна лаьттачу саьхьашна тIехула куьг хьокхура, хьалаоьций кенаш а ластадора. Цунна аьтту агIор хIоттийначу стоьла тIехь хьалхахIоттийна нихан кхабий, бийна уьстаггIий, гуш стоьл кIелахь маларан шишнашший долуш Iаш бара Iедалан мукъ карахь берш: Iений, стражникаш болу Iиржаккий (Иржаков), Бончий (Бочкарев), Сарпиллий (Стропилин), нохчо Закрий. Царна малар охьадуттуш а, даар тIекхоьхьуш а хьийзара цу гIуллакхана къастийна болу кегий нах. Хамболтана аьрру агIор хIоттийначу стоьла тIехь Iара кхиэлана ховшийна болу Манакий, Мовсар-Хьаьжий, кхин а дешна наххий, ткъа иштта гIуллакх талла къастийна болу суранчашший. И йоккха маьждиган хьалхе шина агIор йоькъуш дIахIиттина лаьттара мехкарий а, кегий нах а. Лакхахьа маьIIехь, Iедалан векалшна гергахьа, Хамболта ловзар дIадоло пурба даларе сатуьйсуш Iара лаьмнашца гIараваьлла волу пондарча Сулин Юсуппий, вотанча ГIирмин Мохьей. Царна дехьа бIогIий а детташ, царна тIехула машшаш а ийзош, уьш чIагIдеш, пелхьон гIуллакхдеш хьийзара цхьаберш.

– Я пелхьуна гIардаш бугу! Iамира арахь шариIат бугу! Махьмин жеро перкъат бугу! Араяккха МариIат бугу! – бохуш, мохь хьоькхуш, вовшийн ги кхийсалуш, сара бетташ, лаьллина берийн цIоз хьалхадерзийна хьийзара жухаргаш. Цара маIаш а еш, ирча мекхаш а деш йиначу хорманаххий, юкъах йихкинчу тишачу шаьлтанеххий кхералой, цхьадолу бераш, кхин цу майдана юха ца догIуш, дов-

дий, тIепаза довра. Маьждиган майданал арахьа, тIе кузаш а, палсаш а диттина, коча оьхкина жайнаш а, хIайкалш а долуш, хахка далийна йора дой дIасауьйзуш лелара цхьадолу бераш. Цхьана а беро шен говр вукхунна улло ца яхийтара. Вовшашна улло яхча ницкъ дIа а баьлла, тIаьхьаюьсур ю бохуш, ген-гена лелайора цара уьш. Ткъа говраш шаьш а, шаьш стенна кечйина а, шайгара дайшна хIун оьшу а хууш, синтем байна терсаш яра. Цхьаерш, тIаьхьайисарна кхоьруш санна, хоршехь эга а еш, бIаьргех хиш а легош, кортош а охкийна, гIийла лелара берашна тIаьхьа. Берашна вовшийн говраш йовзуьйтуш, церан амалш а, гIиллакхаш а муха ду дуьйцуш, говраца муха хила веза хьоьхуш тIаьхьабевлла лелара говрийн дай. Берийн а, дайн а, говрийн а дегнаш ир-кара хIиттош, хIора говр а, бере а хастош лелара цхьаболу нах. Говр терсича, тIе а боьлхий:

– КIант, говр йоьлуш ю хьан, куралла терса. ХIара аре идор шена хIуммаъ доций хоуьйту цо хьоьга. Дала мукъалахь, хьалха ер ю хьан и, шек а ма вала хьо. Деллахь бу хаза куц долуш, дика дин-м. Дала беркат дойла! – олура цара. Ткъа йоьлхуш, таьIна лелаш говр гича:

– КIант, хIара говр хилла ца Iа хьан, хьан са ду хIара. Таханлерчу дийнахь ша тIаьхьа а йисна, хьо юьхьаIаьржа-хIотторна кхоьруш, йоьлху хьан и. Баккъалла а дикачу динан амалш ю хьан хIокхуьнца. Шек ма вала хьо, шен сих хIума тIаьхьа а долуш берг кхоор йолчийх яц хIара. Гур ду-кха хьуна, хьан хIара хьалхайолуш. Дала мукъалахь, шен тахана балехь хилла елхар, хьалха а яьлла, хьо вок-кхавейтина, хьо велорца доьхкур ду хIокхо. Дика дин бу, дера ю хаза куц долуш, безамехь говр-м. Дала беркат дойла, гIоза лелайойла! – олура. Иштта шайн-шайн говрех дог лозуш, уьш оьзна, хьоьстуш адамаш лелачу хенахь:

– Э-э-хIей, кура кIентий! Пелхьуна гIардаш бугу, сан дин тIардаш бугу, ялтех пхьаж беш бугу, ядар гIаш долуш бугу! –

олий, гӀаш юккъе беха цхьа сара а буллий, цунна тӀе шед а етташ, юкъахьаьвзара жухарг. Цуьнан хормин эрчаллех а, цо ечу йиш-маӀех а, лесточу серах а къаьхкий, говраш дӀа-салелхара. Амма цунах самукъадолий, жухарг кхин а чӀо-гӀа хьаьвзара.

– ХӀей, собар! Ва собар, дай, ваший валарг! Говрашка и бераш лазадойту ахьа! – бохуш, маьхьарий детта буьйлалора нах. ТӀаккха урх озайой, шен сара кӀегар а хаабой:

– Э-э-хӀей! Пелхьуна гӀардаш бугу! Сан дин муха хета шуна? Хьалхабаларех соьца шен дин хахка яхь йолуш кӀант муьлха ву шух? Хьалхаяьллачу говрана хӀара итт туьма ахча ду шуна! – олий, наха шена делла сом хьала дохуьйтура жухарго. ТӀаккха, шед тухий, шен «дин» нахана тӀехохку-ра. «О, хьан дин дика дин бу. Деллахь ю куц долуш говр-м», – олий, наха ахчанаш тосура. Цунах нах там хуьлий:

– Пелхьуна гӀардаш бугу,
Сан дин тӀардаш бугу,
Ялтех пхьаж беш бугу,
Ядар гӀаш долуш бугу!

– Э-э-хӀей, да ма ятӀа сан динан делаӀ! Хьалхара меттиг а яьккхина, нохчийн курачу кӀентийн кисанашкара шай-кай схьаьяьккхи! Сан дин дика дин бу! Мел дукха хиларх ялта дуу, мел боккха хиларх пхьаж аратосу! – олий, шена дел-лачуьнгара ахча схьа а оьций, цаделларг оцу сохьта каш доккхий дӀа а вуллий, пхьаьжех дой цунна чурт а дугӀий: «Пелхьуна гӀардаш бугу!» – бохуш, шен сара а хохкий дӀа-воьдура.

Жухарг нах хьийзош леллашехь, тхьамдалла хаийна волу Хамболт ма-хуьллу чехка шен гӀуллакх дӀакхоьхьуш вара. Іенас шена хьалхайиллинчу ехачу списки тӀерачу юьртахойн цӀераш а йохуш, цаьрга дан догӀуш долу хет-

тарш дора цо. И дерриг лелоран бахьана дара, пурба доцуш гота яхийтинчунна гIуда тоха гIертар.

– Хьусейнан Мималт! – кхайкхира иза.

– Волуш ву, хьайн хаттар де ахьа! – нахана юкъара схьа вистхилира Мималт.

– Дала вайна тIехь куьйгалла дар шега деллачу паччахьан Iедална а, и дIакхоьхьуш болчу цуьнан векалшна а реза вуй хьо?

– Iедална-м вара со, цуьнан цхьаболчу векалшна вацкха.

– Бахьана?

– Вехна говрахь схьавогIучу Бончас жехь волчу кIантана а йиттинера, топ тоьхна шина Iахарна тIера жий а бийна. Зен метта хIоттадайта.

– И жий аса бели хьуна, – хьалаиккхира Iена. – И пайда боцурш а ца дуьйцуш, шайга дечу хеттаршна жоп ло!

– Зен меттахIоьтти хьан, – вистхилира юха а Хамболт. – Iедалца долчу декхаршца муха ву хьо?

– ЦIена ву!

– Къедин кхиэлана реза вуй хьо? Муха йо аьлла хета хьуна хIокхо кхиэл?

– Шен кетаран тIам хьалабузаре хьожжий йо!

ГIов, аьлла, гулделла адамаш дийладелира.

– Ахьа буьзначу тIомах вехаш ву-кха хьуна со. Къуръанор, лур дацара ахьа стаг леш хилча шай! – хьалаиккхира Манака. Амма доьлучу халкъана цо дуьйцург хезаш дацара.

– Ножин воI Хожа!

– Волуш ву.

– Дайн Iедалца муха ву хьо?

– Лору аса-м!

– Харш тассалц ца Iаш, гота хIунда яхийтина ахьа?

– ХIара хаза денош эрна дIаоьхуш Iен ца велира, Хамболт. Кхаба безаш болу доьзал алсам бу сан, цаларорна кхоьрура. Тарлахь, гечдахьара аша.

– Кху шарахь дуьххьара даьлла хьоьгара и гӀуллакх?

– Дуьххьара даьлла.

– Кхиэлахой, аша хӀун олу? – кхиэлахошка вистхилира Хамболт.

– Дуьххьара яьллачу гӀалатонна кӀез-мезиг гӀуда тоьхна, кӀелхьарволуьйту оха иза.

– ХӀун гӀуда ду аша билгалдинарг?

– Цхьа гиба нихий, ши чептар къаьркъий, цхьа уьстаггӀий вайна, гулбеллачарна. ХӀокху сохьта схьадан а деза. Цул совнаха, хӀинца вахна Межин божличуьра пхьаьжаш дӀабаха а беза.

ТӀараш вовшаҳдетташ, боьлура нах, важа-м шен гӀуда такха вахара. Шен список йоьшуш, Хамболт БайсагӀурна тӀекхечира.

– АслагӀин воӀ БайсагӀур! – кхайкхира иза. Массарна а хаалуш Ӏена а, цуьнца стражникаш а цӀеххьана тасавелла, воьлуш схьахьоьжучу БайсагӀуре хьаьвсира.

– Дайн гӀиллакхашца муха ву хьо?

– Лору аса, къобалдо.

– Къуйн къоланна хӀун олу ахьа?

– Дела реза воцуш карадеана хӀума да реза воцуш карарадалар а магадо аса.

– Ӈийса боху. Ӏедалца муха ву хьо, тӀехь дисна гӀуда-м дац?

БайсагӀур вистхилале хьалагӀаьттинчу Ӏенас:

– ХӀокху шийтта шарахь Ӏедалца долу дов хедаш вац иза, – элира.

– Суна хууш хӀума дац, Хамболт, – элира БайсагӀура – Ӏедало бохург а дийр ду вай-м.

– Кхиэлана хӀун олу ахьа?

– Де эшна хьалха ма хӀуттийла бусалба!

И хазахетта гулбелларш бийлабелира.

– Ӏамин Хаммирза! – кхайкхира Хамболт.

– Вада гIерташ, оха хала сецош ву. ХIара ву! Алссам гIуда тIедахийта! – аьлла, наха хьалхатеттира цхьа кетаран хора.

– Кхуьнга хеттарш данний, хIора шарахь кхуьнга дог этIадайтанний кIордийна суна. ХIара воьддушехь кхиэлан бага вахийта веза. Кхиэлахой, аша хIун олу? – вистхилира Хамболт.

– ХIара леванний, кхуьнан хабаршка ладегIанний тхуна а кIордийна. Пхи чептар маларрий, ши уьстаггIий, цхьа мазал ахьаррий хIинца схьадан деза. Цул совнаха, хуьлларчу вайн Iовдалчу Хьожаге шен йоIе сакъерийта а деза, ша гехь пIаьлдиг чу пхьаьжаш а боьхкина, жухаргашна хехь латта а веза.

– Ойт, да ма ека, хьо хIуман делаI! – бохуш, кар-кара оьцуш, хьийзо ваьккхира наха Хаммирза. Шен хирг деш, царна дуьхьалтийсалора важа. Цхьамма кетаран юх озош, вукхо, пхьош лоций, схьавадош, кхиволчо схьабоккхий коьртара куй харцахьа боккхий юхатуьллуш, хьийзош волчу цунна беана пхьаьжех буьзна пIаьлдиг а ги боьллира. ТIаккха вадийна цара иза кара цхьа беха хьокха а белла, жухаргаш ларбан хIоттийра. И бегаш гуттар а марсабохуш, цунна гондахьа шайн хирг деш хьаьвзира жухаргаш. Цу хиламах чIогIа самукъадаьлла, гуо бина боьлуш, бегаш беш лаьттара ламанхой.

– ХIан, юьртахой, ладогIал! – аьлла, куьг хьалаайира шен список ешна ваьллачу Хамболта. Дерриг а адам цхьана ханна тап-аьлла дIатийра. – Iедал – Iедал ду, Iедало бохург дан деза, цуьнан гIуда а такха деза. Кхиэл – кхиэл ю, цо тоьхна гIуда а лан деза. Дайн Iедал – иза вайн Iедал ду, цуьнан а сий дан деза. Таханлерачу вешан дезчу денна тIе кхин зен-зулам доцуш, массо а могуш-паргIат кхечи вай, цунна а хастам бо вай Далла. Къинхьегамехь гIелдалар ма хуьлда вайн, Дала ун-балех, зенах, зуламах лардойла вай. ТIеман бала а, мацаллин бала а ма гойла вайна а, вайн тIаь-

хьенна а! – аьлла, Хамболт охьаволавелча, гулбеллачара массара а, цкъа салават а диллина, цул тӀаьхьа назмин мукъам болийра. Цхьамма хьалхара олуш:

«Субхьо-о-на раббика
Ве-е-еза ву Де-ла-а,
Я раб-би Ӏи-изати
ЦӀе-ена ву Де-ела!» –

олий, куьйгашца корта а лоций, мукъам бахбора. Ткъа вукхара:

«Валаран, ви-и-исаран
Да-а-хи-илар ба-акъ ду,
Хьо-о цу-унах те-ешалахь,
Я ибна-а-адам!» –

олий, тӀаьхьара ойура.

Оцу сохьта, доьжна стерчий а долуш, текхош нох а дохьуш веана схьакхечира цхьа жимха. И стерчийн гота уллорчу кха тӀе а яьккхина, бисмилла а даьккхина, куьйгах туйнаш а тоьхна:

– Хьоькъийла-кха вайн! – аьлла, нахаран баьлчаш лецира Хамболта. ТӀеттӀа чӀагӀлуш болчу назманан мукъамца жимхас стерчийн доьхь озийра. Партала стерчий а, ховхачу латта тӀехула байн когаш луьйзуш, дуьйладелира. Нахаро а тесира тӀера Ӏаь гӀуьттучу Ӏаьржачу лаьттах карчийна бӀал. Маьждиган майданахь пондаран аз делира, ловзарга кхойкхуш, екаяла вота а елира, маьӀ-маьӀера шатлакхана кхуьйсучу герзийн татанаш а девлира. Баьрчехьа Ӏаш болчу юьртан тхьамданаша дезчу денна тӀера айинчу кедаш чуьра, вовшах а тоьхна, маларшца шайн деха мекхаш дашийра. Цу дерригенах ша воккхавер хоуьйтуш, озийна тоьхначу муьша тӀе гӀант а хӀоттийна, цу тӀе тас а хӀоттийна, цу чу хӀоттийначу маларан чептарна тӀе цхьа-

на куьйга тIе ирахIоьттира пелхьо. Цунах ца вешаш, лаьттахула цхьа тIийриг а тесна, бага цIормаIа а йоьллина, Iункар а хIоьттина, лаьтташ жухарг а вара. И дерриг халкъ лардора ги пхьаьжаш а боьхкина лаьттачу Хаммирзас. Гotанца бIал тосуш, кхан дохала хьала а вахна, лах ца луш олучу назмин мукъамца иштта вуха а веана, нахана шайн оханца болу белхаш дIаболо пурба а делла, веана Хамболт шен метта охьахиира. ДIадоладелира ламанхойн синкъераме де.

Оцу дерриге а гулделлачу халкъана шен хьуьнарш гайта волавелира пелхьо. Цкъа хьалха, карахь беха гIуркх а болуш, муьша тIехула дIасаведда, тасавелла цу тIе охьа а хиъна, озабеллачу муьше ша хьалакхоссийтина, юха ира а хIоьттина, байн когаш бохуш, хелхар дан волавелира иза. Ша ког мосазза боккху, белш ластайой, гарранцехь дегадора цо шен некха тIехь а, букъана а тегна ловзуш долу бIе ткъе кхоъ жайний, хIайкаллий. Цуьнан дог доуьйтучу кепара, чуьраяьккхина зурма локхура зурманчо, ткъа иштта вотанна тIехь шен габар деш вотанча а вара. Пелхьоно дийриг ша а до бохуш, лаьттахула ша охьатесначу тIийриг тIехула бохь бугIуш хелхар а деш, наггахь хьалакхоссалой лаьттах кхеташ, нах бийлош хьийзара цхьа жухарг. Важа:

– Эхей, пелхьуна гIардаш бугу! Мохьмадан жимахйолу йоI дукха комаьрша стаг хилла! Суна мерах хьокху дарин йовлакх дели, кисана дилла итт туьма ахча дели! – бохуш, мохь бетташ хьийзара. Жухаргийн амал яра шайна шай делча а, итт туьма делла бохуш, кхайкхош. Ткъа кхоалгIа волу жухарг цхьа декъаза ламанхо хьийзош, цуьнгара ахча даккха гIерташ воллура. Кхин цо и дала а ца делла, гIаж Iуьттуш цунна каш а даьккхина, и дIа а воьллина, яьхьна чIешалг а йоьгIна:

– Я пелхьуна гIардаш бугу!
Ахча делларг кхайкхош бугу!
Доцург Iоравоккхуш бугу!
ЧIешалган чурт дугIуш бугу!

– ЭхIей, нах, ладогIалаш, и дIо лаьтта АслагIин жимахволу кIант дин дика болуш ву боху! Чергазийн нуьйр лелош ву боху! Динан ленаш детин ду боху! Лан къуьйлу хьостамаш дашон ду боху! Ша куьг комаьрша долуш ву боху! ЭхIей! Пелхьуна гIардаш бугу! – аьлла, шен серана шед а тоьхна, Iаба волчу агIор дIахьаьдира. Нахана юккъехь цо шен цIе яьккхича, цIийвелла, хьаьвзира иза. Ткъа сихха меттавеана, шена хьалхара ахча дала гIерташ волу Iумар саца а вина, кисанара хьаладаьккхина буй буьззина кегийра ахча а делла, дIахьажийра цо иза.

– Ва, АслагIин жимахволу кIант дика кIант хилла, куьг комаьрша хилла! Ша яхь йолуш хилла! ЭхIей! Пелхьуна гIардаш бугу! ЛадогIалаш, нах! Суна АслагIин жимахволчу кIанта «эзар» туьма ахча дели! – бохуш, Iаба а хестош, шена деллачу ахчанна тIе барташ а дохуш, хелхаран бохь а бугIуш, нахана юккъехула чутилира жухарг. Пелхьо воккхучохь наха жухаргаш тIехьийсайой хууш, кисана шортта ахча а диллина, аравалийтинера Маликас Iаба. Иштта шен несо бинчу кечамца веана Iумар а вара. ЦIеххьана дIахьаьжначу Iабина шаьшшиъ волчу агIор пIелгаш а хьежош, жухарг левеш бохкуш нах гира.

– Iумар, хIинца хьох тасалуш бу хьуна, кечлолахь, – элира цо Iумаре.

– Белахь, хIун дийр ду вайшимма царна? Шена йогIург а эцна, дIагIур ву хьуна. ХIара гIуллакх дукха дахдина кхайкха а ца деш, схьавеана а, шена йогIург дIаэцна а кочаравалахьара-кх хIара, – элира Iумара. Амма жухарго шега дукха ца хьежийтира.

– Пелхьуна гIардаш бугу! ЛадогIалаш, нах! – аьлла, мохь туьйхира цо. – И дIо лаьтта Iелин жимахволу ваша дин дика болуш ву боху! Дог майра долуш ву боху! Герз хаза долуш ву боху! Верта Iаьржа долуш ву боху! Ша яхь йолуш, куьг комаьрша долуш, дика кIант ву боху! Я пелхьуна гIардаш бугу! – аьлла, шен «дин» а хаьхкина, тIевеара иза. ТIаккха Iумарера шена йогIург дIа а эцна, хелхар а деш, Iумар а, цо шена делла «эзар» туьма а кхайкхош, дIавахара. Пелхьо-м шен хирг деш, муьша тIехула хьийзаш вара. Гатанца къевлина бIаьргаш дIа а бихкина, ша цхьана теса чу а хиъна, вукху теса чу когаш а бехкина, муьша тIехула хехкалуш лелара иза. Цо дийрриг деш, лаьттахула ша тесначу тIийриг тIе тас а хIоттийна, цу чу а хиъна, когашца и хьалха тоьттуш, нах белабора бухахь хьийзачу жухарго.

– ХIара таханлера пелхьо дика ца волуш санна хета суна, – элира IабагIарна улло лаьттачу цхьамма.

– Эс-с, деллахь, ма хабар дуьйцура ахьа! – элира цунна улло лаьттачу цхьана кхечо. – Хеча тIеюьйхина валлалц цхьана кога тIехь ирахь а ца латталучу ахьа хIун хабар юьйцу, нахана юкъа а хIоьттина?

Важа а, ша аьллачунна дохковаьлла, тап-аьлла дIатийра. Гондахьа лаьтташ болу нах, кортош а лестош, боьлура цо аьллачух а, цуьнга аьллачух а. ТIаьххьара а ша чекхволуш теса чу гIант а хIоттийна, шен коьрта тIе шиша а доьгIна, цу буьххье хIоа а диллина, цу гIанта тIе ваьлла, хелхаран бохь а боьгIна, охьавелира пелхьо, массара а дукха ахча тесира цунна. Цул тIаьхьа дерриг адам хоххучу говрашка хьажа дахара. Iабий, Iумаррий шаьшшиннан говраш ца хоххуш сацавелира, шен говр хахка кIотарара Iабин йишин воI Инал веана хиларна. Товш дацара ненавашассий, йишин воIий хьалхаяларех цхьаьна говраш хахкар. Iабас ца хаьхкича, шениг Iумара а ца хоххура, ша а, иза а цхьаъ лоруш. Говраш хоххучу нахана чIогIа хаза а хетара цу шим-

ма уьш ца хохкуш. КIезиг говраш яра лам чохь цу шина говраца улло йогIуш. Хаьхкинчу говрех хьалхаеара Iенин кIентан говр. Иналан говр кхоалгIа бен ца еара. ТIевахна говр а хастийна, Иналан дог а айина, тIаккхахула и хьалхаер ю аьлла и ший а хьаьстина, ловзарга вухавеара Iабий, Iумаррий.

Дерриш зераш а, къийсадаларш а дIадевлла, хила ма-деззара дIахIоьттира ловзар а. Цхьана агIор охьахевшина Iара ламанан мехкарий. Охьахаа меттиг цакхаьчнарш царна тIехьа ирахь лаьттара. Царна тIехьа лаьттара хьовса баьхкина болу зударий а, кхин долу кегийра зудабераш а. Мехкаршна дуьхьалхевшина, шайн хирг деш, бIаьрг таIош, мекх хьовзош, «дIагIой вайша» олий, цхьана агIор корта таIош Iара кегий нах. Цара шайга бохучунна «реза ду шаьш» бохучух тера, кортош а теIош, охьатеIара мехкарий. РоггIана, магIарехь хелхадолура йоIий, кIанттий. КIант хелхарна гуттар чуьраваьллачу хенахь, инарлас цу шинна хьалха лаьтта тур охьадуьллура. КIанта, хьаладоккхий, цу тIе ахча тосура. Эхь хеташ, юьхьа тIе куьг а лоций, и ахча а, тур а хьалаоьций инарле дIалора йоIа. Хелхар юха а дIадолалора.

Хелхарш кIордийначу пондарчас говр хьовзо йиш лекхира. Цхьана агIорхьара нах дIа а бевлла, говр хьовзо майда мукъаяьккхира юкъахьийзачара. Цхьамма а, шимма, говраш юккъе яьхна, хьуьнарш гайтира. Делахь а, наха тамаш бал ла хIума гайтар ца хилира церан.

– Iабий, Iумаррий ваккха юкъа! Iабий, Iумаррий валийта! – бохуш, маьхьарий хьекха буьйлабелира маьI-маьIера нах. Цул тIаьхьа дукха хан ялале, тIаьхьарчу когаш тIехь ловза а ловзуш, цергашца урх а ийзош, гучуелира ГилбIаьрташ. Цунна тIекхийдаш, цеетташ, пондаран бекарца шен болар тодина, улло яьлла схьайогIура Iумаран говр а. Цхьамма генара схьа шай тесира. И лаьтта дожарца ший а говр а тIаьнашка а хIоьттина, тIехьарчу когашна тIехь жимма ловзуш а лаьттина, цIеххьана дIаиккхира. Нуьйрашна тIе

ирахIуттуш, тасалой тIехьавоьрзий хууш, юха хьалхавоьрзуш, куьйгашна тIе хьалахIуттуш, охьавужучуха лаьтта когаш тухий юха тIехууш, масех гуо баьккхира цу шимма. Хьалххе дуьйна вовшашца уьйр тайна йолу ши говр ул-улло, цхьаьний оьхура. Iумар, луьйтанах коган буьхьиг а тесна, аркъал чуоллавелира, ткъа Iаба нуьйран хIоа тIе аьрру куьг а гIортийна, сара санна хьалавогIавелира. Аркъал кхозучу Iумара шаьшинна лаьтта тесна долу шай хьала а эцна, шен кхозуш хилар ца хуьйцуш, Iабина хьалатесира. Ткъа вукхо и шай шен мукъачу, аьтту куьйгаца схьа а лаьцна, нана-пIелгаца хьовзийна, нахана юкъа юхатесира.

– ОстопирлахI! Деллахь, ма майра а, ма де долуш а ву-кха и ши кIант! Суна ца гина иштта говр хьовзош кегий нах! – аьлла, шен уллорчуьнга вистхилира гулбеллачех цхьаъ.

– И шиъ-м витахь, цу шиннан говраша лелочун тидам бехьа. Хьажал-хьа, и шиъ охьатаьIча, охьатаьIа уьш, дIасатаьIча, дIасатаьIа. Оцу шина кIанта лелорг а, цалелорг а леладо оцу говраша, – элира, дуьхьал вистхиллачу вукхо.

– Шаьшимма Iамийна хьуна цу шимма и говраш, – элира цхьамма, и шиъ дика вевзачо.

– Ма дийцахьа! ВаллахI, биллахI, дика-м Iамийна.

– Дийнахь а, буса а иштта оцу говрашца воллуш хуьлу и шиъ. Цу шимма оцу говрашка ца дойтуш а, шаьшимма ца деш а хIума ца дуьсу. Новкъа дIаоьху нах а соьцуш, цара лелочух тамаш беш, шайн новкъа дIа ца боьлхуш, лаьтташ ма хуьлу. Жима волуш дуьйна къастаза, иштта цхьаьна хьалакхуьуш ву и шиъ. Буса гIелвелла вуьжуш бен къаьсташ а вац, иза а наггахь бен, цIерачаьрга са ца гатдайта. Иштта и хьуьнарш зуьйш, хийлазза валанза ваьлла хьуна и шиъ. ЧIогIа тIах-аьлла ву и шиъ.

– Цхьаболчара-м и шиъ турпал ву олу, – элира цхьамма.

– ОстопирлахI! ОстопирлахI! Гирий шуна? Гирий шуна, цо динарг? – аьлла, мохь белира Iабас луьйтанах ког а тес-

на, аркъал чу а оллавелла, цхьана йоIа лаьтта тесна долу йовлакх цергашца хьала а эцна, кисана таIийча. – Остопирлахl! Деллахь ма доккха хIума дара и! ВаллахI, биллахI, турпал велахь а, вацахь а, доьналла долуш ши кIант-м ву и шиъ. И ма доккха хIума дара.

– Хьовсал! Хьовсал хIинца цу шимма лелочуьнга? – элира, хаьхкина воьддушехь вовшашна кIелхьара нуьйраш а хийцина, цул тIаьхьа говраш а хийцина, Iабий, Iумаррий дIасахууш гиначу цхьамма.

– И-м хIуммаъ дац хьуна, хIинца цу шимма ден долчуьнга хьажа хьо, – элира вукхо. ТIаккха, дерриг а адам цецдоккхуш, шен говра тIера схьатасавелла Iабин говра а хиъна, вахна Iабин белш тIе а ваьлла, шина белш тIе ши куьг а хIоттийна, куьйгашна тIе хьалахIоьттира Iумар.

– ОстопирлахI! Делан карахь ву шуьша! Дала къинхетам бойла шуьшинах! – аьлла, маьхьарий девлира нахе, шен белш тIехь лаьтташ волу Iумар а эцна, ирахIотта дагахь Iаба меллаша хьалаволавелча. Цхьаберш цу шинга хьажа ца луш, и шиъ хIинцца охьаккхетар ву моьттуш а, охьаккхеташ шайна ца гайта а, юьхьа тIе куьйгаш а лаьцна, дIабирзира. Дукхах берш и шиъ Деле воьхуш доIанаш дан буьйлабелира.

– БIаьрг лоцур бу оцу шина кIанта! ДIаваккха и шиъ юккъера! – бохуш, мохь беттара цхьаболчара.

– ГIовгIа ма е, ва нах! Вохор ву аша и шиъ! – бохуш, и маьхьарий хьоьккхурш сецабора вукхара.

– Сан ден сара, – элира цхьамма, бегаш беш, – хIинца юкъара дIа ца ваккхахь, тохара пелхьо ваьллачу муьша тIе а ваьлла, цу тIехула говраш хоьхкуш хьийзор ма ду вай цу шимма, дIаваккха и шиъ юкъара!

Белш тIехь Iумар а волуш, нуьйра тIе хьала а хIоьттина, юхаийзош говран болар а лахдина, и саца а йина, юхаозийна тIаьхьарчу когаш тIе хIоттийра и Iабас. ТIаккха Iабин белш

тIера дIаваьлла, вахна куьйгашца говран хьаж тIе а хIоьттина, вухавеана Iабин белш тIехула охьа а ваьлла, Iумар, когаш дIа а хецна, охьахиира. Говраша юха а шайн маса болар долийра. Вовшийн нуьйраш а, говраш а хийцина, хьалхавоьрзуш, тIехьавоьрзуш, латтах когаш тухий юха тIехууш жимма говраш а хьийзийна, Iабий, Iумаррий юкъара ваьлла, дIавахара. Гов-гов-гов! – аьлла, герзаш долийра и шиъ къайлаваьлча юьртахоша.

– ВаллахI, суна гина бац иштта говр хьовзон хууш болу нах. Деллахь, ма эвхьаза а, ма тIах-аьлла вар-кха и шиъ оцу говрашца, – элира цхьамма.

– Делан Къуръанор, церан дай а-м бара хьуна, иштта доьналла долуш кIентий. Тхан нанас дуьйцура, ша ялийначу ловзаргахь Iабин дас АслагIас говр хьовзийча, цуьнга цхьана йоьIан безам а бахна, цо ша ца йигахь лийр ю ша бохуш, и йоI сецош хан яьккхира шаьш, бохуш.

– Деллахь, хьеннан а безам гIур болуш, тIах-аьлла, хаза юьхь-сибат долуш, куц долуш-м хIара шиъ ма ву, – элира цхьана кхечо. – И ши кIант юьртахь волчу нахана пелхьо ваккха ма ца оьшу.

– ВаллахI, биллахI, – элира цкъа хьалха бегаш беш хиллачо, – жимма и шиъ кхин дIа хьевеллехь, цара пелхьо воккхуш гойтур ма дара хьуна.

Тхьамданаша а, кегийчу наха а, мехкарша а шайн-шайн меттигаш дIа а лаьцна, ламанхойн ловзар юха а дIахIоьттира.

Деха тур а текхош, чухьаьжча сурт а гуш йолу шен эткаш а къегош, хелхавала воллу ша аьлла, юкъавелира, вехна халла бен когаш тIехь ца латталуш волу стражник Бонча.

– А ну, Василич, покажи-ка этим гололобым, на что мы способны! Наш, казацкий танец покажь! Ой да, Василич! – бохуш, мохь хьекха волавелира Сарпиллий, Iиржаккий. Цара дийриг а, цадийриг а деш, мохь хьоькхура Закрис а.

Цхьана кога тIера вукху кога тIе а кхоссавелла, бохь бугIу сурт хIоттош, цхьа ког хьала а айина, мекхаш а хьовзийна:

– Ас-са! – аьлла, ший а тIам дIаса а бахийтина, дIахIоьттира Бонча. Пондарчас шен ма-хуьллу чIогIа пондар дIасаозийра, вотанча а чуьравелира. Кегийчу наха цхьатерра тIараш туьйхира, юккъера герзаш а девлира. Галл-гал а вуьйлуш, бежехь хихкинчу алашо санна, цхьа хатI доцуш когаш а текхош:

– Ас-са! Ас-са! – аьлла, дIаволавелира Бонча.

– Браво, Василич, браво! Так им, голодранцам! Ой, да Василич, ну и танцуете! Не думал, не думал! – бохуш, мохь беттара Сарпила. Бончина генахула гуо бохуш, хелхахьийзара ламанан йоI. Цунна шен ма-хуьллу тIаьхьаккхиа гIерташ, цIингаш бетташ, хьаьдда лелара Бонча.

– ДIа ма яьллахь! ДIа ма яьллахь, са легашка кхаьчна хьуна! – бохуш, маьхьарий деттара Бончас бечу цIингех буьйлуш, тIараш детташ лаьттачу кегийчу наха. ЙоI-м дIаер йолуш яцара ша а, Бончина хелхарх тоам хиллалц. Тухтухуш, ша и нана-пIелгаш санна, даккхий хьацаран тIадамаш туьйхира Бончин юьхьа тIе. Сих-сиха кIоргга садоьIура цо. Эххар а ша лелочух гIуллакх хир доций хиъна:

– Ох, чортава дивчина, замучила, окаянная! – аьлла, кисанара йовлакх хьала а даьккхина, и юьхь тIе а хьоькхуш, дIахIоьттира иза. ГIовванцехь цунах боьлура гулбелларш. Бончина гонахула цхьа ши гуо а баьккхина, когаш а шершош яхна, йоI а охьахиира.

– Ох, ну и дивчина! Зраз, совсем замучила! – бохуш, когаш текхош вахна Бонча а охьахиира шен метта.

– Ой-да, Василич! Ну и танцор! Выпьем, Василич, по такому случаю? – аьлла, кад дIакховдийра Iиржака.

– Ей бух, Бонча, тиби хороши танцвайт! Валлах, танцвайт! – аьлла, цуьнга ша хьалабахийтина нана-пIелг дIа а гайтина, шен кад хьалалецира Iенас а. Жимма са чу деанчу Бончас:

– Ох, братцы, совсем она меня замучила. Ну и дивчина, на коне не угонишься за ней. Ну, по такому случаю! – аьлла, шен кад дIамелира. Шайн кедаш дIамелира вукхара а.

– Васильич, после такого танца косточку попробуете? – аьлла, настаран даьIахк дIакховдийра Сарпила. Жимма карахь дIаса а сеттийна:

– Не могу, Игнатыч, сил нема. Всю вытурила окаянная! – аьлла, юха дIакховдийра Бончас. – Пусть ломают гололобые, им это по привычке.

– А ну, Эни, пробуй – аьлла, Iенига дIаелира Сарпила даьIахк.

– ДIавалахь, Сарпил, къанвеллачу Iуьйранна кхунах тийсавала де-м хьенан дара? – аьлла, схьаэцна жимма сетта а йина, юхаелира цо даьIахк. – Цул а ахьа хьуьлла лаьттачу БIовнига саттаяйта хIара, и ву хьуна цхьана хенахь даьIахкаш кегийна.

– Что, Эни, ниц дац, канделла хо? – элира Сарпила. – Ай-ай, Эни, рано сдаешься. А ну, хакайкал Бовнига, посмотрим, что старик сделает.

– Дера цо хьан даьIахках цу бийр ма бу, и-м хьаха ю онда гIайракх, – аьлла, БIовне кхайкха жимха вахийтира Iенас.

– Аша хIун боху, ва юьртан дай? Даар, малар кхача-м ца делла шун? – тIевеана вистхилира БIовна.

– Даар, малар а долуш ду тхан, жимма хьоьца гIуллакх хилла кхайкхинера тхо-м, – элира Iенас.

– Шун гIуллакхе хьажа со кийча ву-кха ткъа, – элира БIовнас. – Эшахь, даар а, малар а дохьур ду. ХIара ловзар шуна кIезиг хетахь, кхечу юьрта вахна кхул доккха долу ловзар а дохьур ду. Малхо дохдина IиндагI эшахь, хьуьнха вахна IиндагIана богIа бухбаьккхина поп а бохьур бу. Шуна луъург вай деш ду-кха.

– Баркалла, хIума ца оьшу цкъа долчунна, – элира Iенас. – Могашалла муха ю хьан, БIовна?

– Дера къаналле таьIна дегI дика ма дац сан, могуш вац со, – элира БIовнас.

– ХIун лозу хьан?

– Деллахь, лозуш хIума-м ма яцара сан, могуш вац-кха со, Iена, – элира БIовнас.

– Ой, лозуш цхьа хIума ца хилча, хьуо могуш ву-вац стенах хаьа хьуна? – хаттар дира Iенас.

– Дера хаьа атта, – элира БIовнас. – Хьалха, суо могуш волчу хенахь, тхан кхеллийн арахь кхиъначех коьрт-коьрт-тал йолу езткъа картоллий, дума болу кхаара кай цкъа охьа-хиъча гIехь ге юззал хуьлура суна, хIинца уьстагIца шовз-ткъа картол йиъча а, вузу со. Дера вац могуш, – элира БIов-нас.

Гондахьа мел лаьтта адам деладелира.

– Дера хьох дог лозийла ма ю. Хьо могуш ван а вац, – элира Iенас. – Хьайга хIара даьIахк каглой хьажахьа, хьуо могуш воццушехь оха хьийзорна тхуна бехк а ца буьллуш, – аьлла, Сарпилера схьаэцна даьIахк дIакховдийра Iенас.

– Шайн самукъадаккхархьама аша лелочу хIуманна бехк а дера буьллур бац аса-м, – аьлла, даьIахк дIаийцира БIов-нас. – Къанделча, лом цаьпцалгашка долу бохург хIара ду хьуна, – элира цо. – Цхьа хан яра БIовне кагъе бохуш бу-гIанан настарш кхийдош а, хIинца хIоралла деллачу уьс-тагIийн чIораш кхийдадо. Тохара со, говр ги а юллий, Орга-нах вуьйлуш хилла йолу хан хIара елахьара, нахана гайта хIума хир дара вайшиннан, Iена, – аьлла, шега схьакхов-дийна йолу даьIахк аьрру буйна а къевлина, пхьарс дIа а бахийтина, буйнахь Iаьвдина, ткъарш-аьлла тата доккхуш каг а йина, стоьл тIе охьа йиллира цо.

– Ог-го! – элира хьалаиккхинчу Iиржака. – К такому попадешься, зраз, одним махом хребет сломает!

– Ну и силище! – аьлла, хьалаайавелира Сарпил.

– Докка саг, хIан, хIара ахча ду хьуна. ХIара каьркан кад а мала, – аьлла, ахча а, кад а эцна, тIевахна дIакховдийра Бончас.

– Доьзална цхьацца пайда боцу хIума эца хьоьгара хIара ахча-м схьаоьцур ду аса, – аьлла, ахча дIа а эцна, – къаьркъа молуш вац со, – элира БIовнас.

– ХIум дац, докка саг, мала, – аьлла, тIевирзира вехна волу Бонча.

– ГIазкхи, хьайн Делан дуьхьа, ма аьллахь соьга и мала алий, багахь марха а долуш, Далла ламазана корта а тухуш, бусалба стаг ву хьуна со. Хьайн Делан дуьхьа, гIазкхи, кхин ма аьллахь соьга и мала, – аьлла, дехаре велира БIовна. Амма вехна волу Бонча шениг ца дуьйцуш Iаш вацара.

– Пей говорю, докка саг, – бохура цо. – Дука дац, каьрка жима ду, хо докка ду, хума хир дац. Дамала. А, ну!

– Хьайн делан дуьхьа, гIазкхи, пайхамаран дуьхьа, кхин ма аьллахь соьга. Къаьркъа мала ма ала соьга, гIазкхи, кхиндерг хьайна луъург ала, аса дерриг дийр ду хьуна. Хьайн делан дуьхьа, гIазкхи, виталахь со, – аьлла, вол-волуш вуха а ваьлла, нахана юккъехула чутилира БIовна.

– Старик, а не дурак: ахчу взял, а водку пить отказался, – аьлла, корта а лестош, ша леварна реза воцуш, веана шен метта охьахиира Бонча. БIовнас Бонче динчу дехарх боьлура гондахьара нах.

Иштта БIовнех а, Бончех а боьлуш нах лаьттачу хенахь ловзаргахь ладугIу йиш лекхна, тIаьхьа мукъам балийра цхьана йоIа. Дерриг а адам тап-аьлла дIатийра.

– Жаьммирзин йиша ю шен вешина эшарш локхуш, – элира цхьамма лохха.

– Деллахь вара Жаьммирза яхь йолуш, дика кIант. Эрна хIаллакви-кха хIокху хIу дараша, – элира цхьана кхечо.

– Дера ви, дукха эрна хIаллак-м хIокхара иза, – элира кхечо. – Цхьа а бехк-гуьнахь доцуш лаца а ма леци, хи чуьрчу чIеранчул башха кхин бехк боцуш волу, иза цигахь вен а ма вийна. Дера вара Жаьммирза дика кIант. Йишин дог

догIу шен ваша хьахо. ЛадогIал аша, дукха ирча юй цо шен вешина яьхна loькху эшарш?

ЙоIа-м ца сацош лоькхура шен эшарш.

«ХIара Iуьйренаш толучу хенахь,
ХIара суьйренаш толучу хенахь,
Нийсархошна толучу хенахь
Суна-дуьйхи маьлхан дуьне!

ХIара Iуьйренаш юхий хиънехь,
ХIара суьйренаш юхий хиънехь,
Суо вешеха йолий хиънехь,
Дуьне мел ду дIагIон ярий.

Вай ирс яI шун, сан нийсархой,
Шун ирс хеташ яла йоллу,
Шаьш суьйранна чудирзича,
Дагара дийца ваша вуй шун.

Бен боьхначу кулла хиъна,
Декаш дара можа хьоза,
Улло таьIна ас ладоьгIча,
Цуьнгахь бала хийти суна.

Хьан боьхна бен боьхна ю со,
Хьан бойна тIам бойна ю со,
Улло таIа, можа хьоза,
Цхьаьний доьлхуш декий вайша?

Iуьйрене ладегIа йиси,
Суьйрене ладегIа йиси,
Йиичу ненан безачу бале,
Йоьлхуш, со ладегIа йиси.

ГIийла хьоьжуш гур яцара,
Йоьлхуш цхьанна гур яцара,
Йиичу ненах къа ца хеттехь,
Дуьне дитна ас хир дара.

Хlара Іуьйренаш йохайойла,
Хlара суьйренаш йохайойла,
Сан вешиха дисна дуьне,
Хьуна, паччахь, дохадойла!».

Цо и эшарш лоькхуш, гlийла кортош а охкийна, хlора а шен ойлане вахна Іаш бара нах. Йовлакхан тlемаш бlаьргех а хьоькхуш:

– Шуна дуьне чlогlа дохий цу Дала вохоро, – бохура зударша. Тийна Іаш долу и дерриг халкъ цlеххьана тасадолуьйтуш:

– Ах ты, потаскуха! Опять про батюшку царя поешь? Зуд! Кахпа! Зраз, з-зарублю! – аьлла, мохь а хьаькхна, ловзарга чухьаьдира, вехна, ша дуьйцург хlун ду а ца хууш волу Бонча. И йоlана тlе ца кхочуьйтуш, цхьаболу нах цунна дуьхьалхlиттира. Карара пондар а божош, хьалаикккхина, йоьхна хьийзара эшарш лоькхуш хилла йолу йоl. Шаьшшимма а хlун леладо а ца хууш, тасавелла, Бончина улло дlахlоьттира говраш чу дlа а хlиттийна, ловзарга вухавеана волу Іабий, Іумаррий.

– Василич! Ну, Василич! Ты слишишь меня? Да успокойся ты, бисово дитя! – бохуш, цунна тlеветталора Сарпил.

– Василич! Василич, да нельзя же так. Пойми же, где находишся? – бохуш, и дlаийзавора Іиржака а.

– Бонча, ва Бонча! Сих ма ло, бабиниг. Цо хlумма а ма ца боху, аша лаьцна Сибрех вахийтинчу шен вешина цо йиш лекхча хьуна хlун хуьлу? Собар де, бабиниг. Бабин, и цхьа йоl бен, кхин хlума ма дац хlокху дуьнен чохь, иза а ахьа кхерийна, хоршехь эгош, лазар а деана лаьтта. Собар де, Бонча. Собар де, – аьлла, тlеяхна и хьаста хlоьттира цу йоьlан нана.

– А-а, про батюшку петь! Не з-зволяю. Дадала халхара, кандела зуда! Застрелю! – аьлла, тапча хьалаэккхийтира

Бончас. ДӀакхевдина, цуьнан пхьарс а лаьцна, тапча йолу буй стигала берзийра Ӏабас. Шозза елира тапча. Цул тӀаьхьа, цхьа вон мохь а хьаькхна, буй малбина, дӀахийцира цо иза. Ӏабас, тӀе ког баьккхина, дӀахьулйира тапча. Деле а кхойкхуш, салават а дуьллуш, хьалхара дӀаиккхира йоккхастаг. Ӏабина тӀе стагга а кхевдий те бохуш, шен тапчанна тӀе куьг а диллина, хуьлучунна тӀера бӀаьрг ца боккхуш лаьттара Ӏумар.

– Василич! Василич! Ну, слышишь, ты, дурень! Перестань мутить тут воду. Клянусь тебе батюшкой и крестами, тебе голову не унести отсюда! Перестань! – бохуш, гӀодаюккъера а лаьцна, и сецавора Сарпила.

– З-зарублю потаскуху! Про батюшку сочинять! Не-е-ет, дружок. Такое не з-зволяю! Кандела зуда! А ну, тфу, ты будь не ладным! Да отпусти же! – бохуш, чугӀертара Бонча.

– ДӀадоха, адамаш! Ва, дӀасадовла, нах! Кхунах дов-тӀом хуьлуш доллу! – бохуш, мохь хьекха волавелира Ӏена.

– Шайн-шайн цӀа гӀуо, нах! ДӀадаьлла ловзар а! – бохуш, мохь хьоькхура Хамболта а. Ӏедалан белхалошца шешен дов тасадалар ца дезаш болу нах сиха дӀаса а бевлла, стражникашший, уьш сецош волу Ӏений, Хамболттий бен кхин адам доцуш, оцу сохьта яссаелира адамех юьзна хилла йолу майда. Хьалаэцна Бончин тапча Хамболте дӀа а елла, шаьшшинга Бончас леечу багане ла ца дугӀуш, Ӏабий, Ӏумаррий чувахара. Шитта дӀадирзира Ӏайбеца юьртахь дезде.

# ГОТАНАХЬ

Iуьйранна схьакхеттачу малхо, гучу а балале, шен зIаьнаршца хьеста долийра башлекхачу лаьмнийн къоьжа кортош. Iаьно IаьIначу лайх хIинца а дикка мукъадовлаза долу уьш, дуьне хьоьстуш схьакхеташ богIучу маьлхан нуьрехь, цхьамма тIе леррина варкъ тесна кечдича санна, бес-бесара лепа дуьйлалора генара.

– Хье, бишка, хье! Хьай, хьо ниIмат яI! Хьо беркат яI! Хьо беркат яI! Хье, харша бала! Хье, бишка! ДIаоза стерчий, дIаоза! Хьай, беркат яI! Делан шен къинхетам бу лаьтта боьссина. Хье, бишка, хье! Харша бала! – олий, мохь а тухий, ша-шега лен волура баьлчаш а лаьцна нахарна тIаьхьаоьхуш волу БайсагIур. ЧIогIа воккхавера иза уггар а сихачу, халкъана оьшучу муьрехь екхна, хаза лаьттачу хенах а, цомгуш, меттахь Iуьллуш стаг воцуш, шайн массеран а цхьабосса балхана арабовла хиллачу таронах а.

Да дIаваьлчахьана дуьйна, цIийнан воккхалла жималлехь тIедоьжна, къахьега волавеллера БайсагIур. Нахе гIо ца доьхуш, бIаьстенан а, аьхкенан а, гуьйренан а белхаш ша кхочушбеш, нахана юкъа гIийла ара ца волуьйтуш хьалакхиийра цо шен жимахволу кхо ваша. Iаба массарал а жима хиларна къахетар алсамаха а, везар дукхаха а дара цуьнан цуьнга. Шайн воккхахволчу вешин дагара хууш волчу Бетассий, Жалиссий а дора Iабина товриг, ткъа и товра БайсагIурна а. Шаьш тIе ца духуш, кога ца духуш, даима а Iабин гIайгIабар хьалхадоккхура цу кхаа вашас.

Дуьне, Iалам хуьйцуш еанчу бIаьстенца хийца ца луш ца висира Iаба а. ХIинца цо и сарралцлера де доккхура шен доттагIчуьнца дIавоьдий говраш Iамош, хьуьнарш зуьйш. Мелла а аренца лелла, къахьегна, гIелвелла сарахь цIа кхаьчначу цо, ша барзо санна, тIеветталуш юура хIума а, васта-

веллера иза хабарна а. Хьалха цо карара охьа ца буьллуш, мIараш хьоькхуш белхош хилла пондар а Iуьллура паднара юххехула чу а боьжна, тIе чена кIур а биллина. ХIинца Iаба шен лазарх товийриг, цуьнан самукъадоккхург бIаьстенан аре яра. Хетарехь, хир бацара Iайбеца юьртахь а, цунна гонаха а, Iабий, Iумаррий чекхваланзий, тIеваланзий цхьа а вон берд а, ламанан ира бохь а. Дерриг а адам цецдоккхуш говраш хоккура цу шимма юьртана арахь йолчу бай тIехула. Ткъа шаьшшиъ сел маса йоьлхучу говрийн чукIелхула тIевуьйлуш, вортанах хьерчаш, ирахIуттий хоккуш, цул тIаьхьа куьйгаш тIе а хIуттий хоккуш – Iаламат вон лелара. Хетарехь, цу шина говре ца дойтуш а, шаьшшимма ца деш а хIума дисна хир дацара цу шиннан. Масане дагадогIура цу шинна дан а, адамашна гайта а? Иштташу цу шиннан лелар чIогIа тамашийна а, нехан самукъадоккхуш а хуьлура, делахь а, цIеранаш а, юьртахой а кхерийнарг кхин дара. Берд лекхачу а волий, ма-йоьдду бердехьа говраш дIа а хоккий, йисте кхаьчча, архаш озайой, кIегархаайора цу шимма. Цул тIаьхьа аьршашца а, пIелгашца а юстура бердана муьлха улло вахна гойтуш йолу меттиг. Цул тIаьхьа, шай-шай гергахьа вара бохуш, къаьхьа дов деш, вовшийн карах вала гIерташ цIа кхочура ший а. Цхьана дийнахь, иштта къовсавеллачохь, Iаба саца а ца луш, бердаха вахнера. Говрана башха зен ца хиллехь а, Iаба, чIогIа корта а бохош, лазийнера. Дикка хан яьккхира цо цу лазорах метта ца вогIуш, меттахь Iуьллуш. Амма иза меттара хьалагIаьттина араваларций, шайн зераш юха а дIадолийра цу шимма. Цхьана уьшал чухула говраша хаьхкина дехьа вер варий, вацарий аьлла, къовсавелла волу и шиъ, говраца сацкъарала а вахна, валаза хала Iумар а хьалаваьккхина, машшаш а тоьхна, стерчашца озийна говр а хьалаяьккхина, цIа веанера. Ши кIант хIуъа дина а сацо дезаш хилира. Цу буха тIехь БайсагIурий, Iумаран вашас Iелассий сацам бира и шиъ шаьшшиннан говраш-

ций, готанна дIавожа. Къахьегаррий, гота ахаррий-м Iабигий, Iумарей воккхаверца далур долуш а, деш а хIума дара. ГIаддо а гIаддайча, шаьшшиъ дукъа вахна а охур яра цу шимма гота-м, амма хIара шиъ резавоцург кхин дара: чIогIа ца лаьара цу шинна, шаьшшимма сел хала Iамош лелош йолу говраш цара хьийзор. Мел дика говр а цкъа гIомат кочаеъча, амална хийца ца луш ца Iа боху дела, чIогIа диййхира цу шимма и говраш готанна цайожар, амма цунах гIуллакх ца хилира. Цундела бIаьстенан белхаш дIабуьйлабелчахьана а вара ши доттагI готанна хьалхаваьлла лелаш. БайсагIура Iаба шен стерчашна хьалхаваьккхина, доьхь озадойтуш лелавора. ГилбIаьргашший, БайсагIуран говррий йоьжна гота охуш Бетий, Жалий вара. Шен говраца Iумаран говр а йоьжна, хIокхарна уллохь гота охуш Iела а вара, Iумаре говраш а лелайойтуш.

– Хье, бишка, хье! Харша бала! Хьай, хьо Делан беркат яI! Хьо Делан беркат яI! Хьо Делан ниIмат яI! ДIаоза, Iаба, дIаоза! – олий, мохь тухура нахаран баьлчаш а лаьцна, хьацаро башийначу букъа тIера Iаь гIуьттуш охуш тIаьхьаоьхучу БайсагIура. – ДIаоза, Iаба, дIаоза! Акха ма хьежа, цунна-м хIуммаъ хир дац хьуна, кхана ша ма-ярра хир ю. Хье, бишка, хье! Харша бала! Делан шен къинхетам бу лаьтта боьссинарг. ДIаоза, Iаба, дIаоза! ХIинца иштта хIара хаза хан цхьана шина-кхаа дийнахь латтахь, вер ву вайша. Кху шарахь хилларг-м цкъа а ца хиллера вайна. ХIара доккха Iаламат ду.

Iабина хезаш дацара БайсагIура бохург а, дуьйцург а. Даима а шен говр йолчу агIор дIахьоьжура иза. Цкъа а шен йоьжна лелийна йоцучу цунна чIогIа ницкъ хуьлура. Шена а, БайсагIуран говрана а хьалхара и нох текхо гIерташ санна, вукху говрал хьалха а йолий, и гIомат ийзош, ша-шена ницкъ беш, хьацаран кIайн чопа хилла лелара и цу кхашна тIехула. ЛартIехь дIаоза цунна цахаар бахьана долуш, бер-

риге а некхан хьалхе яа йолийнера цуьнан гIомато. Вукху говрал шен хьалхаяла гIертарх гIуллакх ца хуьлий, гIеллой, соций, даккхий синош дохуш са а доIий, юха а тасалой, озайора цо гIомат. Цуьнгара хьал хууш, цунна сагатдар совдаьллачу Iабин юьхьа тIехула охьа а оьхура хьацаран и даккхий тIадамаш. Хийлаза дагадогIура цунна, ГилбIаьргаш оцу дукъара мукъа а яьккхина, ша дIа а вожавелла нох такхо. И ойла дагара ца йолуш, садукъделла хIара лелачу хенахь тасаеллачу ГилбIаьргаша шена уллора говр а йожийра, архаш карара а йохуш, ваьхьна Бета а бертал туьйхира. «Хьо йиса да велла! Хьан голаш яжа мецачу берзалоша! – бохуш, шед етта волавелира Жали говрана. Эххар а цо ГилбIаьргашна коьртах шед тоьхча:

– ХIей, хIун хилла хьуна? Ен-м ца воллу хьо и? Ма етта говрана коьртах! – аьлла, стерчийн доьхь дIа а хецна, сацавелира Iаба.

– ДIаоза стерчийн доьхь! ХIунда соьцу хьо? – вистхилира БайсагIур.

– Мича узуш ду хIорш? Ца го хьуна цара лелорг? ДIа вистхилий, и говр ма е ала цаьрга! – оьгIазе вистхилира шен вешега Iаба.

– И хIун бага ю цо соьга лееш ерг? НеIалт хуьлда хьан оцу вочу муцIарна! Доккха хIума дара хьан говрана а, хьуна а тоьхча? – аьлла, ша стерчашна бетташ лелош болу сара тIевахна оцу букъа, тIехула хьалабалийтира БайсагIура Iабина. Кхин БайсагIуре вист ца хуьлуш, хьаьдда вахна говрах леташ воллу Жали кхоьссина дIа а вахийтина, гIоматах йоллу ГилбIаьргаш мукъаяккха хIоьттира Iаба.

– ХIей, кIант, хIей! Ахьа хIун леладо, хьо лаа вуй? – вистхилира нахаран баьлчаш лаьцна лаьтташ волу Бета.

– Лаан а ву, тара а ву, шуьшинга хIара кхин хьийза а йойтур яц. Шаьш бен говрана коьртах хIума тухуш гиний шуна? – бохуш, лен а луьйш, говр мукъайоккхуш вара Iаба.

– Коьртах хIума-м, говрана, хьовх, хьуна а тухур ю, хьо вон лелахь. Йита говр, гIоматах ка а ца етташ! Йовссар! – бохуш, мохь бетташ, тIевеана Бета Iабин коча вахара, некха тIе ши куьг тоьхна, и оханна тIе кIегар а тоьхна, чехка шен говр мукъа а яьккхина, и хьалагIатта кхиале, тIе а хиъна, ма-йоьдду басах чухийцира Iабас ГилбIаьргаш.

– Кешнашка хеххийла и, дукха гена дIа-м ца хохку елахь! Со тIаьхьакхиийта ахьа! Аса хьуна тIехь дийна меже йитахь, ас хьан и боккха корта, лаьхьанан санна, ца атахь аса дуьйцург дош дац хьуна! – аьлла, цунна тIаьхьахахкка дагахь БайсагIуран говр мукъаяккха хIоьттира Бета.

– Хьо хIун дан гIерта хIинца? – кхайкхира цуьнга БайсагIур.

– Дера воллу, тIаьхьа а вахна, тIехь мел йолу цуьнан даьIахк ата. Ца гира хьуна цо динарг?

– Доккха хIума ца хилла хьуна а. Йита говр а, – элира БайсагIура.

– Гота муха оху вай?

– ХIинццалц муха охура вай? ХIинццалц ахьа мел аьхнарг Iабин говраца аьхна-м яцара хьан?

ОьгIазвахана ша хIун дийр ду ца хууш дIавирзинчу Бетина шен говр мукъаяккха гIерташ Iелех тийсалуш воллу Iумар гира. Массо а вара хIинца цу агIор дIахьоьжуш.

– Жа, Iела, ма йигийталахь! Тасалолахь, гIур ву хьуна! – аьлла, ша лаьттачура дIа мохь туьйхира БайсагIура. Амма сел тийсаваларх Iела лара а ца вина, шен говра а хиъна, басах чухийцира Iумара.

– Деллахь, БайсагIур, ма жимахой а кхиъна-кх вайшиннан, – элира, и шиъ къайлаваллалц тIаьхьахьоьжуш а лаьттина тIевеанчу Iелас. Берриг а болх саций-кх сан цу веха мавахаро! Дукха хан яр-кха иза и шен говр ядо гIерташ и цIога суна хьийзош волу. Хир хаддалц цкъа цомгуш ю шен бехи, йистина а бехи. Цо аьлларг кхин аса тIе ца дуьтуш,

хала воллура тхойша. Дадаларг яI, ма сара а узур бу-кха аса цуьнан дегIах. И валарх вуьтур вацара аса и цкъа кита ца воккхуш!

– Собар, Iела, жимма, – элира, вела а велла, БайсагIура.

– Ой, хIун дан деза ткъа хIинца? Цо сан бохийна болх, дайина де! – чуьравелира Iела.

– Доккха хIума ца хилла хьуна а, я суна а. Говраш а вайшиннан йолуш ю, стерчий а долуш ду, болх а кIелбуьсур бац, сих ма ло, – элира БайсагIура. – ХIинццалц а ца лелла вайша Iабий, Iумаррий хьалхаваьккхина гота охуш, тахана цхьана дийнахь цаахарх кIелдуьсуш хIума а дац вайн.

– Деллахь, аса дита-м дуьтур дац царна хIара иштта, – элира шен оьгIазвахна Iаш волчу Iелас. – Гобаьккхина готанахь бохкучу нахана ца го вай кхузахь тийсалуш дохкуш? Эхь дац иза?

– Деллахь, дац, данне а-м. Бакъ луьйш ма вара и шиъ, – элира БайсагIура. – Соьга хIара охуна доладелчахьана а хийламма аьлла-кх хьуна, и говраш готанара дIаяхахьара аша аьлла. И иштта дан а ду. Дукха хала къурдаш деш, ша хьацаран хIорд хилла, и шен говр бен кхин гуш хIума доцуш, хала воллура Iаба. Айса цкъа готана дIаюжур ю аьлла, дош делла дела, къар ца луш воллура со а, суо а реза воццушехь. Эцца Жалис говрана коьртах шед тухуш гина цунна, ша вала-м ца вели и, кхин мел дерг-м хили цунна. Аса а цхьа сара а тоьхна, гуттар а чуьраваьккхи и. Цхьа дика, хIара шиъ а лара ца веш, шен говр а ядийна ваха. Ма гIолахь цунна оьгIаз. Шуьша тийсалуш воллуш чIогIа хазахеташ, воьлуш хьоьжуш вар-кха со. Воккха хилла ший а, дика а ду хилла. Аьрха велахь а, дика ву хьуна, вайша волччохь аьлча. Цкъа а йожанза йолчу цара ницкъ бора шайна. ЛартIехь и нох дIаоза ца хууш, етталуш, гIомате берриге а кач бохабайтинера. Дика ду-кха уьш хIинца хIокху балех евлла а, и шиъ церан балех хьалхаваьлла а.

– Iам тIе ваха мотту суна и шиъ. ХIинца сарралц и говраш цIанъеш, лийчош, царна тIе куьйгаш хьоькхуш, уьш хьоьстуш воллур ву.

– Вайна а, нахана а пайдехь а волуш цхьа ши адам хила мегара оцу шина кIантах дешнехь. Хьуьжарера дешар а дIатеси, оьрсийн дешар цаьрга дешийта вайшиннан ницкъ ца кхечи, я таро а ца хили. Хуур дара хьуна Iенин а, Iаьлбиг-Хьаьжин а, иштта кхечеран а санна Петарбухехула уьш дешарна тIаьхьабаьхна дIаэхийта вайшиннан а таро хиллехь, бевзаш гIо дан Iедалан нах а хиллехьара. Церанаш эпсарш а хилла цIа оьхур бу, бах, ткъа вайнаш? Вайнаш церан хьадалчаш хилла, цара боххург деш хьийзар бу, бажа санна, дIагIо аьлча, дIабоьлхуш, схьабуьйла аьлча, схьабогIуш. Хьо ваха, дац хьуна хIара Iедал вай санна болчу мискачу нехан, я зама а ма яц хьуна вайгахьа. Ваьш дуург цхьа дуьне а хеташ, хIара кхошший, пхьаьжашший-м кегадо вай, дуьшуна дуьллу бохуш. Юьртден а, хьоладен а доьзалш гиний хьуна цкъа а оханахь а, готанахь а. Цара, леш санна, нах бацабо. Царна аха а оху, дIа а доь, чу а дерзадо. И дерриг дийриш хьой, сой санна болу мисканаш бу. ТIехула тIе, цаьргара Iедална йогIург а дIайоккху, шайна йогIург а дIайоккху, шайна хьалхара эскаре а, тIаме а, набахте а бохуьйту. Дера бу уьш, БайсагIур, дахаран мукъ шайн буйна схьалаьцна бевлла нах. Нахана хIара гIело ма е аьлла дIа гучавалал цхьаъ, дера ву оцу сохьта, цхьа бахьана а кхоьллина, цу йохарг Сибрех дIа-м хьажор. Цигара, рицкъа тIаьхьа делахь, цIа вогIур хьо, и дацахь – вели хьо айхьа дуург диъна.

– Тохара, дагадогIий хьуна? Мелла хьер а ваьлла, вахна нехан коча а иккхина, цаьрга шен и боьха муцIар а йохаяйтина, цул тIаьхьа цаьрца мостагIалла айдина хьаьвзира и вайн юьртда ю бохуш йолу боьха хIума. Даьхьна цхьана агIор Iедал коча тесна, вукху агIор шен къуй-обаргаш тIе-

теIош, нахана гIело ян волавелира. ГIийла стаг хиларна цIийнах а, цIарах а, махках а ваьккхина, пхийтта шо хан а тоьхна дIавуьгуш вара хьалха и дов тасаделла волу Янарса боху и миска. Эцца дуьхьалваьллачу Абус ший а салти а эккхийна, Iенин и ерриге а муцIар харцахьа а эккхийтина, схьаваьккхина цIа валийра шен шича. Цунах цунна тIаьхьа дика болх ца хиллехь а, суна-м чIогIа дика хийтира цо царна и дина а, цуьнгахь оццул доьналла хилла а. Паччахь а ву-кха, шен векалшца, тIехваьлча сацо везаш. Тоьхнарг ца леташ стаг вац дуьнен чохь. Ечу гIелонна дуьхьалхIоттто еза-кха хIорамма а шен стогалла. Дош-м Къуръанор дацара хьуна цуьнан хIинца а вахна, и гIуллакх бахьана долуш, топ тоьхна чохь мел болу пах ара ца тесча. ТIаьххьара а цунна цхьамма и дийр а ду-кха.

– Цунах дика болх ца хуьлу, я Абуна а ца хилира, – элира Iелас. – Iедал вайн дац, хьоладайн а, къуйн а, куталгийн а ду. И болх бина аьлла, Абуна хIун дира цара? Теттина эскар хьала а далийна, Iедална дуьхьалбевлла хIорш обаргаш бу аьлла, и цIе а йолийна, Абу ша а, Янарса а, цуьнан ваша а тIап-аьлла байир-кха. Обаргийн бахам бохо беза аьлла, цIераш тесна цIенош а дагийна, Дела ша воцург, орцаха ван да воцуш, арахь, байлахь бисира церан доьзалш. Оцу дийнахь ма ца велира цхьа а орцах, диканиг а, вониг а, обарг а, Iедалан стаг а. Шай-шай муха стаг хета шуна бохуш, куралла кIажош сеттийна кIентий, хи чу гIаж тоьхча пхьидаш санна, массо а къайла ма велира. Иштта хуьлу хьуна вайнахаца цхьа доьхнарг тIекхаьчча. Бала-м ца хуьлу адамашна хьо велча а, вийча а, цIенойх цIе тесча а, цIарах вагийча а. Вайнаха, хьалахIоттийча, стигал кхаччал доккха хабар а дуьйцур дара, вовшах а летар бара, вовшашца мостагIалла а лелор дара, тоьпан хьокха ги а йоьллина, обарг ву ша аьлла, нехан шинарш лечкъо ара а вер вара, амма? Амма гIийлачунна гIо оьшучохь шаьш ца кхо-

ош болу кІентий кІезиг-м хир бара. Дика кІентий бан-м бу вайн, кІезиг бу.

– ДІаяхахьа, боьха хІумнаш, – элира БайсагІура. – ХІинца обаргаш ю шаьш бохуш, и араевлла леларш нах ю моьтту хьуна? ТІекхаьчначунна каетташ лелаш йолу жІаьлеш! Нехан тІелхигаш а идайо цара, шинарш а лечкъайо, новкъа дІаваха маьрша стаг а ца вуьту – иштта хуьлу обаргаш? Шен махкана а, халкъана а хало тІехІоьттича, цуьнца къовса волу обарг волуш верг. Хьалха обарг вала йоккха адамалла а, къонахалла а езаш хилла. Шен халкъо ловш болу бала бухатоха, гІелонний, харцонний дуьхьалхІотта, шен халкъан а, Даймехкан а бозуш цахиларехьа кийрара сиха Іаь хаддалц лета волуш хилла обарг волуш верг. Хьалхалерачу обаргаша гІийлачарна гІо деш хилла. Шен халкъан сий а, оьздангалла а ларъеш хилла. Цундела уьш халкъо лоруш а, лелош а, церан сий деш а хилла. Мел хаза иллеш ду вайн, хьалхалерачу кІентийх-обаргех лаьцна. Мел кешнаш ду вайн махкахь церан баьрзнаша хаздина, тІехь хІолламийн байракхаш техкаш, халкъан сий хилла лаьтташ? Дера хилла уьш ях йолуш, доьналла долуш, оьзда кІентий. ХІинца хІун ду? Стаг вийнарг а обарг ву, нехан шинара лачкъийнарг а обарг ву, мотт-айкхалла лелош верг а, водий, обарг волу. Сийдоцуш мел верг а обарг волу. Нахана Іаламат зуламе бу уьш. Даккхий зенаш до цара, зуламаш до, ницкъаш бо, цундела церан гІуллакх дІа а ца доьду. Хьо ваха, ду хьуна мел лелош дерг а шайх терра гІуллакхаш. Эцца вайн йиша яхна хилла волу Халид а ву «обарг Халид» олуш, наха цІе а йоккхуш, шена а, нахана и цхьа дош ду а моьттуш лелаш. И муха велира обарг? Хьо ваха, велира дукха вон, тоьхна нехан маьрша стаг а вийна. Вон сонталла а, йоккха Іовдалалла а яра хьуна иза. Доккха зен а, зулам а дара. Цуьнца араваьлла, и тоьпан хьокхий коча а тесна лела цуьнан ши ваша Вахий, Висарггий. Цара хІун

леладо? Нахана къолаш до, чуьра тIелхигаш идайо, базарара цIа оьхучу нехан зударшкара хIумнаш йоху, царна тIекхийда. Уьш болуш а, боцуш а, меттиг яц вайн лаьмнашкахь. Уьш кхаьчна меттиг цхьа а царна товш яц. Цхьа дов доцуш дIагIур бац цхьанхьара а. Iедало хIун до царна? ХIуммаъ ца до. ХIокхара лачкъийна яьккхинчух шайна йогIург дIа а оьцуш, хIокхаьрга шайна луъург а дойтуш Iаш бу Iедалан белхалой мел бу бохурш а, молланаш а, могIзарш а. Цара лоруш вац жима а, я воккха а стаг. Цу тIехула, нахана ницкъаш бан а гIерта, бан а бо. Тохар Iумарний, Iабиний хIоттийна кеп муха яра? ХIокху шимма-м, цхьа дика, и лергийн яххаш йохйинера церан. Эццахь-м харцахьа тасаеллера берзалой. Дера тасаеллера. Сан ден сара, и дагадеъча, хIинца а дегIа тIехь мел болу чо ира ма хIутту сан, оццул чIогIа оьгIазвоьду-кха со. Дош-м, Къуръанор, дацара хьуна царна, и юьхьиг тIе а гIертош, тоьпаш ца йиттича. Варраш! Боьха хIумнаш! НеIалт хуьлда хIокху Iаьржачу, мецачу кхобаршна! Ма ца юзу, мел цIий мийлархь!

– ХIинца цара хIун леладо хаьий хьуна?

– Ца хаьа хьаха, я бала а ма бац. ХIун леладо хIокхара?

– И Iаьлбиг-Хьаьжин туька бахьана долуш йоккха мимпес ма яьлла царна. Хьалха хIокху обаргашца берта а вахна, къолин дакъа кхочуш Iений, Манакий, Мовсаррий бен ца хиллехь, ткъа хIинца царна пурстоп а тIекхетта боху. Дера боху таьлсаш чохь дешин экъий елла цара пурстоьпана и шайца бертавогIург. ХIинца гуттар а мукъ бастабелла хьуна церан. ХIинца хIокху обаргашна новкъагIоьртинарг, царна хIума аьлларг Iедало катуххий новкъара дIа ма воккху. И пурстоп цаьрца бертахь вуй хууш, и шен яьхьна туька багах яккха ма ца ваьхьа Iаьлбиг-Хьаьжа. Яккхал, ша майра велахь. Деллахь, ма тIетаьIар дара цунна паччахьан Iедал.

– Хаьа суна-м, цара и гIурт лелабой а, уьш Iедалан белхалошца бертахь буй а. И иштта ца хилча-м, тоххарехь наха

а, ткъа Іедало ша а хІаллакбина хир бара. ХІун къайлабевлла лелаш бу уьш? ХІуммаъ Іедалх лечкъаш лелий? Ши стаг шайн къамел дан вовшахкхеттачохь а хІорш бу, ши тІара вовшах мел тоьхначохь а хІорш бу, дов а хІокхара до, тІом а хІокхара бо, я Іедало деш хІумма а дац. Дика-м хуьлу, иштта хилча а. Массо а хІума мегаш ду-кха хІокхарна.

– Деллахь, уьш иштта лелча а, барт хилча а, новкъа-м ма ца хетара суна, новкъа дерг уьш мискачу нехан коча лелхар ду, – элира БайсагІура. – ХІуманна гуьнахь доцучу нехан коча а боьлхий, уьш хьийзабо шаьш а, ткъа Іедале а хьийзабойту. Царна хІинца хІун Іемина хаьий хьуна?

– ХІан?

– Хьой, сой санна волу цхьа миска а лохий, и волчу хьошалгІа боьлху хІорш. Вукхо тІе ма оьцу, арабевлла нах бу, гІо дан деза, даа, мала дала деза, олий. Ша хІокхарна деш дерг гІуллакх хеташ, вайн нохчийн гІиллакх лело ма вулу важа миска. ХІокхарна даа а ло, мала а ло. Бузийна а, батІийна а бевллачул тІаьхьа тухий синкъерам а бо, дуьне дезар-кха хІокхарна а, олий. ТІаккха хІокхара оцу чохь цхьана пекъарца дов а доккхий, цуьнан коча а боьлхий, йоккха гІовгІа йоккху. Юха боьлхий хилларг Іенех дІатуху. Ткъа важа вита ахьа, оццул бахьана даьлча-м хІун дара хьуна. Мел доккхачу ловзарга ца ваха, стагана бохам бан гІур вара иза. Оццул самукъадолу цуьнан стагана бохам боккхуш. ТІаккха Іенас, пурстоьпехула салтий хьала а балабой, хІара стаг обаргаш кхобуш ву тхан, олий, салтий цуьнан коча а тосий, важа миска лаца хьовзаво. ХІинца орцахдала дезий ткъа оцу мисканан тайпа а, тукхма а. Іена волчу а хьовду, къеда волчу а хьовду, шайн хирг до мисканаша. Вукхарна оьшург и ма ду ткъа. И стаг цу балех хьалхаволуьйтург цхьана ден вахар доьху ткъа хІокхара вукхаьрга. Вукху мисканаша шайн болу пал вовшахтухий, боцург нахера юхалург боккхий, и кхаъ Іенех дІатуху. Цо

иза шайлахь боькъу. И гІурт Іемина-кха хІинца оцу шайн дена неІалт хиларшна.

– Топ эцна аса, Іела.

– ХІун топ ю иза? – хьаьттира Іелас.

– Дера ю дика топ. Пхоьазза йолу топ ю. Барам боцуш нийса кхеташ ю.

– ХІун до ахьа цунах?

– Деллахь, ца до хІуммаъ, хІун и коча а тесна, обарг ваьлла лела воллу моьтту хьуна. Нехан а дуй герз, бохуш, хьашт хилахь а аьлла, эцна-кха. ХІун новкъа ю иза? ХІара зама а ю цхьа тамашийна, оьшуш ца хилахь, эцца чохь кхозур ю хьуна. Сискал а цо ца йоьху, хи дан а ца боху, дукха луьйш кІорда а ца йойту, дІаІуьллу-кха оха лачкъийначохь. ХІокху вочу замано кхиочу аьрхачу кІенташна юкъахь лелачу стагана оьший а хІун хаьа?

– Иштта-м дара и, БайсагІур, цІахь-м герз хила дезаш дера ду. Боьрша стаг волчу цІенна герз оьшу, зударшца тІаме вала кечвеллачунна мотт оьшу, олуш дац вайн дайн кица? Герз хилар хІуммаъ новкъа дац. Деллахь, и шаьш эцний Іумарна ма хаийталаш, цунна а и эцар тІедужур ду суна, – элира Іелас. – Дукха хан ю цо соьга и герз хьехо. ХІинца ахьа Іабина и эцций хиъча-м, дера вара и гуттар а чуьра вер, ца эцча Іийр вацара, ванне а.

– Эцахь оьцур ю-кха, эцча а дац хІуммаъ, – элира БайсагІура. – ТІом тІамций бен бухатохалуш бац, цундела хІора цІен тІехь а герз хила деза. Оьшушший, и ца хилча ца мегашший-м аса ца эцна, делахь а и ца хилча Іен ца вели-кха со. ХІун ду а хаац, хІара шо доладелчахьана а ву-кха со цхьа тамашийна. Массо а хІуманах дог даьлла сан, хІокху дуьненах а чам байна. Хийла оцу вайн кешнашна юххехула тІехволуш, цаьрга хьоьжуш, царах хьоьгуш, ирс яІ-кха шун, бохуш, ваьлла-кха хьуна со. Даима а цхьаъ сайна тІаьхьа лелаш санна, цхьаъ сайна цхьа тешнабехк беш воллуш

чу Іумара. – ГІурт бин хьуна охашимма, боккха гІурт! ХІинца и дуьжуьйтур дац шимма а цхьана иттех шарахь. Цу шинна кхин цхьа хІилла дан деза: Іаба цІеххьана цомгуш а хилла, и вохьуш вогІуш со ву, аьлла, бере хабар тохийта Мелиматах. ТІаккха и тоьур дуй хьуна цунна а, БайсагІурна а, юьртана а, махкана а. Дера веза тхойша и аьшпаш а лалийна кІелхьарвала!» – аьлла, велавелира Іумар.

– Говро хІун боху хьан?

– ХІуммаъ ца боху. Реза йолу таро ю, ша цу балех хьалхаяккхарна. ДегІехь-м тховса вон хьал хила мегаш ду.

– И моьттуш со а ву. ДІакхаьчча, аса сайна дагадеана цхьа хІума дуьйцур ду хьуна, цкъа хІинца говраша хІун до хьажий вайша?

– ХІаъ, мегар ду. Берг тохал, ГилбІаьргаш! – аьлла, даима а санна, гош таІийра Іабас шен говрана. Ша лаьттачохь тІаьнашка а хІоьттина, юха тасаелла дІаийцира цо иза. Хедош юхатуьйсуш санна, чехка тІаьхьаюьсура байкъорза аренаш. Масех минот а ялале кхечира и шиъ сийначу Іоман куьйсачу эрзийн йистошка.

– ХІокхарна чохь-м хІинца а са ма ду, – элира Іабас, говра тІера охьа а тасавелла.

– ГІел-м, деллахь, еллера хІара шиъ, – элира, шершина говрара охьа а воьссина, Іумара. – Шайн хІинца гІораха хадаза а йолуш, къар ца луш дІагІерта-кха. Хуур дара хьуна, тахана а хІокхара болх бина хиллехьара, кхана-м дийр дацара хьуна кху шимма и болар.

БІаьстено гуо сенбина, зезагаша бай къарзбина йолу Іоман йистош хаза а, самукъане а яра. ТІехула бІаьрг кхарсто ца мегаш, куьзга санна, малхехь къегачу сийначу Іомо а, цу тІера куьйса эрз техкош схьахьоькхучу бІаьстенан мелачу мохо а, мел чуийзарх кийра буза ца туьгучу цІеначу хІавао а даккхийдедора Іабин а, Іумаран а дегнаш. Дог догІура бегаш бан а, доцург кхоьллина, вовшийн хьовзо а.

Іам тІера хьоькхучу мохо, жа санна, хьалха лаьхкина лелочу хин кегийрачу тулгІешка хьежа-м цкъа а кІордор дацара. Царна тІехь бес-бесара лепаш, нуьрах ловзуш хехкалора и маьлхан дашо зІаьнарш. Цу кегийрачу тулгІенех хьерчаш, цаьрца мохехь дІасатеххкаш лаьттачу куьйса-эрзашна юкъара схьахезара «ва-къа-рр-р-ра» бохуш екачу вирбедийн гІовгІа. Наггахь неканца, сийначу ангали тІехула санна, схьахахкалой уьш, хийистехула лелаш волу хІара шиъ а хаалой, шийлачу маьхьарща, йоккхачу гІовгІанца юхайовдий, шершаш къайлайовлура. Баьццарчу йистонех барташ даха санна, вовшел хьалха а юьйлуш схьахахкалой хин и кегийра тулгІенаш ехха лаьттара дІа ца йовлуш. Цхьа хан йолура хезаш хІума доцуш, мохо куьйса эрзаш а лоькхуш. Амма тийналлехь Іен Іемина йоцучу вирбедийн гІовгІанечу къепало «ва-къа-р-ра» олий, шениг дІадоладора. Техка болалора цара хьебеш болу эрзаш а. ГІоттура цу эрзашлахь юха а йоккха гІовгІа.

– Хьай, шух ма де Дала хайра, ма гІовгІа а йо! – аьлла, схьаэцна хитІехула цхьа чІепа-тІулг а шаршийна, – ва виран лергаш! – бохуш, мохь бетта велира Іаба. Цо дуьйцучух кхетча санна, тап-аьлла дІатийра вирбедийн гІовгІа. – Шу ма чІогІа гІадъяхна хьийза! – бохура Іабас. – Нахана пайден а, яа а шу мегаш елахьара, кхуза кхочур а яцара, я тхуна меркІелахь хьийзар а яцара.

– Кхуза хьалаоьхучу салташа-м ма юу уьш, – элира Іумара, – леррина богІий яйа а йойий.

– Цара-м леррина кхаба а кхобий, ен а йоьй хьакха а юу, уьш яар-м хІун дара хьуна.

– Хьакха-м церан уьстагІ бу, и ца йиъча, шарахь бох ца ло боху уьш.

– И йиъча уьш бохлуш белахь, цкъа а шеллур бац-кха хьуна.

– Дера бац. Шел муха ло, денна цара хьакха юуш хилча! Амма хІокху Іам тІе а баьхкина, хІокху вирбедашна

тоьпаш етташ чIогIа самукъа-м долу хьуна церан. И сарралцлера де дойу цара.

– И салтий шайн цIахь белахьара бакъахь болуш нах бара. Гур ду хьуна, тIаьххьара а цара цхьа зулам деш.

– Уьш-м шайн цIахь Iаш дера бара, хIокху Iена бохучу боьхачу хIумано буьтуш белахьара. Кхузарчу нехан ги лелхаш, охьауьдуш мотт бетташ, хIара нах а, и салтий а хьийзош леларг и хьакха ю-кха. Дош-м, Къуръанор, дацара хьуна цунна оцу бага чу яьхьна цхьа топ ца тоьхча.

– Цо хIун до оцу салтийх?

– ХIун до? И хьайна ца хууш санна? Iедал шегахьа дуй а, шен карахь ондда ницкъ буй а хоуьйту-кх нахана. Вуьш мисканаш кхоьруш хIокхунах озало, ткъа хIокхо царах шена луъург до. Масане дагадогIу цунна мелча а, вехча а. Цхьаболчаьргара кхерабой хIумнаш йоху, вукхеран йоI-жеро хьовзайо, кхечуьнан коча тосий, салташка йоьттуьйту. Маса вахьийтина цо лаьцна дIа? Кху сохьта цо аьлларг, Дала аьллачул а дезаха ма дуй Iедална гергахь. ЧIогIа берта бахна уьш цкъадолчунна, тIаьхьа Дала доха ца дахь.

Салтийн хIумма а бехк бац кху тIехь. Уьш а, вай санна, мисканаш бу, Iедалан гIуда токхуш бохкуш. Шайн доьзалшна тIе цIа баха а, оцу эскарехь гIуллакх ца дан а хIуъа дийр дара хьуна цара. Амма ца баьхьа, бакъо яц, Iедалан ницкъ бу уьш кхерийна сецош берг. Жимма а гIалаттло яьлча, таIзарш до царна, чубухку, Сибрех оьхуьйту. Iабдуллас дуьйцуш ца хезна хьуна? Царна-м аьлларг ца дича, тоьпаш а туху, боху. Салташа а, эскаро а аьлларг деш ца хилча, Iедалх Iедал хир дуй ткъа?

– Вай долчу хьала а оьхуш, миска нах хьийзабе бохий ткъа Iедало салташка?

– Ца боху, амма Iедалан низам лардар а, халкъ паччахьана муьтIахь латтор а тIедожийна-м ду царна.

– ХIан, хIинца кхета со. Делахь лардан деза-кх цара Iедалан низам. Къолаш деш болу къуй а совцо беза, нахана

ницкъаш беш болу Іедалан шен белхалой а совцо беза, нехан шинаршший, тІелхагашший идош болу обаргаш а юккъера дІабаха беза. И болх кхочуш ца бойтуш, царна дуьхьалваьлла лелаш мила ву вайх?

– Мила ву? Хьой, сой цахиларх, дуккха а нах бу-кха.

– Масала.

– Масала! Масала! КІордийна-кха суна и хьан масалш. Аса дІа ма аьлла хьоьга, Сирмекх ву, Іена ву, Манака ву, Мовсар ву. Мискачу салташна ца хаьа хьуна церан оцу обаргашца барт бу я бац. Шайга хІорш кхайкхича, хьалабогІу уьш, дІагІо аьлча, дІабоьлху.

– Ахьа дийцарехь, и хаан хьанчулла корта боцуш лелаш бу-кха уьш делахь. Деллахь ду доккха хІума-м.

– Санчул а даккхий кортош дерш а бу царна юкъахь-м, делахь а цара лелочух-м ца кхуьу уьш, Іедало шайна тІедиллина гІуллакх кхочуш ца дича ца бовлуш, дІа лела-кха. Салтийн бехк бац, – элира Іабас.

– Ой, ахьа хІун дуьйцу, ва кІант? – вистхилира Іумар. – И ахьа вуьйцуш волу Сирмекх а, Іена а, и Манака а, Мовсар а гивоьллина, церан хьашташ кхочушдеш, цара де аьлларг деш, нехан кочара охьа ца бовлуш лелаш бац уьш? Деллахь безар-кха, тІенисвеллачунна топ етташ, хьакхарчий санна тІекІеллелхийта-м. Салтий дІабевлча, паччахь а дІаволу хьуна.

– Цунна-м нийса боху ахьа, салтий а, эскар а дІадаьлча, паччахь а дІаволу. Генаш дакъаделча, дитт а дакъало. Баккъалла а суо цара вуьйр вуй хиъчий бен, аса-м вуьйр вацара царах салти. Царал хьалха вен везарг дукха кароp вар-кха хьуна суна, нагахь санна гІуллакх цу тІе даьлча.

– Деллахь, Іаба, вон ма Іа хьо, сел царах дог лоззушехь, уьш Іедало Іехош лелош хилар цаьрга дІа ца хоуьйтуш. Хьан метта хилча, аса-м мало йийр яцара цу тІехь.

– Цаьрга вистхила тІекІел ши дош ала а ца хууш волчу, аса хІун дина кхетор бу уьш? Массо а хІуманан шен хан а,

зама а ю, шаьш а кхетар бу хьуна, кхето безачо кхета а бийр бу.

– ХIинца цхьа хIума тIе а кхаьчна, тIаме ца хIоьттича хьуо волуш ца хилча, муьлш байа волалур вара хьо?

– КIант, витахь со, – вистхилира Iаба. – Со стаг вен кечвелла Iаш а вац, аса нах а бойур бац, я соьга наха шаьш бойуьйтур а бац. Нах байича къонах хуьлу моьтту хьуна? Нехан хьашт кхочушдинарг, нехан гIуллакх динарг ма ву вайн къонах.

– ХIан-хIа, аса хьо вуьтур вац иштта, сан хаттарна нийса жоп лол ахьа, – тIаьхьара ца волура Iумар. – Нохчочунна гIело еш хьуо тIекхаьчча, салти велур вацара хьоьга?

– Вацара, ва Iумар, вацара! Витахьа со. Суо вала а волуш, бусалба а, керста а вуьйр вац-кха аса. Хьуна бакъдерг дезахь, цкъа а стагана бохам боккхур бац-кха аса, вен-м муххале а вуьйр вацара. Аса дIа ма аьлла хьоьга, салтий шайх тоьхна, гIуда токхуш бохкуш нах бу.

– Ахьа хIун дей, – Iаба саца а вина, цуьнан бIаьра а хьаьжна, вистхилира Iумар, – и хьайн къена хабарш а ца дуьйцуш, суна Татин гота а ца текхош, жоп лол ахьа. Хьуо ца ваьлча, хIун дийр дара ахьа?

– Гуттар а цхьа дала тоьхнарг тIе а кхаьчна, оцу салтех а, Iедалх а ца летча суо ца ваьлча, аса уггар а хьалха вайн пурстоьпана тIера дIадолор дара.

– ХIаъ, дIаяха бедарш, – аьлла, шена тIера хIумнаш дIа а яьхна, тIехиъна говр Iам чу а тесна, неканца чухула волавелира Iумар. Цунна тIаьхьаваха Iаба а ца хьевелира. Жимма говраш чухула а хьийзийна, Iам йисте схьавеана тIера охьа а ваьлла, куьйгашца уьш йила хIоьттира и шиъ.

– Суна хIун дагадеана хаьий хьуна? – велавелира Iумар.

– ХIа?

– Iелиний, БайсагIурний цхьа хIилла дан деза вайшимма, иштта ца дахь, нах кхардор бу цара.

– ХӀун ду и?

– Хьо чӀогӀа цомгуш хилла аьлла, сарахьуо Мелех хабар тохийта деза вайшимма цхьаьнга. Цо яьккхинчу гӀовгӀано дерриг а дицдийр ду. Иштта ца дахь, чӀогӀа еттар ю вайшинна БайсагӀурий, Ӏелассий. Еттар-м хӀуммаъ дацара, цу шимма гӀовгӀанаш еш нах кхардорна кхоьру со. Вайн нах ца бевза хьуна? Жимма хӀума доллушехь, шайг-шайгара тӀе а детташ, масдой, даржадой дуьйцу цара, дижа ца дуьтуш.

– И хьаха яц кхин хьоьга ша лейойтур йолуш, – аьлла, Ӏаба гӀадвахна велавелира.

– Аса-м баккъалла а боху хьуна. Мели атта кхералуш ю хӀуманах. Иштта и болх а бина, Мелига жимма суранаш а яйтина, и шиъ кочара ца ваккхахь, леташ хьийзор ву вайша цара.

– Со, вела а велла, гучувалахь хӀун до вайшимма?

– Хьо хӀунда велало? Цомгуш стаг воьлуш хуьлу? Ӏай-Ӏуй деш, раз-пурх а вижий, хьайн говра тӀехь Ӏиллахь, кхиндерг аса лелор ду хьуна. И гӀуллакх оцу сохьта вайн юьртахула чекхдер ду, ткъа ведда хьоьга хьажа Ӏела а вогӀур ву. Иштта, цхьа бахьана а дина, кочара воккхур ву вайшимма и шиъ.

– Юург хӀун еза хьуна, аьлла, Мелис хаттахь, хӀун ала аса? Москал еза алий?

– Ма ала, тӀаккха гучувер ву вайша. Виттане а хьуо ца витахь, йовхха котаман чорпа еза ала. Маликин и йоккха боргӀал юьйр ю вайшимма.

– Бакъахьа ду делахь. Сарралц кхузахь а Ӏийна, Ӏаржъеллачу хенахь цӀа гӀур ву вайша. Юьрта чувуллушехь со говра тӀе пурх а вижна, «Ӏай» баха волалур ву хьуна, кхин дерг айхьа дер ахьа.

– Кхиндерг соьга дита ахьа, аса цхьогало санна, цӀога хьовзор ду хьуна царна юкъахь. Деллахь, ма цецбохур бу-

кха аса уьш, вайшинна хIума тоха дагадогIур долчу хьол тIехь хир вац-кха хьуна царах стаг.

– Дуьххьара Iабдулла стенна тIехула лаьцна хаьий хьуна?

– Стенна тIехула лаьцна, схьадийцахь.

– Дуьххьара иза лоцуш иштта хилла и, – дIадолийра Iабас. – Вайн юьртда Iена хилла мелла говрахь схьавогIуш, тIекхаьчначунна шед а тухуш. Иштта и вогIуш хаавелла волу Iабдулла, цо шена тоьхча шега лалур доцу дела, ма тохахьара аьлла хеташ, и тIехвалийтархьама, вахна шайн пхьалгIи тIехьа дIалечкъина. Мухха а и оцу пхьалгIи тIехьа эккхаш бIаьрг ма кхетта Iенин. Чехка говраца веана пхьалгIи тIехьа а иккхина, дебараст аьлла, коьртах шед ялийтина хIокхо Iабдуллина. ТIаккха и тоьий вукхунна? Шаьлта етташ, эккхийна хьийзо волийна Iабдуллас иза. Кетаран юх а яьккхина, жимма чевнаш а хилла Iенина, и шед бахьана долуш. Эцца нах орцах а бевлла, церан гIоьнца ведда Iена кIелхьарваьлла.

– Ша тоьхначу шедах ун даьллий кхунна?

– ХIаъ. Циггара дIавоьллачу Iенас, хIара обаргашна герзаш деш ву аьлла мотт а бина, вайн доттагI лацийтина. Пхи шо хан а тоьхна, Сибарех хьажийна хIара.

– Къуръанор, хьажор вацара, кетаран юх а йитина, тухтухуш ерг коьртах тоьхнехь-м. Ваххал воьдуш иза а вийна вахна хила велира иза.

– И бохуш-м со а вара. И гIуллакх кхин ца дуьжуьйтуш, маситтаза а лацийтина хьуна цо иза, – элира Iабас. – Я хIинца а кочара вала а ца воллу. Жимма а бахьана далахь, юха а новкъавоккхур волуш ву цуьнан иза. Хьажахьа, хIара дерриг а адам лаьцна дуй те аьлла, Iаламат дукха нах бу бохура Iабдуллас лецна. Паччахь чIогIа ца веза боху цо царна. И дерриге а адам цунна луьйш, дений, нанний бохуш, эскарх леташ, иштта чуьрадаьлла, хала сецош ду бохура Iедало. Оцу йоккхачу Сибрехахь а, набахтехь а, арахь а вов-

шахъетталуш тобанаш ю бохура, шаьш паччахь вохор ву бохуш. Оьрсийн гIаланашкахь дукха инзаре луьра тIемаш бо бохура оцу тобанаша. Лаьцначех а дукхахберш и нах бу бохура. Сибрехара дукха уьду, бохура, и нах. Ша а, гIо а деш, царах виъ стаг вадийтира бохуш дуьйцура цо. Нохчийчохь паччахьан Iедал муха ду бохуш, хоьтту бохура. Ткъа хIокхо ма-дарра дIадийцича, кестта паргIатдевр ду шу, элира боху.

– ЧIогIа паргIатдевлла Iаш ду! Сибрехара уьдурш мича боьлху бохура хIокхо?

– Ца хаьа суна-м, Iабдуллас дийцарехь, оцу паччахь вохо гIерташ йолчу тобанех дIабетталучух тера дар-кха и. Цо-м церан цхьа тамашийна цIе а йоккхура. Мел дукха вахлахь а, шина шаре вер вац бохура паччахь. И-м чIогIа тешна ву и вохорг хиларх.

– Оцу тобано вохош ву иза?

– ХIаъ, бохура иштта. Тоба аьлча, хьуна-м цхьа жима хIума ду моьтту хир ду, хIора пачхьалкхехь а шайн-шайн шицкъаш болуш, массо а паччахь вохо таро йолуш тобанаш ю боху уьш. Оцу яккхийчу тобанийн коьртехь лаьтташ, хиндерг царна хьоьхуш, царна тIехь куьйгалла деш ву бохура цхьа воккха дуьненан шайх. Цуьнан даш тIера ког ца боккхуш, цо аьлларг кхочушдеш, чIогIа цунна муьтIахь бу боху оьрсий а, кхин долу къаьмнаш а. Паччахьаш беррш а цунах кхоьруш, и лоьхуш бу бохура. Амма наха чIогIа лечкъаво боху иза. Оьрсийн паччахьах летий, водий, Ингалс пачхьалкхе воьду боху иза, цигахь летий, Герман пачхьалкхе воьду боху, цигахь летий, Паранци воьду боху. Иштта, и дIа кхаьч-кхаьчначохь паччахьийн и килсан гIаланаш халкъаша йохо лестош ю боху-кха. Лехарх цхьанна а паччахьана и кара а ца во, боху.

– Вайн Iенина и цкъа гучувалахь-м, дIа ца воьду хьуна иза. Деллахь, ма сиха мотт тухур бара цо цунна.

– И дуьненан шайх а, и тобанаш а мотт тоха оьшуш ю моьттуш вац со. Паччахьана юй хаьа бохура, ца ваьхьаш Iаш ву иза. Iенас диначух кIезиг гIо хир ду-кха хьуна паччахьана, вай дала дахлахь, вайн бIаьргашна гур дерг а ду и. Наха дукха дийцина хIума ца хилча йиш яц, воха-м деза хьуна цуьнан а. Иштта ду хьуна, кIант, гIуллакхаш, хьайн топ юлий Iе хьо. Оцу къехойн тобанаша паччахьана дуьхьал тIом дIаболошшехь, кхузара Iений, пурстоппий, Манакий лоллур ву вайшимма. Кхин нахана шодмаш еттар яц-кха хьуна цара цул тIаьхьа.

– Оьрсийн тобанашка хьоьжуш а ца Iаш, хIинццехь дIа болабе вайшимма и тIом? Аса дош ло хьуна, тховссехь пурстоппий, Iений – ший а тIекIелэккхийта. Хьайна луъург ахьа а ве-кха царах.

– Цунах гIуллакх хир дац, зулам хир ду. Паччахьан ницкъ хIинца а алсам бу лаьмнашца. ЦIенна вайн ярташ хIаллаккйийр яра цара. Iабдуллас ма-баххара, массо а хIуманан шен хан а, зама а хила еза. Сел алсам болу паччахьан ницкъ эшо, дерриг а адам цхьатерра, бертахь гIатта дезий цунна дуьхьал-м. Россехара оьрсийн къехой паччахьах ма-летта, кхузарчу Iедалх вай латахь гIуллакх хир ду. Хан йоцуш, хьекъал доцуш лелочух зулам хуьлу. Iабдуллас ма-бахха-ра, собар, собар. Оьшучохь массо а гIатта веза. БайсагIура пхоьазза йолу топ эцна, и цхьаьнге а хоуьйтуш а дац кхуьнан. Хаза даьтта а хьаькхна, истанг юккъе а хьарчийна, дIалачкъийна хIокхо, и цхьанна а карор яц моьттуш. Ткъа сох къайлаяла ницкъ барий цуьнан, шайтIан куй лелош и хилча а? Цхьана дийнахь ду-кха хьуна. Тхов тIе вуьйлуш, охьавуьйлуш, тамашийна хьийза-кха хьуна хIара. Ванах, хIун ду те хIокху стага идорг, аьлла, суо божли чу дIа а лечкъина, ларви аса хIара. Гондахьа а хьоьжуш, ша ден дерг дина а ваьлла, тхов тIера охьаваьлла БайсагIур лелаваха. ТIаккха вахна тIе ма вели со. Леларх а, лехарх а ка-

рош хIума дац, ша ма-барра шера тхов бу лаьтташ. ТIаккха цIенна тIехьара йолу цуьнан йист цхьамма беза ког баьк-кхина, иккхича санна хета дели суна. Тасавелла цIенна тIехьа йоьттинчу ал тIе а ваьлла, дикка оцу йисте хьаьжи со. Дукъошна юккъехула теIийна элаш йоххура. Уьш схьа а яьхна, дукъошна юккъехула чу куьг дахийти аса, хьарчий-на истанг доллу-кха. И схьа а даьккхина юккъе хьаьжча топ а, патармаш а ду-кха. Вай, шарахь латта хьо болх, аьлла, хийти суна. Дера веза со хIинца хIара кхийса ваха, кхунах кхана хIун хуьлу а ца хаьа, аьлла, и топ а, патармаш а эцна, вайн эхканал дехьа а ваьлла, хьуьна юккъехула генна дIатили со. Цхьана юьхка тIе а хиъна, са а даьIна, стенна хьажор яра те хIара, аьлла, гондахьа хьаьжначу суна дехьа басахь бежаш боллуш Манакин къорза етт ги. ХIун дара а хаац, шайтIанна санна, дагатеси-кх суна цунна и хьажо. Дукха генахь и хиларна, кхетар яц бохучух тешна а ву-кха со. Бегашна санна, гор а хIоьттина, дика Iалашо а лаьцна, лаг озий аса. Хаза неха санна, белш а лазош, човхий со тоьпо. ДIахьаьжча, цхьа вон сетташ, кур аркъал туьй-суш лаьтта-кха етт. Кхийти те цунна и, аьлла, суна дагаде-анчу хенахь, кур аркъал тесна тIекIел а иккхина, басах чу-хецабели етт. ХIинца вада веза кхузара аьлла, кхин адамана суо ца хааволуьйтуш, лечкъина цIа а веана, топ ша хил-лачохь дIайилли аса. Кхано, сарахь, цхьамма топ тоьхна вайн къедин къорза етт бийна, бохуш, дIасауьдуш лелаш ду-кха адамаш. Со-м, сайна хIума ца хуучуха, гучувала а ваха, кадам а би. Иштта и болх би-кха хьуна аса.

– Хьажахь, и етт ахьа бийра, ва Iаба? – ца тешаш, цец-валарца хаьттира Iумара.

– Дера бийра. Цуьнан метта лаьтташ ша къеда хиллехь, иза вийна а хир ма вара. И сайн кхетар ю ца моьттура суна. Кхетар юй хиънехь-м, аса хьайбанна тухур а яцара.

– ХIинццалца хIунда ца дийцира и ахьа соьга? Ца теша-ра хьо?

– Тешара дера. ХIун дара а хаац, карх ца долура сан, башха доккха хьуьнар а дац аттана топ тохар. ТIаьхьа чIогIа дохковаьллера со.

– Харцахьа нисделла хьан и. Манака, и етт Iабдуллас бийна шен бохуш, цунах дегабаам беш ма ву. Хьажахь, хьанна дагадогIур дара и ахьа бийна бохург?

– Иштта и делахь, харцахьа нис а делла. Цхьа доцург а кхоьллина, иштта а ца везаш болчу цара Iабдулла юха а Сибрех вахийтарна кхерам бу.

– Iабдуллина дуй а ма телла къедас, и етт бахьана долуш. ХIинца, цхьа дика, дIадирзина моьтту суна церан и дов. Амма кхин дан а, я цхьанхьа а кхин хьахо а мегар дац и, – элира Iумара. – Иштта а вайшиннан кочабахка бахьанаш лоьхуш болчу церан мукъ басталора тIаккха-м.

– Нахана дIахиъча а оьзда доцуш, осала хIума ду и! ТIаккха-м цхьаболчу нехан луур долура вайшиннах. Вайша ул-улло а ваьлла дIавоьдуш гича, ца лало боху вайн юьртарчу цхьаболчу нахе.

Иштта, вовшашка дагара а дуьйцуш, хIара шиъ Iашшехь малх буза лестира. Амма ши доттагI дIаваха дагахь а вацара. ЧIогIа самукъадолура цу шиннан бIаьстено дендинчу Iаламах а, Iам тIехула яйн хехкалучу тIулгIенех а, мохехь вовшах а хьекхалуш, эрзаша дечу шабарех а, зирх санна тIедевлла догIучу зезагех а. Меллаша дIакхевдина кIайнний, цIенний ши зезаг а даьккхина, и шиъ хьаьстина вела а велла, хьалахиира Iумар.

– Хьуна хIун дагадеана хаьа-кха суна, – аьлла, Iаба велавелира.

– Дийцал делахь, хIун дагадеана суна? И хаахь, шайхалла чIагIло хьан.

– Хьуна хIинца вайн юьртден Iенин йоI Алиса дагаеана, Iумар. Бакълоьй со?

– ХIаъ. ШайтIа! Стенах хиира хьуна и?

– Цхьацца хIума сунаъ хаьа хьуна.

– Иштта чIогIа хIума хууш стаг ву хьо?

– Хьан дагара хууш-м ву.

– Дийцал ткъа, хIокху зезагаша хIун боху?

– Зезагаша хIуммаъ ца боху, бохуш верг хьо ву.

– ХIун боху аса ткъа?

– Ахьа Алисе боху: бIаьста бай тIе даьлла ши зезаг санна хаза а, къона а ду вайша, амма басна, дахарна а бес-бесара ду. Ша вовшашна зезагаш санна хьестадаларрий, деладаларрий бен, кхин гергарло хила оьшуш адамаш дац вай боху-кх ахьа. Иштта ду хьан оцу зезагийн маьIна, – элира Iабас. Iумар тIараш вовшах а тоьхна, гIадвахна велавелира. ТIаккха гIаьттина вахначу цо цхьатерра цIен ши зезаг а даьккхина, и шиъ дохьуш схьа а веана:

– ХIан, Iаба, хьажал, хIинца хIокхарна хIун боху? – аьлла, Iабина улло охьахиира иза. Цо Iабига дуьйцург кхин делахь а, цIеххьана Амина дагаена, Iаба кхоххийра.

– Хьай, гаур яI! ХIокхунах-м ца кхийти хьуна хьо, хьайна мел лаахь а.

– Иштта хала хIума а дац иза-м, – элира Iабас. Вовшашна дукха генахь ду и шиъ, Iумар.

– Дийца ахьа, суна хуур ду хьуна ахьа бакъдерг дийцахь а, харцдерг дийцахь а.

– Ма дийцийтахьа, – элира Iабас. – Сох вела воллу-кха хьо.

– Ой, делахь ца воллу со-м цхьаннах вела а.

– Делахь, ма коча веа-кха хьо суна тахана! Бакъахьа ду делахь, дуьйцур аса хьуна иза а. Ахьа соьга боху: сой, Келисаттий ший а цхьабосса ду, вовшийн деза а, гергарло а лело мегар ду.

Юха а Iабина хьалхахIиттира Аминин даима а боьлуш болу бIаьргаш а, цIен бос болчу Келисатан а хаза аматаш. Херлуш Келисатан аматаш новкъара дIа а девлла, бIаьргашна хьалха доьлуш латта дисира Аминин юьхь-сибат.

– Iаба, хьуна дика-м хии. Деллахь, дийцалахь бакъдерг, Келисат езий хьуна? – хьаьттира Iумара. Аминин сурт бIаьргашна хьалхара дIа ца долуш волу Iаба, ша хIун эр ду а ца хууш, цIийвелира.

– Хаац, Iумар, – элира цо цхьа хан яьллачу хенахь, – хIинца алалур дац соьга цунах хIума.

– Хьажал, йовссар, цо дуьйцург! Цуьнан цIе яьккхича цIий хIунда вели хьо, хьайна и ца езахь? Деллахь еза, дукха еза а езаш-м! – элира Iумара. – Цунна хьуо мел веза хаахьара мегар вацара хьо. Деллахь, ма дукха а веза-кха хьо цунна, и доккха хIума дан а ду.

– Ца веза аса хIун дина цунна? – вистхилира Iаба. – Веза хир ву-кха, шен доттагIаллин амалшца. Хьуна стенах хаьа, со цунна сел чIогIа веза я ца веза?

– Говрана таса йол эца дагахь тхов тIе вала воьллачу аса, хьостамах тесна, коч ятIий цхьана дийнахь. Цунна маха баккхийта Iелин зуда чохь а йоцуш, сайн и баккха карх а ца даьлла, лулахошка ваха со, Аймани чохь хилахь, тоьгуьйтур-кха аьлла, церан неIарш йиллина хиларна, гIартата доцуш, хецна чуваха со. Чорха тIехь шайн цхьаъ тоьгуш Iаш Аймани а ю, цунна тIе а йирзина, чIогIа цхьа къамел деш улло хиъна Келисат а ю-кха. Со чувеъна а, я ца веъна а ца хаьа кхушинна. ХIун дуьйцу те хIокхара, аьлла, бегаш бан дагахь ладуьйгIи аса. Шайн тIехьийза кIентий бу-кха шиммо а буьйцурш. Айманис боху: иштта чIогIа дукхавеза боху ахьа хьайна Iаба. Цо хьан цIе яьккхича, хIун дара а хаац, суо волчохь тасавели со. Юха вада дагадеа суна, ткъа суо гучаваларна кхоьруш, суо волчохь латта виси со. Келисата боху: «Везий, ца везий бохург дан а дац, Аймани, со дийна а йолуш, цуьнан вон ма голда-кха суна. Цунна цхьа хIума хилча, айса-сайна тоьхна, лийр яра со. Тохара иза говрахь аьхка вахча ши де-буьйса даьккхира аса цомгуш хилла, йоьжна Iуьллуш. Чуьрнаш бара, суна хIун хил-

ла ца хууш, чIогIа кхерабелла хьийзаш. Царна а, я Iабина а хIун хуур дара сан дагара? Аймани, хьан вуй иштта везаш кIант» – хьаьттира Келисата. «Ву, – элира Айманис, – амма сан безам вайн юьртден йоIа лачкъийна, къера ца Iийча ца йолу со. Къийса ялахь, нахала ер ю, хаза дац иза». ТIаккха и шиъ суо вийца йоллий хиъна, меллаша араваьлла дIавахара со. ХIета дуьйна и шиъ йогIуш гича, суо царна гича санна, эхь хеташ, лечкъаш, водий воьду со, – элира Iумара.

– Кучана хIун ди ахьа? – хаьттира Iабас.

– ХIун дийр дара аса? Эцца айса цхьа шонк тоьхна тIеюьйхир-кха.

– Деллахь, схьа ма дийци делара ахьа и, – элира Iабас.

– Цхьана дийнахь жа тIаьхьа рагI йоккхуш вара со. Жа дажош, уьш болчу агIор дIатаьIи-кх со. Шайн серашца юцуш йиначу керта тIехула тасаялийта гIерташ, говр хьийзош воллура цуьнан ваша. ХIун леладо те цо аьлла, хазахеташ, мелла а улло ваха-кх со царна. Говр генара схьа чу а хоххий, кертана тIекхаьчначу хенахь юха а озайой, боларах йохайо хIокхо. ТIаккха важа ша схьалаьцначу Iалашонах а юхий, кертана уллохула чухьодура. ЧIогIа де долуш, хIуьу далур долуш, безамехь говр ю-кха хьуна хIокхо хьийзош ерг. ЧIогIа къахетара суна цунах. Кхин ша оцу керта тIехула таса а ца йолуьйтуш цо хьийзош кIордийначу говро, чухьаьдда, ша кертана улло кхоччушехь, петоьхна, кхоьссина чувахнйити шена тIера бере. Чуьра араиккхина, маьхьарий детташ хьаьвзи нана а, йиша а. ТIаккха, лаьттара хьала а гIаьттина, говр схьалаьцна, шед етта йолаели хIара мерIуьрг. ТIе а вахна, и шед схьа а яьккхина, цунна коьртах еттал чIогIа сабIарздели сан. Говран бехк бацара, ма еттахьара ахьа цунна сел къиза, говрана коьртах хIума тухуш а ца хуьлура, эли аса, тIе а вахна. Вон бага а лееш, лета хIара хIета а говрах. Юха и говр соьга схьа а елла, хIинца хьо хьажахь хIокхуьнан бехк бу я бац, ахьа боххург

до хьуна, хIара дехьа кхоссаялийтахь, эли хIокхо. Цкъа хьалха куьг хьаькхна, хаза хьаьстина меттаялий аса цо йиттина, инзаръяьккхина йолу говр. Ша хьастарна реза йолуш, корта схьахьоькхуш хур дора цо. Хии суна говран бехк боций. Жимма дIаса а оьзна, нийсса кертана тIе схьа а ялийна, и тасалун йолу меттиг цуьнга дIа а гайтина, юхайиги аса и говр. Со тасавелла тIехуъушехь, чухьаьдда, пархъаьлла, тасаелла цу керта тIехула дехьаели и. ТIаккха дехьара схьахаьхки аса, паргIат тасаелла сехьа а ели. Суначул а хазахетара цу говрана ша дехьий, сехьий тасалуш а, шен бехк боций аса хаийтина а, и къонах шен кочара ваьккхина а. Мискано кхин а тасаялийта ша бохуш, цергашца гаьллаш а лаьцна, урх дIаийзайора. И гуш лаьттачу Алисас дийхи соьга, и говр кхин а тасаялийтахьа, аьлла. ТIаккха кхин цкъа а дехьий, сехьий а тасаялийтина, хаза хьаста а хьаьстина, шен дега дIаели аса иза. Со кертал сехьа а ваьлла, сайн жа тIаьхьа ваха дагахь дIаволавелча, говр суна тIаьхьа терсаш яра. Со генаваьлла вухахьаьжча а, бIаьргашна куьг дуьхьал а лоьцуш, суна тIаьхьахьоьжуш, шайн уьйтIахь хIоьттина лаьттара Алиса. Сарахьо со жа а лаьллина цIа волавелча, хьесан бухкаршца кIудал а йихкина, сайна тIаьхьа схьаоьхуш ги суна иза. ТIаккха и тIаьхьа а кхиийтина, хитIа кхаччалц цхьаьна схьадеа тхойша. ХIетахь дуьйна кест-кест вовшийн ган лаьа-кха тхойшинна, – аьлла, шен къамел чекхдаьккхира Iумара.

– ХIан, и яло дагахь-м вац хьо?

– Хаац, – элира Iумара, – и ян-м йогIу аса ша йигахь. Зудабераша дийцарехь, дукха захалонаш ду цунна тIекхоьхьуш, амма цо уьш аьттехьа а ца дуьту. ЧIогIа сатуьйсу цо аса ша йигаре, суна-м айса хIун дийр ду а хаац. Церан бехаш хиларций, кураллиций, сонталлиций вайн мискаллий, къеллий тарлур яц. Цундела дIатеттина гена а ца доккхуш, я дош даьккхина герга а ца далош, озийна пха санна, дIа а,

схьа а доцуш латтош ду-кха сан и гIуллакх, – аьлла, шен зезагаш ловзо волавелира Iумар.

– Айхьа и ялийча хIун хир ду хаьий хьуна? – хаьттира Iабас.

– Ца хаьа.

– Суна-м хаьа.

– ХIун хир ду?

– Дера хир ду вайн махкана дийццал хIума. Хьан сихаллий, Iенин сонталлий цхьана дукъахь нох озор долуш яц. Вовшашна кур ца ластошший, маIа ца Iуттушший Iийр вац шуьшa. ТIаккха Iумар боху нуц тоьхна шен Iена боху стунда а вийна, обарг волуш гIан гуш ву со. ХIан, хьоьга хатта вицвеллерий со-м. Тховса Алисин ваша ву ца боху зуда ялош, ловзарга-м ца кхайкхина хьоьга? – хаьттира Iабас.

– ХIаъ, вайшинге а кхайкхина, – элира Iумара. – ЧIогIа лаьа цунна вайшимма шайн ловзаргахь говраш хьовзор. Кхечу юьртарчу наха шайн куй бадорна а кхоьру таро ю уьш. Куй а, кирхьа а лардан тIах-аьлла цхьа-ши бере везара шайна бохург а дара схьахьедеш.

– Хьо хIун дагахь ву, воьдий вайша ткъа?

– Нехан нах боьлхучу вайша вахча а дац хIумма а. Сел лерина цара дехча, ваха веза моьтту суна.

– ГIур ву-кх вайша, делахь. ХIокху Нохчийчохь мел волу бере а, говр а ялош уьш духьалбовларх кирхьий, куй-м вайшимма дадалойтур дацара цаьрга, – элира Iабас. – Ахьа кирхьа лардийр ду, аса куй ларбийр бу. Кирхьа цара вайца кховдахь, дохьуш вогIучуьнгара схьа а эций, ахьа и дададе, хьан говрана тIаьхьакхуьур говр хир яц хьуна церан. Ткъа цара вайн куй бадабахь, чохь са а долуш, ГилбIаьргана и волуьйтур вац-кха хьуна. Хьо кирхьа дохьуш вогIучунна аьтту агIор хила, цуьнгара и схьаэца аьтто хир бу хьан. Ткъа цуьнан коьргара куй ца баккхийта со аьрру агIор ваьлла вогIур ву.

– Гой хьуна, кирхьа дадо а, куй бадо а дуьхьалвоккхуш верг харцахьара верг хоржий воккху наха. Нагахь санна и тайпа меттиг вайна тIеIотталахь, Халидан вежарех стаг юкъахь воцуш хир дац иза. Уьш ма буй ши тIара вовшах мел тоьхначохь хила безаш. Цара вайшинца цигахь цхьа доцург а дийцина, вайша шайн коча а тесна, нехан ловзар а, самукъадалар а дохорна кхоьру-кха со. Цара цхьа хIума схьадолийча, цунах тера дерг дIа ца дийцича а дер дац, схьатохахь, дIа ца тоьхча а ер яц. Шайн хIилла долуш болчу цара нахе вайша бехке а вайтина, неIалт алийтарна а кхоьру со-м.

– Шайн доттагIийн ловзаргахь и лелорг хир дац цара, я вайшимма царна коча бахка бахьана а лур дац, – элира Iабас. – Хьайна товрриг де, ца вахча а мегар ду вайшиъ-м. Амма царах лечкъаш хIара дуьне даа хала-м хир ду вайшинна.

– ХIуммаъ дац, делахь, – элира, и оьгIазвахний хиънавчу Iумара, – нагахь санна царех кхайкха стаг вагIахь, гIур ву вайша, ца вагIахь, цIахь Iийр ву. Амма водахь а, кирхьа а, куй а цIа а кхетийна, кхин цигахь ца Iаш цIа а вогIур ву вайша.

Иштта шина доттагIчуьн ловзарга ваха барт чIагIбелча дикка садайнера. Генара хезара оханара цIа оьхучу ламанхоша боху иллеш а, назманаш а. Шаьшиннан говрашна тIе а хиъна, цIа ваха новкъавелира Iабий, Iумаррий.

## ЗАМОЙ

Стиглахь эзар чиркхаш латийна, дуьне хаздан ламанийн кортошна тIе маIаш гара беттаса хIоттийна, мелачу мохаца ломан аганахь букара хьаннаш техкош, еана тIекхечира бIаьстенан суьйре. Амма цу суьйренан хазалло а, дегIана там беш хьоькхучу мохо а, эшаршца лешачу даточу шовданаша а самукъа ца доккхура Iабий, Iумарий. Iайбеца юьртана гергакхача мел вуьйли а, даг тIера кхерам тIеттIа чIагIлуш, даккхий синош дохура цу шимма.

– Iаба, гой хьуна? – цIеххьана вистхилира шайн юьртана гергакхача воьлча бIаьрг сирла Iумар.

– ХIун гой бах ахьа? – ца кхеташ, хаьттира Iабас.

– Хьуьлла, вайн эвлан йисте лаьттарг? – пIелг хьажийра Iумара.

Шен Iаьржачу духарца, корталех а хьерчаш, шаьшшиъ схьавогIучу новкъа хьоьжуш лаьтташ шен нана Мелимат гира Iабина. ЦIакхаьчначу БайсагIура хилларг ма-дарра дIа а дийцина, иза шаьшшина дов дан дуьхьалъяьлла моьттуш, харт-аьлла, кийрахь дог тохаделира Iабин.

– ХIара хIинца дIадолалуш ду моьтту-кха суна, Iумар, – элира цо. – Деллахь, хIинца нах ца кхардош, оцу эвла юккъехула чекхвалийтахьара хIокхо вайша, шеха тIейирзина вешари ен, чуьра ер ма юй хIара хIинца-м.

– Хуур ду вайшинна, – элира Iумара. – Мели дуьхьала дина дикахо а ду. Нагахь цо вайшинца дов дахь, цIера шиъ лата кечйелла вуй хаалахь, ца дахь – хьасене веаний а хуур-кха вайшинна. Мелис дов доладахь, цIа а ца воьдуш, хьаьжкина кIотара а вахна, Жаьмбиг вало веза вайшимма, нах кхардор бу цу шимма.

– Хьо бакъ-м лоь цунна, – элира Iабас. – Цо бен и шиъ меттаналор вац.

Шаьшшиъ герга кхача воьлча, Iабел хьалха а иккхина, хьаьжкина тIе а вахна:

– Суьйре дика хуьлда хьан, Мели! Ахьа хIунда сагатдо? – аьлла, говрара охьаиккхира Iумар.

– Шуьша ма кхача-кх вогIуш, аьлча вон дацарехь! Охана-ра нах цIа баьхкина а, чубирзина а хIун хан ю? – лен йолаели-ра Мелимат. – Воьдуча, нах санна, лартIехь дIа а ца воьду шуьша, шаьшшиннан гIуллакх дIадаьлча, и дIадаьллий хиъ-на, цIа а ца вогIу. ХIара малх буза лестичахьана маситтаза стаг ваийти-кха Iенас, шуьша цIа кхаьчний аьлла. Селхханехь дIахьедина бохура, тахана замолха ваха везаш хилар.

– ХIан, и дара и, Мели? – аьлла, доккха садаьккхира Iумара. – Цига ваха-м кхуьур вара тхойша. Кхин хIуммаъ дуй цIахь? – хаьттира цо, тIаьхьакхиъначу Iабин бIаьра а хьаьжна.

– Кхин хIуммаъ ма дац вайн цIахь-м. БайсагIуре хаьтти аса, ши кIант мича ваьхьи аша аьлла, делкъа хан хуьллуш, говраш а йовдийна, Iам тIехула дIаваха эли. Шуьша нахах тера ца лела дела, сагатделла дуьхьалъеанера со-м. ХIун деш вара шуьша хIинццалц?

– Говраш лийчийна дIа а хецна, цаьрга садоIуьйтуш вар-кха, – элира Iумара. – Тхойшинна дов деш хир вара хIара?

– Дов хьаха дира аса цунна а, хIинцца схьайогIуш чуяха-на Iелина а. Селхана аьлла-кха аса цу шинга, и говраш леш йохку, я готанахь лелон говраш а яц уьш, ма хьийзае, ма хIаллакье аьлла. Амма хIорш шаьш бохург деш бен-м Iийр-м хьаха бац хьуна. Суна дуьхьала лен волавеллера БайсагIур. Оцу букъа тIехула хьала гIаж ялийти аса йовссарна. Кхаж балахьара цхьаьннан а, аса аьллачунна тIеравала, – аьлла, шина кIантана гойтуш гIаж ластийра Мелимата.

Дукха сиха хаьхкина цIа а веана, шаьшшина тIе хIума а йоьхна, катоьхна хIума а кхаьллина, замолха ваха гIаьтти-ра Iумаррий, Iабий.

– Шаьшшиъ стенга воьду хаьа хир ду-кха шуьшинна? Ледарло ца йолуьйтуш, цIа воьллаш, – йистхилира, и шиъ

говрашна тIехиъначул тIаьхьа Мелимат. ЦIеххьана дегIаца схьахьаьддачу шелоно бодашлахь хабийра иза. Меллаша юьхьа тIе охьа а оьзна, доккхачу корталех дIахьаьрчира иза цул тIаьхьа.

– Мели, тхойша вахара. Ледара хир вац хьуна, Дала мукъалахь, – элира Iумара. ТIаккха говраш дIалелхийтина, ваьлла вахара ший а.

Iабий, Iумаррий IенагIеран уьйтIа дIакхаьчча, замой кийча лаьтташ бара. ХIара шиъ хIинций-хIинций схьакхочу бохуш, дIа ца боьлхуш, лаьтташ хиллера уьш. Салам а делла, тIевахна берешка вистхилла хIара шиъ валале:

– ХIан, кIентий! – аьлла, тIевеана вистхилира Iенин дешича а хуьлуш волу воккхастаг, Iума. – Юьртана а, махкана а хаьа тховсалера буьйса йиллина а йолуш, вайца цуьнан рицкъа а делахь, Дала и иштта аьлла а делахь, вай зуда ялош дуй. Гоьдаьлла гIаьттинчу цу хабаро вай декхарийлахь до тховса вешан керта нускал доссо. Хаалаш, ядийна ялош а яц шуна, лачкъийна ялош а яц шуна, Iехийна ялош а яц шуна. Хаза, вайнехан Iедалехь, мерза дийцина, кхетачу къамелаца барт бина, цу йоIе шега хан йиллийтина ялош ю шуна. Беттаса хьуьлларчу башломан кортошца хьалашедаларца, и йоI араер ю шуна, беттаса лардер аша. Шуна ма-гарра, и зуда цIаяло тховса вай новкъаваккха кечвинарг дин дика болчех, шаьш тIах-аьлла болчех ткъа бере ву. Бахка луурш дуккха а бара, делахь а шу ткъа стаг ларор-кха, сов дерг сов ду-кха аьлла хетарна, кхин ца бохкуьйтуш сацийна оха. Арайолучу зудчунна дуьхьала пхиъ гIур ву шух. Хьалхара итт а ларвеш, ерриге а юрт а ларъеш, юьстаха лаьтташ бухавуьсуш волу итт а хила веза шух. Вай ма-баххара, зуда лейина ялош яц шуна, шаьш ледайтина духа а догIур дац шу. ЙогIий, ца йогIий аьлла, нехан моттий, цудаллий юкъадалахь, яьккхина и зуда а ялош духадогIур шу. Оцу тайпана арабоккхучу новкъахь массо а вов-

шийн дагара хууш, вовшийн ларвеш, бертахь хила деза шу. Хиллачун тІаьхьенах жоп дала, бухахь дай хилла латтташ тхо ду шуна. Дала тІе ма кхачадойла, амма нагахь санна, хІара некъ эцна арадевллачу шун карах нехан стаг лей, оха токху шуна, шух стаг лей – воккху шуна. И дІадели. ШозлагІа. Вайн ворхІе а дехь дуьйна а некъ лоцуш а, нускалан кирхьа дададой, и къовсуш, беречун куй бадош а Іедал ду шуна. Шу зуда яло доьлхий хууш, цунна кечам беш а нах хила тарло. Цундела хІуманна дегабаам бан а, оьгІазло ян а мегар дац шуна. Кхузахь, нах, тІом бан оьшуш меттиг бац, къовса дезарг хьуьнар ду. Куй а, кирхьа а нахе ца дахьийта дой дика а хила деза, кІентий тІах-аьлла а хила беза. Некъ лаьцначарна, некъан мах дІабелчахьана, кІелхьардоввлу шу. Шун ницкъ а ца кхочуш, хьуьнар а ца тоьлуш кирхьа дададахь, кегийчу наха цуьнан хадийна мах дІабелчахьана кІелхьардовлу шу. Амма кирхьин мах беза-м хуьлу шуна, ницкъ кхочуш, ма дахьийталаш. Кечамаш беш хьийзаш бу боху шуна. Нагахь санна аша шайн коьртара куй бадабойтий, нахана вай хьийзон, а вайх белан а, пхьоьхана охьахевшинчохь дийца хІума а долу шуна. Вай делча а-м дицлур дац и гІуллакх. Хьенехан кІантана зуда ялочу буса замолха ваханчу минехан коьртара куй ма бадийнера цхьа хІуьнехдинчо, бохуш, вайн тІаьхьено а дуьйцур ду шуна и. Цара и бадабахь, дан хІума-м дац вайн, и вайнехан гІиллакх ду, шуьга куйнаш кисана дохкий лела а ца боху аса-м, делахь а, ларло боху. Жа, варийлаш, нахана дийца хІума ма далийталаш. Массо а кийча хилалаш, вовшийн ларделаш. Дой дикаха долчу кІенташка кирхьа лардойтур ду аша, ткъа шен коьртан да, нахе куй ца бахьийта, хІора а хила веза шух. Тховсалерачу буса шух жоп дала, воккхаха вина хьалхавоккхуш верг и лаьтта Малсаг ву шуна, цо аьлчунна тІера девр дац шу. Амма шайн кирхьа а, куй а дададахь, цуьнгара пурба даккха а ца оьшу шуна, тІаьхьадевр ду шу.

ХIан, хIинца вайна хан а яьлла, шу хьелуш а дохку, дуьйлало! Некъ дика хуьлда шун! – аьлла, куьг ластийра цо. Цуьнан и багаха даларца герзаш девлира. Цхьаъ, говр тIаьхьарчу когаш тIе а хIоттийна, вахна нуьйран хIоъа тIе куьйгашца ирхвахара. Важа, ма-йоьдду говр дIа а хецна, цкъа хьаьвзина нуьйра тIехь тIекIел а ваьлла, юха хахкавелла говран чукIел вахара. Кхин верг Iункар а оллавелла, лаьттара тIулгаш а лехьош, уьш пал туьйсуш санна хьала а кхуьйсуш, карахь ловза а деш, вахара. Цхьаъ, шина куьйгаца луьйтанах таса а велла: «Э-эй, гора вай кIентий яI!» – бохуш, лаьттахула чоин юх а текхош, когаш хьала а айина охьахиъча санна, хахкавелла воьдура. Дерриг а адам цецдаьккхина, царна тIаьхьауьдуш, гIовгIанаш еш хьийзара юьртахойн бераш.

Юьртана шаьш гергакхаьчча, совца а бина, Iумас махьеххара, замой бийкъира Малсага. Нускална дуьхьалйолучу тобанца нисвелира Iабий, Iумаррий. ХIора тоба а шен-шен метта дIа а хIоттийна, шеца виъ бере а эцна, йоI йолчу цIенна гергавахара Малсаг. ХIорш диттийн IиндагIашка дIатебна бовлале, цкъа хьалха хIумнаш ара а тесна, меллаша корах араделира нускал а, цуьнца цхьа кхин зуда а. Кхераелла, хорщехь эгайора и шиъ, йистхила а де дацара улло яьлла еанчуьнгахь а. Схьадаьккхина цуьнга ахча дIа а кховдийна, и юха а хьажийна:

– Мовсар! – аьлла, лохха кхайкхира Малсаг.

– ХIун бах ахьа? – шен говраца улло схьахIоьттира важа.

– ХIан, дIатIехаае хIара катоххе хьайн говрана, кирхьа аса сайгахь дуьту.

– БисмаллахIирохьманиррохьим, тахана дуьненахь а, кхана къемат-дийнахь а сан нус ю-кха хьо! Дала ирс долчу хIусамехь дахар лойла-кха хьуна! – аьлла, катоьхна нускал шена хьалха хьалахаийра Мовсара.

– ХІан, волалол, чехка, – вистхилира Малсаг. – Іаба, Іумар, кирхьа соьгахь ду шуна, ларвер-кха аша со, – аьлла, шен говра а хиъна, дІаюьйгІира Малсага. Шаьшшиннан говраща цунна дехьий, сехьий велира Іабий, Іумаррий. ХІара пхиъ вукху пхеанна тІекхоччушехь, вукхара, дехьа лаьттачу иттанна нускал карахь дуй хоуьйтуш, шозза тоьпаш кхоьссира. Вукхара иштта дуьхьалкхоьссира. Шайн хиллачу гІуллакхах баккхийбеш, шатлакхана тоьпаш а кхуьйсуш, маса йоьлхучу говрашкахь юха а шайн хьуьнарш зуьйш, цІабаха новкъабевлира замой, Іайбеца юьртана хІорш гергакхочуш, дуьхьалъелира кирхьа дадо кІелхиъна йолу тоба.

– Іаба! – элира Іумара. – Ахьа чІогІа кирхьанан юх лацал. Ахьа, Малсаг, уьш тІекхевддашехь кирхьа охьагаса лаьтта, уьш ахьа кирхьа охьатесна моьттуш тилалур бу, ткъа вай хаьхкина кІелхьардевр ду. Аса вайшиннан куйнаш лардийр ду. КІентий! – мохь туьйхира цо, – ларделаш куйнаш!

Цул тІаьхьа ша Іабиний, Малсагний улло хилира иза. ХІокхеран и барт чІагІбелла балале чухьаьлхира кІелхевшинарш. Лаккха айделлачу беттасан серлонгахь дика къаьстара шен лекхачу говрахь хьалха ваьлла вогІу обарг Висарг. «Хьайн дена неІалт хуьлда хьан, тхох-м бегаш ца бен белахь! Хьоьга кирхьа ца дахьийта-м хала дацара!» – аьлла, дагахь и чІагІо а йина, кирхьанан юх шен буйнахь къевлира Іабас. Чухьаьдда вогІу Висарг а, цуьнца кхин ши накъост а кирхьанна коча бахара. Малсага иза охьатесира, ша чехка юккъера а волуш. Хиллачух вуьш кхетале, генавелира беттасан нуьрехь варкъаца кечдина долу кирхьа а лепош воьдуш волу Іаба. ЦІеххьана цунах бІаьрг кхетта:

– Ма дахьийталаш, хьуьлла воьдуш ву шуна! Жа, яма, кІентий! ТІаьхьадовлалаш! – аьлла, экхано лаьцча санна мохь белира Висарге.

– Дера вац и, Висарг, аша лоцу бере, хьовсал шайн хIун хуьлу! – дIакхайкхина дог датIийра цуьнан Малсага. КIелхевшинчех цхьаъ, цуьнан куй баккха дагахь, говр улло а тесна тIекхевдира. Амма Iумара коьртах шед тоьхна, бере вожанза а волуш, говр тIаьхьарчу когаш тIе хIоттийра. ТIаккха шаьшиннан говраш, вуьш меттабахкале, Iабина тIаьхьахийцира цу шимма. ТIаьхьабогIучийн дог этIош, цкъа дIахоьций ГилбIаьрганш масъеш, тIаккха озайой болар лахдеш, шен кирхьа а эцна воьдуш вара Iаба. Шайн ма-хуьллу тIаьхьахоьхкучарна новкъарлонаш еш, боларх церан говраш йохош, церан говрашна чу-кIела когаш Iуьттуш, тIаьхьа хьаьхкина богIура Iабин накъостий. Юьртана герга кхоччучохь йоккха цIе а латийна, некъ лаьцнера кегийрхоша. Цу цIар тIехула а тасавелла дехьавелира Iаба. Шайн ма-хуьллу чехка тIаьхьа богIуш бара Iабин накъостий а, кирхьа дадо кIелхиъна волчу Висарган тоба а.

– Э-эй, же, маса хьовзалаш! Iу-уйт, тIетоха! Масъе! ТIетаIае! – олий, маьхьарий а тухий, юха а бийлалора кегий нах. Церан белар кхин а марсадаккха санна, ерриге а цIе стигла йохуьйтуш, суйнашца Iаьржа буьйса къарзъеш, «гIоро-оп»-аьлла, цIар тIехула Iункар вахара тIаьхьабогIучех цхьа бере а.

– Ой-ойт, да ма ека шу кIентийн, ма сийна цIе хьалатуьйсу-кха аша хIокху доккхачу дуьненах! Ва тIетаIа! Ва тIетовIа! Доьду шуна кирхьа! Ма дахьийталаш! – бохуш, кхин а чIогIа бела буьйлабелира кегий нах. ЦIара юккъехула чукхеттачу говро и цIе дIа а тоьхна, кхераелла, къехкаш басах чууьдура цхьайолу говраш. Цара шаьш бердаха кхийсарна кхоьруш, тIера кIел а лелхаш, юха говраш совцо гIерташ, «т-п-р-р-р, т-п-р-р-ра» бохуш, царна тIаьхьауьдуш лелара цхьаболу нах.

– Кирхьа-м муххале а ца даькххира аша вайна, хIинца хIокху говрашка шаьш хIаллак ца дойтуш, марша цIадер-

захьара шу, – бохуш, говраш схьа а лоьцуш, йолчуьнга дІалора кегийчу наха.

Кхин кирхьана тІекховда стаг тІаьхьа ца кхуьуьйтуш, улло ца нисволуьйтуш, ІенагІеран керта а иккхина, тІекІелдинчу цІенойн ламеш тІехула хьалатаІийра Іабас ГилбІаьргаш.

– Іаба, ламеш кег а делла, чукхетар ву хьо, юхаяккха хьайн говр! – бохуш, ирча маьхьарий хьоькхура цхьаболчу зударша.

– Схьавола, схьавола, Іаба! Хьо варе сатуьйсуш Іаш хийла хаза йоІ ю кху чохь! – бохуш, тІера охьа чу мохь бетташ ІенагІеран лулара Анисат яра.

– ТІетаІае! Ва тІетаІае! – бохуш, уьйтІара схьа маьхьарий деттара кегийчу наха. Амма Іаба цхьамма а бохучуьнга ладугІуш а вацара, шена дика хаара цунна дан дезарг. Шен ден дагара хууш санна, байн когаш бохуш, тасаелла уча хьалаелира ГилбІаьргаш.

– ХІокху чу вола! ХІара ду хьуна нускалан цІа! – аьлла, цхьана неІарна тІе пІелг хьажийра дуьхьалаяьллачу зудчо. Ткъа шедан кхожаца неІ схьа а йиллина, говр чоьхьа а яьккхина, соне кирхьа хьала а оьллина, юха уча схьахІоьттира Іаба. Гондахьа бевлла зударий а, мехкарий а йовлакхашца а, бес-бесарчу дарин лентанашца а говр кечъян хІиттира. Цхьамма схьабеана, хьесан кІужалшца кечбина, говран тІоьрмиг а коча тесира ГилбІаьргашна.

– Ванах, ва Іаба, хІара адам цецдаллал долу хІума хІун лур дара те аса хьуна совгІатана? – аьлла, гондахьа хьийзачу зударшна юкъара схьайистхилира Іенин зуда.

– Нана, нана! Сой, Лайлаъий лохьа Іабиний, Іумарний! – аьлла, ядийна цхьа хаза йоІ ялош схьаеана шен нанна улло схьахІоьттира Алиса. Гондахьа хьийзаш болу зударий а, мехкарий а: «ХІан, хьалаэца хьайна! Нах цецбаххал хІума ду хьуна!» – бохуш, боьлура.

– Деллахь, Iаба, дIадигий кочара даккхахьа суна хIара ши шайтIа, со совгIат динарг а хуьлуш, хIара шиъ сан кочара а йолуш гIуллакх хуьлура вайн, – аьлла, Iенин зуда а елаелира.

ГилбIаьргашца жимма хьуьнарш а гайтина, Iаба юккъера схьаваьлла сецира. Цу хенахь, цхьатерра, юкъавелира Малсаггий, Iумаррий, чIогIа самукъа даьккхира цу шимма нехан. Массара а тIараш деттара, герзаш кхуьйсура. И шиъ юккъера схьаваьлла дукха хан ялале, шайн йоккхачу гIовгIанца, кхуьйсучу герзашца баьхкина схьакхечира IабагIеран накъостий а, кирхьа дадо кIелхевшинарш а. Оцу сохьта гондахьа бевллачу наха, бевдча а ца буьтуш, хьийзо болийра кIелхевшина хилларш. ГIовгIанаш еш, цIийзаш, шакарш етташ, гондахьа а девлла царна пхьаьжаш бетташ, вон лелара юьртахойн бераш.

– Боьрша хIумнаш ю бохуш, ловзарга а хевшина, мехкаршка сакъера ала эхь хетар дац шуна? Аша даьккхина кирхьа мичахь ду? Яхийта хIокху ловзаргара? – аьлла, рагIун тхов тIера охьа царна тIе хи детта йолаелира цхьа зуда.

– Охьаяла цу тIера! Цхьаннан карах топ кхетар ю хьуна, ва иммансиз! – бохура цуьнга.

– Вай, хIей, собар де нах! Ва герзаш ма кхийса! Совцаде герзаш! – бохуш, мохь беттара цхьана кхечо.

– Ванах! Ва шуна хила Делан наIалит! ХIун хилла шуна? Жемму собур дан магариг дац? – бохуш, таIIийна буьйцучу шайн чIебарлойн маттахь нахе луьйш, герзаш кхуьйсурш а, гIовгIанаш еш берш а совцо гIерташ а бага лейора Iенин девашас Жумас.

– Ва Жума, собар дехьа, – аьлла, сацийра иза тIевеанчу цхьана жимчу стага.

– Ахьа хIон боху хIанзи? – вистхилира цуьнга Жума.

– Хьоьга инарлас кирхьа дохьуш веана волу Iабий, Iумаррий шайна тIевалаве боху, – элира вукхо.

– Йоровш-м сони бовзаш, сан гаргари нах бо, хIанзи дIавалаво, – аьлла, нах дIаса а тоьттуш, тIевахна Iабин а, Iумаран а говрийн дирстнаш а лаьцна, и шиъ а эцна инарлина тIевахара Жума. Шен даккхий мекхаш а хьийзош, дешица кхелина дато тур хьалха а хIоттийна, гоьл тIе ког а тесна хиъна Iаш вара инарла Сирмекх. И ларван санна, цунна тIехьа а хIиттина, шайн долчу герзашца кечбелла лаьттара стражникаш Iиржак а, Бонча а, Сарпил а. «Шайн доттагIий обаргаш а хир бу-кха шун, гучу ца бахахь а, цхьанхьа лачкъийна бохкуш!» – бохург дагадеана, цкъа тIе ца воьдуш саца дог а хилла, юха а куьг а ластийна тIевахара царна Iаба.

– Суьйре дика хуьлда шун, – вистхилира и шиъ инарле.

– Далла везийла! ЦIа кхачийн аша нускал?

– Кхачий.

– Дика ду, Iаламат дика ду кхин зен-зулам доцуш шу цIа кхаьчна.

– Кирхьа дадо кIелхевшинчара кхин зен-м ца ди шуна? – хаьттира кхечо.

– ХIун дийр дара цара?

– Шуьша санна волчу беречунна хIума далур дацара. Дика вогIура ший а, тергалвеш Iаш дара тхо. ЛадогIал цкъа, нах! – шен аз чIагIдинуо вистхилира иза. Дерриг адам а, тап-аьлла, дIатийра. – Тховса кхин бохам боцуш, зен-зулам доцуш, куй ца бадабойтуш, шайгара кирхьа ца доккхуьйтуш вайн хьоме нус цIа кхачийначу замошна хIокху нехан цIарах даггара баркалла боху аса. Дала сий дойла шун. Говраш дика хьовзош хиларна а, кирхьа дика лардарна а, хIокху лаьттачу нехан лаам кхочушбеш, хIокху шина кIантана даточу шодмашций совгIаташ дан сацам хили тхан. Бехийла нохчийн яхь йолу дика кIентий! – аьлла, Сирмекх охьахуъушехь, цхьатерра шатлакхана герзаш довлийтира кегийчу наха. Каралаьцна дешица кхелина шаьлта-

нашший, доьхкаршший, дато шодмашший, дирстанашший а долуш чуьра араваьлла тІевеанчу цхьана воккхачу шина стага дІа кховдийра уьш Іабигий, Іумарей. Каде хьаьвзинчу цхьана-шина жимхас дирстанаш говрашна коьртаха йоьхкира, шаьлтанаш юкъахйиххкира, шодмаш: «Дала массо а хІуманна тІехь аьтто бойла-кха шун!» – аьлла, кара дІаелира. ЦІеххьана дІахьаьжначу Іабина, шаьшшинга а хьоьжуш, йоьл́уш, учахь лаьтташ Алисий, цуьнца важа Лайлаъ боху йоІІий, Келисаттий гира. Шайга и хьоьжий хиъначу мехкарша лохха тІараш туьйхира, шаьш даккхийдей хоуьйтуш. Къевллина хІара шиъ мара а воьллина:

– ХІан, гІуо хІинца, сакъера шаьшшинна, – аьлла, дІахийцира и шиъ воккхачу стага.

…Іабин гІенаха дов даьллера обарг ву ша бохуш, нехан коча кхийсалуш лелачу Висаргаца. Девнехь и тола а тоьлла, кхин хІара тІаьхьа ца кхуьуш, коьртара баьккхина куй а эцна, вахара иза. «Деллахь, – бохура, цуьнан ойла еш, наб ца кхеташ, бІаьргаш детташ Іуьллуш волчу Іабас, – хІуъа делахь а, цхьа хІума-м ду хьуна со ца ларош, суна эхь долуш тІедогІуш. Деллахь, хІун ду те и? Аса нахана дина, наха суна дина а хІума-м  ма дацара ша диканиг доцург, хІинца суна кІелхиънарг мила ву техьа? Хьайн дена а, нанна а неІалт хуьлда хьан, со дийна а волуш и ца хьон белахь! Деллахь, ма хьашт доцуш хилла гергарло а, ма хьашт доцуш коча веана стаг а ву-кха хьо! Шуьга ша леййтинчу сан йишин корта-м хьаха бара туьраца баккха безаш!» – бохуш Іаба Іуьллушехь, анаюх серлаялайолаелира. Даима а сема йолу Мелимат а шен тассий, гІумгІий хьедеш, ламазана кечамаш бан йолаелира. Меллаша хьала а гІаьттина, тІе хІумнаш а юьйхина, кора хьалха а хІоьттина, дуьне серла мел дели а, кхулуш, довш долу седарчий тергал а деш, ойланаш ян волавелира иза. ТІаккха, ша цІераваьлча, говран Іуналла вукхара ледара дарна кхоьруш, дІавахале цкъа

цунна хи малийна а, хIоъ белла а, хьаьстина а Iуналла а дина, хьалха йол тесна стерчий а Iалашдер-кха ша аьлла, аравелира. Говран Iуналла деш хIара леллаш дикка хан а яьлла, сахила дуьйлира. Шаданца йол а эцна, стерчий чохь долчу божлин неIарга вахана волу иза, Iадийча санна, латта висира. Зайл дIаболлаза а, неI къовлаза, хийра а яра божлин. Шада охьа а тесна, хIара хIун ду те, аьлла, чухьаьжначу цунна чохь стерчий а ца карийра. «Вай, цIе хала хьо белхан! Хьажахь, зайл дIа а ца буллуш, неI къовлаза а йитина, стерчий дахийти-кха цара!» – аьлла, ведда, стерчий лоьхуш, эвлан дехьа йисте а, юха сехьа йисте а велира иза. Кхин уьш кара а ца дина, шайн уьйтIа схьа а веана:

– Ва Мели, сийсара даьхни хьан Iалашдира аша? – чукхайкхира иза. – Божлин неI йиллина а ю, чохь стерчий а дац, я лехарх суна уьш кара а ца до. Цхьанхьахула дIадахна таро ю-кх уьш.

– Хьо хIун деш лаьтта ткъа, хаьн тIе куьйгаш а хIиттийна? Вало, схьадаладе, гена девлла хир дац хьуна! – арахкайкхира Мелимат. – Соьца къамел дечу юкъана карийна хир ма дара хьуна уьш.

Кхин цуьнга вист ца хуьлуш, ведда вахна юьртана гобохуш, массеран а керта а, элашка а хьоьжуш чекхвелира иза. Амма стерчий цхьанххьа а дацара. Я уьш дахна лар а ца карийра цунна. ТIаккха ведда шайн керта вуха а веана:

– Мели! Делан Элчанор, и стерчий хIокху вайн йоккхачу юьртахь суна карош-м дац, – аьлла, мохь туьйхира цо. – Жали хьалагIаттавехьа, цхьамма ал тIе даьхкина аьлла, чудоьхкиний хьожур вара тхойша!

– Сел лерина со а гIаттийна, соьца вахна ца хьаьжча, хьо хьуо ца хьажало? – схьакхайкхира Iиллар дукхадезаш волу Жали. – Вадий, гIой хатта ахьа, ша чудоьхкинчо шайгахь дуй хоуьйтур ду хьога. Вало чехка, латта а ца лаьтташ,

хьан хIоралла далла дохку стерчий оьшуш стаг а вац хьуна кху юьртахь!

– ХьалагIатта, йовссар! – аьлла, Мелимата Жалица дов дIадолошшехь, Iаба, юха ваьлла, стерчий лаха вахара. Хаьара цунна, кеста Жали хьала а гIаьттина, цунах шена накъост хир воций. ХIоранга а хоттуш, уьш дахна лар лохуш юьртах чекхвелира Iаба. Амма уьш гина а, девлла а меттиг хууш стаг вацара Iайбеца юьртахь. ДIа мел хаьттинчо а: «Ахьа хIун дуьйцу, ва Iаба? Ал тIе даьхкина аьлла, стерчий чу хьан духкур дара? Вайн ал тIе а, я вайн керта а-м ца даьхкина хьуна уьш, даьхкинехь, аса дIа а далор ма дара», – олура. Лехарх кхин гIуллакх а ца хилла, ваьлла Iумар волчу вахара иза.

– Сийсара даьхний Iалашдинчу вайн несарша божлин неIаран зайл дIаболлаза а битина, чуьра арадевлла стерчий дахана-кха вайн. ХIинца лехча а, хаьттича а, уьш карош а дац, лахаза меттиг а ца бисина вайн юьртахула, хаттаза стаг а ца висина, тIепаза дай-кха уьш.

И дешнаш Iабин багара довларца вон бос баьхьира Iумаран. Меллаша тIевахна, куьйгаш эгош дукъарцаш дIадаьхна, ша дукъадоьхкина долу стерчий мукъадехира цо.

– Деллахь, Iаба, цхьамма хIуьттаренна лачкъийна дигина те вайн уьш?

– Деллахь хаац-кха суна-м, – элира Iабас. – Хьан дуьгур дара уьш? Стерчий лачкъон вайгара нахана даьлла а, я вай дина а хIун ду?

– Вай нахана хIума-м ма ца динера, делахь а, иштта дIа бохура аса-м.

– Къола дан веанчо шена пайден йолу хIума бен хьур ма яцара. Улло чохь лаьтташ шиъ говр йоллушехь, хIоралла далла дохку стерчий а эцна, мила гIур вара?

– Хаац суна-м, – вистхилира Iумар, – къола деш болчийн хIоранан а шен-шен хуьлу амалш а, Iалашонаш а. Деши Iилла а дуьгий, дети а оьций воьду цхьаверг.

– Нахана уьш шайн кертахь ду-дац ца хаа а тарло. Цундела кхин цкъа а хьожуш а, хоттуш а юьртахула чекхвала веза вайша. Хьо лакхахь юккъехула волало, со лахахь чекхволу хьуна. Иштта, юьртахула гобаьккхина, шун уьйтIахь вовшах кхетар ву вайша. ХIан, вало, латтарх гIуллакх хир дац, – аьлла, ший а дIасавахара и шиъ.

– ВаллахI, кIант, сийсара, сайна хууш, оцу вайна гуш долчу божлин зайл хIокху сайн куьйгашца дIа ма боьллина аса, цу чохь стерчий а ма дара, – элира араяьллачу Маржана. – Цул тIаьхьа шен гIуллакхана чуваханчу цхьамма дIаболлаза битина хир бу-кха и. Зайл дIа ца буллуш вайн стерчий дахна бохург бакъ дац шуна, кхидерг шайна луъург дийца-кха.

– Цхьаъ хир ду-кха, – элира, цхьа хан яьллачу хенахь Iабас, – хIинца вай и мел дукха дийцарх гIуллакх хир дац-кха цунах, цкъа лехна стерчий схьа ца даладахь.

Цу хенахь чуьра аравелира БайсагIур. УьйтIахь лаьттачаьрга а хьаьжна:

– Стерчий юьртахь дац бах ашшимма? – хаьттира цо.

– ХIокху вайн юьртахь-м дац, – элира Iабас.

– ХIара гIуллакх вайна хетачу агIор, лаа долу таро яц, – аьлла, оьгIазе вистхилира БайсагIур. – Вай иштта латтарх йист ер яц хIокхуьнан. Ахьа, Iаба, чехкка хьайн говрана нуьйр тилла, хьайчуьнца хьо кечло, Iумар. Оцу лакхахьа агIор долу некъаш а, басеш а, Iин, коьллаш а толлур ю ашшимма. Къаьсттина ларий тидам беш хилалаш, тайшаниг, селхана лазийна, тIехьара ког жимма кхоош хила безаш бу шуна. Сой, Бетий хIара лахахь йолу агIо толлуш хир ву. Ткъа ахьа, Жали, хIокху вайн эвла юккъехула долчу некъашца лар лаха. Шайн тосаделлачу хIуманна, лар караяхь а, оцу сохьта хаам белаш.

КIентий стерчий лаха цхьаццанхьа дIасабевлча, божли чу елира Мелимат.

ХIора хIуманан тидам беш, хьежа йолаелира иза. Хьаьвди чуьра докъар кхачийна хиларо хоуьйтура стерчий буса чохь хилла хилар. Иштта хьаьвдин ойла еш лаьттачу, цунна цIеххьана адаман боккхачу коган лар хааелира хотталахь. Ша йолчохь, гIелехделла охьахиира иза. Мелиматан цхьана а кIентан бацара иштта боккха ког, лар а яра салтийн эткана, диттинчу хьостамийн билгалонаш а хаалуш.

– Хьо хIун деш Iа, ва нана, цомгуш-м ца хилла хьо? – аьлла, божли чу елира Малика. Кхин цуьнга дIа йистхила де доцучу Мелимата лар тIе пIелг хьажийра. ТIе яхна лоре а хьаьжна, жимма ойланаш еш а лаьттина:

– Вайн кертарчу божарийн лар яц хIара, нана, – элира цо. – ХIара лекхачу дегIахь волчу, къоначу, ондачу стеган лар ю. ХIара воккхастаг велахьара, дегIана лоха а велахьара дегIан дозалла кIажаш тIехь хаалуш хир дара, ткъа хIокхо шен дегI атта цхьана кога тIехь а леладо. ДегIана веза а, болар жимма таьIнуо долуш а ву-кха хьуна хIара, нана, ларан бохь дикаха къаьста кхузахь. ХIара стаг диканна веана вац вайга, нана, тата ца дан гIерташ, когаш шерший-на цо, амма охьахIоттор майра ду цуьнан. Дуьххьара къолаха вогIуш стаг вац хIара. Нана, хьажал, къинхетам боцуш стаг хилла вайга веанарг, аьрру буйнахь къуьйлуш, яйн лаьтта охьахIиттош юьйлина топ а хилла цуьнгахь, и юьйлина ца хиллехьара охьахIоттор паргIат хир дара цуьнан. Стерчий дигна Iен воллуш ца хилла и, нана, шена новкъарло ян воьлларг вен а воллуш хилла. ХIуъа делахь а, вайца цхьа доккха мостагIалла долуш стаг ву хIара, нана.

– Шу ма чIогIа хьийзаш ду тахана, ва Мелимат, стерчий дахна ца боху вайн? – аьлла, божлин неIарга а хIоьттина чувистхилира Iумаран воккхахволу ваша Iела.

– Деллахь, Iела, ца хаьа-кх тхуна-м хьоьга цунах хIун эр ду а, – хала йистхилира Мелимат. – И стерчий дахнехь а, я наха дигнехь а, цхьаъ-м хилла вайна.

– ХIокху божли чохь вайн йоцу лараш хааелла, цара дог дохийна, хьуна ма-гарра, гIелехделла Iаш ю-кха тхойша. Деллахь, Iела, суна хетарехь, стерчий наха ма дигна вайн.

Цецваларца божли чу а ваьлла, ларашка хьаьжира Iела.

– Хьажал, кIант, хIокху коге, – йистхилира Малика. Хьажал хIокхуьнга, кхуза охьалевзинарг топ ю цуьнан.

Амма Iелин дукха латта ца дезара къун лараш Iамош. Маликас дуьйцург а дика кхетара цунна: къолаха вогIург цхьа а ца вогIу гучувала, шен аьтто балахь, стаг вийна а, къайлавала вогIу. Хаьара цунна, вайн дайша «къу вийнарг вийна, къуьно вийнарг висна» олуш хазош долу хабарш эрна доций.

– Малика, чехка вайн керта а гIой, аса схьавогIуш дукъа доьхкина лаьтташ долу стерчий мукъа а дахий, сан говрана нуьйр а тиллий, чуьра схьаехий сан топ а йохьуш, и говр а ялош суна тIаьхьайолахьа, со стерчийн лорах воьду хьуна, – элира цо. Малика шена тIедиллина гIуллакх кхочушдан хьаьдира. Iела, лорах, Эхкичу боьдучу новкъа охьавахара.

Говр а ялош, топ а йохьуш Малика Эхки чу охьакхаьчча Iела, маха байча санна, охьа а таьIна, хин йистехула хьалий, охьий уьдуш лелара.

– ХIара борз вайна дуьххьара къолаха еана ца хилла, – элира Iелас, топ дIа а эцна. – ХIара лелла борз ю, хи чу а даьхна дигна цо стерчий дIа.

Массо а къун некъ дIалаьцна ха хIоттийна ларбарх, дерриг а адам арадаьлла кIирнах лехарх дахний, девллий меттиг боцуш, тIап-аьлла дIадайра IабагIеран стерчий. Гондахьарчу ярташкарчу бахархошна а хиъна хIума дацара царах. Айкхаллина ши стуй, говррий а диллина кхайкхийра уьш БайсагIура, амма цунах а гIуллакх ца хилира. Айкхаллий, мотт тохаррий йоккха кIилолла а, бIижалла а хеташ болчу, нохчаша, шайна ма-дарра хиъча а, дуьйцур дацара царах дерг.

Оцу стерчий дайначу кIиранчохь чIогIа тийна дара Мелиматаг1еран кертахь, ша гучувала веанарг воцург кхин чуй, арий волуш хаалуш стаг а вацара царах. ХIинццалц денна кхузахь хуьлуш волу Iумар а вацара гучаволуш, я Iабина цкъадолчунна лаа а ца лаара и гучавалар. Цуьнца самукъане дийца хабар дацара цуьнан.

Цу кIирнах дукхах а болу юьртахой шайн оханаш дина а, хIу дIадийна а бевллера, ткъа БайсагIуран болх ша болийначохь лаьтташ бара. Цу хиламан ойла а йина, ишттa Iерах гIуллакх дIагIур дац-кха шен, аьлла, вахначу БайсагIура кхечу юьртара эцна стерчий далийра. Цу балхо жимма меттаха яьккхира Мелимат а. Йоккхаеш, шен доцчу денца меттара а гIаьттина, стерчашка хьажа араяьлла, уьш хаза а, нисделла а карийна, царах йоккхаеш, малхе а хиъна, уьш хьоьстуш Iара иза. Гуттар а вон хьал мискачу Асилигахь дара. Мелла а цу хиламна бехке шен марзхой буй шекйолуш а, и гучудаккха дIадийца шен бахьана доцуш а йолчу цуьнгахь, кхечарна буй а ца хууш, массарел а дукхаха бала бара. Шен вежаршна а, хиллачу марзхошна а юкъахь цхьа хIума гучу а даьлла, зулам дожарна кхоьруш, дукха йилхина цIийделла, дистина, негIарш а охкийна дара цуьнан бIаьргаш. Хаара цунна шен аьрхачу вежаршний, къуй-обаргаш болчу марзахошний юкъахь хIума эккхахь, вер-ваккхар доцуш дIадоьрзур доций. БайсагIура керла далийначу стерчашка а хьоьжуш, гIийла ойланаш а еш, шен йоьхначу кучан тIелхиган юх бIаьргех а хьоькхуш, массара а дечу къамелашка ла а доьгIуш, Iаш яра Асила.

– Дера, БайсагIур, хIоккхара болх бийр ма бу хьуна, – элира Iумара. – Вортанаш ца го хьуна церан? Дера ду уьш хийла дукъ такхийна стерчий.

– ХIорш суна доьхкинчу дас а бохура, бугIанаша санна, чIогIа къахьоьгуш стерчий ду шен. Ваша хилла церан лаьцна Сибрех вахийтина. Ахчанца и кIелхьарваккха дагахь бен дукхур а дацара ша бохуш дуьйцура цо.

– Иштта цхьа хIума тIе ца Iоттаделча-м, хIорш санна долу нисделла стерчий цхьамма а духкур а дацара, – элира Iумара. – И вайн вуьйш дайчахьана массо а хIуманах чам байна, хIума дан а, аравала а карх ца долуш, могуш вац суо бохуш, меттахь керчаш хан яьхьи аса. Тахана Iабдуллас бер а даийти, соьгий, Iабей охьавола боху, аьлла. ХIетте а хьала ца гIоттуш, дуьненах а дог даьлла, Iуьллура со. ТIаккха чуеанчу Аминтас ма эли, иштта эцна нисделла стерчий а далош веа БайсагIур, аьлла. Кхин меттахь Iилла а ца веллa, ваха веза со, аьлла, схьаьхьаьди-кха кхуза. ЧIогIа хазахийти суна хIорш ахь вайна эцна а, сел диканаш вайна нисделла а.

– Деллахь, Iумар, иштта хIокхаьрга хьоьжуш, кхарах даккхийдеш, тхаьшна хIун хилла а ца хууш Iаш-м тхо а ду хьуна, – элира Мелимата. – Сел дог доьхна Iачу вайна хIорш нисделла а ду-кха чIогIа дика. Иза а Делан шен цхьа болх хир бу-кха. Далла хастам бан беза вай массо а хIуманна. Дела дика ву шен лешца. Цуьнан карахь ду шен лайн дог делхор а, делор а. Селхана делхийна цо вай, тахана деладо. Хьанна хаьа, кхунна тIаьхьа кхин а даккхий диканаш вайна кечдина и Iаш вуй а? Цуьнан карахь ма ду массо а хIума. Дала мукъалахь, вайн Iесалле ца хьоьжуш, массо а хIума дан ницкъ кхочуш волчу, цо кхин а даккхий диканаш дийр ду вайна.

– Дийр ду, Дала мукъалахь, – элира Iумара. – Дийр ду, Мели. Шена муьтIахь болчаьргахьа и хилахь, нахаца къинхетаме а, царна пайден а болчаьрца и хилахь, вайна кхин а даккхий диканаш дийр ду цо. Вай реза ду цуьнан кхиэлана а, цо дечунна а, лелочунна а. Валохьа, Iаба, Iабдулла кхойкху бохура, гIой вола вайша?

– ГIуо ший а, – элира БайсагIура. – Кхана сатасале балхана аравала а кечло-кха.

Хьалха санна дечу пхьолан гIар-тата доцуш, тийна дара Iабдуллин пхьалгIахь. Цхьанхьа а гуш деш тур а, шаьлта а,

ур-атталла я уьрсан мІаьчиг а яцара. ПхьалгІа а цхьа вон кегийна, чухула тиша аьчкаш дІасакхийсина, адаман чу ког баккха а карх дер доцучу хьолтІехь яра. Цу аьчкашна тІехула волавелла лелаш волу Іабдулла ша а вара тІехь бос боцуш а, чІогІа гІайгІане а. Цуьнан бІаьра хьаьжначу Іабина хиира цо шаьшшиъ цхьа хаам бан кхайкхиний а, и хаам шайна сингаттам боккхуш хир буй а. Іабдуллин леларо а бакъдора иза. Цхьанна а хІуманна тІехь бІаьрг ца соцуш, цхьана меттехь саца ца луш, чІогІа синтем байна, карзахе хьийзара иза. ТІаккха хІоьттина кху шинге а хьаьжна:

– Схьакхечин шуьша? – вистхилира.

– Кхечи дера, – элира Іабас, – хьо дукха карзахе хьийзаш гуш, хьоьга вистхила а ца ваьхьаш ма лаьтта тхойшиъ-м, кхин сингаттаме хІума-м дац вайна хилла?

– Гучудаьлла хІума дац, цкъа долчунна, амма гучу-м дер ду, хьедалланза.

– ХІун ду и, Іабдулла? – хаьттира Іумара.

– Хаац, хІун ду а, ладугІуш хир ду-кха вай, тховса а кхана а хІун хуьлу хьовсуш.

– Баккъалла а ца хилча ца долуш хІума ду вайна тІаьхьа-хІоьттина тІекхача дезаш? – хаьттира Іабас.

– Суна хууш хІума дац, и цахиларх а вай Іелур дара, вуьйш Іелахьара. Делахь а, сайна цхьана хІуманна эшна кхайкхина со шуьшинга. ХІун дара цІахь, Мелимат хьалагІаьттиний? – хаьттира Іабдуллас.

– ХІара ду аьлла, вайна хуучул совнаха, кхин хІума дац цигахь-м, – вистхилира Іаба. – Тахана БайсагІура эцна стерчий далийнера, цу хиламах йоккхаеш нана а хьалагІаьтти. Чохь мел верг а вара воккхавеш хьийзаш, ткъа тхойшиъ а хьевели, цаьрга хьажа а хІоьттина, хІокхо а тІаьхьо бен схьа а ца эли, хьо кхойкху аьлла.

– И иштта делахь-м вайгахьа ду и, – элира Іабдуллас. – Деллахь ду-кха цо уьш эцна чІогІа дика-м, массо а вожийне-

ра цу балхо. Сан ден сара, хIокху кIиранчохь хIума кхалла карх ца долуш, балхах куьг тоха даго ца вуьтуш, иштта цхьа вон ойланаша хьийзош хан ма яьхьи аса. Доккха хIума дан а дукха иза, девллий, дахний меттиг боцуш, нахана йийца лар ца карош, стерчий дайна бохург! Кхин хIума ца тоса-делла-кх царах хIинца а?

– ХIан-хIа, гучудаьлла хIума дац хIинццалц схьа, – элира Iабас. – ЧIогIа говза къуй хилла вайн уьш дигнарш. Дахний, девллий меттиг ца карайойтуш хьулйина, тIепаза-м дайи цара уьш.

– Дера бу, Iаба, вайх тийсалуш берш говза къуй, шиша тоха ца оьшу цу балхана. Деллахь, ма хаьа-кха нахана а, кхузахь лаьттачу суна а уьш хьан дигна а, муха дигна а, хIунда дигна а. Амма шекьхилар доцург, хIара аша дина аьлла, цаьрга дIакховдо хIума цахиларо куьйгаш а, когаш а, бага а йихкина охьаховшийна-кха массо а.

– И хIун шиша бу, Iабдулла, ахь тоха ца оьшу бохуш буьйцург? – хаьттира Iумара.

– Хьалха, тхо кегий долчу хенахь дара иза. Цхьацца хIума ца лелош, вон ца лелча ца Iара кегий нах. Тилла-тобанаш а, анталш а юккъера дIабевлча, шиша тухуш делира вайн эвлахь. Иштта цIе а йолуш коьртехь диллина шиша-кIохцалган сурт а долуш, паччахьан газетан хормехь, хаза яздина, кечдина кехат дара вайн эвлаюккъехь тухуш. Дуьххьара вайн юьртахь дIадоладелла и гIуллакх даьржина, кхечу ярташкахула а чекхделира. Ткъа хьалха оха лелочух нахана зен-зулам долуш хиллехь, ткъа шиша тохарх чIогIа пайда болура. Шишано къайла ца долуьйтура мел чIогIа къайлаха дина, хьулдина долу хIума а. ЧIогIа кхерийнера цо къуй а, курхалчаш а, ткъа иштта вон леларш а. Цу шишан шен пошта лелош цхьа да хуьлура. Къонахашна а юкъахь дика къонах, дика кIант а, де долуш волу стаг а хила везаш вара шишан пошта лелош верг. И иштта хIун-

да дара хьуна аьлча, тIедеана арз а нийсонца цуьнан къасто дезара, и талла дезара, ткъа оьшучу меттехь девнаца дуьхьалхIотта а цуьнан дезара. Цул совнаха, и шиша яздеш болу нах къайлах латто а цуьнан дезара. Шишан пошта лелош верг-м юьртахь цIе йолуш, кIенташа вовшахкхеттачохь иллешца а, мехкарша эшаршца а вуьйцуш, нохчийн яхь йолчех, халкъехьа дог лаьттачех дика кIант хуьлура. И шиша чIогIа хаза, говза кечдой хуьлура, ткъа хIора кIирнах ара а долура. Массо а стаг хир вара хьуна и хьалатохаре сатуьйсуш, сагатдеш пхьоьхана а волий лаьтташ. Ткъа и хьалатоьхча-м жима а, воккха а цу шишан майданара дIа ца волуш, юх-юха доьшуш денош дайа дезаш вара. ЧIогIа хаза иллеш, забарш, Iиттарш, яппарш, дайнарг, гинарг, хезнарг, аьлларг хуьлура цу тIехь. Юьртахь стаг велла меттиг хилча, кадам бой, и гулъелла пхьоьха елхайора цо. ЧIогIа хаза кадамаш хуьлура цу тIехь. Цхьа а ямартло, дина къола, курхал, кутал а цо гучу ца доккхуш ца дуьсура. И яздеш а, лелош а болчарна дукха ахчанаш тосура наха, уьш-м и оьшуш а бацара. ТIаккха шайна и ахчанаш тесначу нахана чIогIа баркалла а олий, ишт-ишта буо-берашний, бисна Iачу зударшний, бакхийчу наханий дIадийкъи шаьш, олий, хаам бора цара. Деллахь, ма чIогIа нахана сийлахь хеташ а, сийдеш а, нехан гIо деш а кIентий бар-кха уьш. Суна хууш кхаа шарахь Межетан дас лелийра и пошта. И дIаваьлча, Iаьлбиг-Хьаьжин вашас Жаьмбига лелийра. ХIумма а кхунах тера а воцуш, чIогIа комаьрша, яхь йолуш, майралла садала доллуш, тIах-аьлла кIант вара иза. Цу шишанах кхоьруш къолаш дар, волелар, маларш мийлар, зударшца эвхьазалла лелор сацийра наха. Цхьана ханна тIепаза дайра уьш вайн ламанхошна юкъара. Цкъа оцу шишан бага вахна волу стаг кхин нахана дош ца хеташ, сий довш, стаг воцчу волий, дIатесча жIаьло цавуург хуьлий, хIокху вайн юьртахь аравала юьхь йоцуш, чулечкъаш хуьлура.

ЦIеххьана цхьа чехка лазар а кхетта, шу марша, Жаьмбиг кхелхира. Цул тIаьхьа шиша лело цхьаннан а карх а ца долура. Юха а дIадуьйладелира къолаш а, куталш а, курхалш а. Цу хиламо дагадаийтина цкъа а, шозза а карладаьккхина арахеца а ма гIоьртира нах, кхин гIуллакх ца хуьлуш дIа дисир-кха и. Иштта ду-кха шуна, ши кIант, гIуллакхаш. Шиша ца оьшур-кха вайн дайначу стерчашна. Цхьамма уьш лачкъийнехь, оцу вайн хиллачу захалша лачкъийна-кха уьш. И бакъдерг ду. Амма аша хIара дина, аьлла, царна тIебахьа вайн карахь цхьа а некъ а бац, и ца хилча, вайн дан хIума а дац. И а ду-кха шозлагIа бакъ.

– И бохуш, хIун дича хIун хир ду а ца хууш, тхаьшшиннан дагахь дерг вовшех а лечкъош Iаш тхойшиъ а ву-кха, – элира Iумара. – Суна-м ца хаьа, кху балхана хIун дийр ду а, я хIун дича бакъахьа хир ду а. Ша оцу нахах дегабаам бар бен, кхин вайна хууш хIума а дац, ткъа ца хууш долчу хIуманна дIа чу а хаххавелла зулам дан а ца ваьхьа, хIара доккха хIума-м ду.

Цуьнга а хьаьжна, Iабас меллаша корта охьабахийтира.

– Оцу стерчашна хIинца хIуммаъ дийр дац вай, вайна оьгIаздахаррий, дегабаам баррий бен, кхин хууш хIумма дац. Лачкъийначунна цхьа къа ду, яйначунна исс къа ду олуш ду вайн дайн кица. Тахана чухахкаделла вай цхьа зулам а дича, кхана кхечанхьа вайн стерчий схьа а карадахь, йоккха юьхьIаьржо хир ю кхунах. Амма, хIун ду а ца хаьа, чIогIа оцу боьхачу хIуманех шек-м ву со, – элира Iабдуллас. – Делахь царна тIебахьа некъ бац вайн карахь, ша, цара санна, къайлаха къола дина ца декхахь, кхин декха а ца ло и. Амма, юха а бах аса шуьшинга, хIинца хIокху сохьтехь сихделла хIума дийр дац вай. Аса пурба ца ло шуьшинна уьш лаха аравала а, цхьана а меттехь уьш хьехо а. ХIокху тIехь уьш совцахь, сагIийна хIума яллал, доккха хIума дара хIара, амма уьш совцур-м бац. Вай тахана и

дуьйцур дац, тап-аьлла дижийта дезаш хIума ду хIара, цкъа-долчунна. Цул хьалха шуьшинга хаийта дезаш а, шуьша кхето везаш а цхьа хIума ду сан. Ткъа хIара хIума-м шашах гучудер долуш долу хIума ма дуй.

– ХIун ду и, ва Iабдулла? – хьаьттира, корта хьала а айина, Iабас. – ХIокхунначул а чIогIаха хьан сагатдеш хIума ду те и? Дийцахьа, делахь.

– ЛадогIа ахьа, дуьйцуш вай со-м, – элира Iабдуллас. – Селхана соьца лаьцна хиллачу сан доттагIчуьнгара кехат деана соьга Бакохара. ХIокху Iедална дуьхьала деш долу хIума дан карх долуш а, цу гIуллакхана нах вовшахтоха хууш а, и болх бахьана долуш лаьцна а вара иза. Ша большевик ву а олура цо, иштта ца хилча-м цуьнга и гIуллакх дIа а кхехьалур дацара. Соьца а леладора цо чIогIа гергарло а, доттагIалла а. Ша, хетарехь, Петарбухера ву иза, белхало. Ткъа хIинца Бакохара кехат даийтина-кха цо соьга. И кехат соьга схьа а кховдийна, кIирвелла сан бIаьра хьаьжи и дохьуш веънарг. И сайн бIаьра ма-хьаьжжи хии суна, кехат даьстиний а, дешний а, цуьнан чулацам цунна дика бевзий а. Кехат схьа а эцна, схьавола чу, хьо генара веана волу таро а ю, хьошалла а дийр ду аса, аьлла, сайн хирг деш хьаьвзи со. Аса хIокхуьнга деш долу къамел оьрсийн маттахь ду, ткъа соьга дуьхьала схьа нохчийн маттахь вист а хилла, шен чувеана Iен йиш яц, кестта вовшах а кхетар ду вай, хьуна суо вовзийта а, хIара кехат яздина волу хьан доттагI сайн доттагI вуй хаийта а веанера со, – аьлла, кхин цкъа а лерина сан бIаьра а хьаьжна, меллаша дIаволавели хIара. Ткъа гена валале саца а сецна, Iабдулла аьлла, ша тиллича санна, сан цIе а яьккхина, со кест-кестта хIинца лаьмнашца хила везаш ву хьуна, нагахь салташца а, эскарца со хьайна гахь сох шек а ма ваьллахь, воха а ма вохалахь, и вайгахьа долу хIума ду хьуна. ХIинца салташна а, нохчашна а юкъахь болх бар тIедожийна суна, кестта вов-

шахкхетчахьана дуьйцур ду вайшимма, – аьлла, чехкка волавелла дIаваха. Цо хала буьйцучу нохчийн маттах хии суна и нохчо воций, вуьшта чIогIа тера вара. ТIехь деха салтийн чоа а, когахь эткаш а яра цуьнан. Белшаш тIехь пагонаш цахиларо чин хIун ду ца хоуьйтура, амма и эскарехь гIуллакх деш хилар-м билггал бакъдерг дара. Болар а дара цуьнан эпсарийн санна, дегI нийса а, ког байн а лелош. Гена мел вели а, ша цхьамма лацарна кхоьруш санна, сих-сиха а волалуш, чехкачу боларца къайлавелира иза. ТIаккха чехка пхьалгIичу а веана, схьа а даьстина, дийши аса кехат. «Маршалла ду хьоьга, сан хьоме доттагI, Iабдулла, – боху кехато. – Ткъа иштта довха маршалла доуьйту хьоьга шайн ницкъаш ца кхоош, къонахаллица, шайн са ца кхоош паччахьан самодержавина а, цо лоллехь Iазапехь латтош долу миска халкъ цу балеха а, Iазапах хьалхадаккхарехьа а, Даймохк паргIатбаккхарехьа а къийсам латточу сан доттагIаша – къехоша, Ленинан партин большевикаша а. ХIара кехат ас хьоьга яздо вайша лаьцна волчу хенахь дуьйна хьо сайна чIогIа везаш хиларна а, вайшиннан ойланаш цхьаьнайогIуш хиларна а, ткъа хIинца хьо цу ойланех вухаваьлла цахилар сайн даго къобалдеш хиларна а. Цул совнаха, хьуна хаийта лаьа суна, кIеззиг бен дацахь а, ахьа дина гIо а, ткъа иштта муьлххачу а нохчочо дина гIо а тхаьшна чIогIа оьшуш хилар. Хьан лере а кхаьчна хир ду тхан партин куьйгаллица оха бечу гIаттамийн, буьрсачу тIемийн татанаш. Россин массо а маьIIехь дIахьош бу хIинца гIевттинчу къехоша паччахьана дуьхьал беш болу тIемаш. Хезаш хир ду шуна а, цкъа а гIеллур доцу цу гIовттамхойн довхачу дегнийн кхайкхаман аз. И хьуна ца хезнехь, хазийта, хьо и гуш вацахь, гайта яздо ас хIара. Петарбухехь а, Москвахь а белхалоша шайн каралаьцна Iедал. Паччахьана дуьхьала дIахьош болчу къийсамна тIехь куьйгалла дан массанхьа а вовшахтухуш ю халкъан Iедалан керла

хорма, иштта шайх белхалойн а, ахархойн а, салтийн а векалийн Советаш олуш йолу. Советаша шайн болх кхиамца дIабахьа доккха гIо до лоллехь дохкучу адамийн баьччас Ленина кхоьллинчу большевикийн сийлахьчу партис. Советаш кхойкху къехошка массо а цхьатерра гIовттаре. Шун махкахь, Нохчийчохь, хIинца а чIогIа ду хьоладайн а, молланийн а Iедал. Цара шайн тIаьххьарчу къизаллица цIий муьйлу мискачу ламанхойн. Ма Iе, хьайн паргIато езачу ойланца паргIат. Яржае и хьайн сийлахь ойла яхь йолчу нохчийн кIенташна юкъахь. Таса бIешерашкахь шаьш текхош долу паччахьан Iазапан дукъ! ГIовтта тIаьххьарчу а, буьрсачу а тIамна! Лаладе болат, дахчаде тур, баккха дуьненан Iазапан корта! Декъала хуьлда паргIато! Декъала хуьлда Советаш! Декъала хуьлда Ленинан большевистски парти!» Иштта буьрса бу хIокху кехатан чулацам. ТIаьххьара а доьху хIокху кехата тIехь цо хIара аса къехошна юкъахь дешар а, цуьнан чулацам адам гIатто хьуьнаре хин болчу нохчийн яхь йолчу кIенташна бовзийтар а. Эххар а, тешшош боху, хIара шо чекхдалале, я тIейогIучу бIаьста паччахь воцучу, балех а, Iазапах а паргIатчу ирсечу махкахь цхьаьнакхетар ду вай. Иштта бу кехатан чулацам. И кехат дохьуш веънарг дукха тамашийна лелаш хиларна, ванах, там бара суна хIокху боьхачу наха, ле а вина, Iенигахула цхьа тешнабехк бан аьлла, и кехат цIерга тесна дага а дина, хIокху вайн кертахь мел болу герзан хьостам бадийна къайла а баьккхина, кху чухула хIара тиша аьчкаш дIаса а кхийсина Iаш ву-кха со, хIинца хIун хуьлу те, бохуш. ДIа ладоьгIча, тахана хIокху вайна хьалхахула хьалагIерташ саражникаш а, салтий а бу-кха. ХIокхара хIун леладо те, хIун до те хIинца, аьлла, тергалбо аса. Вайна хьалха схьакхоччушехь совца а севцина, вовшашца къамелаш дан буьйлабели хIорш. Цхьангге а вистхила рагI ца кхочуьйтуш луьйш ву Iиржаккий, Закрий, Бончий, Сарпиллий, Iений. Царах

бӀаьрг кхетча-м шелдели сан дог. Салташна юкъахь царах стаг хилахь, уьш стаг лаца, цхьанна цхьа бохам бан, цхьа да велхо богӀуш хиларан билгало ю шуна. И жӀаьлеш суна дика девза. Ткъа хӀинца пхий а салташца цхьаьна ву. ЦӀе яла хьо балхах, бохуш, айса хӀун дича хӀун дийр ду ца хууш, дог шелделла, ладоьгӀуш Ӏаш ву-кха со. Дера гӀур бац уьш хӀокху юьртарчу нахана цхьа зулам, цхьа бала, цхьа къаьхьа белхам ца беш. И бакъдерг ма ду шуна. Иштта къамелаш деш хӀорш лаьттачу хенахь вайн цӀенна тӀе пӀелг а хьажийна, вукхаьрга цхьа хӀума а аьлла, Сарпил схьаволавели. И сайна цхьа зулам дан дагахь вогӀий хууш бӀаьрса дайна, айса хӀун дича бакъахьа хир ду ца хууш, оьгӀазвахна дог цӀийлахь керчаш, воьхна хьаьвзи со. Цкъа дагадеа суна оцу коьртах жӀов тоьхна, парт-аьлла и тӀекӀел и экхийтина, цуьнгара герз а, говр а схьадаькххина, леха хӀинца лаьмнашца мох, аьлла, къайлавала. ТӀаккха хала дӀа собар а дина, хӀун до те хӀокхо, бохуш, схьавогӀуш волу и тергал а веш, цхьа тиша очакх хьала а эцна, цу тӀе жӀов етта волавели со. Дарастуй, аьлла, чоьхьа а ваьлла, когаца хӀара тиша аьчкаш дӀасакхуьйсуш чухула вола а велла, тӀеваана бӀаьра а хьаьжна, велавели хӀара суна. ЧӀогӀа сакӀамделлера сан, жӀов тоьхна и тӀекӀелэккхийта. Сан ден сара, цул тӀаьхьа и меттавало ницкъ кхочур болуш лор а, пхьар а, молла а, мозгӀар а хир вацар-кха хьуна кху дуьненахь. ЧӀогӀа хала сатуьйхи аса цунна и ца тухуш, муха тохадели а хаац. ТӀаккха гондахьа а хьаьжна, шена кхин хӀума ца карийча: «Хей, зуд, хуна паччах ца деза, хо вон саг ду, корта хадака деза, – эли хӀокхо. – Аса хо чудуллур ду, каторге дохийтур ду, цига лийр ду, жала», – аьлла, сан лерг а озий хӀокхо. Маситтаза а куьг дегий сан, цунна жӀов тоха са тӀе деана. Юха а хала са а тоьхна: «Суна паччахь веза, Сарпил, хьо ца веза», – эли аса. ТӀаккха цхьа вон бӀаьргаш а къарзийна, сан бӀаьра а хьаьжна: «Ах тиби пошмайт! Саб-

бак! Кузмиц ваевайт! Тиби сирлайт нада! Вор, коникарад, тузенци, саббак!» – аьлла, ластийна чоже мийра тоьхна со вожа а вина, цунна жIов ялийта со хьалагIатта кхиале, ара а ваьлла дIаваха. Деллахь, ма дохковаьллера-кха со цунна шен хеннахь и ца тоьхна. Цундела, тоьхна со вожа а вина, и дIавахар-кха. Халла хьалагIаьттина, корах арахьаьжи со, хIинца хIун до те хIокхара, аьлла. Жимма къамелаш деш а лаьттина, цхьана хIуманна реза боцуш кортош а ластийна, со волчу агIор схьабирзина чу буй а ластийна, буьйлабелла дIабаха хIорш. ХIинца гIуллакх муха ду хьуна аьлча, ши кIант, со сайх чIогIа шекволуш ду. Билггала а оцу юьртдас цхьа мотт бина, со лаца хIаллакван а баьхкина уьш. Нагахь санна со ца лацахь а, гур ду-кха шуна, цара цхьа бехк-гуьнахь а доцуш волу миска хьовзош. Иштта ю цу жIаьлийн амалш, иштта ду паччахьо вайна векал дина тIехIиттийна долу и жIаьлеш. Вайн юьртара лаьцна стаг воцуш уьш дIагIург цахилар билггал а бакъдерг ду, ткъа, со воцург, кхин мила лоцур вара цара? Кхин мила вара Iенина а, къедина а, Сирмекхана а, чIеран даьIахк хилла, легашкахь воллург? Хьанна хаьа, иштта ца хила а мега, делахь а со сайна уьш тебий те моьттуш чIогIа шек ву. И мухха делахь а, гур ду-кха вайна, тховса я кхана цара цхьа да велхош.

– Даима а хьо лоцуш, хьо идош, хьо велхош муха лелар бу уьш? Хьо ца хила а мегий цара хIинца юьхьарлаьцнарг-м. Масане ву хIокху лаьмнашца уьш реза боцуш а, царна лаца а, вига а стаг? – элира Iумара.

– ХIан-хIа, хIокху вайн юьртара а, гондахьарчу ярташкара а сол хьалха лаьцна вига стаг вац царна, массеран а ойла йина аса, – элира Iабдуллас. – Цкъадолчунна царна сол новкъа стаг вац кхузахь. Цул совнаха, шен аттана аса топ тоьхна бохуш, цхьа етт сан коча тесна, дуй биъча а, со ца вуьтуш хьийзаш хIара Манака боху боьха хIума а ю.

Кхин со лаца бахьана ца хилча, и тоьур дара царна. Вуьтур вац со цара.

Харт-аьлла дагах цIе летта, хьацаран тIадамаш туьйхира и тIаьххьара дешнаш хезначу Iабин юьхьа тIе. Iумар кIирвелла Iабин бIаьра хьаьжира. Кхин хIума цо ца аьллехь а, Iаба кхиийтира цуьнан дагахь долчух.

– Хьо и етт бахьана долуш Сибрех гIур вац, Iабдулла, – вистхилира Iаба. – Ваха везахь Сибрех етт бийнарг гIур ву. Етт ас бийна, топ а тоьхна. Цуьнан метта цигахь латтташ къеда хиллехь, иза а вийна а хир вара.

– ХIан? – бага гIаттийначохь висира Iабдулла. Доккха гур хилла, лергаш чохь декаш лаьттара цунна Iабин дешнаш. Шена хезначух цатешарца, тамашийна къерзабора цо бIаьргаш а.

– Етт аса бийна, Iабдулла. Сибрех со гIур ву, хьо гIур вац, – дIахьедира Iабас юха а. Iумара, цо дуьйцург бакъ ду аьлла, шен сийна бIаьргаш а къарзийна, корта таIийра.

– ХIан-хIа, цунах гIуллакх хир дац, – элира, ойла йина, Iабдуллас. – И иштта хилийта мегар долуш хIума дац. Нагахь санна и иштта хилийта тардалийтича а, цкъа етт бийна, аьлла, хьо Сибрех вохуьйтур вара цара, хьуна тIаьххье и бейтина аьлла со а вохуьйтур вара. Адамна хаийта мегар долуш хIума дац иза. И дIахиъча-м, дукха хазахетта шайн ден ворхI лийр вара церан. Цкъа-делахь, нахана гергахь дуй биъна со цIанвелла ваьлла, хIинца цара хIун до хьовсур-кха вай. Иштта цIена ву со Iедална гергахь а. Атта хир дац царна шайна хетарг кхочушдан. Цул а аса хIинца шаьшшинна деш долу хьехар дIа а оьцур ду ашшимма, деш долу дехар кхочуш а дийр ду ашшимма.

– Дала мукъалахь! Дала Iожална собар а лахь, дегIаца ницкъ а хилахь! – аьлла, дуьхьала хьаьжира Iумар.

– Ашшимма хIун дей, – лохха вистхилира Iабдулла. – Цхьана а хIуманна сихлур вац шуьшa. Ойла ца еш, сихвел-

ла, чуххьаьдда диначу хIумано стагана юьхьIаьржо йо, оцу йовссаршка шаьшшиъ эрна, пайдабоцучу хIуманна тIехула, царна цара лоьхуш долу бахьана а лой, хIаллак ма вайталаш. Де мел дели а, церан ницкъ а, де а оьшуш, вай тулуш йогIур ю шуна зама. Вай кхин а оьшур ду шуна нахана а, хин йолчу паргIатчу заманна а. Багара даьIахк яьккхина жIаьла санна, шайн карара ницкъ а, Iедал а дIадаьлла доьдуш гуш, чIогIа дера бу хIорш. Стаг лацар, вер, вохор хIумма а доцучу а даьлла, мелхо а цунах самукъа а долуш лела хIорш. Жимма а паргIатонехьа ойла йолуш, мискачу нахаца къинхетаме волу стаг ведча а ца волуьйту хIокхара, цхьа дагахь доццург тIекхуллий воь. Амма хIинца цара тIетеIош берг шайн тIаьххьара ницкъ бу. Делахь, хIокху юкъахь и лан беза вай. Дукха лаьттар дац хIара а, шаре а дер дац, собаре хила деза. БIешерашкахь вайн дайша а лайна хIара дукъ, хIинца уггар а вайгара собар а, доьналла а оьшучу хIокху цхьана шарахь вай ларах хIумма а хир дац. Ваьшка гIовтта аьлла хаам хиллачу минотехь и дукъ охьатосур ду вай. Соьлжа-ГIалара белхалой гIевттинчу дийнахь вешан болчу тIамца гIевттина арадовла декхарийлахь ду вай. Амма хIинца, цкъадолчунна, собар дан деза вай. Нахана юкъахь кхетаман болх барца, ваьшкахьа баха беза ламанхой. Ма-ярра юьйцуш, масаллица гойтуш Iораяха еза Iедало къехошца лелош йолу харцонаш. Хаийта деза хьоладайша вайн ирс, вайн паргIато, вайн дахар лачкъийний. Уьш кечбан беза вайна оьшучу дийнахь гIовтто. Амма массо а хIума лерина, ларлуш, хаарца дан деза. Вайгара яьллачу жимачу гIалатоно доккха зен дан тарло. Хан йоцуш хIума дIадоло мегар дац, оьшучу хенахь хаам хир бу вайга. ГIалара полколагаш лаьмнашка хьалалаьхкина я лаьмнашкара юьртдай гIаланашка охьалаьхкина, цхьа йист йоккхур ю вай кху харцонан. Шаьш озодолчун лерг озийна а, тухуболчунна мийра тоьхна а, лоцург лаьцна а, ва-

дорг вадийна а бовлуш бохкуш бу шуна хIорш. ТIаьххьара гуо бу, цундела ма-хуьллу тIетеIабо шайн болу ницкъаш. ХIокху муьрехь царах лардалар а, вешан коча бахка царна бахьана цадалийтар а тIехь ду вайна. Царах лар ца даллал вай дукха а дац, царал тола цкъадолчунна карахь ницкъ бац вайн. Вайгара хIума царна тосалахь, эрна хIаллакдийр ду цара вай. Ларлуш хила деза. Аса дина кечдина шийтта тур а, тояйта еана йиъ топ а, ялх тапча а, хала вовшахтоьхна пхи бIе патарма а дара кху чохь. Уьш аса сийссарехь довдийна хьуьлла вайн басарчу хьехахь дIадехкина, шуьшинна, Iаьржа йолчу дехьа юххехь, лакхахьа тIехь ога а даьккхина. Нийсса цуьнан сонехь лаьтташ болу тIулг схьа ма-хиллийнна, ога схьаделлало шуна. Нагахь санна хIорш сан коча а баьхкина, со цара лаьцна дIавигна меттиг хилахь, церан Iуналла дийр ду ашшимма. Шуьша воцчу стагана, бусулбанна а, керстанна а, уьш мичхьа ду хууш дац шуна. Уьш дIадахьа веанарг чуьрчо шуьшинна тIехьажор ву шуна. Цо шаьшшинга Iабдуллин воI варий, аьлла, хаьттича бен, теша а ма тешалаш, шаьшшинна со вевзий а ма хаийталаш. Герз дарий, дацарий бохуш долу къамел-м цуьнца дан а, я цуьнга схьадайта а оьшуш дац шуна.

– Дийцарехь, хьо дIа ца вахча Iен ца воллу-кха. Хьуо цара лоцур хиларх чIогIа тешна ву-кха, Iабдулла, – элира Iабас.

– Деллахь, Iаба, ву-кха дукха чIогIа тешна-м со, – элира Iабдуллас. – ХIинца царна шаьш лелош дерг бен а ца хета, хIуъа лелийна а цхьаъ лелийчахьана. Цара лаьцнарг лаьцна ву, вийнарг вийна ву, динарг тайна ду. ХIара хIунда ди аша, хIун ду аша лелош дерг аьлла, цуьнан бала болуш, цаьрга и хоттур долуш а да ца висна-кха хьуна хIокху Iедалах. ТIаьхьа тIе мел догIуш долу де, шайн зил тIе уьш дIакхаччалц, эрчаха догIуш, цара халкъана лелош йолу ямартлонаш алсам йолуш догIур ду-кха хьуна. Дера ду цара ада-

маш хIинца хала хьийзор. Со лаьцна а, хьийзийна а Iийр бац-кха хьуна уьш, декъаза мел волчун коча оьхур бу.

Iабдулла иштта ша-шех кхераваларо чIогIа дог кхолийра Iабин а, Iумаран а. Кортош охьа а охкийна, гIийла ойланаш йора цу шимма. Цхьанна а ца хаара, ша хIун дина цунна гIо дийр ду а, хIун дина цуьнгара бала байбийр бу а.

– Ва Iабдулла, хIара Iедал шаре дер доций а, паччахь кестта вухур вуй а хьуна стенах хаьа? – цIеххьана хаьттира Iумара.

– Хаьа-кха хIара Iазап, бала, харцо, къоьлла, мацалла, ницкъаш, набахтеш кхин лан нехан де доцу дела. Диттина са кхачаделла нехан, халонаш лан гIиртина баккъаш кегделла, харцонаш лан гIиртина дегнаш лилхина, кхин таро яц хIара лан. Къехоша шайн куьйгашца шаьш яккха еза шайна паргIато, и ер а ю. ХIинца хIокху йоккхачу Россин пачхьалкха кIел цхьа гIала, юрт, кIотар яц Ленинан аз кхачаза, цо кхоьллинчу партин большевикаша шайн кхетаман дош алаза. Массанхьа а дIаболабелла халкъан ирсехьа, паргIатонехьа болу къийсам. Массанхьа а вовшахкхеташ ю цу къийсамна тIехь куьйгалла деш йолу Советаш. Керла хиндолу Iедал а Советан хир ду. Цу Iедалан куьйгалхой хир бац хьуна, хIинца санна, ахчанца оьцуш, мехах бухкуш. Кхетий хьо?

– Кхета-м кIез-мезга кхетара со, и Советаш бохурш шаьш ян хIун ю? – хаьттира Iабас.

ЦIеххьана цунна Советех лаьцна хьокъала доллу жоп ца далалуш, ойланашка вахна, сацавелира Iабдулла. Ца моьттура цунна цкъа а, цхьаммо а и хаттар шега дийр ду. Амма шен хаарш а, шеца лаьцна хиллачу революционераша цу хьокъехь шена мел хьехнарг а вовшахтоьхна, Iабин хаттарна жоп дала гIоьртира Iабдулла. Iабига а хьаьжна:

– Гой хьуна, – аьлла, дIадолийра цо шен къамел, – совет бохург оьрсийн маттахь серло бохург ду. Цундела керлачу

Iедалан цIе серло тиллина-кха цара, иза а шайн лаамца. Цу советашна юкъабоьлхурш муьлш бу хаьий хьуна? Хьой, сой санна болу миска нах бу-кха. Белхалоша шайн векал хьалхатотту, харжа а хоржий, тоьлашха верг, халкъехьа дог лаьтташ верг, нийсо езарг. Ткъа ахархоша шайн векал хьалхатотту, салташа а, хIордахоша а шайн векалш хьалхатотту. Ткъа уьш берриш вовшахкхетча, цхьа совет хуьлу, серлонан цхьа Iедал. Цара вовшашца дага а буьйлуш куьйгалла до белхалойн а, ахархойн а боламна тIехь. Къинхьегамхойн дохалур доцу низам латтадо эскарехь а. Халкъан дола доху латта а, хьал а, деши а, ахча а. Церан дай хьолахой боцуш, къехой а, цара хIоттийна долу Iедал а хир ду. Иштта бар-кха суна бина хьехамаш а, сан цунах кхетар а.

– И-м вон Iедал дац, халкъо хаьржинарг бен куьйгалхо а воцуш и делахь, – элира Iумара. – И Iедал шашах стигалара охьадаре а ца хьоьжуш, вай а хIотто деза-кха и вешан махкахь, цара санна. Лата дезахь, летар а ду вай, дала дезахь, лийр а ду, делла дIадовллалц хIокхаьрга ца хьийзадойту дай вай ваьш.

– Хьажал, бакъ боху, иштта хила а деза. Буьрсачу, къизачу тIамца йоккхуш ю Россин къехоша шайна паргIато. Хьо цунах нийса кхета. Кхин хIуманан ойлаел ахьа.

– Стенан?

– Хьо кхана нахе: гIовтта, хIара Iедал дохо деза вай, аьлла, хьайн герзаца араваьлча, дукха хир барий хьуна тIаьхьахIуьтту берш?

– Деллахь ца хаьа. Хиллане а ца хила а тарлора-кх уьш.

– Нийса бах, хIинца а, хир бацара. Нахана ца хаьа ахьа лелош дерг хIун ду, шаьш хIунда гIовтта деза, шаьш хIун къуьйсуш дала деза. Цара боху: паччахь Дала хIоттийна ву, цунна дуьхьалваьлларг Далла дуьхьалволу, Делан мостагI ву и. Хьуна тIаьхьа стаг а хIуттур вацара, хьо тоьхна вуьйр вара. Ткъа наха эр дара: Далла дуьхьалваьллачунна

хилларг хили хьуна, бакъ хили. Мелхо а уьш и гIуллакх бахьана долуш, Делах кхерабелла, кхин а чIогIа паччахьан лоллина кIел гIур бара. Цундела ду-кха вайга хан йоцуш хIума ма леладе бохург. Нах, Iумар, бIаьрзе бу хIокху хIуманна. Кхето беза уьш мискачу наха лелочух. ДIаяха еза церан бIаьргашна дуьхьала кхозу Iаьржа бодане мархаш. Ма-дарра дIагайта деза паччахьан Iедало ден зуламаш, хаийта деза вайн цара ирс а, ницкъ а, серло а, дахар а лачкъийний, кхетий хьо?

– Деллахь, Iабдулла, ма бакъдерг ду-кха иза, – корта ластийна, тамаш бан волавелира Iаба. – ХIинца вай хаьржинарг бен куьйгалхо хир вац цу Iедалан? Ваьшна луург дIаваккха а бакъо хир ю вайн, мохк а, латта а вайн долахь хир ду?

– Дера ду. Вайна луъург аьлча, халкъана луъург бен, цуьнан даге хьоьжуш верг бен куьйгалхо а хир ма вац, халкъ цунна реза дацахь, цо болх а бийр ма бац. Ткъа мохк а, латта а, хьал а, ткъа ша иштта пачхьалкхе а паччахьан доцуш, хьоладайн доцуш, вайн вешан хир ма ду, массеран а юкъара. Массеран а цхьатерра бакъонаш хир ма ю цу тIехь. И иштта ца хилча-м и тайпа Iедал даккхарехьа хIара тIемаш беш мискачу нехан цIий а хIунда Iенор дара?

– Деллахь, Iабдулла, бакъ дуй те и иштта ду бохург, ле-м ца до те вай хIокху Iедало? Там бара, вайна хIокхара и ялсаманин хаза хабарш а дийцина, цхьа тешнабехк бан, паччахьан цхьа зулам ду те хIара? – цатешарца хаьттира Iумара. – Цхьана а Къуръанехь а, жайнехь а, гIенах а дуьйцу хезна хIума дац-кха хIара. Оцу тайпана долу Iедал хьан хIоттор дара, хьаьнга хIотталур дара, муха хIоттор дара? ХIоттийча а бIаьрзечу мискачу нахе цу Iедална тIехь куьйгалла муха далур дара, хIун лелор дара цара? Мича гIур бара паччахьаш а, хьоладай а, инарлаш а, пурстоьпаш а, кхин болу кегий а, баккхий а хьаькмаш а? Доккха хIума

ду-кха, Іабдулла, ахьа а, оцу хьох бетталучу тамашийначу наха а дуьйцург а, лелорг а. Кийрахь мел долу хIума: дог а, чоко а, пехаш а – массо а хIума хьовзийна тIекIел даьккхина-кха аша сан. Цкъацкъа хIокху белшашна тIехь берг сан корта а буй те, суна хезаш дерг хезаш а дуй те, гуш дерг гуш а дуй те олучу тIевоккху-кха ахьа со. ХIинца и ахь мел дуьйцург бакъ хилча, хIокху дуьнен чохь къемат-де хIотта деза. Цул совнаха, эхартахь хир ю бохуш йолу ялсамани схьа а еана, вайн бIаьргашна гуш хIокху дуьненчу вайна хьалха схьахIотта еза-кха! Доккха хIума ду-кха и. И бакъ хирг хилча, сан дика да вижначу кошор, хIинца хIокху неIарх ара ма-велли со цара вуьйриг хилча, тIаккха а цу Іедалехьа беш болчу тIамехь суо леш хиларх воккхавеш, хIинцца хьала а гIаьттина тIаме гIур ма вара со. ХIара бакъ делахь, доккха хIума ду-кха хIара, Іабдулла! – корта ластийра Іумара.

– Осто-о-опирлахI, ма доккха хIума ду хьо! Ванах, аса мел дийцинарг а, мел хьехнарг а эрна довш ца лаьтта сан? Ца теша-кха хIорш сох! – аьлла, хьала а гIаьттина, чухула дIаса а волавелла, корта ластийра Іабдуллас. – Іумар, аса хIинца шуьшинга дуьйцург бакъ а ду, цул бакъ долуш хIума кху дуьнен чохь а, лаьтта бухахь а, стигалахь а дан а дац! Сан лергашна хезна, сан бIаьргашна гина а, хьедалаза вайна тIекхаьчна хир долуш а хIума ду-кха иза. Иштта аса ма-бохху, туьйранехь дуьйцучул а хаза, ирсе, дерриг а адамаш шех даккхийдеш хир ду-кха хьуна вайн Іедал. Шо доьр дац-кха хьуна хIокху вай дуьйцучунна юкъа, амма ма мотта и ша-шаха деана стиглара охьадужур ду. И вай даккха дезаш ду. Ахьа ялсамани юьйцу. Со кхета хьо ала гIертачух а, ахьа дуьйцучух а. И ялсамани хIокху дуьнен чохь къинхьегаман халкъаша хIоттийна вайн хила езаш яра. Ткъа хIинца? ХIинца лачкъийна, вайн лачкъийна паччахьо а, цуьнан векалша, молланаша а, эхарта тесна и. Цуьн-

га сатуьйсуьйтуш, вай ледеш, делча дӀалур ю шаьш бохуш, вай дацадо цара. Цаьргахь ялсамани ю, уьш беха вайн къинхьегаман чоьтах, вайн хьацарх. Вайгахь ерг жоьжахати ю. И цӀубдарш тоьхна вешан гира охьатийсина, цара вайн лачкъийна йолу ялсамани юха а схьаяьккхина, хӀокху дуьнен чохь дӀахӀоттор ю-кха вай. Паччахь а, инарлаш а, пурстоьпаш а, кхин болу хьаькмаш а мича гӀур бу бахий ахьа? Шайн дена неӀалт хуьлда церан! Вайна хетачу агӀор цара шайн Ӏедал а, шайгара ялсамани а схьалур яц хьуна. Мелачу цӀийла а керчаш летар бу хьуна уьш вайх, цхьанхьа гӀур бац уьш. Уьш вайга хӀаллак ца балахь, вай цара хӀаллакдеш хьажа хьо. Хьажа хьо, шайн ка-мӀараш цара кхана хӀокху вайн юьрта хьокхуш. ТӀаккха хуур ду хьуна айхьа дан дезарг. Хьан долу хаттарш даг чохь кхиъна, царна нийса жоп дала да воцуш, Делаха яьллачу тобанах ма тешалаш, бохуш, молланаший, шайхаший Ӏедалехула Ӏехош, лебеш, тилийна корта дӀабаьхьна дуккха а нах бу хьуна вайн. Уьш кхетабехьа ахьа, цкъадолчунна, тховссехь тӀаме ваха а ца гӀерташ. Аса ма-баххара, сих ма ло, сих лур дац вай. Массо а хӀуманан шен хан а, зама а ю, оьшшучохь гӀовттур ду вай. Иштта паргӀат ладоьгӀуш-м вай цара шаьш а дуьтур дац шуна, шаьш-шайн кочатосур ду. Амма хӀетахь а собар а, хьекъал а хила деза вайгахь, вайгахьчул а ницкъ алсамха бу церан хӀинца.

– Деллахь, Ӏабдулла, доккха хӀума-м дара хӀара ахь дуьйцург, цунах ца тешча а ца волу со, – элира Ӏабас. – ХӀара гӀуллакх кхин лан мегар доцучу хьолтӀехь ду хӀинца, цундела гӀаьттина массо а миска стаг, цхьаберш шаьш лелочух кхеташ а, вуьйш ца кхеташ а. Амма со чӀогӀа кхета хьуна ахь дуьйцучух. Сан даг чохь, кхин юхаер йоцуш, чӀагӀо хилла хьуна. Тховса дуьйна дӀа аса боккху ког а, беш болу болх а, деш долу гӀуллакх а вайн мискачу халкъан паргӀатонна, цуьнан ирсана, серлонан Ӏедалан толамна

тIехьажийна хир ду-кха хьуна. Хьуо лаьцна вигарх, варах, вагарх шек ца волуш, керлачу дахарехьа къийса хьуьнар долуш волу воI айхьа бухавитний хаалахь. Иштта и ойла ю моьтту суна Iумаран а. Хьуо хьайн доттагIашна хьалха охашимма юьхьIаьржахIоттор цахиларх дог тешна хила мегар ду-кха хьуна. Хьуо лацахь а, вадахь а, обарг валахь а тхоьца йолу зIе а ма хадае, дан дезарг дийца а, хьеха а накъост а ма эшаве. Амма, масала, иштта нислахь, хьайл хьалха тхо кхелхинчу хьуо кхачахь, халкъан ирсан дуьхьа, керлачу дахаран дуьхьа, халкъашна серло йохьуш богIучу керлачу толамна дуьхьа оха тхешан дахар дIаделлий а, тхо духа ца довлуш леттий а хууш хир ву-кха хьо. ХIара аса, ахьа хьуо кхана лацарна кхоьру боху дела, дуьйцу хьуна. ХIокху чолхечу муьрехь хIуъа хила а тарло. Оха тхайн хьехархо цкъа а виц ца веш, деган чурт дина эхартан кийра дIахьур ву хьуна, ткъа хьуо тIаьхьависахь, нахана юкъахь ахьа тхойшиъ хьахийча а тхан синошна хьаам хир буйла а хаакха, – аьлла, Iабас кхохкийна корта охьабахийтира. Меллаша, цхьацца ког боккхуш тIе а вахна:

– Баркалла хьуна, Iаба, – аьлла, цуьнан белш тIе куьг диллира Iабдуллас. – Суна-м шуьша жима ву моьттура хIинца а, шуьшиннах дика ши бIаьхо хилла сан. Шаьшшиннах тIаьхьависинчо со а иштта вара аьллаш. Аса дерриг а дина шуна суо дан декхарийлахь верг, сайна дан тIедиллинарг.

Юха а вахна Iумаран коьртах куьйгаш а хьаькхна, шен метта охьахиира Iабдулла.

– Iабдулла, хьажахьа, со нийса кхетий. ХIинца вай вохо везарг паччахь ву-кха? – хаьттира Iумара.

– Ву те, паччахь ву.

– Паччахьан эскар а вайн мостагI ду-кха, дуй?

– ХIаъ, ду, нагахь санна тIамца и вайна дуьхьалхIоьттина делахь. Дера ду. Амма кхузахь кхин ала деза: салтий а, хIордахой вайгахьа а буьйлуш, паччахьана дуьхьал тIемаш беш хилар. И тайпа меттиг хилча-м сиха хаьа шуна.

– Кхета со цунах а. Къуй а, обаргаш а вайн мостагIий бу-кха.

– Бу, халкъана зене уьш белахь. Дера бу, уггар а вон болу мостагIий-м.

– Дита вай тIаккха, ша долччу, кхин дийца а ца дуьйцуш, – аьлла, велакъежира Iумар. ТIаккха Iабдулле а хьаьжна:

– Вайга хаам хиллачу дийнахь хуур-кха вайна, – элира цо.

– Хьайга хаам хиллалц куьйгаш кисана а доьхкина, хьайна везарг а, вевзарг а, жIаьлеша тиша кетар санна, хIокху йовссаршка дIаса а текхавойтуш, ницкъ бойтуш Iен воллу хьо? – оьгIазе бIаьра хьаьжира цунна Iаба.

– И иштта хилахь-м ца воллу, – доцца жоп делира Iумара.

– ХIуммаъ дац, цкъа собар, – элира Iабдуллас, – хIинца а хьалхе ду вайна къийса. Амма вайн барт хилла шуна, и нахе а, адаме а хьахийна а карадойтур дац ашшимма. Шаьшшинна вевзарг кхеторах а, цуьнан дог-ойла ястарх а хIума ца боху шуна аса. Иштта болх-м вай бан декхарийлахь ду, делахь чIогIа ларлуш хила деза вай кху тIехь. Аса аьллачунна шуьшиъ а виц ма ло, аша аьллачунна со а вицлур вац. ХIан, вайна хан а яьлла, сан бан безаш цхьацца белхаш а бу, шуьша цIа ваха веза, – элира Iабдуллас. – ХIан, схьало куьйгаш, мара а кхета суна, и хьеший хьебалаза схьакхача мега.

Куьйгаш а делла, маракхетта ваьллачул тIаьхьа:

– Iабдулла, охашимма хIун гIо-накъосталла дийр дара хьуна кху тIехь, хьан пурба доцуш хIума лело ца ваьхьа тхойша, – элира Iабас.

– Цкъадолчунна хIума лело ца оьшу, – элира Iабдуллас. – Оьшуш хилахь, аса хаам бийр бу шуьшинга. Шун дас иштта аьллера аьлла, шаьшшинга цхьамма леррина диначу къамеле ладугIур ду ашшимма, тIаккха хуур ду шуна дан дезарг.

– Бакъахь ду, Iабдулла, ладугIур ду охашимма, – элира Iумара. – Сахилале кхузткъей уьттаза хийцало боху кхолламан кхиэл. Хьо ца вига а мегий цара-м. Хьанна хаьа, Дала хIара гIуллакх вайгахьа узуш дерзадой а.

– Деллахь, Iумар, хаац-кха суна-м, – элира Iабдуллас, – вайл хьалха вала Делан декъаза кхаж озийнарг мила хир вара, бевр бац уьш вайн кочара. Дагахь доцург ду цара идорг, гур вайна кхана.

– Гур ду-кха делахь, хIун дийр ду вай царна? ХIан, Iодика йойла, – элира Iумара.

– Iодика йойла, – элира Iабдуллас, – са ма гатде, хилларг кхана хуур вайна.

Iабий, Iумаррий араваьлла дIавахара, Iабдулла чохь висира. Шаьшшиъ генаваьлча, цо чуьра чиркх дIабойуш а хааделира цу шинна.

**ЧУЛАЦАМ**

Ло муха деша . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Сахуьлуш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 14
Новкъахь . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 31
Хьеший . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 47
Обаргаш-вежарий . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 65
Дорцан буьйса . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 75
Да воцу тезет . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 88
Иштта доладо дIа . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 99
Кхиэл . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 121
Iабдуллин хьехамаш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 136
Хьан яьхьна хIонц . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 170
Харштосу де . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 183
Готанахь . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 206
Iам тIехь . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 219
Замой . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 237